



Endahe Lintang Kemukus



Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK

Sawijining novel saka
Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK

Endahe
Lintang Kemukus



Endahe Lintang Kemukus

Oleh : Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK.

Copyright © 2022

Editor : Leonardus Ivan Taruna Mahardhika
Ilustrator : dr. R. Bambang Sardjono, MPH
Design Cover : Maria Immaculata Sekar Chrysantina Putri
Layout : Maria Immaculata Sekar Chrysantina Putri

Katalog dalam Terbitan (KDT)

Diterbitkan Oleh :



YASATRI
Yayasan Saworo Tino Triatmo
Jl. Mawar 92, Ngentak, Kadipura
RT 003 RW 024, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman 55581
Tlp. (0274) 887512
HP +62 81225392857
Email : sekretariayasatri@gmail.com

Cetakan pertama, 2022

XV + 234 hlm.; 14,8 x 21 cm.

ISBN 978-602-17715-2-5

Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang.

Dilarang memperbanyak karya tulis ini dalam bentuk dan dengan cara apa pun, termasuk fotokopi, tanpa izin tertulis dari penerbit.

Isi buku sepenuhnya menjadi tanggungjawab penulis.

Sanksi Pelanggaran Pasal 113

Undang-undang Nomor 28 Tahun 2014 Tentang Hak Cipta

- 1) Setiap orang yang dengan atau tanpa hak melakukan pelanggaran terhadap hakekonomi yang sebagaimana dimaksud dalam pasal 9 ayat (1) huruf i untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan ancaman pidana penjara paling lama 1 (satu) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 100.000.000 (seratus juta rupiah)
- 2) Setiap orang yang dengan atau tanpa hak dan/atau tanpa izin Pencipta atau pemegang Hak Cipta melakukan pelanggaran hak ekonomi Pencipta sebagaimana dimaksud dalam pasal 9 ayat (1) huruf c, huruf d, huruf f, dan/atau huruf h untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama 3 (tiga) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 500.000.000 (lima ratus juta rupiah).
- 3) Setiap orang dengan atau tanpa hak dan/atau tanpa izin Pencipta atau Pemegang Hak Cipta melakukan pelanggaran hak ekonomi Pencipta sebagaimana dimaksud dalam Pasal 9 ayat (1) huruf a, huruf b, huruf e, dan/atau huruf g untuk penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama (empat) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 1.000.000.000 (satu miliar rupiah).
- 4) Setiap orang memenuhi unsur sebagaimana dimaksud ayat (3) yang dilakukan dalam bentuk pembajakan, dipidana dengan pidana penjara paling lama 10 (sepuluh) tahun dan/ atau pidana denda paling banyak Rp. 4.000.000.000 (empat miliar rupiah)



Atur Pambuka

Pageblug lelara Corona, teka tanpa kanyana. Sepisanan katemokake ana tlatah Wuhan, China. Senajan kabeh rekadaya wis katindakake dening pamarentah Cina, ananging kabeh mau prasasat muspra. Lelara Covid-19 nyebar sak indhening jagad tanpa kendhali, ora milih negara maju apa negara berkembang, kabeh katerak pageblug sing nggegirisi. Piranti kuwarasan utawa sistem kesehatan sing wis mapan, kabeh prasasat tanpa daya ngadhepi ngamuke virus Corona. Nganti tengahing wulan Oktober 2021, nang sak indhening donya ana 219 yuta wong sing ketularan lan ana 4.55 yuta wong sing pralaya amarga pageblug Corona. Nang Indonesia, ana 4.24 yuta pasien kabukten positip lan 143 000 sing nganti tiwas.

Pakulinan sing biyasa kedadeyan ana ing masyarakat tradisional Jawa, menawa ana bebendhu gedhe, wong banjur golek pangentha-entha kira-kira sebabe apa. Sing asring banjur nyalahke alam, jagad raya sak isine. Miturut kapitayan, anane Lintang Kemukus asring dianggep dening akeh masyarakat tradisional Jawa, sing nyebabake kedadeyan pageblug. Buntut Lintang Kemukus kuwi nyemprot jasad renik, nyebar lelara sing nggegirisi. Nanging kabeh mau jane ya mung pangirane menungsa. Durung ana buktine babar blas. Kita kabeh asring lali menawa bumi sak isine ki sak jane ora mung mligi kanggo menungsa, ananging uga kanggo kabeh titah ana ngalam donya, kalebu jasad renik sing kasatmata kaya bakteri lan virus. Menawa nganti ana sing nyebar tanpa kendhali, mesthi anaimbangan alam sing owah ana bumi. Kanyatan sakbene-re Lintang Kemukus iku prastawa alam sing endah, sing kudu disipati kanthi senenging ati.

Akeh tenaga kuwarasan utawa kesehatan sing wis korban, ketularan dadi

lan tiwase nalika ngayahi tugas profesi ngrawat pasien. Cacahe nganti ewon ing sak indhening Nuswantara. Panganggit isane mung dedonga ndherek belasungkawa muga muga perjuwangane para sedulur mau tinampa dening Gusti Sing Gawe Urip. Keluarga sing ditinggal, tansah kaparingan tabah ngadhepi coba abot kelangan sedulur sing ditresnani. Sak jroning ngadhepi bebendhu anane pageblug Corona, para tenaga kuwarasan mau uga menungsa biyasa kang sakderma ngayahi tugas. Akeh prastawa sak suwene ngayahi jejibahan profesi sing isa kedadeyan. Crita kamanungsan biyasa, dudu barang aneh.

Crita Endahe Lintang Kemukus kaangkah kanggo medharake pengalaman lan lara lapane tenaga kuwarasan nalika ngayahi tugas ngrawat pasien. Akeh sing ketularan lelara Corona. Ana sing wis meh wae nemahi pati amarga Corona, nanging uga ora sithik sing ora ketulungan bablas tinggal donya. Muga muga ana paedah kanggo para sutresna sing maos buku iki lan isa luwih mangerteni kaya apa gedhene resiko ketularan nalika ngrawat pasien Corona mau.

Endahe Lintang Kemukus kaanggit kanthi panyuwun isa ndherek nyengkuyung pambudidaya pasinaon basa Jawa lan nglestarekake kabudayan Jawa, utamane kanggo generasi mudha. Mula basane nganggo cengkok basa Jawa gagrag anyar sing luwih egaliter, ora nganggo basa undha usuk krama inggil, kareben luwih gampang ditampa lan dingerteni. Senajan mengkonono tetep kanthi tatacara lan suba sita klasik Jawa kaya biyasane, ora ana sing diowahi. Mangga katuran maos. Muga muga ana paedaha.

Rahayu kinasih,

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK.



Atur Pambagya

Lintang Kemukus atau bintang berekor adalah komet yang merupakan bagian dari fenomena alam semesta. Merupakan benda langit yang mengelilingi matahari dengan orbit yang sangat lonjong. Ketika mendekati matahari, suhu komet akan memanas sehingga materi penyusunnya, yang terdiri dari es, gas, dan debu, meleleh dan menguap membentuk ekor yang panjang yang bisa dilihat oleh manusia penghuni bumi. Fenomena alami ini oleh sebagian masyarakat Jawa di maknai sebagai suatu pertanda bahwa akan terjadi suatu bencana besar yang menimpa masyarakat.



Hal ini karena pengalaman yang dituturkan dari generasi ke generasi dan dikaitkan dengan berbagai kejadian di masa lalu. Secara kebetulan memang Lintang Kemukus yang muncul ini kadang bersamaan dengan bencana dan kerusakan sosial yang terjadi dalam masyarakat. Dari cerita tutur inilah sebagian masyarakat meyakini kebenarannya. Keadaan yang sangat nggegirisi pernah terjadi saat peristiwa kekacauan sosial tahun 1965. Muncul Lintang Kemukus, yang dikaitkan dengan huru hara sosial yang membawa dampak kerusakan yang dahsyat. Peristiwa huru hara tersebut di dahului oleh adanya Lintang Kemukus, atau yang dinamakan komet Ikeya Seki. Ilmu titen dengan disertai bumbu mistis itulah yang menyebabkan masyarakat, khususnya di Jawa masih mempercayainya, dengan suasana yang was was, dan menerka apakah gerangan peristiwa yang akan terjadi di kemudian hari.

Dalam buku novel karangan Dr. Budiono Santoso, seorang dhokter senior saya yang sudah mengalami peristiwa yang menyertai lintang kemukus ini, menulis cerita dengan indah dalam bahasa Jawa yang makin langka. Saya kenal betul dhokter senior ini adalah seorang yang wawasannya luas, dan juga lembut hatinya, maka tidaklah mengherankan setiap karyanya selalu mengandung nilai sastra seni yang indah.

Buku ini mengungkapkan bagaimana peristiwa pageblug Covid-19 ini disertai Lintang Kemukus yang menampakkan diri. Apakah hal ini secara kebetulan atau memang fenomena alam yang mengiringi kejadian yang selalu memberikan bekas yang mendalam di planet bumi, apakah itu fenomena sosial, fenomena alam atau sejenis penyakit wabah atau pageblug yang membawa kesengsaraan pada manusia. Tanda atau pertanda alam memang kadang dianggap suatu hal yang mistis. Akan tetapi itulah alam bawah sadar dari semua orang yang berbeda beda terhadap suatu peristiwa, ada yang rasional ada yang irasional. Itulah gambaran kebebasan manusia dan itulah keindahan.

Penulis adalah seorang dhokter dan mantan pejabat WHO yang memang kaya akan pengalaman, serta mempunyai jiwa yang merdeka. Bahkan pada saat pandemi Covid-19 ini, beliau menjadi salah satu inisiator pembentukan satuan tugas relawan Covid-19. Saat pembentukan satgas ini beliau selalu aktif memberikan saran dan masukan, dan hasilnya ternyata, banyak tenaga dhokter baik yang masih kuliah atau coas ataupun senior yang bersedia menjadi relawan, melibatkan diri untuk penanganan pageblug Covid-19 ini. Keterlibatan inilah yang mungkin membubungkan imaginasi Dr Budiono Santoso setinggi yang tertulis didalam novel berbahasa Jawa ini, sehingga tangan yang terampil dan didukung oleh imaginasi yang tinggi ini menyeretnya menulis novel indah ini.

Novel ini merupakan gabungan antara imaginasi penulis dan kondisi masyarakat saat itu dimana pageblug Covid-19 ini banyak meninggalkan suka dan duka dari para relawan, baik yang senior maupun yang junior. Berkisar antara menjadi relawan dan hubungan antar manu-

sia yang mempunyai rasa cinta, menjadi suatu moment yang diimajinasikan oleh Dr Budiono Santoso menjadi novel berbahasa Jawa yang enak dibaca. Juga menjadi cermin bahwa penulis adalah seseorang yang sangat cinta budayanya, dan ingin memberikan sumbangan karya sastra bahasa Jawa yang mulai tergerus zaman.

Memang cinta adalah keadaan yang bisa tumbuh di manapun, dalam peristiwa apapun, di saat apapun dia bisa tumbuh, karena cinta itu adalah abadi yang menunjukkan itulah sifat Illahi yang penuh dengan anugerah, dan membuat kehidupan manusia menjadi indah berseri. Anugerah cinta akan menjadi semakin menarik dan tidak akan habis. Dalam novel ini diceritakan, bahwa di balik musibah ternyata menyimpan berkah, baik secara pribadi maupun masyarakat secara komunal. Masyarakat menjadi semakin erat saling tolong menolong, saling menjaga kepentingan bersama, atau menjaga kepentingan keluarga. Di situlah cinta bersemi antara Mas Rangga Bawono dan Rini Kusumadewi, seorang dhokter Rini yang sangat terampil dan tangguh tanpa mengenal takut terhadap ganasnya Covid-19, merawat sahabat karib sesama dhokter, Woro Hadiati yang kebetulan adalah adik Rangga Bawono. Rini dan Woro adalah sama sama relawan di rumah sakit akademik UGM. Ketika Woro terkena Covid-19 karena tertular saat menjadi relawan, itulah moment cinta mulai bersemi saat Rini ketemu kakak Woro. Cinta bersemi tidak tahu kapan itu mulai menempel dihati, hanya Tuhan yang tahu.

Novel ini adalah karya seorang dhokter yang dengan suka cita nguri uri budaya Jawa, dan bahasa Jawa, yang harus di pertahankan. Apabila tidak maka bahasa Jawa ini makin terpinggirkan dan bahkan bisa punah.

Salam sehat dan semangat

Dr. dr. Darwito, SH., SpB(K)Onk

Direktur Utama Rumah Sakit Akademik Universitas Gadjah Mada

Crita Endahe Lintang Kemukus anggamarake bebendhu pageblug Covid-19, lan perjuwangane para dhokter lan tenaga kesehatan anggone nglakoni tugas kamanungsan, ngupakara pasien. Senajan wis nuruti tata cara utawa protokol kesehatan kanggo nyegah supaya ora ketularan lelara saka pasien, ananging bebaya ketularan tetep wae ana. Ora mung nandhang resiko ketu-



laran kanggo awake dhewe, ananging uga nggawa resiko kanggo anggota keluarga. Semono uga kanggone para keluarga sing ditinggal ana ndalem mau, mesthi tansah kebak rasa kuwatir lan tansah dedonga muga muga sedulur sing banget ditresnani aja nganti ketularan lelara lan mulih wayah sore kanthi slamet ora kurang sak wiji apa. Rasa tintrim, kuwatir, senak senik campur adhuk dadi siji. Pungkasane isane mung pasrah muga muga diparingi slamet karo Sing Gawe Urip.

Endahe Lintang Kemukus, kawiwitan kanthi prastawa sing anggamarake impene Rangga Bawono sing lagi momong adhine, Woro Hadiati ana ing Alun Alun Kidul. Ngelingake lelakon nalika isih cilik. Rangga ngimpi ala amarga lagi nandhang lara panas lan nglakoni rawatan isolasi ana Rumah Sakit Akadhemik UGM. Sakjroning perawatan rawat inap ana rumah sakit, dhokter Woro Hadiati diupakara dening kancane raket, dhokter Rini, ya Rini Kusumadewi. Rangga Bawono, dhosen mudha sing lagi wiwit moncer, banjur tepung karo Rini. Saya suwe saya raket anggone srawung, padha padha anggone ketaman rasa tresna, janji arep urip bebarengan. Kangmase dhokter Rini, sing lagi ngram-pungake pendidikan spesialis bedhah banjur kenal karo Woro Hadiati lan pungkasane padha anggone nandhang tresna.

Endahe Lintang Kemukus, senajan nyritakake swasana sedhik lan tintrim sak jroning pageblug, uga anggamarake prastawa katresnan sing endah antarane para dhokter sing lagi nglakoni kajibahan tugas

kamanungsan. Ora isa diselaki menawa para petugas mau uga janma sak baene sing mawa rasa kamanungsan, isa nandhang katrenan. Crita iki uga aggambarake hak para wanita ing babagan katresnan, kudu wani blak blakan nakokake sesambungan katresnan nek menawa wis padha cocoke lan padha mantepe. Wong wadon wenang takon, ora mung nunggu disir lan ditakokke dening priya. Crita Endahe Lintang Kemukus, rinonce kanthi runtut nanggo basa Jawa sing edi peri dening Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK, kanthi panyengkuyung bisa melu nguri uri lan nglestarekake basa Jawa. Pungkasane atur, mangga kasimak anggone maos crita katresnan sing endah, kaya Endahe Lintang Kemukus.

Rahayu kinasih,

Prof. Dr. Sri Suparyati Soenarto, PhD, SpA [K]

Guru Besar Ilmu Kesehatan Anak, Fakultas Kedokteran, Kesehatan Masyarakat dan Keperawatan, Universitas Gadjah Mada.

Endah, runut, runtut.. mangkono panggraitaku nalika wiwit mbukaki lembaran-lembaran buku Endahe Lintang Kemukus, karya sastra basa Jawa kang kaserat dening Ki Dr. Budiono Santoso Setradajaja, Ph.D., SpFK. Panganggit sawijining dhokter spesialis farmakologi klinik kang miwiti karir ana Fakultas Kedokteran Universitas Gadjah Mada, kang banjur ngembangake karir ing tataran internasional. Wusana banjur kapatah dadi pejabat ing kantor Badan Kesehatan Sedunia Kawasan Pasifik Kulon, nyengkuyung 37 negara kang jumlah penduduk watara saprotelon warga donya.



Wiwit dhuk nalika isih mahasiswa kedokteran, panjenengane mula wis kulina nyerat artikel ilmiah apa dene populer, lan ora kendhat anggone ngolah aksara nganti tekan saprene. Adikaryane sumebar ing majalah-majalah ilmiah internasional lan dokumen-dokumen resmi Badan Kesehatan Dunia. Katrampilane nganggit lan ngrawit tulisan terus angrembaka sasarengan ngrembakane tugas lan jabatan ingkang kasandhang ing pasrawungan internasional. Pramila endahing, runtut-ing, lan runuting crita ingkang karonce ing buku iki sakjane ora ngagetake. Ewa samono, aku ngungun dene tanpa ora kanyana, panjenengane uga wasis nyerat medar pangandikan ngagem basa Jawa. Basa edhi kang kawarisake dening para sesepuh lan pinisepuh, ananging wis sangsaya arang kanggo wawan pangandikan sadina-dina. Samono uga, buku kang kaserat mawa basa Jawa uga sangsaya arang. Mula buku iki banget diantu-antu.

Endahe Lintang Kemukus medarake lelakon ing nalika kita sadaya lagi nandhang sungkawa awit pageblug COVID-19. Sanadyan panganggit ngendika yen iki cerita fiksi, ananging panjenengane akeh nyisipake pasinaon, piwulang, lan tuladha kang karonce kanthi sae ing cerita ingkang kasusun saka Bab 1 dumugi Bab 27. Kaserat ngagem basa Jawa ngoko alus, miturut panemuku iku pilihan ingkang pas amarga

luwih gampang tinampa dening para piwaos.

Mungkasi atur pambagya, mugi kita sadaya tansah pinaringan kawilujengan, kasantosan saha karaharjan, winengku ing pangayomaning Gusti Allah subhanahu wata'ala. Aamiin.

Nuwun.

Prof. Dr. Sri Suryawati

Gurubesar Fakultas Kedokteran, Kesehatan Masyarakat dan Keperawatan Universitas Gadjah Mada kanthi pengalaman makarya lan panugasan matauntaun ing lembaga-lembaga internasional.

Assalamualaikum wa rakhmatullahi wa barakatuh,

Sugeng pepanggihan malih wonten ing buku novel karyanipun Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., Sp FK inggih Ki Setradjaja. Maos novel anggitanipun Ki Setradjaja ngemutaken kula dhateng pengarang Bahasa Jawi ingkang kondhang, inggih punika Bapa Any Asmara ingkang misuwur watawis ing tahun 1960-1970an.



Buku novel Endhahe Lintang Kemukus punika ngandharaken cariyos katresnan ingkang kedadosan wonten ing tlatah Ngayogyakarta, rikala pageblug Covid-19 (Corona Virus Disease 19). Pageblug ingkang nggegirisi lan ngedab edabi, ngantos ndadosaken korban ketularan sakit ingkang cacahipun sak donya ngantos 281,808,270, ugi korban ingkang pralaya cacahipun wonten 5,411,759 tiyang. Kathahipun tiyang ingkang sampun dipun vaksinasi sak donya dumugi tanggal 28 Desember 2021 punika cacah sampun wonten 8,687,201,202, kalebet tenaga kesehatan kados dhokter, perawat, bidhan, tenaga pendukung laboratorium, penata rontgen, tenaga administrasi, jagabaya lan sak panunggalanipun.

Dhokter kados limrahing manungsa, rikala usum pandemi ngaten, ugi saged nggadhahi raos ajrih, miris, lan kuwatir menggalihaken kaslametanipun piyambak, ugi kaslametanipun para sedherek ingkang caket lan dipun tresnani. Ewa semanten inggih taksih kedah menggalih lan ngrawat pasien kanti temen, raos mantep, tindakan ingkang etis lan professional.

Novel punika ugi nyariosakken prastawa katresnan ing antawisipun tenaga kesehatan, kedadosan ingkang limrah ing alam kasunyatan. Menapa malih kados antawisipun dhokter Rini lan Rangga. Caryos magepokan kaliyan prastawa katresnan kados mekaten panci asring kedadosan ing kampus kampus fakultas kedhokteran ing pundi

kemawon. Wonten ingkang namung saged naksir kanthi sesidheman, ananging mboten nampi piwales ingkang murwat, prasasat keplok asto sak sisih utawi “bertepuk sebelah tangan.” Ugi wonten ingkang nglampahi katresnan sekedhap, namung dumugi telas telasaning tahun, kelas utawi tingkat. Nanging mboten sekedhik ingkang saged ngantos palakrami lan dumugi wanci kaken ninen.

Kula minangka panyengkuyung novel Ki Setradjaja, rumaos remen lan mongkog dene sampun dipun pitados ndamel ilustrasi ing buku punika. Matur nuwun sanget kapitadosan punika. Mugiya Allah SWT ingkang ngasta makarya jagad sak isinipun tansah paring pangayoman lan kasarasan dhumateng kita sedaya lan pageblug Corona punika enggal sirna saking bumi prativi. Pangajeng kula, buku novel punika saged murakabi lan atur panglipur kagem panjenengan sami.

Sugeng maos kanthi renaning penggalih, saha tentrem lan sengsem. Wassalamu’alaikum wa rakhmatullahi wa barokatuh,

Jakarta, 30 Desember 2021

Dr. R. Bambang Sardjono, MMPH / KRT Brotohusodo

Alumnus Fakultas Kedokteran Universitas Gadjah Mada, Pensiunan Staf Ahli Menteri Kesehatan, Abdi Dalem Karaton Yogyakarta, Andalan Nasional Gerakan Pramuka



Daftar Isi

Bab 1	Langit Kasaput Mega	1
Bab 2	Padhang Mbulan	9
Bab 3	Plasma Konvalesen	16
Bab 4	Mari Nandhang Lara Corona	24
Bab 5	Ngayahi Tugas Kamanungsan	33
Bab 6	Melu Gabung Tim Bencana	40
Bab 7	Ngudharake Rasa Tresna	50
Bab 8	Madhep Manteping Katresnan	58
Bab 9	Keweden Ketularan Covid 19	66
Bab 10	Blakasuta Marang Wong Tuwa	74
Bab 11	Pengin Dhisertasi Dhoktor	84
Bab 12	Wiwit Mlangkah	90
Bab 13	Dhokter Rini Ketularan Corona	100
Bab 14	Corona Pancen Nggegirisi	110
Bab 15	Vaksin Nusantara	120
Bab 16	Histeris	130
Bab 17	Status Tenaga Medhis	137
Bab 18	Rasa Mantep	146
Bab 19	Lunga Menyang Semarang	155
Bab 20	Lintang Kemukus	165
Bab 21	Dr. Ranto Nandhang Corona	174
Bab 22	Mari saka Nandhang Corona	182
Bab 23	Weling saka Manila	189
Bab 24	Ngrancang Rencana Lembaga	197
Bab 25	Arep Ngenteni Apa?	206
Bab 26	Wong Wadon Wenang Takon	214
Bab 27	Terusing Laku	224







Bab 1

Langit Kasaput Mega



Wayah sore ana Alun Alun Kidul Ngayogyakarta. Rangga seneng banget ngancani adhine dolanan mlayu mlayu nang pasuketan. Ati, adhi siji sjine sing banget ditresnani. Kakang adhi rukun wiwit cilik. Ati keplok keplok tetembangan. Tembangan sing prasasat saben dina dheweke kerep krungu. Rangga dhewe lagi sibuk anggone ngulukke layangan karo kanca kancane. Dolanan layangan disambi karo ngawat awati adhine. Sok sok Ati mbengoki kangmase.

“mas Rangga ... mas Rangga... rene ya mas, jethungan karo aku...oyak oyakan karo aku mas... cekelen aku... candhaken aku nek bisa.”

Ati mlayu mlayu ngubengi ringin kurung. Dumadakan krungu Ati njerit nangis. Ati tiba nang antarane ringin loro iku. Rangga cepet cepet nututi adhine. Mung tiba kepleset, ora apa apa, ora mutawatiri. Adhine dibopong, dirangkul karo dieneng eneng, ...wis cup meneng Ati... ora apa apa...Ati isih mingsek mingsek tangise.

“Mas aku dikancani ya mas... pengen dolanan karo mas Rangga... kok ditinggal dheve... aku wedi mas”

“Ora ana sing perlu diwedeni Ati.... Aku ana cedhak kene.... Ora adoh saka kono”

“Mas Rangga ora sayang karo Ati ya... kok malah seneng dolanan karo kanca kancamu.”

*"Mas Rangga sayang banget karo Ati... mas Rangga mesthi cedhak terus karo Ati...
Ati sayang."*



Bubar dieneng eneng kangmase, Ati bali dolanan maneh kaya maune. Tetembangan sak unine. Mlayu mlayu nggawa untingan kembang mawar warna putih. Dene Rangga bali kumpul karo kanca kancane maneh, ngulukke layangan kaya maune. Rada sakwetara dheweke keslamur anggone dolanan layangan. Ati wis playon adoh, nang pinggir alun alun sisih kidul kulon. Dheweke ngawe awe kangmase...*mas mreneya mas... aku dirangkul ya mas... aja ditinggal.* Suwe suwe nang pandulune, Ati saya katon adoh, saya cilik, saya munggah ana awang awang antarane mega endah sing nglayang nang langit. Rangga isih krungon krungonen adhine, ngundang dheweke. Langit sing maune padhang dadi surem kasaput tekane mega. Saya kandel uleng ulengan

ana perangan langit sisih kidul. Lamat lamat krungu swarane Ati, teka saka antarane mega.

“Mas aku pamit ya mas. Aja digawe sedhah. Aku kelas. Tugasaku wis rampung. Titip bapak ibu ya.”

Rangga nyipati adhine ngawe awe, sak nalika pandulune samar samar, adhine ilang ana mburine mega. Rangga njerit njerit sak kayange.

“Ati.....Ati aja ninggal aku. Ayo mulih bareng Ati.”

Rangga dadakan tangi saka impen. Ngguguk nangis ngundang undang adhine Ati. Perawat nganggo pakaian brukut mlebu kamar karo mrenahake.

“Sliramu nganti ngimpi ki sanak. Anakmu panase pancen radha dhuwur, 38 derajat Celsius mau. Ngunjuk parasetamol ya, ben medhun panase.”

Rangga mung dheleg dheleg ora suwala. Dheweke manut wae karo sing di omongke perawat mau. Perawat sing ora katon rupane merga ketutup pakeyan seragam brukut njagani ben ora ketularan Covid-19. Rangga alon alon, wiwit eling nek dheweke lagi nglakoni isolasi ana ing rumah sakit Akadhemik Universitas Gadjah Mada. Wingi budhal seka Manila, ndharat nang Halim jam setengah siji bengi. Esuke neruske numpak pesawat menyang Yogya. Medhun nang bandhara Adisucipta langsung kudu nglakoni isolasi. Durung sempat ketemu bapak ibune. Minggu kepungkur lagi wae pendhadharan saka Asian Institute of Management ing Manila. Dheweke njupuk program Master of Science in Innovation and Business. Meh rong taun nglakoni program paska sarjana nang Manila. Dheweke lulusan ekonomi seka pawiyatan luhur Gadjah Mada ing Ngayogyakarta wis sakwetara taun kepungkur. Banjur dadi dhosen nang salah sijine pawiyatan luhur ing kutha Yogya.

Bubar pendhadharan dadakan ana warta sedhah saka Yogya, ngabarake menawa adhine, Woro Hadiati, sing lagi wae lulus dhokter, kena penyakit Covid-19. Adhine lagi sakwetara wulan lulus dhokter langsung banjur ngayahi tugas ana ing salah sijine rumah sakit rujukan kutha Ngayogyakarta, yaiku Rumah Sakit Akadhemik Universitas Gadjah Mada. Atine entek nalika nampa pawarta mau. Dheweke panik sak nalika krungu pawar-

ta menawa adhine ketularan Covid-19. Ditulungi kanca raket ana Manila, ngurus sak kabehe ben isa endang mulih nang Yogya. Loretta kanca cedhak sing kerep menahi saran lan pitulungan nalika dheweke ngadhepi alangan ana Manila. Kanca raket, kanca apik, ning ora ana sesambungan istimewa. Panyuwune muga muga adhine enggal mari kaya wingi wingi. Rangga sayang banget karo adhine wedok siji sijine kuwi. Wiwit cilik runtang runtung dolan bareng wong loro nganti ghedhe. Rangga wis tau matur karo rama ibune, nek dheweke lagi arep mikir pasangan urip nek adhine wis rampung le sekolah. Kaya kayane tugase dheweke wis rampung anggone mbimbing adhine. Umure karo adhine mung beda sakwetara taun. Mula kaget banget nampa warta larane Ati, ketularan Covid-19.

Rangga, lengkape Rangga Bawono, nganti impen impenen ketemu adhine. Dheweke ora isa mbayangke nek nganti kelangan Ati. Dhuh Gusti, mugi mugi rayi kula Ati pun paringi kasarasan kados wingi uni. Rangga kanthi sabar manut nglakoni aturan pengobatan sing dikudokke rumah sakit. Saben dina dilakoni kanthi sabar. Esuk esuk kudu melu acara olah raga. Dina iki mau jare perawate dheweke wis bisa metu sesuk. Mbokmenawa rada awan ngenteni hasile ulangan pemeriksaan PCR.

Saben dina Rangga tansah entuk warta liwat pesen WA seka ibune ngabarke kahanane Ati. Sak wetara dina dheweke dikabari menawa adhine kahanane tambah apik ning durung negatip test PCRe. Rasane mak plong krungu warta menawa adhine wis sangsaya apik. Bapak ibune daleme ana kampung Langenastran. Pak Dewanto asmane bapake. Ibu Reri, ibune pegusaha bathik. Tokone nang kampung Langenastran. Nampa bathik seka para pengrajin bathik, kanthi motif manekawarna. Usaha bathike isa diarani kasil. Saya gedhe, saya ngrembaka tekan ngendi endi. Dumadakan ana pesen WA mlebu. Kaget banget Rangga maca pesen iku. Saka adhine, Ati sing lagi dirawat nang rumah sakit ana ruang isolasi, ora kena ditiliki.

“Mas Rangga, sayang. Aku wis pirang pirang dina rawat inap ana rumah sakit. Ngantun antu tekamu. Kangen banget karo njenengan. Wis meh rong taun awake dhewe ora ketemu. Wiwit aku durung sumpah dhokter kae. Kasil pemeriksaan laboratorium jare apik apik wae. Ning aku dhewe kok durung yakin ya mas. Didongakeke ya, ben aku

isih isa ketemu njenengan. Sak upamane awake dhewe wis ora ketemu, aja digawe sedhih. Aku wis ikhlas. Kabeh tugasku wis tak lakoni kanthi apik. Andum slamet ya mas. Aku mung nyuwun titip bapak ibu wae. Penjenengan sing sabar. Bapak ibu karo aku sayang banget karo njenengan.

Adbimu tresna, Ati.”

Bubar maca pesen iku Rangga nangis ngguguk. Duh Gusti muga muga adhi-ku diparingi waras. Sakwetara wektu meneh ana pesen WA mlebu seka ibune. Pesene cekak aos.

“Rangga, adhimu didongakke ya ngger. Awake panas terus karo seseg niwit mau bengi. Jare esuk iki arep dipindhah nang perawatan intensip. Bapak ibumu nyenyuwun ben awake dhewe isa kumpul maneh kaya wingi wingi.”

Dina iku Rangga ora jenjem anggone ngenteni hasil PCR. Nek wis mesti negatip, dheweke isa metu dina iku uga. Karepe mengko terus nuju nang omah Langenastran wae. Adhine Ati ora oleh ditiliki merga mlebu perawatan intensip. Jam setengah rolas awan Rangga dikandhani petugas, jare wis entuk mulih. Gageyan dheweke mberesi pakeyane kabeh uga komputer lan barang barang sak panunggalane. Sakwise nampa keterangan saka petugas tumrap cara urip norma anyar nggo nyegah penularan Covid-19, dheweke pesen kendharaan dinggo mulih lewat dharing.

Ora suwe mobil sing dipesen wis teka. Ora sranta dheweke njaluk cepet cepet diterke nang Langenastran. Ora sempat mikir liya kejaba mung mikir adhine sing lagi nandhang lara nang rumah sakit. Udakara rong puluh menit dheweke wis tekan omah. Sakwise mbayar sewa ongkos mobile, dheweke njranthal mlebu nang pendhapa. Meruhi bapak ibune lagi nemoni wanita, rupa lan pawakane memper kaya adhine si Ati. Sakwise ngaturi salam bapak ibune, Rangga terus nyalami karo ngrangkul wanita mau karo ngguguk setengah sadhar undang undang adhine.

“Ati ... ati...kowe wis mulih ya yang....wis mari ya yang?”

Pak Dewanto karo bu Reri kaget setengah mati meruhi Rangga kok dadakan wis mlebu omah karo tangisan setengah sadhar. Bu Reri nyoba ngerih erih

Rangga.

“Rangga Rangga... eling ya ngger... iki dudu Ati adhimu. Iki dhokter Rini, kancane Ati. Dhokter Rini sing melu ngupakara adhimu.”

“Lha Ati nang endi Bu...aku wedi banget...dheweke wis pamitan karo aku.... Pesen liwat WA.”

“Adhimu mau bengi mlebu perawatan intensip, merga panas, watuk karo seseg. Ora isa ditiliki.”

“Tya mas Rangga, aku Rini, kancane raket Ati, njenengan isih kelingan ta?”

“Priye kahanane Ati saiki Jeng? Apa isa ditiliki?”

“Apike ora susah ditiliki mas Rangga. Aturane ketat banget, nggo niliki ora gampang.”

“Aku kudu ketemu Ati. Dheweke perlu dhukungan moral saka aku. Ben semangat bali sebat maneh.”

Pak Dewanto karo ibu Reri melu ngerih erih Rangga, kon sabar lan pasrah.

“Bapak, aku kudu niliki Ati. Dheweke putus asa, kewedan. Butuh dhukungan ben semangat pulih sebat maneh.”

“Tya mas, diusahakke mengko jam bezoeke nek mbokmenawa isa ditiliki ya, tak terke.”

Jane dhokter Rini nang Langenastran mung sakperlu niliki wong tuwane Ati, mumpung pas jam leren maem awan. Mau dheweke nampa pesen seka Ati, kancane raket wiwit cilik, menawa wis ora kuwat nandhang penyakite. Jare sesek banget. Dheweke pesen pesen titip wong tuwane karo kangmase Rangga sing lagi isolasi uga ana RSA UGM.

Pageblug Covid-19 pancen nggegirisi. Gawe giris sok sapa wae sing ketaman, apa keluwargane. Kaya bedhekan wae, apa isa mari apa terus ndadra nganti pralaya. Akeh tenaga kuwarasan sing dadi korban merga ketularan pas lagi ngayahi tugas kamanungsan ngrawat pasien. Iku sing kedadeyan marang Ati, ya dhokter Woro Hadiati, adhine Rangga. Kabeh wis diusahakke, mung isa ndonga karo Sing Gawe Urip. Para panandhang Covid perlu disengkuyung

supaya semangat pulih maneh. Aja nganti nglokro kelangan krenteg lan semangat urip amarga abote nandhang seseg ambegan.

Langit sing maune padhang njingglang, malah kepara panas sumelet amarga srengenge wayah awan, dadi mendhung kasaput mega. Kahanan dadi surem kaya nggambarake rasa sedhik lan tintrim amarga pageblug Covid-19. Wis akeh korban tiwas amarga lelara iku, esuk lara sore tinggal donya, bengi krasa ora sehat esuke wis sangsaya nemen ora ketulungan. Ora mung masyarakat awam sing dadi korban. Dhokter lan petugas kesehatan wis akeh sing pralaya amarga ketularan saka pasien. Klebu dhokter dhokter sing lagi miwiti laku mbangun karier. Durung ana obat sing kabukten majas kanggo ngobati penyakit Covid-19. Mung protokol kesehatan, njaga jarak, nganggo masker lan wisuh tangan kanggo ngurangi resiko ketularan. Samubarang kalir dicoba kanggo ngusadani wong sing ketularan Covid-19, ananging durung ana sing kabukten mujarab. Bisane ya mung dedonga muga muga diparingi slamet karo Sing Gawe Urip.





Bab 2

Padhang Mbulan



Dhokter Rini ora suwe anggone nemoni bapak ibune Ati, pak Dewanto lan bu Reri. Kudu cepet cepet bali nang rumah sakit. Isih ana tugas jaga sore. Uga melu ngupakara lan njaga Ati, kancane raket wiwit cilik. Rini karo Ati padha padha mentas lulus dhokter, banjur dadi tenaga kesehatan sukarela kanggo mbiyantu ngrawat pasien Covid-19. Sangsaya akeh kasus Covid-19 sing kudu dirawat nang rumah sakit rujukan, ndadekake tenaga kesehatan sing wis disiyapke sangsaya kurang. Apa maneh akeh dhokter lan tenaga kesehatan sing dadi korban, ketularan Covid-19, kudu leren seka tugas, malah ora sithik sing nganti pralaya.

Dhokter Rini karo dhokter Ati, mantep anggone nglakoni tugas kamanungsan. Pirang pirang sasi tugas nang rumah sakit, dhokter Ati nemahi apes, ketularan, senjata wis nuruti protokol kuwarasan kanthi tlaten. Mau bengi mlebu nang ruang perawatan intensip merga awake panas karo sesek napase. Ati pancen duwe penyakit asma sak durunge, marakke luwih gampang ketularan lelara Corona. Rini rumangsa sedhik banget dene kancane raket, nganti nandhang lara ketularan Covid-19. Apa maneh nganti mlebu ruang perawatan intensip. Biyasane pasien sing mlebu perawatan intensip, kemungkinan mari mung separo separo. Ora kendhat anggone ndonga marang Sing Gawe Urip muga muga Ati isa mari pulih kaya wingi uni. Ati ora mung kanca raket. Wis kaya sedulur kandhung. Bareng le sekolah nganti lulus dhokter.

Awan iku bubar seka omahe wong tuwane Ati, dhokter Rini bali nang rumah sakit rujukan RSA UGM. Tekan rumah sakit langsung nginguk nang ruang perawatan intensip, niliki Ati. Durung ana perkembangan, isih panas lan sesek ambegane. Napase katon ngrekasa nganti menggeh menggeh.

Kira kira wayah bezoek sore, Rangga cepet cepet menyang RSAUGM. Dheweke nggawa surat surat keterangan pemeriksaan PCR, nek hasile wis negatip, alias bebas Covid-19 sakubare nglakoni isolasi wingi. Muga muga diijinake niliki adhine, ora ketang mung sedhela. Dheweke pengin mbisiki Ati, pengin aweh piweling langsung ben Ati krungu swarane kangmase. Nggo mbiyantu nambah semangat Ati, ben bombong atine. Tekan rumah sakit, protokole ketat banget. Jarene petugas Satpam, pasien sing dirawat intensip ora isa ditiliki. Rangga ora kurang akal, ngrepa ngrepa ben diijinke niliki adhine. Banjur kirim pesen nang dhokter Rini liwat WA, njaluk tulung ben isa mlebu niliki Ati. Ora let suwe, dhokter Rini nganggo pakeyan brukut nemoni dheweke nang ruang tunggu. Rangga dijuluk supaya wisuh tangane sepisan maneh. Mlebu ruangan perawatan intensip, sakwise ganti pakeyan khusus.

Entek atine nalika meruhi adhine dipasang selang infus. Ambegane katon menggeh menggeh sesek. Ana selang nempel nang irunge nggo nyalurke oksigen, ngurangi seseke. Rupane katon pucet alum banget, ora mentala dheweki ndulu adhine kaya ngono. Nyoba ngawe ben adhine ngerti nek dheweke ana kono, ning sajake adhine antara setengah sadhar. Dheweke mbisiki adhine.

“Ati... Ati iki mas Rangga ya dhik. Ayo, aja menyerah ya dhik. Kudu kuwat nglawan Covid, mesthi isa. Ndonga karo sing Gawo Urip, ben diparingi kekuatan lan sehat maneh.”

Ati ora semaur mung menahi tandha nganggo tangane. Rangga pengin banget ngarasi adhine, nggegem tangane adhine, ning ora gampang merga protokol kesehatan sing kenceng. Wektune wis entek, sakdurunge metu kamar perawatan dheweke nggegem tangani adhine, anyep kabeh rasane. Dheweke metu nang ruang tunggu. Aweh panuwun karo dhokter Rini.

“Matur nuwun banget dhik, sliramu melu ngupakara adhiku Ati. Aku sumelang banget, muga muga Ati isa nglimati wektu kritis.”

“Tya mas, wivit mau esuk durung ana owab owaban. Ning muga muga wae ora saya abot kabanane.”

“Aku mung nyuwun tulung dbik Rini, aku tak kirim pesen swara liwat WA nang njenengan, sampekena nang Ati ya. Ben dheweke krungu pesenku senajan mung liwat WA muga muga isa nambah semangate.”

“Tya mas, mengko tak sampekeke nang Ati.”

Rangga banjur ngirim pesen swara lewat HP ne dhokter Rini, ditambah te-
tembangan senengane Ati nalika isih cilik mbiyen.

“Ati sayang. Iki kangmasmu Rangga. Pengin omong karo kono senajan mung lewat WA. Titip liwat WA ne dbik Rini. Aja menyerah ya dbik, kudu kumat nglawan Covid. Ben enggal mari. Bapak ibu karo masmu ngantu antu tekamu nang ngomah. Bapak ibu mesthi seneng lan bangga banget methuk kono mulih. Aku tak nembang Padhang Bulan nggo kono ya, mesthi isih kelingan tetembangan iki. Kelingan ya nek pas padhang mbulan ndhisik awake dhewe kerep dolanan nang latar karo kanca kanca”

*“Yo pra kanca dolanan nang njaba
Padhang mbulan padhange kaya rina
Rembulane sing ngawe awe
Ngelingake aja padha turu sore.”*

Rangga banjur ninggalake rumah sakit sak wise ngirim pesen iku liwat dhok-
ter Rini. Muga muga Rini isa nyetel pesen swara mau marang Ati sore iku
uga. Rangga langsung mulih menyang omah Langenastran. Dheweke isih
kudu nglakoni isolasi mandhiri ana ngomah, jaga jaga aja nganti nulari bapak
ibune, sing wis klebu kasepuhan. Tekan ngomah matur karo bapak ibune,
nek dheweke isih kudu isolasi. Manggon kamar mburi ben diladeni Yu Yem
karo pak Djo. Kudu sabar durung isa bebas kumpul karo bapak ibune.

Jane pak Dewanto karo bu Reri, wis kangen banget pengin cedhak karo pu-
trane sing wis meh rong tahun pisahan merga sekolah nang Manila. Ning
kabeh kudu isa ngampet supaya ora nyebarke penularan Covid-19. Saking
kesele, Rangga mlebu kamar langsung ambruk nang peturon. Ora lali wisuh
ngresiki tangan karo raine sakdurunge turu. Dheweke kaget ana weling WA

mlebu. Tangi saka le turu. Ana pesen seka dhokter Rini. Rada mak plong bubar maca pesen iku.

“Mas Rangga, pesen swaramu sing kok kirim liwat aku mau awan langsung tak setelke nang Ati. Dheweke isa ngrungokke senjata isih panas lan sesek. Sajake seneng dheweke krungu pesen karo tetembanganmu. Bengi iki isih rada sesek, ning wis ora panas mung sumeng sithik. Muga muga kabanane terus apik. Kabeh obat wis di wenebke. Mengko nek wayabe arep bubuk tak setelne maneh ya mas. Rayi sing lagi melu pribatin, Rini.”

Rangga seneng banget nama pesen WA seka dhokter Rini. Senajan kancane raket adhine, ning Rangga ora tepung raket. Nek ketemu ya arang arang, mung nek Ati ngundang kanca kancane mara nang ngomah acara syukuran nek bubar semesteran. Ning ora tau ana kesempatan sesambungan mligi karo Rini. Dheweke mbalesi WA ne Rini kanthi ati ati.

“Matur nuwun banget dhokter Rini, sliramu kersa nyetelke pesen swaraku marang Ati. Panyuwunku muga muga Ati, isa pulih kaya wingi wingi, ketemu karo aku lan bapak ibu. Ora liya aku ngaturke panuwun dene sliramu melu ngupakara lan nunggoni Ati. Mung Gusti sing bisa mbales kabecikanmu. Nyuwun tulung tembanganku iki disetelke marang Ati njih.

Salam seka Rangga.”

*“Lir ilir lir ilir tandure wong sumilir
Tak ijo royo royo
Tak senggub panganten anyar
Cab angon cab angon penekno blimbing kuwi
Lunyu lunyu penekno kanggo mbasuh dodotiro
Dodotiro dodotiro kumintir bedah ing pinggir
Dondomana jrumatane kanggo seba mengko sore
Mumpung padang rembulane
Mumpung jembar kalangane
Sun surako surak bore”*

Rangga karo Ati umure kaceke mung telung taun. Ewa semana, cilikane ndhisik Ati nek arep turu mesthi njaluk ditembangke karo kangmase. Sesa- mbungan emosional antarane kakang adhi pancen raket banget nganti loro

lorone wis lulus pawiyatan luhur. Panyuwune Rangga, muga muga tetembangan iku bisa mbombong semangate adhine.

Sakdurunge mulih, dhokter Rini mampir nang ruang perawatane Ati. Dheweke nyetelke tetembangan sing dikirim Rangga lewat pesan swara mau. Kondisine Ati wis ora panas, mung isih katon sesek karo watuk. Ati katon seneng ngrungokke tembang Ilir Ilir mau. Isa mesem karo menahi tandha jempol. Dhokter Rini melu seneng banget ndulu kancane, Ati isa ngrungokke tembang sing dikirim Rangga. Dheweke isa nyipati sesambungan emosional sing cedhak banget antarane Rangga karo adhine, Woro Hadiati. Dhokter Rini bengi iku mulih kanthi pengarep arep, muga muga Ati ana perkembangan luwih apik. Bengi iki wis ora panas. Mung kari sesek wae wis akeh sudane.

Omahe Rini nang dhaerah Kumendhaman. Bapake Rini ngasto dhosen, asmane pak Kuntoro, ibune uga dhosen bidang psikologi pendhidhikan, ibu Laila Kuntoro. Bapak ibu Kuntoro saben dina ya senak senik, kuwatir nek putrine ketularan Covid-19. Bola bali isane ya mung ngelikke Rini supaya ati ati tenan, nuruti protokol kesehatan. Wis dadi resiko profesi, kabeh kudu dilakoni, Bapak lan Ibu Kuntoro ora kendhat anggone dedonga muga muga putrine kaparingan kasarasan, adoh saka sambekala.

Kagungan putra loro, loro lorone ndilalah dadi dhokter kabeh, kudu sesambungan karo pasien amarga tugas profesi. Dongane awan bengi muga muga aja nganti ketularan penyakit. Pandhemi teka tanpa kanyana, nyebar sak indhening donya tanpa isa di alang alangi. Ndilalah kok ana warta ing jagad maya sing ngandhakake menawa ana lintang kemukus Neowise sing lagi katon. Malah masyarakat ing tlatah Jawa Timur rame diwartakke jare meruhi ana lintang kemukus cetha wela wela, senjata wis di saruwe dening Badan Meteorologi lan Geofisika menawa ora katon lintang kemukus utawa komet nang radhare BMKG. Manut kapitayan Jawa, anane komet utawa lintang kemukus tansah gegayutan bebendhu gedhe kaya pandhemi iki. Embuh nalare piye mbokmenawa ya mung prastawa alam sing kedadeyan bebarengan tanpa ana sesambungan sebab lan akibat. Ewasemana manungsa kudu isa nampa menawa mubale virus Corona mbokmenawa ana sambung rapete karoimbangan alam sing lagi geseh. Pageblug Corona bakal mendha menawa

imbangan alam kuwi mau wis pulih maneh kaya wingi wingi.





Bab 3

Plasma Konvalesen



Esuk iku Rangga maca koran. Ana pawarta wigati. Pasien pasien sing mari seka Covid-19, padha nyumbang dharah kanggo gawe plasma konvalesen. Ana rumah sakit Solo. Para prajurit lan masyarakat umum sing tau nandhang lara Covid-19, lan wis dinyatakake mari, rame rame nyumbang darah ana RSUD Dr. Moewardi. Kabare jare akeh pasien sing isa ketulungan sakwise ditransfusi nganggo plasma konvalesen iku. Enggal enggal dheweke nilpon dhokter Rini, ning ora diangkat. Mbokmenawa lagi repot ngurusi pasien pasiene. Banjur ngirim pesan singkat lewat WA, ngirimke berita seka Solo Pos iku.

“Sugeng enjang jeng Rini. Muga muga kabeh diparingi sebat lan lancar tugase. Piye kabanane dina iki sliramu? Wis sempat mriksa Ati? Ana perkembangan apik Jeng dhokter?”

“Matur nuwun mas Rangga. Nuwun sewu mau lagi rapat klinik esuk. Ngrembug kabanane pasien. Ati ana kemajuan lumayan. Wis ora panas. Watuke wis kurang akeh, seseke isih ning ora nganti menggeh menggeh. Obate diteruske, ora ana masalah. Dheweke seneng banget ngrungokke tetembangan seka njenengan. Dhoktere sing ngrawat ya gelem lho ditembangke. He he.”

“Matur nuwun banget Jeng. Iki kok ana pawarta nang Solo Pos, nek nang rumah sakit dhokter Muwardi Solo, padha nyumbang dharah kanggo produksi plasma konvalesen.

Apa kira kira ana manfaate nek Ati diparingi terapi plasma uga?”

“Ngene wae mas, aku tak konsul dhokter senior sing tinanggenah ya. Mengko nek dheweke sarujuk, saka pibak keluwarga nyuwun diparingi terapi plasma konvalesen. Ning ewa semana iki wis ana kemajuwana apik. Muga muga Ati terus tambah apik.”

“Iya jeng aku ngenteni pawarta seka sliramu. Ati ati ya Jeng. Aja lali njaga kesehatan. Dhokter malah sok lali leren merga saking dene sibuk le ngurusi pasiene.”

Wayah awan Rangga diwenehi weruh dening dhokter Rini, menawa dheweke wis konsul karo seniore. Dhokter senior nyarujuki nek arep diterapi nganggo plasma konvalesen. Uga menahi alamat kontak ana RS Moewardi piye carane entuk plasma mau.

“Piye carane entuk plasma kuwi ya Jeng? Apa enake pibak rumah sakit kene sing ngontak RS Moewardi ya? Nek rumah sakit Solo wis sarujuk, aku isa mlayu mrana.”

“Iya mas iki isih terus hubungan karo RS. Moewardi, njaluk plasma konvalesen sak cukupe, kanggo sakwetara pasien sisan”

“Muga muga lancar Jeng, nek perlu aku isa melu njupuk menyang Solo, ben endang isa dinggo. Mengko jam bezoek, aku tak niliki Ati apa isa?”


“Mengko WA aku wae mas nek wis nang rumah sakit. Tak temoni nang ruang tunggu.”

Pas jam bezoek Rangga teka ana rumah sakit. Sakwise ngliwati penjagaan satpam, dheweke ngenteni nang ruang tunggu. Dhokter Rini wis ana kono, ngenteni. Banjur bareng niliki Ati nang kamar perawatan intensip. Ati kahanane wis luwih apik tinimbang wingi. Akeh kemajuwana. Wis ora patia sesek, isa mesem nalika weruh kangmase teka. Rangga enggal mbisiki adhine.

“Ati, aja pasrah ya dhik. Mesthi kuat lan tabah. Iki wis akeh kemajuwane.”

“Mas aku isih krasa sesek, ora isa crita. Bapak ibu sebat sebat ya mas?”

“Bapak ibu sebat sebat Ati. Ngenteni kono. Sedbela maneh bakal isa kumpul ya. Endang waras.”



“Dongane ya mas. Muga2 diparingi waras maneh. Seneng aku weruh njenengan isa cedhak karo Rini. Aku kepotangan budi akeh karo dheweke.”

“Aja mikir ngono Ati, kan ya dadi tugasku ngrawat kono ana kene. Awake dhewe bareng terus ya.”

“Embuh nasibku Rien nek ora kok kancani. Kayane aku ora kuwat nglakoni lara kaya ngene. Kesel lan sesek banget rasane.”

“Iya wis istirahat dhisik, aku karo mas Rangga tak ngurus plasma konvalesen nang Solo.”

“Ati ati ya Rien karo mas Rangga, nek arep nang Solo. Mendah senenge ya nek awake dhewe isa lunga bareng bareng.”

Ati nggegem tangane kangmase karo tangane Ati. Kenceng banget karo kaca kaca. Ora kesuwen nang kamare Ati, Rangga karo dhokter Rini terus metu nang ruang tunggu. Omong omong sedhela prekara plasma konvalesen. Jare dhokter Rini, wis dipesenke nang RSUD Dr. Moewardi, Solo. Jare wis siap isa dijupuk sak wayah wayah. Rangga siap njupuk nang Solo, upamane wis dipesthekake. Dhokter Rini banjur mlebu nang ruang njero, nakokke apa plasmane isa dijupuk dhewe dening keluarga pasien?

“Iki mau wis ditilpun mas, wis siap dijupuk. Isa sore iki apa sesuk esuk”

“Nek upama isa, tak jupuk sore iki wae piye Jeng, ben sesuk esuk wis isa langsung di nggo. Aku tak nang Solo karo sopir seka kene. Ana kotak es sing dinggo nggawa ya?”

“Tak takon petugas mas. Mungkin karo petugas seka kene sisan. Ana sakwetara unit sing diperlokke pasien. Aku tak melu wae mas. Tak ngabari bapak ibu dhisik ya.”

“Sliramu wis kesel, ora susah. Sing penting aku isa ketemu petugas sing ngurusi nang Solo.”

“Ora apa apa mas, awake dhewe karo ana petugas seka kene. Nggawa sakwetara unit mengko’.

“Ya aku manut Jeng Rini, endang budhal, mundhak kewengen sliramu mengko”

Sak banjure, Rangga karo dhokter Rini, dikancani petugas loro, budhal menyang Solo. Rangga dhewe sing nyupir mobile, ora sida ngejak sopir pribadhine. Wayahe wis nyedhaki surup, Rangga nyopir kanthi lancar tumuju Solo. Ora akeh sing dirembug saksuwene laku. Mung sok sok Rangga takon prekara tugas sing kudu diayahi dhokter Rini karo Ati. Rangga nlesih banget gek gek adhine le ketularan merga alat pelindhunge ora nyukupi syarate. Rangga atine seneng dene isa ngobrol karo Rini. Durung tau dheweke ngobrol karo kenya ayu iki. Rumangsane, Rini wonge anteng meneng, ora seneng ngobrol. Tibake grapyak semanak seneng diajak rembugan.

Tekan Solo terus njujug nang RS Moewardi, nggoleki unit sing nyiapke plasma konvalesen. Tekan kana kabeh wis disiapke. Mung perlu ngrampungke tatacara administratif sakwetara. Ngisi formulir lan tanda terima, banjur balik menyang Yogya. Laku mulih bali nang Yogja uga lancar. Jam sanga bengi wis tekan, langsung masrahake plasma mau nang laboratorium ben disimpen ana kulkas. Sesuk esuk wis isa mulai dinggo transfusi pasien. Rangga isih isa mampir niliki Ati nang ruang perawatan intensip. Dikancani dhokter Rini. Ati wis turu, anteng ora katon menggeh menggeh napase. Bubar niliki adhine, Rangga takon marang dhokter Rini, nek arep diterke Rangga wae soale wis wengi. Dhokter Rini ngiyani, mobile dheweke ditinggal nang rumah sakit, dititipke tukang parkir. Dheweke numpak mobile Rangga mulih nang Kumendhaman.

“Aku matur nuwun banget Jeng. Njenengan ngrawat lan ngancani Ati, prasasat tanpa leren. Muga muga divales karo Sing Gawe Urip, aku rumangsa ora isa males budimu.”

“Ora susah ngendika ngono lah. Wis dadi tugasku, tur Ati wis kaya sedulur ku kandhung wae. Ora ana rasa wigah wigih aku.”

“Sesuk esuk tak papag wae ya? Jam pira Jeng?”

“Matur nuwun, aku ngganti sing jaga jama 07 esuk mas.”

“Ya sesuk esuk tak papag jama setengah pitu ya. Matur nuwun. Diaturke bapak ibu, aku ora isa matur ya Jeng.”

“Sugeng dalu ya mas Rangga. Aku nyuwun muga muga Ati enggal waras kaya wingi

wingi.”

Esuke Rangga methuk dhokter Rini nang Kumendaman, banjur diterke nang RSA UGM. Dhokter Rini isih katon kesel, mungkin kurang le turu merga wingi nang Solo nganti bengi. Rangga isih sempet ngandhani, aja nganti kekeselan soale resiko ketularan seka pasien pancen ora isa dianggep sepele. Pas jam istirahat awan ana pesen WA saka dhokter Rini, ngabarake nek Ati wis wiwit diinfus plasma dina iku. Ora ana efek samping, kabeh mlaku kanthi lancar. Kahanane Ati sangsaya apik, le sesek wis saya suda. Pengobatan liyane kabeh isih diteruske. Kudu sabar nunggu sakwetara dina, nganti test PCR e negatip. Rangga banjur nemoni dhokter Rini pas wayah ngaso.

“Aku seneng banget jeng, dene Ati wis tambah apik. Sing tak suwun enggal pulih kaya wingi wingi. Bapak ibu wis ngantu antu kapan Ati isa mulih.”

“Ya mas, kudu sabar sakwetara dina maneh. Nganti negatip hasile PCR test. Kabeh petugas rumah sakit ngupakara pasien kanthi maksimal.”

“Matur nuwun banget sliramu ngupakara Ati. Aku kepotangan budi sing ora isa tak bales karo njenengan Jeng.”

“Donga dinonga mas ben Ati enggal mari. Aku isih sok dbeg dbegan nek meruhi dbeweke nandhang sesek kumi. Ora kuwat ndeleng dbeweke nandhang lara pas abot abote kae. Wektu krisis wis klintat, ning tetep kudu ati ati.”

Ora suwe anggone ketemu, Rangga tumuli mulih. Ora pengin ngganggu wektune ngaso dhokter Rini. Jane dheweke isih pengen ngobrol suwe karo kancane adhine kuwi. Wis ngerti suwe menawa dadi kancane adhine. Nanging durung tau ana kasempatan ngobrol babar pisan. Atine sangsaya gumun meruhi polah tingkahe dhokter Rini anggone ngrawat pasien. Ora kenal leren, prasasat esuk sore ana bangsal terus. Muga muga Ati enggal mari, pulih kaya wingi uni. Bapak ibune wis bola bali nakokke, piye kahanane Ati, kapan isa diajak mulih.

Bapak ibune Rangga, pak Dhewewanto karo bu Reri jane ya wis pengen banget kumpul karo putra putrane, Rangga karo Ati. Nanging merga lagi ana pageblug, rasa kangene ditahan tahan. Muga muga enggal waras lan normal

kabeh. Kegiatan perusahaan bathik akeh dikurangi. Tokone sepi wektu keru keru iki. Prodhuksi disuda, buruhe dijaluk nggarap bathike nang ngomahe dhewe dhewe. Mung sing tenaga inti wae dikon mlebu.

Pak Dhewanto karo bu Reri seneng lan lega banget dene putrine, dhokter Ati wis wiwit suda lelarane. Wis ana owah owahan sangsaya apik. Malah wis diwiwiti terapi nganggo plasma konvalesen. Rangga crita menawa dheweke karo dhokter Rini sing njupuk plasma nang Solo. Pak Dhewanto karo bu Reri, nguningani banget nek sesambungan kakang adhi antarane Rangga karo adhine, ora sakbaene. Cedhak banget. Nek nganti ana apa apa karo Ati, ora isa mbayangke kaya ngapa Rangga mengkone. Dhokter Rini ya wis diwanti wanti, nek Ati karo kangmase cedhak banget sesambungane. Rangga mesthi ora isa nahan meruhi adhine lara nemen nang rumah sakit. Kelingan nalika bocah loro iku isih cilik, senengane tetembangan lagu Bapak Pocung, Padhang Bulan, Ilir Ilir lan sakpanunggalane. Pak Dhewanto karo bu Reri rumangsa lega dene Rangga banjur raket sesambungan karo dhokter Rini. Muga muga Ati enggal bali nang ngomah ya. Sing nang ngomah isane ya mung dedonga.





Bab 4

Mari Nandhang Lara Corona



Sakwise entuk pengobatan nganggo plasma konvalesen, kasarane Ati sangsaya apik. Watuke ilang, seseke ilang, mung kari swara napase sing isih mengi durung isa resik. Ananging sing cetha, wektu kritis wis liwat. Kangmase Rangga saben dina tansah niliki lan nunggoni ana rumah sakit. Mesthi ketemu karo dhokter Rini. Ora ketang mung sedhela. Rangga rumangsa seneng banget bisa ketemu Rini. Ana wae sing dirembug. Prekara kahanane Ati, apa prekara liya sing gegayutan. Ati semono uga, dheweke rumangsa kesuwun banget dene saben dina tansah ditiliki kangmase sing ditresnani. Kangmase iku pancen sayang lan gemati banget marang dheweke. Bola bali dhokter Rini, ngelokake sajak setengah meri.

“Kok kangmasmu sayang lan gemati banget karo kono ya Tiek. Aku isa meri nek ngene iki, soale kangmasku acuh banget nek karo aku.”

“Lha apa ben gemati karo kono ta Rien? Aku ya ikhlas banget tur seneng nek kangmasku sayang karo kono. Aku percaya karo kono.”

Karepe Ati jane mung sembranan, guyon tanpa ana karep apa apa. Nanging Rini sak nalika mbrabak raine. Banjur meneng sak utara, ora isa mbales guyonane Ati. Pungkasane mung ngelingake Ati.

“Ati aja kakeban caturan dhisik mengko mundhak seseg maneh. Mesakke kangmasmu mesthi wedi banget. Dhasar adhik kesayangan.”

“Pangapuramu ya Rien nek tembungku ora gawe kepenaking atimu. Aku wis matur nuwun banget kono tansah ngupakara aku.”

“Aja ngono lah Tiek, babarpisan ora kegelan aku. Awake dhewe wis barengan wiwit cilik. Seneng susah disangga bareng.”

“Iya Rien, aku pancen seneng banget lan pengin banget nek awakmu isa cedhak karo kangmasku. Aku ngerti dheweke njaba njero, cilikan aten, senajan polah tingkabe anteng. Percaya aku karo awakmu.”

Krungu guyonane kancane raket, Rini banjur kelingan pas ketemu awan awan nang omahe wong tuwane Ati ing Langenastran. Rangga nangis ngguguk ngrangkul dheweke, dikira Ati, adhine. Ana rasa empati sing jero, nanging ora isa digambarke. Mesakke, kaya kaya pengin menehi dhukungan moral, ben Rangga luwih tangguh ngadhepi kahanan abot. Embuh ah, dheweke pengin uwal seka perasaan aneh iku. Kok angger ora ketemu Rangga, rasane pengin endang ketemu.

Rong minggu sakwise dirawat ana rumah sakit, kahanane Ati wis waras pulih kaya wingi wingi. Pemeriksaan PCR uga wis negatip. Wis diolehke mulih, istirahat lan isa neruske pengobatan nang ngomah. Esuk esuk Rangga wis mara nang rumah sakit, mberesi administrasi sak durunge ninggalake rumah sakit. Dheweke ora ngaturi priksa bapak ibune, nek Ati wis isa digawa mulih dina iku. Bubar ngurus administrasi, nyatheti obat obat sing kudu digawa mulih kanggo Ati, Rangga nemoni dhokter Rini. Wose ya mung matur nuwun, dene dhokter Rini wis melu ngupakara lan ngancani Ati.

“Jeng Rien, Ati dina iki tak jak mulih. Obat obate kabeh wis tak catheti lan tak gawa dinggo nang ngomah. Matur nuwun tanpa upama seka aku, Ati lan bapak ibuku, dene sliramu tansah ngupakara kanthi sabar. Sasat tanpa kendhat.”

“Iya mas Rangga, tulung Ati didhampingi nang ndalem. Aja nganti susah atine ya. Bapak ibu mesthi rena banget pirsane nek Ati wis mari. Nuwun sewu aku ora isa ndherekeke ya mas. Mengko sore sorenane tak tiliki karo mulih.”

Rangga banjur marani Ati nang ruangan, terus dikanthi alon alon nang ruang tunggu ana sisih ngarep. Dheweke njupuk mobile nang parkiran. Ora suwe

dheweke wis nyetir mobil, ngampiri adhine ana ruang tunggu sisih ngarep. Mobil ditinggal nang plataran ngarep. Ora oleh suwe suwe merga dudu panggonan parkir. Nalika mlebu ana ruang tunggu, dheweke weruh dhokter Rini wis ana kono lagi omong omong karo Ati. Ati enggal enggal diajak nang mobil. Dhokter Rini nguntapke tekan lawang.

“Ati ati ya Tiek, dijaga kondisine nang ndalem. Maeme sing apik, karo dbedbe nang srengenge wayah esuki. Mas Rangga, ati ati le njaga Atiek ya. Sungkem kagem bapak ibu.”

Tekan ngomah, mobil mandheg nang plataran ngarep cedhak pendhapa. Pak Dhewanto lan bu Reri kaget banget pirsia Ati metu seka mobil. Banjur ditututi, karepe arep dirangkul. Enggal enggal Rangga ngelingake, menawa kudu njaga jarak. Durung kena rangkulan dhisik. Kudu nahan. Bu Reri mung muwun sesenggrukan saking bungahe dene putrine ragil wis slamet, mari le nandhang Covid-19. Pak Dhewanto mung kaca kaca. Muga muga bebendhu Covid-19 nang keluwargane wis liwat tenan. Ati wis mari. Ben istirahat dhisik karo isolasi. Bu Reri nganti wektu iku ya durung isa cedhak karo Rangga sing dikangeni. Isih kudu jaga jarak. Rangga nang kamar mburi, pangan dikirim nang kamare. Wis meh rong taun ora ketemu Rangga, mandang mulih kok ana pageblug. Ati manggon nang kamare ana sisihe ruang keluarga. Kudu taat nang kamar dhisik isolasi mandhiri. Maeme mengko dikirim nang kamar dening pak Djo lan yu Yem. Pak Dhewanto karo bu Reri ora ngendika akeh.

“Ati cah ayu ndbuk, bapak karo ibumu rasane lega banget dene kono wis pulih maneh. Sing ati ati ya njaga kondhisimu. Maemmu dijaga sing apik. Pram, adhimu ya diawat awati ya le.”

“Njib bapak ibu, tak kira bapak ibu ya kudu ati ati banget, ora susah tindak tindak metu dhisik.”

“Tbumu wis pengin banget arep ngrangkul anak lanang karo anak wedok iki jane. Nanging ya kudu sabar, jaga jarak ana pandhemi.”

“Njib bu, Ati kangen banget karo bapak ibu. Nang rumah sakit, wedi rasane, wis kapok aku nek kudu mbaleni maneh. Untung kerep ditiliki Rini karo mas Rangga. Mas



Rangga ya dadi raket karo Rini saiki bu.”

“Ya ora apa apa ta seduluran, Rini wis tak anggep kaya anakku dhewe.”

“Mengko sore jare arep rene, Rini mampir nek arep mulih.”

“Mas Rangga kok malah lumih ngerti rencanane Rini, timbang aku saiki ya.”

Rangga karo Ati banjur pamitan arep leren nang kamare dhewe dhewe. Ndilalah rasane ngantuk amarga nang rumah sakit ora isa turu kepenak. Pak Dhewanto lan ibu Reri banjur lerem istirahat nang kamar gedhe. Wis pirang pirang sasi iki, panggonan sing kerep diampiri ya mung kamar, ruang tengah, pendhapa ngarep nek golek sunar srengenge wayah esuk. Arep metu nang ndalan wae isih diampet. Ben pagebluge rampung dhisik.

+++++

Ndungkap sore, nyedhaki jam papat, hawane wis ora krasa panas. Angin semilir semmribit gawe adhem swasana sore. Sunare srengenge semburat abang nang langit iring kulon. Katon endah kahanane, kaya kaya nutupi menawa lagi ana bebendhu pageblug Covid-19. Rini wis tata tata, uba rampe wis dilebokke tas kabeh. Mau wis resesik awak, nang kamar mandhi, ben ora nggawa bibit penyakit mulih. Dina iku dheweke ora nggawa mobil. Arep diampiri kangmase, dhokter Ranto, sing lagi pendhidhikan nang Bagian Ilmu Bedhah, dadi asisten ahli nang RSUP Dr. Sardjito. Dhokter Ranto wis sakwetara taun nglakoni pendhidhikan spesialis bedhah. Rencanane tahun iki bakal rampung pendhidhikan lan entuk brevet spesialis dhokter bedhah. Ranto gawane anteng, meneng ora kakeyan wicara. Cocok nek dadi dhokter bedhah, bat bet nandangi operasi tanpa kakehan tembung. Karo adhine ya omonge sithik, apa perlune wae. Dhokter Rini mula sok krasa meri meruhe Rangga gemati lan sayang banget karo adhine, Ati.

“Mas Tok, awake dhewe mampir nang Langenastran ya. Aku janji arep niliki Ati. Mau awan wis mulih.”

“Iya dhik ora apa apa, ning aja suwe suwe ya. Pengin tilik Ati apa ketemu kangmase? Akhir akhir iki kok awakmu kerep runtang runtang karo mase Ati, sapa jenenge?”

“Aja ngono lah mas, aku pengen niliki Ati. Cedhak banget wiwit cilik, kaya sedulur kandhung wae. Kangmase asmane mas Rangga, dbosen ekonomi manajemen. Mentas wae lulus seka AIM, Asian Institute of Management ana Manila.”

“O iya. Kok njur dadi raket karo awakmu, ora ana apa apa sing istimewa dbik?”

“Ora babar pisan mas. Durung durung kok curiga. Ning mas Rangga kae karo adbhine sayang lan gemati banget je mas.”

“Oo ngono ta. Aku sore sore ngene iki ngeterke awakmu niliki Ati karo kangmase, ya merga gemati nang awakmu ta....”

“He he he.... Mas aja curiga banget banget ya.”

“Aku takon sithik ya dbik karo awakmu, aja dadi atimu.”

“Iya mas mangga wae.”

“Gek sedhela kae kono rada raket karo Herman, kok saiki kaya ora tau sesambungan maneh ana apa?”

“Lha mas Herman ya sibuk banget. Arang banget isa ngobrol senjata mung liwat tilpun. Pancene ya durung ana tembung sing sipate nancang kok. Mung rada raket sok sok ngobrol wae.”

“Sing ati ati, aja menahi harapan kosong mundhak gawe gelane liyan. Mung aku sok kerungu saka kanca kanca kok jarene dheweke ana sesambungan istimewa karo awakmu.”

“Ya embuh ya mas, ning antarane aku karo mas Herman, durung ana tembung apa apa, durung ana janji babar pisan.”

“Ya ora apa apa, sing ati ati ya le srawung. Uga srawungmu karo sapa iku mau, Rangga.”

Ora suwe Ranto karo Rini wis tekan Langenastran. Langsung mandheg nang plataran sing jembar. Rini rada kaget kok kadingaren kangmase takon prekara Rangga sing nembe wae wiwit raket, lan prekara sesambungane karo Herman. Pancen wis suwe dheweke cedhak karo Herman, kancane sak angkatan

kangmase. Rumangsane durung ana sesambungan sing istimewa, ya mung sok ngobrol ngono wae. Dolan bareng lagi sepisan, bubar lulus kae ditraktir Herman dolan nang bendungan Sempor. Rini enggal uluk salam nang kori pendhapa. Dibukakke dening pak Djo abdine keluarga Dhewanto. Pak Djo karo yu Yem, pasangan bebojoan, wis mataun taun ndherek keluarga Dhewanto.

“Pak Djo, diaturke mbak Ati ya nek aku karo mas Ranto mampir tilik”

“Injib mangga mbak Rini, lenggah wonten nglebet rumiyin.”

“Nek padha sare aja diwungu pak Djo, aku mung mampir kok.”

“Mboten sampun sami wungu, sampun siram kala wau.”

Ora suwe Ati wis metu nang pendhapa. Wis dandan bubar adus. Katon isih rada pucet raine. Nganggo pakeyan warna biru langit, warna lembut. Ati gawane grapyak, akeh omonge, seneng crita. Weruh Rini karo kangmase teka, gita gita anggone nemoni.

“Kok kadingaren Rien, diterke mas Ranto?”

“Iya Tiek, aku ora nggawa mobil dina iki, aku njaluk dipethuk mas Ranto, terus tak jak mampir kene.”

“Matur nuwun mas Ranto, kersa tindak rene. Durung tau kan tindak rene?”

“Iya dbik Ati, aku dijak Rini mampir rene iki mau.”

Let sedhela pak Dhewanto, ibu Reri dalah Rangga padha melu nemoni metu. Banjur dikenalke karo kangmase Rini, dhokter Ranto. Senajan isih kudu jaga jarak, ning Ati katon banget le manja karo kangmase. Pas omong omong, tangane ora lali nggegem tangane kangmase, Rangga. Rangga ya mung meneng wae. Pancen dheweke sipate menengan. Pikirane Rangga mung tumuju marang Rini. Wanita iki kok katon luwes, anteng, ayu. Ora seneng omong ceplas ceplos. Kabeh diucapake kanthi ati ati. Ibu Reri karo pak Dhewanto, katon remen banget dene dhokter Rini lan kangmase mampir niliki Ati sore iku. Sesambungan kekancan antarane Ati lan Rini wis suwe. Muga muga

pareduluran isa mlaku terus saklawase. Ora suwe Rini karo kangmase Ranto, nyuwun pamit, mundhak kesoren. Rini atine krasa lega isa ketemu Ati, ning sing marahi ati sir siran ki mandang ketemu karo Rangga. Kenal raket karo Rangga ya lagi telung minggu iki. Ning rasane kok kaya wis suwe banget.

“Mas Tok, tenan ta njenengan nyipati dbewe nek mas Rangga sayang banget karo Ati.”

“Tya dbik, dbeweke ngemong banget karo adbine. Pengin kenal luwih cedhak karo mer-eka aku dbik.”

“Aja kuwatir mas, isih akeh kesempatan nang ngarep. Nek wis ora ana pageblug, suk dolan bareng bareng ya mas.”

Kakang adhi, Ranto karo Rini, alon alon mulih nang omahe ing Kumendhaman. Senajan ora katon le raket banget, kakang adhi iku uga rukun, ora tau ana prekara babar pisan. Ora liya ya saka panggulawentahe wong tuwane, pak Kuntoro lan ibu Laila. Sore sing endah, sore sing gawe tentreming ati, kakang adhi mulih nang daleme bapak ibune. Pak Kuntoro dalah ibu Laila senajan loro lorone sibuk, nanging tansah rumangsa seneng menawa nyipati putra karo karone mulih ora kurang sakwiji apa. Bu Laila ora kendhat anggone dedonga muga muga putra lan putrine tansah sehat aja nganti nandhang lara, apa maneh ketularan lelara Corona. Jaman bebendhu pageblug, isane ya mung dedonga.





Bab 5

Ngayahi Tugas Kamanungsan



Bubar mari saka anggone nandhang lelara Covid-19, dhokter Woro Hadiati isih kudu nglakoni isolasi mandhiri ana ngomah ing kampung Langenastran. Kangmase sing lagi wae mulih saka Manila, uga isih akeh anggone nyambut gawe saka ngomah. Kantorane ana ing sakwijining pawiyatan luhur sing matrapake nyambut gawe saka ngomah. Ewasemana, Ati durung bebas anggone ketemu karo kangmase sing dikangeni, uga karo bapak ibune. Kabeh isih kudu njaga kareben ora ana sing ketularan.

Sak suwene istirahat ana ngomah, akeh wektu kanggo mikir lelakone sakwise dadi dhokter, nganti ketularan Covid-19. Rumangsane Ati ya wis nuruti kabeh aturan protokol kuwarasan, ning kok ya isih isa ketularan. Apane sing isih kurang ya? Pakeyan pelindung kanthi brukut wis dienggo terus tanpa kendhat. Kamangka pakeyan pelindung iku sumuk banget nek dienggo, ora kepenak nang awak. Akhire sadhar menawa iki kabeh wis dadi resikone profesi sing tugas ana lapangan ngrawat pasien. Akeh dhokter lan tenaga kesehatan sing pralaya merga ketularan pas ngrawat pasien. Wis atusan utawa ewon cacache, dhokter karo perawat dadi korban. Keluwargane barang ya ana sing katut dadi korban. Kudune sing lelarane isih entheng ora perlu dirawat nang rumah sakit. Isolasi mandhiri wae nang njaban rumah sakit, isa ngurangi sanggan nang rumah sakit. Nek saben pasien kudu dirawat inap nang rumah sakit, rumah sakit tambah abot, resiko nulari petugas kesehatan uga saya tambah.

Layanan rumah sakit isa buyar nek petugase akeh sing ketularan, apa maneh nganti dadi lan tiwase.

Dheweke krasa wedi banget nalika dirawat ana rumah sakit, amarga biyasane nek wis mlebu perawatan gawat darurat ngono iku tegese isane mari maneh mung paro paro kemungkinan. Rasane wis meh wae nglokro nalika pas abot abote nandhang lara. Ambegan rasane seseg abot, kaya dhadhane ketindhahan watu. Nanging kabeh mau wis diliwati. Mung kala kala isih sok kewedan, aja pisan pisan maneh kena lelara Covid-19. Pak Dhewanto lan ibu Reri Dewanto, tansah wanti wanti supaya ngati ati banget nuruti protokol kesehatan ben ora ketularan.

“Ndhuk Atiek anakku, bapak ibumu wis rumangsa lega dene kono wis isa mari seka lelara Covid sing nggegirisi iku. Sesuk sesuk nek wis kudu nyambut gawe maneh nang rumah sakit, kok jaga sing tenan ya protokol kesehatan.”

“Njib bapak ibu, dalem ya isih tidal an wedi, wong paribasan kabeh aturan protokol kesehatan wis tak turuti satus persen, babar pisan ora ana sing klawitan, ning kok ya tetap ketularan. Jane ya pengin golek panggonan gaweyan sing ora sesambungan langsung karo pasien.”

“Ya wis dilakoni wae ndbuk, resiko profesi medhis, sing kudu ngrawat pasien. Mung kudu luwih ngati ati saiki.”

“Sing aku rada ora trima ki, kene nang rumah sakit ngrawat pasien, prasasat totohan nyawa. Lha kok wong wong isih padha sak enake nglanggar protokol kesehatan nang dalan dalan karo nang tempat umum. Apa ora mikir nek resikone ora mung kanggo dheweke, ning kanggo wong liya, termasuk petugas kesehatan.”

“Wong polah tingkabe manekawarna ndbuk, asring ora isa dertibke. Rumangsane duwe hak mlaku mlaku nang njaban omah sak kepenake.”

“Nang negara negara tangga, kaya Malaysia, Thailand, Vietnam, China, Korea karo Jepang, pendhudhuke luwih disiplin, manut aturan ngurangi saba ana panggonan umum. Mula korbane Covid ora dhuwur banget kaya nang Indonesia bu.”

“Nganti kapan kono kudu mlebu kerja maneh ndbuk? Aku melu deg-degan ngeculke

awakmu budhal nang rumah sakit. Ning ya kepiye maneh wong kuwi wis dadi tugasmu sing kudu kok lakoni.”

“Mbok menawa istirahat rong minggu, mengko terus kudu mlebu dbines maneh, bapak ibu.”

“Kangmasmu kok ora katon nang omah lunga menyang endi?”

“Embuh ya bu, mau ya ngerti le budhal aku. Jare arep nang kantor dbisik. Laporan nek wis mulib, wis rampung le tugas belajar. Ning iki mau Rini kok WA aku jare pas istirahat siang, ketemu karo mas Rangga. Aku seneng banget nek mas Rangga, cedhak karo Rini.”

“Ya wis ora apa apa, mungkin lagi ana perlu karo Rini, ora ana alane kekancan raket. Kono kan ya ngerti Rini lan ngerti kangmasmu.”

“Tya Bu, muga muga Rini karo mas Rangga isa sesambungan sak teruse. Aku seneng banget.”

Bubar dirasani, dumadakan Rangga banjur ketok kledhang kledhang medhun seka mobil nang plataran ngarep. Sajake lagi seneng atine, praupane katon semringah. Dheweke nggawa oleh oleh bakpao Pathuk.

“Aku karo ibu wis kangen pengen ngrangkul njenengan apa durung oleh mas?”

“Nek bapak ibu wis oleh, ning nek kono isih kudu ngenteni sak wetara dina dbik. Jarene aturane ngono. Aku tak nang kamar mandhi dbisik ya, ben resik dbisik.”

Bubar seka kamar mandhi, Rangga banjur ngaturi salam marang bapak ibune, karo Ati. Terus lungguh nang kursi tamu ning rada adoh adohan. Crita menawa seka kantor laporan nang pimpinan nek le tugas belajar wis rampung, siap aktif maneh nang kampus. Dheweke uga crita nek bubar saka kantor di WA dhokter Rini, diajak maem awan pas jam istirahat. Maem awan nang rumah makan cedhak rumah sakit.

“Tya mas, mau Rini ya WA aku nek mentas maem awan karo njenengan. Nakoni aku kok ora melu.”

“Rini mau jane ya pengen kono melu, ning aku njawab nek isih kudu isolasi mandhiri, durung rampung. Suke ya nek Covid wis klimat awake dhewe isa dolan bareng bareng. Kabeh saiki prihatin dhisik dikungkung nang ngomah.”

“Bapak ibu ora sedhib ya nang ndalem terus nganti pirang pirang minggu. Angger akbir pekan kok akeh wong padha mlaku mlaku, apa ora wedi karo pageblug ya?”

“Jane bapak ibumu ya pengen metu, ora ketang mung mubeng mubeng sedhela. Bosen lan kisirub atine dikungkung nang ngomah terus.”

“Sabar bapak ibu, sing penting sebat, iki aku wis nang ngomah, Ati ya wis nang ngomah. Muga muga pageblug enggal rampung, bali normal kaya wingi uni. Akeh keluarga sing ora begja kaya awake dhewe, kelangan anggota keluwargane amarga Covid.”

Ati rumangsa seneng dene kangmase wis raket karo dhokter Rini. Dongane muga muga Rini karo Rangga isa cocok sak teruse. Isane dheweke mung ndonga. Sing nglakoni kan ya Rangga karo Rini, dudu dheweke, kok ndadak melu mikir. Nek Rini dadi ipene, mesthi isa kompak mbesuke, wis kekancan karo Rini wiwit cilik, prasasat wis kaya sedulur dhewe. Bapak ibune, mesthi ya bakal seneng banget nek nguningani kangmase sesambungan karo Rini. Ibune wis bola bali ngendikakke nek Rini rasane wis kaya putrane dhewe. Muga muga lancar saklawase. Ning Ati uga mikir, nek kangmase sida dadi karo Rini, dheweke wis ora isa manja kaya biasane. Kangmase wis dadi duweke wong liya.

+++++++

Sakwise Ati mari seka Covid-19 terus kudu istirahat nang ngomah, Rini atine seneng lan lega dene kancane mari seka lelara sing nggegirisi iki. Nanging ya banjur krasa sepi banget, paling ora nganti rong minggu maneh, Ati lagi oleh mlebu nyambut gawe. Dheweke le runtang runtung karo Ati wiwit cilik, prasasat durung tau pisah sekolah nganti lulus Fakultas Kedhokteran. Bubar lulus dhokter, kok ya padha tekate dadi tenaga medhis ngopeni pasien pasien Covid-19 nang RS Akadhemik Universitas Gadjah Mada. Upama ora karo Ati, embuh apa dheweke wani nglakoni tugas dhewekan. Ya pancen kancane uga akeh. Ning kabeh repot ngurusi pasien. Ora ana wektu dinggo sesam-

bungan karo kanca. Ana wektu sithik, biasane mung isa kanggo leren.

Bapak ibune ya ora kurang anggone kuwatir, samar nek putri tunggale ketularan Covid. Nalika krungu warta nek kancane Rini, dhokter Ati ketularan Covid seka pasien, bapak ibu Kuntoro ora kurang anggone dedonga muga muga putrine aja nganti ketularan. Lelara Covid dadi ancaman kanggo sapa wae. Embuh kapan, sak wijining dina, mungkin wae isa ketularan seka sapa wae. Kanggone Rini, isane ya mung mupus, wong kabeh mau wis diniyati. Ya dilakoni wae kanthi sabar.

Esuk mau dhokter Rini giliran entuk vaksinasi Covid. Wis dilakoni lan ora ana efek samping babar pisan. Ya mung dheweke rada bingung merga pas ngenteni giliran suntik kok ditakoni apa dheweke gelem melu rombongan medhis kanggo misi kamanungsan nang dhaerah gempa ana Sulawesi. Nek karo Ati, dheweke mesthi mantep ngayahi tugas kamanungsan mau. Ning bareng dhewekan, karo kanca kanca sing durung patiya kenal, dheweke mbayangke le bakal kikuk anggone nyambut gawe. Embuh rencanane durung ngerti kapan. Rombongan awal wis budhal seminggu kepungkur. Nek sida dheweke kudu melu rombongan kedhwa nggo ngganti rombongan sepisanan. Ya mung kudu siyap siyap wae, misi kamanungsan. Mumpung isih legan, durung ana beban seka keluwarga utawa anak. Suk nek wis keluwarga mungkin ora isa bebas kaya saiki. Bebas ning ya ngandhung resiko. Ati, kancane raket ketularan, tujune isa mari.

Awan mau ketemu karo Rangga, kangmase Ati. Karepe ya ben Rangga ngajak Ati sisan, maem awan ana njaba. Ora ngertiya Rangga disiplin banget nang protokol kesehatan. Ati durung oleh metu seka omah. Kudu isolasi mandhiri paling ora 2 minggu. Dheweke weruh dhewe nek Rangga, gemati lan cedhak banget karo Ati. Muga muga nek sida terus, Rangga ya gemati lan sayang karo dheweke. Nggladrah iki. Pikiran ora nggenah, wong durung apa apa kok wis mbayangke Rangga. Bares wae dheweke rumangsa raket karo Rangga, krasa mesakke nalika meruhi Rangga nangis ngguguk ngrangkul dheweke, dikira Ati. Rangga...mas Rangga.... kok sliramu ora tau ilang seka pikiranku ya.

Ndilalah kok ana WA mlebu nang handphone. Ana pesen seka Rangga.

Dheweke kaget kok dadakan kirim pesen ki ana apa? Pesene cekak ning isine jero.

“Jeng Rin sing mitayani, matur nuwun mau awan wis nyedhiakke wektu nggo maem awan bareng. Rasane mongkog sliramu kersa makan siang karo aku. Ora ana maksud apa apa, ya mung pengin ngobrol cedhak wae. Aku rumangsa salut lan bangga dene sliramu le ngayahi tugas ngrawat pasien tanpa ana rasa wigah wigih. Kok lakoni kanthi sabar lan meneng, sejan ngerti resiko. Ati ketularan, ning bejane isa ketulung mari. Upama ora ngono aku karo bapak ibuku mendah sedhibe. Mula welingku ya jeng, aku nyuwun kanthi banget, sing ati ati, dijaga kesehatane. Upama nganti ana apa apa, keluarga mesthi sedhib banget, klebu aku. Jejibahan kamanungsan, ora isa diselaki merga sliramu profesine dhokter. Salam manis, ati ati tenan ya Jeng.”

Dhokter Rini bingung nampa pesen kinasih saka priya kaya mangkono. Pesen iku bola bali diwaca, nganti apal surasane. Durung isa kirim wangsulan. Arep omong piye le mangsuli. Dheweke kethap kethip nang tempat tidur. Ora isa turu mikir pesen iku. Nanti wengi lagi isa aweh wangsulan, cekak aos.

“Mas Rangga, matur nuwun paringane pesen. Nuwun sewu rada telat le mangsuli. Lagi ngrampungke laporan. Aku uga matur nuwun dijak dhabar awan karo mas Rangga. Tak estokke kabeh pesenmu mas, aja kuwatir aku tansah ngati ati njaga kasarasan. Pancen wis dadi resiko profesi, kabeh mau tugas kamanungsan. Muga muga pageblug cepet liwat ya mas. Mbesuk isa metu bareng maneh. Mas Rangga ya kudu ati ati njaga kesehatan. Ora susah kakehan nggalih sing abot abot. Salam sayang Rini.”

Surasane pesen diwaca, dibolan baleni sak durunge dikirim. Samar nek ana sing kleru lan marahi salah tampa. Pepenginane muga muga terus raket karo Rangga. Nek ditakoni dheweke bares wae pancen kasengsem karo tindak tanduke Rangga sing alus lan trapsila. Dheweke nyipati dhewe kaya ngapa Rangga anggone gemati karo adhine, Ati. Banjur mbayangke muga muga Rangga uga gemati marang dheweke ing tembe ngarep. Dalane isih dawa kudu dilakoni kanthi sabar.





Bab 6

Melu Gabung Tim Bencana



Udakara wis meh rong minggu Ati metu seka rumah sakit, meh rampung anggone nglakoni isolasi mandhiri. Saben esuk kangmase Rangga tansah ngecek kegiyatane, aja nganti kliwatan anggone olah raga lan golek sunar srengenge. Pancen sak omah Rangga sing paling taat nglakoni protokol kesehatan kanthi dhisiplin. Esuk iki Rangga arep mlaku mlaku sak ubenging kampung Langenastran terus nang Alun Alun Kidul kaya adat sabene. Ati sing lagi dhedhe ana ngarepan, pengin melu mlaku mlaku amarga wis suwe ora tau metu seka ngomah. Wis pirang pirang minggu dirawat nang rumah sakit, terus isolasi nang ngomah. Rasane bosen lan nelangsa. Dheweke pengin melu mlaku mlaku metu nang Alun Alun Kidul, kegiyatan sing wis dilakoni wiwit isih cilik ndhisik karo kangmase. Mungkin ya nggo ngilangi rasa bosen nang ngomah terus, ora isa ngapa ngapa. Saben dina mung ngalamun, paling paling maca buku.

“Mas aku melu mlaku mlaku ya. Rumangsaku wis suwe banget nang ngomah, rasane kok bosen banget.”

“Ora apa apa dbik, ning mbok masker karo tutup raine dinggo. Jaga jaga, awake dbewe ora ngerti sapa sing nggawa virus.”

“Iya mas, aku ya wis ngalami dbewe rasane nandhang lara Covid-19. Wis ora bakal kuat nek kudu ngalami maneh. Bapak ibu semono uga katon susah banget. Apa maneh nguningani nek mas Rangga kudu diisolasi nganti rong minggu nang rumah sakit kea.”

“Ya dhik iki nggo pengalaman, kudu ati ati tenan. Njaga awake dhewe aja nganti ketularan. Ya mung sing mutawatiri, isih akeh wong sing nggugu karepe dhewe, ora gelem nuruti protokol kesehatan. Mbebayani kanggo awake dhewe lan kanggo wong liya.”

“Mas wingi Rini crita apa wae, apa ana prekara sing wigati?”

“Rumangsaku kok ora ki dhik. Biasa biasa wae, aku ngucapake panuwun atas nama keluarga, anggone melu ngupakara lan ngancani kono nganti mari.”

“Iki mau kok aku nampa pesen seka Rini, mbokmenawa dheweke arep melu Tim Penanggulangan Bencana sing arep dikirim pamarintab dhaerah nang Majene Sulawesi Barat. Ngganteni Tim sing wis budhal ndhisik. Aku apa pareng melu ya mas? Luwib seneng nang lapangan tinimbang dina dina mung nang njero rumah sakit. Pengin ganti swasana.”

“Mengko konsultasi dhisik ya dhik karo petugas sing berwenang. Apa kono sing mentas mari seka Covid-19 oleh melu Tim kuwi. Disiapke wae hasil test lan syarat syarat liyane.”

“Apiké tak konsultasi karo Rini, dheweke kan duwe informasi sing luwib lengkap. Muga muga aku wis memenuhi persyaratan.”

*“Ya tetap kudu ati ati tenan dhik. Nang kana pirang minggu rencanane?”
“Kaya tim sing wis budhal mrana, paling ora kudu rong minggu sajake.”*

Rangga rumangsa ragu ragu nek adhine arep melu Tim bencana alam nang Sulawesi, soale kan nembe wae mari seka nandhang Covid-19. Mengko gek gek kumat maneh nang kana. Jarene senajan wis tau nandhang lara, isa wae ketularan maneh. Immunitas durung ngrembaka sampurna. Bapak ibune mesthi ya kabotan nek putri tunggale arep melu terjun nang dhaerah bencana. Nanging Ati sajake krentege melu Tim Bencana ya gedhe, ngerti nek Rini uga melu. Pancen wis runtang runtung suwe banget. Ati pengin ketemu karo Rini, takon prekara Tim Bencana iku, piye carane nek arep melu. Apa wae syarat syarate. Karo golek pengalaman anyar ngladeni masyarakat sing lagi nandhang bencana alam sing ngedap edabi. Mumpung isih legan, isih bebas golek pengalaman. Angger aman wae. Ati banjur nyoba kontak karo Rini lewat whatsapp.

“Rien aku wis meh rampung le isolasi. Iki lagi mlaku mlaku nang Alun Alun Kidul karo mas Rangga.”

“Sing ati ati ya Tiek, dijaga protokol kesehatane, isih akeh penularan nang masyarakat.”

“Tya mesthi lah Rien. Aku pengen ketemu awakmu. Pengin takon takon prekara Tim Bencana sing arep budhal nang Majene iku. Apa aku isa melu nggabung ya?”

“Aku durung ngerti rencanane kanthi rinci Tiek, wong mung ditakoni petugas pas vaksinasi wingi, isa ora nek budhal nang Sulawesi. Ngene wae, aku tak golek info dina iki, mengko sore mulih tak mampir nang Langenastran karo masku, mas Ranto iya. Malah aku kerungu dhokter Herman kae kok ya budhal, dadi tenaga dhokter anak.”

“Tya Rien, tak enteni mengko sore ya. Sing ati ati ya Rien.”

“Masmu Rangga kabare kepriye, wis mulai dbines nang kampus?”

“Wis mulai ning durung penub. Iki aku lagi karo dheweke nang Alun Alun Kidul. Mengko sore dheweke mbokmenawa melu ketemu nek ora ana acara.”

“Sehat sehat wae ta mas Rangga. Wingi aku ya mentas ketemu, maem awan bareng, dheweke katon seger ora kurang apa apa. Kondhisi kesehatane kangmasmu katon prima.”

“Mengko sore, mesthine dheweke ya nang ngomah. Apa maneh nek ngerti kono arep mampir. Dheweke seneng banget nek aku crita prekara awakmu. Muga muga ora ana alangan apa apa ya Rien.”

+++++

Rangga seneng dene Ati, adhine njaluk dhokter Rini, mampir nang ngomahe mengko sore. Ana kesempatan ngomong lan ndelengke dhokter sing ayu tur pinter iku. Dina dina iki kok sesambungane karo dhokter Rini sangsaya raket. Kamangka jane dheweke wis ngerti lan kenal Rini suwe. Saka rikala isih ana SMP, bocah loro iku mesthi runtang runtung bareng. Omahe ndilalah kok ya ora adoh, dheweke nang Langenastran, Rini nang Kumendhaman. Nanging rikala semana dheweke babar pisan ora duwe perhatian marang

Rini. Nanging bareng nyipate dhewe kaya ngapa Rini anggone ngupakara lan ngancani adhine pas dirawat nang rumah sakit, dheweke trenyuh banget lan krasa kepotangan budi karo Rini. Atine wiwit kebukak, saben saben tansah kepikiran Rini, pengin cedhak karo Rini. Apa iki sing jenenge ketiban kasmaran ya? Nganti umur sakmene Rangga durung nate duwe sesambungan istimewa karo wanita. Wanita sing krasa cedhak nang ati ya mung ibune, ibu Reri, karo adhine Woro Hadiati.

Pesen liwat whatsapp wangsulane Rini mau bengi diwaca bola bali. Kaya kaya ora percaya surasane. Pesen mau kaya nambani rasa wedine marang pageblug Covid-19. Malah nang pungkasane pesen kok ditutup nganggo ukara ‘salam sayang’. Mongkog banget rasane nampa wangsulan pesen kaya ngono. Ngeritiya wingi pesene dheweke ya ditambahi ukara ‘Rini tresna’. Wis kasep, ora isa dibaleni. Isih ana kesempatan akeh sesambungan karo dhokter Rini, ya Rini Kusumadewi, kancane raket adhine si Ati. Nalika urip nang Manila meh rong taun suwene dheweke ya duwe kanca raket jenenge Loretta, Loretta Mariano. Kanca sak angkatan ana Asian Institute of Management ing Makati. Kerep runtang runtung bareng amarga jurusane padha. Rangga nyewa kamar nang apartemen in Malate, bagian kutha lawase Manila. Omahe Loretta uga cedhak seka Malate, nang dhaerah Intramuros. Dhaerah iki panggonane keluwar-ga sugih turunan Spanyol. Nek akhir pekan, dheweke karo Loretta asring dansah ballroom nang dhaerah Malate. Loretta kaya umume wanita Filipina, sipate grapyak sumeduler lan akeh perhatiyane karo kanca. Nalika dheweke lagi nandhang susah lan bingung sakwise pandhadharan, krungu nek adhine Ati, ketularan Covid-19, ya mung Loretta sing mbiyantu dheweke nganti isa mulih nang Yogya.

Saking bingunge mikir kahanane adhine karo bapak ibune, Rangga lali babarpisan nek ana weling seka Loretta liwat whatsapp. Pesen iku wis teka sakwetara dina kepungkur. Wis diwaca sak tleraman ning durung sempat dibalesi. Dina iku dheweke lagi maca surasane pesen seka Loretta.

Rangga kancaku sayang, salam seka Intramuros Manila sing anteng. Aku ora yakin kapan wektune sliramu sempat maca pesen iki. Bayanganku kono mesthi repot banget anggone ngurusi adhimu sing jenenge Ati, kang lagi nandhang

lara ketularan Covid-19 lan dirawat inap ana rumah sakit. Ora maido menawa kahanane medeni banget amarga akeh pasien Covid sing ora ketulungan merga kondhisi ko morbid. Dongaku muga muga adhimu slamet, pulih kaya wingi wingi, senajan dheweke duwe kondhisi ko morbid kaya sing kok critakke. Senajan pelayanan medhis kaya apa lengkape, aja pisan pisan ninggalake nyuwun donga karo sing Gawe Urip. Muga muga diparingi berkah ben adhimu isa mari. Aku yakin nek dheweke mesthi mari. Aja cilik atimu Rangga. Kabeh mesthi isa diliwati kanthi slamet. Bayangna wae kaya nek awake dhewe lagi dansah ball room Waltz kae lho, nikmat kaya nglayang nang awang awang . Aja lali protokol kesehatan. Loretta kanthi rasa sayang seka Manila.

Rangga mangu mangu maca pesene Loretta. Rumangsa kepotangan gedhe karo dheweke. Upama ora ana Loretta, dheweke ora isa mbayangke kaya ngapa anggone bingung lan panik. Merga ana Loretta, dheweke isa ngrampung kabeh urusan nang sekolahan, urusan karo sing duwe apartemen, karo golek tiket mulih nang Yogya. Kabeh di bantu dening Loretta mau. Teka nang Yogya tibake ora isa langsung mulih nang ngomahe ing Langenastran, isih kudu nglakoni isolasi lan perawatan ana Rumah Sakir Akademik Universitas Gadjah Mada. Semono uga adhine Ati, kudu dirawat intensip nang rumah sakit. Atine kuwur ora isa mikir liyane babar pisan. Dheweke alon alon kirim wangsulan liwat whatsap marang Loretta.

Kancaku Loretta sayang, pesenmu wis dak tampa. Matur nuwun banget marang sliramu, perhantianmu lan pambiyantumu nalika aku nandhang kesusahan. Tekan Yogja saka Manila kae, aku kudu nglakoni isolasi lan perawatan nang rumah sakit suwene nganti rong minggu. Kamangka Ati adhiku uga lagi dirawat nang rumah sakit. Dadi ngenteni suwe sakdurunge isa niliki adhiku. Untung saiki wis kliwat kabeh. Ati wis pulih, sehat, metu seka rumah sakit. Kudu isolasi nang omah paling ora suwene rong minggu. Untung kabeh mau wis liwat, wektu krisis wis dilliwati. Muga muga tansah apik kahanamu nang Manila, Loretta. Salam sayang seka Yogja.

Senajan sesambungane karo Loretta cukup raket, ning tumrape Rangga, mung kekancan biyasa wae. Ora ana sesambungan istimewa. Marahi seneng nang ati, ning ora nganti krasa sir siran nek kelingan Loretta. Ora kaya nek

kelingan Rini, Rini Kusumadewi sing ditemoni nalika adhine lara nang rumah sakit. Sore mengko arep ketemu Rini. Dheweke ngantu antu kanthi ati sir sir-an. Kanthi ati kebak pepenginan. Apa iki rasane nek lagi nandhang tresna ya? Embuh lah dilakoni wae kanthi sareh. Dalane isih dawa nang ngarep.

++++

Sore kuwi antarane jam setengah lima Rini sida mampir nang Langenastran, diterke kangmase dhokter Ranto. Rangga seneng nyumurupi Rini teka karo kangmase. Dheweke pengin banget omong omong karo Rini. Nanging ora bisa tuntas amarga Rini teka ana prekara karo Ati, ora karo dheweke. Mula Rangga luwih akeh omong omong karo Ranto nang pendhapa.

“Mas Ranto jare wis arep entuk brevet dhokter bedbah ya mas, aku krungu seka Atiek. Kapan mas kira kira?”

“Nek ora ana alangan mungkin tahun iki. Aku wis nglakoni tugas kerja nang rumah sakit dhaerah tahun wingi nang Banjarbaru Kalimantan Selatan.”

“Nek wis lulus isa langsung kerja nang rumah sakit nang Jawa mas? Pira suwene pendhidhikane?”

“Nek manut aturane, bubar lulus kudu tugas wajib ndhisik nang rumah sakit, isa nang Jawa merga wis tau tugas nang luar Jawa. Pendhidhikan suwene udakara 4 tahun nganti limang tahun.”

“Ora krasa suwe banget mas?”

“Ya suwe ning nek dilakoni wae, ora krasa le suwe. Saben dina mung oyak oyakan tindakan bedbah nang pasien. Ngerti ngerti kok wis meh rampung.”

“Jarene Rini arep melu budhal nang Sulawesi melu rombongan penanganan Bencana Alam seka Pemdba DIY, apa iya? Si Atiek jarene nek Rini budhal, dheweke kepengin melu. Pengin melu tetulung karo golek pengalaman anyar, nglayani masyarakat sing kena musibah bencana alam.”

“Iya jarene, aku ya lagi krungu iki mau. Kancaku Herman ya jare melu nang rombongan. Dheweke residen anak. Aku kok malah ora ana sing ngajak, mungkin merga

wis nate tugas wajib nang Kalimantan. Embuh dhokter bedhabe sapa sing budhal iki mengko.”

“Dhokter Herman ki kanca saka angkatan panjenengan mas?”

“Iya kanca saka angkatan nang Fakultas Kedokteran, dheweke ya tau tugas nang Puskesmas nang luar Jawa.”

Ora suwe dhokter Rini karo kangmase dhokter Ranto njaluk pamit. Perlune mung arep menahi weruh marang Ati, prekara Tim Bencana Alam sing arep budhal sedhela engkas menyang Majene Sulawesi Barat. Rangga ora isa catur-an karo Rini, mung sempat omong omong cekak wae. Nanging Rangga atine wis seneng banget meruhi Rini sore kuwi. Rambute di sanggul cekak, marahi gulune sing endah katon cetha. Rangga atine mak sir meruhi kahanan kuwi. Pas pamitan karo Ati, dhokter Ranto isih sempat omong cekak karo Ati.

“Apa wis dha krasa mantep arep melu nandangi korban bencana alam, melu Tim Bencana iki?”

“Wis mantep aku mas Ranto, nek bareng bareng karo Rini wong loro. Kompak terus.”

“Ya sokurlah, ning kok jaga kesehatanmu ya dhik. Sing ati ati tenan wong nembe wae mari seka Covid-19. Tetep ana resiko ketularan. Turuti protokol kesehatan kanthi kenceng. Aja nganti klimpe.”

“Iya mas, mesthi lah. Muga muga aku isa melu bareng bareng karo Rini ya Rien.”

“Terus nyuwun pamit iki, wis meh magrib. Awas protokol kesehatan ya.”

Sak pungkure Rini karo Ranto, gageyan Ati ngajak omong kangmase. Jarene ana warta wigati sing Rangga kudu mangerteni. Ana konsekuensi sing kudu dilakoni dening Rangga prekara warta saka Rini mau. Aja nganti mleset mundhak rugi ing tembe mburi. Kadhangkala wong ora sadhar nindakke kesalahan cilik, ora sengaja sing akibat dawa nang tembe mburine. Masalah sesambungane Rangga karo dhokter Rini semono uga.

“Mas ora sengaja aku krungu warta wigati iki. Awakmu kudu ngerti, aja nganti kleru langkah.”

“Ana apa kok sajak penting banget, nganti aku kudu siyap kumi?”

“Ngene lo mas Rangga, Rini mara mrene jalaran dbeweke pancen pengen aku karo dbeweke bareng bareng melu misi Tim Penanganan Bencana iku. Aku ya sarujuk senajan lagi wae mari seka Covid-19.”

“Ana apa kok kaya kaya awakmu kudu melu dhik?”

“Ngene lho mas. Rini lagi ngomong iki mau jarene dbeweke ya krungu nek dhokter Herman uga dadi anggota Tim Bencana iki mengko.”

“Lha gegayutane karo aku, karo kono apa nek sing jenenge dhokter Herman iku mau melu?”

“Gegayutane akeh mas, nek manut aku karo manut Rini. Berita slenthang slentbing nang njaba jare dhokter Herman lagi pedbekate nyedhaki Rini, senajan Rini ora minat.”

“Lho ya wis ben wae ta dhik, wong isih padha bebese, durung ana ikatan lan sesambungan pasthi kok.”

“Mas Rangga, tak kandhani ya, aku ki wanita duwe pangrasa lumih landhep. Aku kudu melu nang Tim Bencana Alam ngancani Rini. Nek ora, mengko dhokter Herman mesthi nyoba nyedhaki Rini nek ana kesempatan. Mula aku kudu ngawal Rini, dbeweke malah sing njaluk. Kedadeyan sing ora diarep arep isa wae kedadeyan. Kaya dene cinlok, cinta lokasi, merga ana kesempatan.”

“Apa perlu nganti kaya mangkono ta, kan isih padha bebese. Durung ana janji lan ikatan apa apa antarane aku karo Rini, kancamu iku.”

“Ya iku masalabe mas, nek kono pancen wis mantep karo Rini, aja diendhe endhe. Enggal diucapke ben ana ikatan moral seka loro lorone. Aja maju mundur leda leda mundhak kelangan, mengko rugi dbewe, gela tembe mburine. Apa mas Rangga lali, critane tante Lili sedulure dbewe seka Solo kae ta?”

“Saya ora dhong aku Tiek, apa hubungane karo tante Lili? Aja digawe angel.”

“Aku ora gawe angel mas, iki uga penjaluke Rini, nek aku kudu melu.”

“Critane tante Lili tak baleni maneh nek panjenengan lali. Tanti Lili ki ndhisik pas

arep lulus anggone kuliah wis tunangan karo pengusaha asal Solo sing kasil sukses nang Jakarta. Embub lali asmane sapa pengusaha iku. Bapak ibu ya kenal, isih ana hubungan kerabat karo ibu. Ananging ndungkap lulus, tante Lili asyik le nyiapke acara perpisahan karo kanca kancane sak angkatan. Salah sijine kancane mau ana sing duwe sipat elek, sipat bajul senengane ngrayu lan ngrusak wanita. Cekake, tanpa sadhar tante Lili le srawung karo priya iku banjur kebablasan, kecelakaan, Tante Lili ngandheg. Keluarga nganti nandhang isin, cincin kawin kudu dibalekeke, tunangan dibatalke. Terus tante Lili kepeksa kawin karo priya culika iku, pindhah nang Kalimantan urip bebojoan. Nanging priya iki ora mari, isih asring main karo wanita liya nganti tuwa. Si oom pengusaha kerabate ibu mau nganti saiki ora kerama, patah hati.”

“Kok nganti semono ya critane. Kan lakuning urip wong beda beda ta dbik.”

“Persis mas, wose nek pancen njenengan tresna karo Rini, ya aja ditundha tundha. Kudu diomongke, disampeke, ben ana ikatan senajan mung nang ucapan tetembungan wae. Apa maneh nek nganti kedadeyan kaya tante Lili iku. Isih ana wektu sakwetara dina kangmasku. Ayo digalih sing premana. Aku melu misi Tim bencana ya karo ngamanake sesambunganmu karo Rini.”

“Ya tak pikire sing mateng, mundhak salah langkah. Ora susah matur bapak ibu. Sesuk tak nemoni Rini.”





Bab 7

Ngudharake Rasa Tresna



Wengi iku Rangga tansah kepikiran, kelingan usule adhine Ati sore mau. Jare dheweke kudu cekat cekat enggal awèh rembug blak blakan marang Rini, menawa dheweke pancèn tresna tenan. Aja nganti kelangan momentum amarga rasa tida tida. Nek wis mantep ya enggal diomongke wae blakasuta, amarga Rini dhewe ya wis menèhi lampu ijo. Jane ya ana benere kandhane Ati mau, arep ngenteni apa manèh? Aja gawe Rini mung ngantu antu tanpa kapesthen seka dheweke. Mung dheweke ora sarujuk nek dipadhakke karo prekarane Tante Lili. Tante Lili ndhisik wis tunangan, nganti isa kejobak karo priya liya sing culika, dadi ngandheg terus kudu mbatalake anggone tunangan. Sesambungane antarane Rini karo dhokter Herman, dheweke yakin ora nganti kaya ngono gambarane. Padha padha nyandhang profesi dhokter sing mesthi wis disangoni nganggo kaedah etika sing maton. Bareng wis dipikir jero, diwolak walik untung lan rugine, dheweke kirim pesen whatsapp marang dhokter Rini. Cekak aos surasane.

“Jeng Rien, sugeng dalu. Muga muga sliramu isa istirahat kepenak wengi iki. Upama awake dhewe ketemu sakbubare jam dhines, apa sliramu ana wektu? Ana wigati sing arep tak udharke karo sliramu. Salam sayang seka aku, Rangga.”

Sak durunge dikirim pesen singkat iku diwaca bola bali. Ragu ragu le arep nutup, nganggo salam sayang apa ora. Pungkasane diwanek wanekke nambahi tembung ‘sayang’. Muga muga Rini sempat mbukak WA ne. Dienteni

kanthi sabar, sesuk isih ana dina. Ora susah oyak oyakan sajak kesusu. Bubar mbukak komputer, nyiapke dhiskusi daring karo mahasiswa paska bimbiningane, Rangga tumuli mapan turu. Muga muga ngimpi ketemu karo Rini, sing anteng nanging anggun, gandhes luwes lan merak ati iku. Rini sing dina dina iki tansah manggon nang atine.

Rangga tangi esuk kaya adat saben. Dheweke langsung nyandhak pesawat tilpun genggame, nek mbok menawa wis ana jawaban saka Rini. Jawabane Rini cekak aos.

“Kangmas Rangga, sugeng enjang njib. Nuwun sewu aku mau bengi wis kebacut bubuk. Matur nuwun awake dhewe arep ketemu dina iki. Langsung wae ketemu nang coffee shop jam setengah lima ya. Cedhak rumah sakit, lokasine isa dipirsani nang internet. Sayang seka aku, Rini.”

Atine Rangga sangsaya mongkog maca wangsulane Rini. Menko sore ketemu karo kenya ayu sing tansah teka nang impene dina dina iki. Atine krasa sir siran, kaya kaya arep nemoni dewi seka kayangan. Rini...., Rini...., kok sliramu tansah teka nggodha ati.

++++

Woro Hadiati rumangsa lega atine, wis isa njlentrehke kahanan sesambungan antarane kangmase karo Rini. Nerangake marang kangmase ben ndang cekat ceket blakasuta marang Rini. Ora usah enten entenan nek nyatane wis padha senenge, padha mantepe. Dheweke ngerti sipate kangmase, menengan, kerep cilik aten, mesthi butuh wektu kanggo mbukak perasaane marang Rini. Kamangka sedhela maneh Rini arep lunga adoh nang Sulawesi, ngayahi tugas kamanungsan tetulung warga sing lagi kesusahan nandhang bencana alam. Dheweke ya dedonga ben isa lunga bareng melu rombongan bencana alam karo Rini. Muga muga bapak ibune maringi palilah. Sisan gawe sinambi golek pengalaman lapangan.

Kangmase Rangga ora akeh guneme. Ning nek urusan gaweyan tansah mantep dilakoni kanthi tenanan, ora bakal mandheg nek durung rampung. Ya mung siji sing kurang, sok rada cilikan aten. Dheweke seneng banget mena-

wa kangmase disandhing dening Rini. Dheweke ngerti njaba jero sapa Rini, sedulur sinarawedi. Tansah peduli karo liyan, setya karo apa sing wis diujarke. Wanita pinter, sabar, lemah lembut. Rumangsane Ati, Rini wis kaya sedulur kandhung wae. Muga muga mas Rangga karo Rini diparingi pepadhang kanggo tembe ngarepe. Dheweke ora rumangsa ndhikte kangmase, mung pengin nyemangati kareben dadi karo Rini, kadidene katalisator wae. Prosesen ben mlaku alami dhewe antarane wong loro iku. Dheweke wola wali matur ibune, menawa seneng banget nek kangmase Rangga isa sesambungan terus karo Rini. Ibune uga nyengkuyung lan ndedonga muga muga kedadeyan tenan.

Ati rumangsa ana sing nganeh anehi dene kangmase Rini, dhokter Ranto sore mau kok ndadak pesen pesen marang dheweke kon ati ati. Rumangsane dheweke, dhokter Ranto ki wonge acuh, ora gampang ketarik karo prekara-ning liyan. Ranto nakoni apa wis mantep dheweke karo Rini arep mangkat melu Tim Bencana Alam nang Sulawesi. Uga ngelikke kon nuruti protokol kesehatan ben ora ketularan Covid-19 maneh. Pungkasane Ati njur mupus, dhokter Ranto ora kaya sing diomongke Rini, priya sing acuh. Muga muga dhokter Ranto banjur dadi gemati marang adhine, bareng nyumurupi kaya ngapa gematine kangmase, Rangga marang dheweke. Ana energi positip sing nular. Ati mau wis matur ibune, nek dheweke mbokmenawa arep melu Tim Bencana, budhal rong minggu nang Majene. Ibune rada kaget krungu ature Ati. Ning Ati nyoba matur akeh akeh marang ibune.

“Bu lunga karo Tim Bencana nang Sulawesi iki nggo tetulung para korban sing ngalami bencana lindhu. Pengin tambah pengalaman uga kok bu”

“Iya aku ngerti ndbuk prekara iku, nanging wong kono nembe wae mari saka Covid-19, apa ora resiko?”

“Resiko pancen ana ibu, nang endi wae mesthi ana. Nuruti protokol kesehatan sing wis ana. Aku rana ora dbewekan, paling ora kan karo Rini bu.”

“Iya ora susah diputusi dhisik. Nunggu informasi luwih lengkap dhisik, apa wae syarat syarate ya ndbuk.”

“Injib bu, dina dina iki mengko goleh info lengkape. Seneng banget nek aku isa gabung.

Ganti swasana sedhela. Nang kene mligi nang njero rumah sakit, nganggo pakeyan pelindhung brukut wivit esuk nganti sore.”

++++

Dhokter Rini sakbubare jam tugas enggal enggal ninggal rumah sakit, kelingan duwe janji karo Rangga. Ora lali dheweke wis reresik awak, adus lan ganti pakeyan resik kaya biasane ben ora menahi resiko ketularan karo keluarga sing nang ngomah. Apa maneh sore iki arep nemoni Rangga, sing dina dina iki tansah teka nang pikirane. Dina iki dheweke sengaja nggawa mobil dhewe, ben ora diterke lan diampiri kangmase dhokter Ranto. Karepe ya ben isa tanek le ketemu karo Rangga. Atine seneng bakal ketemu karo priya sing tansah nggodha atine. Tekan coffee shop, Rangga wis teka luwih dhisik nunggu nang meja sing ngadhepi taman. Angin sore midit klayan lembut. Hawane isis, langite terang. Srengenge ne wis gumlewang nang iring kulon. Atine krasa dheg dhegan meruhi Rangga sing bagus, mibawani, lungguh anteng nggenteni dheweke.

“Mas Rangga, sugeng ya mas, wis suwe le nggenteni? Aku iki mau ya cepet cepetan langsung mrene seka rumah sakit.”

“Ora dhik, lagi wae teka sak durunge kono. Aku ya samar nek telat mau. Untung isa teka luwih dhisik. Aku mrene langsung seka kampus iki mau. Ana daring karo mahasiswa mahasiswa paska bimbinganku.”

“Tegese panjenengan wis mulai sibuk ya mas. Muga muga wae kabeh lancar ora ana alangan sing serius. Akeh sing njupuk program paska mas?”

“Ya lumayan ana werna loro. Siji program penuh waktu, sijine program paroh waktu kanggo para eksekutif sing isih aktif ngurus program nang lembagane dhewe dhewe, pamarentah apa swasta. Nyenengke amarga ora mung ngrembug teori, nang masalah masalah strategis sing diadbepi lembaga.”

“Saya ketarik aku mas. Nek wis linat pandemi iki aku tak mulai mikir arep nang endi mbesuke ing tembe ngarep karier ku.”

“Iya dhik akeh masalah sing kabeh kudu diputusi. Ora sab kabeh diputusi bareng,

marabi bingung lan kurang pas. Kudu di pikir kanthi sareh.”

“Aku mau esuk rada kaget maca pesen mu, wingi sore mentas ketemu, kok arep ketemu maneh, ana sing wigati mas?”

“Embuh wigati apa ora, kanggoku iki kudu di omongke. Ora isa diendhe endhe maneh. Dina dina iki nang antarane awake dhewe ana sesambungan sing lagi wiwit ngrembaka. Aku ngrasakeke banget. Seka sliramu dhewe piye dhik?”

“Iya kangmas aku krasa banget. Matur nuwun dene panjenengan paring perbatian marang aku.”

“Mula saka iku aku pengin awake dhewe padha dene le blak blakan, ben ora ana rasa bingung merga mung ngira ira.”

“Aku luwih seneng mengkono uga mas, senjata aku isih playon kaya ngene, dalam kari-erku durung jelas babar pisan. Tak rungokkeke apa sing arep dingendikakake.”

“Jeng Rien, nuwun sewu nek aku kumawani omong blakasuta. Tak pikir pikir wis pirang pirang dina iki, aku krasa lan yakin nek aku tresna banget karo sliramu. Sing tak suwun, awake dhewe isa mlaku bebarengan nang tembe ngarep. Tuntunan bareng, upaya bareng kanggo urip mbesuk.”

“Matur nuwun kangmas, nek panjenengan wis mantep, aku anane ya mung kaya ngene. Aja nganti gela ing tembe mburi. Aku bakal ngupayani awake dhewe bebarengan terus. Aku pasrah lan tresna karo panjenengan.”

“Aku ora isa janji apa apa, ning tembung ku dadi pepesthen seka aku. Awake dhewe bareng mlaku nang ngarep Jeng.”

“Mas Rangga.....”

Mripate Rini kaca kaca ora isa neruske anggone omong. Tangane nggegem tangane Rangga kenceng banget karo mbisiki.matur nuwun ya mas... aku tresna panjenengan. Wong loro padha meneng menengan. Mung tangane isih padha nggegem kenceng. Pramusaji nyedhaki nawakke menu. Wong loro pesen kopi karo pisang goreng. Ora akeh sing diomongake antarane wong loro. Pancen Rini gawane ya ora akeh gunemane, semono uga Rangga. Pikirane



padha mabur nang ngendi endi. Rasa lega, rasa seneng lan rasa bahagia campur adhuk dadi siji. Ora isa dinggo bahan obrolan. Ora nganti maghrib Ranga karo Rini wis siap siap mulih.

“Matur nuwun ya Jeng wis merlokke ketemu karo aku. Wis lega rasane aku, ora perlu tak umpetke maneh perasaanku nang sliramu.”

“Semono uga aku mas, senajan mung awujud tembung ning tegese kapesthen, seka aku, seka njenengan. Awake dhewe kudu tanggung jawab bareng. Aja nganti ana wong liya ing antarane awake dhewe wong loro.”

“Ora bakal ana wong liya menawa saka aku.”

“Wis wayah rapet rapet mas, ayo kondur. Isih akeh dina. Awake dhewe isih ketemu maneh dina dina sesuk lan sakteruse. Aku jane pengin banget di rangkul mas.”

“Tak aras tanganmu wae jeng. Isih kudu jaga jarak awake dhewe.”

Rangga banjur ngaras tangane Rini kanthi lembut lan kebak rasa tresna. Angin lembut wayah sore ngiringi pisahe priya karo wanodya sing lagi nandhang tresna. Katresnan kang endah kanggo sakteruse. Katresnan rinonce rasa asih lan kasetyan jero antarane Ranga Bawono karo Rini Kusumadewi.





Bab 8

Madhep Manteping Kabresnan



Sakwise omong blaka suta marang Rini, prekara sesambungan batine wong loro, Rangga rumangsa lega atine. Kaya kaya wis ora ana beban batin maneh. Wis aman dalane, kari mlaku nglakoni. Rasane wis ora ana rubeda sing bisa ngalang alangi lakune wong loro karo Rini menyang tembe ngarep. Rangga dina dina iki uga wiwit nyambut gawe kanthi ajeg ana kampus, senajan sak bageyan isih durung kebak wektu kudu nang kantor saka esuk tekan sore. Sebageyan gaweyan isih isa diayati seka ngomah. *Work from home.*

Uga wis dipasrahi tugas miwiti organisasi anyar, yaiku Unit Pelayanan Pengembangan Bisnis & Inovasi, PPBI. Organisasine ana sak ngisore wewenang lan koordhinasine Wakil Rektor Bidang Pelayanan dan Kerjasama. Kantore ana ing lantai loro kantor pusat ana kampus. Kampus bawera kapernah ana jalan lingkaran kulon. Senajan unit iki lagi wae madeg, paribasan isih anyar gress, nanging nyatane wis mulai ana sing padha takon. Malah ana instansi sing wis mulai migunakake layanan konsultasine. Sangsaya sibuk gaweyane Rangga sing kudu diayahi. Ora mung mligi mulang lan mbimbing tesis mahasiswa paska sarjana.

Ana wong telu maneh sing ditugaske nang tim anyar iki. Staf peneliti ana loro,

loro lorone wis entuk pendhidhikan paska sarjana, lan tenaga administrasi utawa sekretaris. Staf peneliti, jenenge Arbani lan Kirana, tenaga profesional mudha sing wis terlatih. Tenaga administrasi jenenge mbak Nanik, pindhahan seka Bagian Sumber Dhaya Manusia. Wektu wektu nang ngarep mengkonah bakal sibuk banget lan akeh gaweyan. Wis dadi lageyane Rangga menawa nyambut gawe mesthi nganggo target, ora mung angger mlaku. Pangarep arepe muga muga tetep duwe wektu kanggo Rini ora ketang mung sedhela. Rini dhewe ya wis sibuk nang rumah sakit. Kudu isa ngatur wektu ben ing tembe ngarep ora kagol prekara jadwal wektu. Butuh wektu wektu sing isa dinikmati wong loro bebarengan.

Esuk iki mau lagi wae nampa panjalukan konsultasi saka sakwijining rumah sakit pendhidhikan gedhe, yaiku RSUP Dr. Sardjito. Nyusun proyek kegiatan layanan rumah sakit sing aman lan bermanfaat sak suwene pageblug Covid-19. Amarga akeh layanan sing kepeksa mandheg, akibate akeh staf sing kudu leren sementara le nyambut gawe. Kamangka saya akeh pasien Covid-19 sing mlebu rumah sakit butuh layanan khusus. Perlu langkah inovasi layanan lan modhel bisnis sing dibutuhke lan migunani masyarakat.

Nembe wae rapat karo Tim seka rumah sakit pendhidhikan mau, ngrembug apa sing dadi masalaha lan apa sing dibutuhke. Rapat ora suwe, mung kira kira sak jam. Rangga dibantu anggota tim, Arbani, Kirana karo mbak Nanik. Saka rumah sakit pendhidhikan mau, ana priyayi telu sing makili. Ora apal jenenge siji siji. Mung salah sijine ana sing jenenge Herman, dhokter Herman, calon ahli Kesehatan Anak. Capet capet dheweke kaya nate krungu jeneng iki. Ning seka sapa ya, apa seka Rini apa seka adhike Ati. Priyayine meneng mibawani. Ora akeh gunemane, ning kabeh sing diomongke gampang ditampa kanthi gamblang. Panyandra saka segi sumberdaya manusia, tipe tipe priyayi ngono iku sing diarani padhang alur pikire utawa clear thinking. Dheweke cocok nek diskusi karo priyayi kaya ngono iku. Rangga banjur takon sakwise rapat.

“Dhokter Herman, apa awake dhewe wis nate ketemu ya kok rasaku kaya wis kulina aku?”

“Sak kelinganku kok durung tau ya. Ning embuh menawa tanpa sengaja liwat wong

liya. Urip kan mesthi ketemu akeh wong, sapa wae, senajan mung sedhela.”

“Iya aku ngerti pak dhokter, awake dhewe bakal kerja bareng sak wetara wektu nang proyek iki. Muga muga kasil lan ana manfaate nggo sistem layanan rumah sakitmu.”

“Persis kuwi sing tak karepke. Dhirekturku wis wola wali wanti wanti, kudu ana sistem sing efektif lan aman, migunani kanggone pasien, ora mung kanggo administrasi lan birokrasi. Patient centred services, kurang luwibe.”

“Aku karo Timku bakal nggarap kanthi serius lan maksimal pak dhokter. Mengko nek Timku, wis ngerti kaya apa sistem lan kahanan sing wis ana, wis ngerti masalah masalah, awake dhewe isa metani pilihan pilihan sing paling pas. Uga parameter2 indikator perbaikane mengko awake dhewe isa ngukur berkala.”

“Matur nuwun, seneng isa kerjasama karo Tim panjenengan. Mengko tak laporko Dhirektur Utama, Dr. Darwito. Panjenengane mesthi seneng banget nguningani proyek iki.”

“Donga dinonga muga muga diparingi lancar kabeh. Matur nuwun uga seka aku karo Timku wis diparingi kapitayan iki.”

+++++

Dhokter Rini karo dhokter Woro Hadiati sida melu nggabung Tim Penanggulangan Bencana sing budhal menyang Majene Sulawesi Barat. Rencana mbokmenawa antarane rong minggu utawa telung minggu suwene. Senajan kaya kaya ora suwe nanging kabeh layanan sipate kan darurat, fasilitase mes-thine ya darurat. Ora isa ngarep arep fasilitas kaya nang hotel. Kanggone keluarga, jane abot banget arep ngeculke salah sijining putra putrine, amarga ngerti resiko. Ndilalah kok kebarengan pas ana pageblug Covid-19 sing wis akeh mangan korban, klebu korban dhokter lan tenaga medis liya-ne. Mantan dhosen lan senior seniore dhokter Rini karo dhokter Ati, ya sak wetara ana sing wis pralaya merga ketularan Covid-19.

Rangga karo rama ibune, pak Dhewanto karo ibu Reri, krasa nggregel banget nalikane Ati kanthi tanpa ragu ragu, matur menawa dheweke sida arep budhal nang Majene, paling ora rong minggu. Rangga mung dheleg dheleg, ora bisa

ngomong. Kaya rama ibune, dheweke mung isa meling "... Sing ati ati tenan ya Tiek." Ibune muwun sesenggrukan rikala dipamiti putrine sing lagi wae mari seka nandhang lara Covid-19 iku. Atine kuwatir mengko gek gek ana apa apa. Upama nganti nandhang lara, cilike lelara sing umum kedadeyan, gedhene ketularan Covid-19 maneh, sapa sing arep ngurus? Bu Reri ngendikani Ati kanthi ati goreh.

"Aku tansah ngenteni tekamu Ati, nek isa aja suwe suwe ya. Bapak ibumu wis tuwa, pengin awakmu cedhak terus karo bapak ibu."

"Injib bu, aku mesthi mulih. Tak jaga kanthi ati ati banget. Ora bakal nerak protokol kesehatan nang kana. Saben esuk olah raga karo dhedhe nang sorot srengenge."

"Fasilitase nggo nginep suwene nganti rong minggu apa telung minggu apa lengkap ndhuk nang kana?"

"Ora ngerti ya bu, sing jelas senajan ana mesthi fasilitas sementara, dharurat. Ora isa ngarep arep akeh akeh, fasilitas umum ancur kabeh bu."

Bapak ibune Ati, nguntapke nang plataran rikala Ati arep budhal menyang bandhara. Isih esuk uthuk uthuk. Rong dina kepungkur, Rini uga wis menahi weruh Rangga menawa dheweke karo Ati, bareng bareng arep budhal menyang Majene. Esuk iki Rangga karo Ati, arep ngampiri dhokter Rini nang Kumendhaman. Mengko bareng bareng anggone menyang bandhara. Gabung karo anggota Tim Bencana liyane nang bandhara. Rangga jane ya mangu mangu arep ngiyani pesene Rini, le arep budhal menyang Majene. Dheweke nampa pesen WA seka Rini rong dina kepungkur. Durung sempat ketemu amarga kesibukane nang kampus. Mengko ketemu Rini sisan ngeterke nang bandhara. Dheweke pengin menahi Rini, kalung saka batu giok sing tuku nang Yangon, Birma. Surasane pesen WA seka dhokter Rini cekak aos sing ditampa dheweke.

Kangmasku Rangga sing tak tresnani, Aku sida nyuwun pamit lan nyuwun pangestu nek sida arep budhal nang Majene rong dina engkas. Aku njaluk sak rombongan karo Ati. Nang kana aku ya ngusahakke ben isa bareng terus karo Ati. Mung sedhela kok mas, ora susah digalih banget banget. Iki misi kama-nungsan nulung korban gempa ana kana. Karomaneh aku karo Ati kan ya bu-

tuh pengalaman nang lapangan. Aku bakal kirim warta sak wayah wayah kagem panjenengan sing tansah tak tresnani. Ora tau kendhat nang njero atiku. Nyuwun pangestumu kangmas. Sayang seka Rini.

Rangga rada was was atine nalika nampa pesen iku. Dheweke mbayangke penging cedhak terus karo wong sing ditresnani iku, Rini Kusumadewi. Lagi sak wetara minggu wae dheweke mratelakake blak blakan rasa tresnane marang Rini. Muga muga tanpa alangan rencana urip bebarengan ing tembe ngarep. Pangarep arepe muga muga kabeh lancar nang Majene, ora ana alangan apa apa. Enggal bali lan ketemu maneh nang Yogja.

“Jeng Rini sing tak sayang, abot rasane kudu pisah karo sliramu. Kabanane lagi ora patiya apik. Ya pancen lagi bencana alam, lan ana pageblug, arep piye maneh. Iki pancen wis dadi tugasmu, tugas kamanungsan. Uga kanggo goleke pengalaman ana bidhang profesi. Aku tansah ndonga muga muga ora ana sambe kala. Cepet mulih maneh nang Yogja. Kaya wingi uni. Tresna lan sayangku tansah mung kanggo sliramu. Rangga Bavono.”

Rangga karo adhine dhokter Ati enggal nuju marang Kumendhman arep ngampiri Rini. Tekan Kumendhman Rini uga wis siap nang ngarepan. Ana bapak ibune, pak Kuntoro lan ibu Laila. Uga ana kangmase dhokter Ranto wis esuk esuk melu tangi mung arep melu nguntapke adhine. Rangga enggal enggal mudhun, ngaturi salam marang bapak ibu Kuntoro karo dhokter Ranto. Kudu cepet cepet budhal amarga pesawate esuk banget. Mangkat bareng bareng sak rombongan, mengko ketemu nang bandhara. Dhokter Ranto, kangmase Rini uga melu nang bandhara. Banjur langsung tumuju marang bandhara.

“Wis lengkap kabeh ta Jeng persiapane? Ora ana sing keru.”

“Ora mas, nganti bengi mau anggonku tata tata. Kayane kabeh wis tak gawa kabeh. Piye Tiek awakmu, sehat sehat ta, ora ana keluhan?”

“Aku sehat sehat wae Rien. Persiapanku ya wis cukup rumangsaku. Mau wis dicek karo mas Rangga kabeh.”

“Tiek, suk nek wis omah omah dbewe, pasanganmu kudu isa ngganti perane mas Rang-

ga lo.”

Guyone Rini marang Atiek karo sembranan nyindhir kangmase, Ranto. Rangga neruske guyone Rini marang Ati.

“Digawe sayembara wae, sapa sing gelem direpoti Atiek, bakal dippek dadi sisihane.”

“Iya kok ana ana wae ya. Kapan kae ana wong Sleman, ngiklanke omah kok ditambahi cathetan nek cocok regane, kuwi termasuk regane sing duwe, wanita ayu. Aliyas isa ngepek bojo sing duwe omah pisan. Kok ora kikeuk ya? Apa le bebojoan isa langgeng, nek model transaksional ngono iku ya?”

Ati nyambung guyone kangmase karo Rini. Dhokter Ranto mung meneng wae. Dheweke durung biasa guyon kaya ngono. Biyasane karo kanca wae guyone mung sethithik, ora akeh tur ya ora intens, nganti ngguyu cekakakan. Pancen gawane ora akeh guyone. Tekan bandhara wis rame. Anggota rombongan liyane uga wis padha kumpul. Rangga banjur ngedhunke Ati karo Rini lan Ranto. Dheweke markir mobile nang panggonan parkir, terus bali cepet cepet nang ruang tunggu sak durunge check in. Isih ngenteni anggota Tim liyane, iki lagi kumpul separo. Ora lali Rangga nggawa kalung watu giok asli seka Birma mau. Warna ijo enom lembut, ora ana nang Indonesia. Ana loro meh kembar, siji kanggo Rini, sijine kanggo Ati.

“Jeng Rien, karo adhikku Ati. Iki ana kenang kenangan seka aku. Tulung dinggo ya mengko nek nang lapangan. Ora ana apa apa, nanging ben awakmu tansah eling karo aku.”

“Wah ana apa iki mas Rangga. Matur nuwun banget diparingi kalung saka watu jade. Apik banget. Arep tak enggo sak teruse. Tiek dinggo bareng ya, ben awake dhewe diarani kakang adhi.”

“Iya pancen kakang adhi Rien. Awake dhewe wis suwe runtang runtung. Saiki wis dadi sedulur merga kangmasku.”

Rangga ora lali ngrangkul Rini kanthi lembut, *“Ati ati ya jeng, aja lali protokol kesehatan. Sedbela ketemu maneh”* Banjur ngrangkul adhine, Ati kaya sabene. Pakulinan wiwit cilik sing ora tau ditinggalke. Pratandha ana sesambungan

raket kakang adhi. Rini dalah Ati mbrabak raine, mripate kaca kaca. Ranto mung ngungun meruhi kedadeyan iku. Andum slamet sowang sowang, bali nang tugase dhewe-dhewe.





Bab 9

Keweden Ketularan Covid-19



Pageblug Covid-19 kedadeyane cepet, tanpa kanyana, kawiwitan seka Wuhan China, terus nyebar sak indhening jagad. Ora peduli negara sugih, negara mlarat, negara maju lan negara berkembang, kabeh ora duwe daya ngadhepi pageblug sing ngegirisi. Negara negara maju sing duwe sistem utawa pranatan pelayanan kesehatan sing mapan lan apik kanggo wargane, uga negara negara sing maune dadi kiblata kemajuan kawruh lan teknologi, kaya dene negara negara Eropa Barat lan Amerika Lor, digawe tanpa daya keterak pageblug. Ora kuwawa mbendhung nyebare lelara ing tengaha masyarakat, kanthi korban tiwas sangsaya akeh. Sakwetara negara banjur nutup tlatah negarane utawa sak perangan laladane, ananing kawicakan mau ya ana akibate nang babagan ekonomi sing ora sak baene.

Nang Indhonesia ora ana tutupan total utawa tutupan wilayah, ananing ana sing diarani PSBB yaiku Pembatasan Sosial Berskala Besar, kanggo nyegah nyebare infeksi Corona. Ning karepe ya padha wae, mbatesi wong supaya ora lelungan sing ora perlu lan kerja saka ngomah wae. Lha piye usaha cilik sektor informal arep isa bertahan nek ora oleh metu saka ngomah? Pedagang cilik lan bakul pasar saben dina mesthi kudu metu menyang pasar adol dagangane. Nek ora isa metu ya padha ora iso dodolan, ora entuk dhuwit kanggo pangupajiwa saben dinane.

Amarga pageblug Covid-19, akeh sarana layanan kasarasan kaya rumah

sakit sing nganti ora kuwagang ngladeni pasien. Saya maneh akeh dhokter lan tenaga kesehatan sing dadi korban pageblug. Cacahe nganti ewon sak indhenging Indhonesia, dhokter lan tenaga kesehatan sing pralaya amarga lelara sing nggegirisi iki. Para keluarga sing ditinggal tugas karo dhokter lan para tenaga kesehatan mau, isane ya mung pasrah, nandhang was was lan rasa kuwatir saben dinane, gek gek mengko katut ketularan lelara Covid-19. Sangsaya nyedhihake maneh, dhokter dhokter lan tenaga kesehatan sing wis ngayahi tugas profesi awan bengi kanthi toh nyawa iku, asring isih dadi sasaran protes warga masyarakat sing kuciwa marang layanan sing ditampa. Malah ana dhokter lan tenaga kesehatan sing didakwa nang pengadilan wis nglakoni penisthaan agama barang, merga layanane didakwa ora pas karo ajaran agamane. Kamangka para dhokter lan petugas kesehatan iku mung sakdermo nglakoni tugas kamanungsan biasa kaya sing wis digariske deneng pamarentah karo himpunan profesi.

Semono uga kanggone bu Reri karo pak Dhewanto, ditinggal Ati lunga nang Majene melu Tim Penanggulangan Bencana, atine mung senak senik kuwatir. Lha wong mentas wae mari seka nandhang Covid-19 nganti mlebu nang perawatan intensip, kok malah saiki wis lunga adoh. Nek ketularan lelara maneh gek piye. Ndilalah kangmase Ati, Rangga ya wis wiwit sibuk nyambut gawe nang kantore sing anyar. Ora saben wektu isa ketemu ana ngomah. Saben dina bu Reri nek ora kirim WA ya tilpun putrine, dhokter Woro Hadiati.

“Ati piye kabanamu? Sehat sehat wae ta ndbuk. Bapak ibumu nang omah ora kurang sakwiji apa.”

“Ati sehat sehat bu, ya mung rada sibuk nang kene. Ngladeni pasien nang poliklinik. Akeh sing padha kena lelara. Watuk pilek karo diare sing akeh Bu.”

“Ya kono isa kudu njaga awakmu ya ndbuk, aja nganti ketularan maneh. Aku karo bapakmu nganti entek atine pas kono lara kae. Saiki kangmasmu ya wis sibuk, arang arang nang ngomah. Dheweke dadi pimpinan kantor anyar sing lagi wae diresmekke.”

“Ya bu mas Rangga ya kerep tilpon tilponan karo Rini. Esuk sore mesthi tilpon. Rini barengan karo aku nang kene ngladeni pasien rawat jalan. Bubar jam kerja ya bali nang markas. Arep metu wong fasilitas rusak kabeh. Muga muga isa enggal rampung.”

Nyuwun donga pangestu ibu.”

+++++

Rangga senjata sibuk nang kantor wiwit esuk nganti sore, dheweke ora lali mesthi sambung karo Rini lan adhine, dhokter Ati. Nang kantor swasanane tansah regeng lan sibuk, ana kanca nyambut gawe wong telu. Sesambungane karo kanca sak tim raket, ora kakehan formalitas. Kirana karo Arbani wis ngrampungke pendhidhikan S2 ne. Padha padha isih seger ilmune. Kirana wayahe almarhum Rama Slamet pensiunan PU, daleme nang Patangpuluhan. Bocahe menengan, ora akeh omong, Nyambut gawene mrantasi, isa nyambut gawe dhewe, ora perlu kakehan instruksi. Wis pengalaman nyambut gawe ana perusahaan kontraktor swasta. Dheweke sarjana arsitektur. Dene Arbani, uga wis lulus S2 nanging durung pengalaman nyambut gawe. Isih kudu didhampingi, durung isa diculke dhewe, saben saben kudu tansah di monitor gaweyane. Nanging kompetensine pancen hebat, sarjana S1 bidhang teknologi informasi. Mbak Nanik fungsine tenaga administrasi karo sekretaris. Wis pengalaman suwe nang Bagian Sumberdharma Manusia.

Tim kanthi anggota 3, pancen katon cilik ananging isa luwih gesit, koordhinasine luwih gampang. Kerep ana salah pengerten nang masyarakat, kaya kaya nek gawe tim kerja kudu nggedabyah gedhe kaya nang kepanityaan kae. Mbokmenawa isih isa nang kantor pemerintah. Nang donyane bisnis, ora bakal isa bersaing nek ora gesit. Koordhinasine angel, hasile durung karuwan maksimal. Arep rapat wae ndadak enten entenan. Tim-tim sing gedhe ngene iki, akhire sing nyambut gawe ya mung wong wong tertentu wae. Rangga luwih percaya ngayahi nganggo Tim cilik ning solid. Nek menawa kurang tenagane isa di kontrakke marang pihak liya gaweyane. Dheweke akeh studi kasus saksuwene nang Manila.

“Mbak Kirana, proyek nang rumah sakit pendhidhikan karo pak dhokter Herman wingi kae, njenengan melu monitor perkembangan per komponen kegiatan ya mbak. Aja nganti ana sing lepas saka pengamatan njur keru nang mburi kemajuwane.”

“Iya mas Rangga, aku koordhinasi terus karo dhik Arbani, kabeh kudu mlebu nang sistem, dadi isa le ndeleng kemajuwane. Aku isa monitor kemajuwane saben rong minggu.”

“Iya aja nganti lali awake dbewe kudu isa ndudubke indikator indikator nalika pranatan sistem wis dicoba nang lapangan. Iki awake dbewe kudu tansah koordhinasi karo Tim seka pihak rumah sakit.”

“Ooh iya mas, saben ketemu karo tim-e dhokter Herman, awake dbewe nggawa info kemajuman proyek.”

“Mas Arbani, aja lali ya nek arep ana rapat karo Tim e pihak mitra pelanggan, di-siapke wae ringkasan kemajuwane proyek. Terserah arep nganggo Excell apa nganggo ringkasan POA, plan of action. Aku luwih seneng nganggo POA, ning ya terserah sing penting gampang dingerteni.”

“Njib mas ngestokake dhawuh.”

“Nek ana komponen kegiatan sing awake dbewe wis ora kecongghab nandang, dirembug bareng. Nek perlu dikontrakke metu angger isa memenuhi spesifikasi sing wis disepakati.”

Rangga rumangsa seneng lan mantep isa wiwit nyambut gawe. Semangate makantar kantar pengen matrapke ilmu sing disinaoni nang Manila, nang donya kanyatan. Ora mung ngelmu teori nggo debat nang mburine meja apa nang kelas. Dheweke duwe akeh studhi kasus, werna werna saka perusahaan lan lembaga akademik, tumrap kapasitas inovasi lan prekara sing dadi penghambat. Inovasi sing dikarepke isa awujud ndandani sistem manajemen, inovasi produk teknologi lan inovasi model bisnis nang perusahaan swasta. Karya akhire dheweke, ngembangke panyandra cepet kapasitas inovasi [rapid assessment on innovation capacity]. Pengin banget neruske studhine kanggo analisis situasi kapasitas inovasi perusahaan perusahaan lan lembaga nang Indhonesia. Sedhela maneh nek wis wektune rada sela, pengen konsultasi karo guru besar nang Universitas sing paling maju nang Indhonesia.

Sesambungan batine karo Rini ora ana kendhone, tansah kebak rasa tresna, paling ora sedina ping pindho apa ping telu, mesthi kontak karo Rini. Luwih akeh le kontak karo Rini tinimbang karo adhine. Esuk esuk sak durunge budhal kantor, apa sore sore sakwise jam kantor, dheweke mesthi tilpon Rini, ngabarke kahanane. Blak blakan dheweke iya kuwatir banget nalika Rini bud

hal nang Majene. Samar menawa ketularan Covid-19.

“Jeng Rini sing tansah tak tresnani. Dongaku awan bengi kanggo sliramu, ben enggal rampung tugasmu, terus mulih nang Yogya. Senajan mung rong minggu anggone pisahan awake dheve, rumangsaku kok rasane kaya wis taunan. Aku wiwit sibuk ngurusi Unit Pelayanan Pengembangan Bisnis & Inovasi. Timku ana wong telu, kerja bareng kompak banget. Muga muga tim iki isa mbuktekke kasile nang pimpinan, kaya sing dikarepke. Wis mulai ana pelanggan sing ketarik, rumah sakit pendhidhikan nang Yogya. Pandongamu tak swun ben isa kabeh lancar. Sing ati ati banget anggonmu njaga kesehatan, aja nganti ketularan lelara Covid-19 ya. Salam sayang kanggo sliramu lan adhiku Ati ya.”

Sore iku Rangga isih nang kantor lagi wae ngrampungake gaweyan proyek. Sekretaris mbak Nanik, Arbani karo Kirana, wis mulih luwih dhisik. Dheweke lagi siap siap arep mulih. Dadakan ana tilpun seka Rini mlebu. Nek tilpun seka pihak liya isa di tundha dhisik, ning bareng seka Rini, dheweke ora isa arep meneng wae. Dheweke dhewe tansah kangen karo wanodya sing ditresnani iku.

“Kangmas Rangga lagi apa, isih nang kantor iki?” Swarane Rini alus enak dirungokke.

“Iya jeng, iki lagi tata tata arep mulih. Kanca kanca wis padha mulih luwih dhisik iki mau. Kabanamu nang kono piye? Muga muga tansah lancar ya Jeng”

“Lancar lancar wae kangmas, ning ya ngerti dheve wong swasana bencana, kabeh kondisi darurat. Aku karo Ati, tugas nang poliklinik darurat, ngladeni pasien. Uga marani nang penampungan nek ana sing lara, butuh pitulungan.”

“Dijaga kesehatanmu ya Jeng, aja nganti nandhang lara apa maneh ketularan. Aja lali kontak bapak ibu, ben ora dadi penggaliban. Aku mbayangke bapak ibu mesthi menggalih banget. Kaya bapak ibuku saben saben nakokke piye ya Ati kabanane.”

“Iya mas, aku terus WA nan karo bapak ibu, sok sok tilpun, ning koneksine sok sok ora lancar. Anggota tim mu sapa wae kangmas?”

“Aku ana wong telu karo tenaga administrasi siji. Tenaga professional ana loro, Arbani



Bani Gor, -
20 22

ahli IT lan Kirana arsitek. Loro lorone wis padha ngrampungke program S2 ne. Ilmune isih seger. Kirana gaweyane wis mrantasi, wis tau nyambut gawe nang perusahaan kontraktor.”

“Ya sing ati ati ya mas, kerja karo tim. Kudu kompak lan solid. Nek ora isa kompak malah marahi stress, gaweyan lambat.”

“Bener kandhamu. Wingi ya mentas pertemuan koordhinasi karo Tim pelanggan, rumah sakit pendhidhikan. Ana dhokter Herman nang kana.”

“Tim kudu kompak lan solid ning tetep professional. Aja keseret nang prekara pribadhi ya mas. Aku percaya njenengan. Mesthi isa wae ana godhaan, ning elingen aku sing tansah cedhak nang atimu awan bengi.”

“Iya Jeng, ora bakal nyingkur saka sliramu. Wis dak niyati kaya sing tak udharke wingi wingi. Awake dhewe mlaku bareng nang tembe ngarep. Gandhengan wong loro, kabanahan susah karo seneng.”

“Seneng saben saben krungu ngendikamu mas Rangga. Sing ati ati ya mas. Sungkem sayang kagem bapak ibu nang Langenastran. Wis semene dhisik ya mas. Soen sayang.”

Rangga dheleg dheleg bubar nampa tilpun seka Rini. Atine rumangsa seneng isa nambani rasa kangene. Dheweke uga rumangsa dielingke Rini aja nganti ana sesambungan pribadhi karo anggota Tim, Kirana. Pancen Rini ora ngudharke cetha wela wela, nanging nadhane ketara nek dheweke ngelingake. Alon alon Rangga mulih nyetir mobile, ngliwati dalan ing tengaha sawah. Langite semburat abang ing sisih kulon. Mbayangke nek isa mlaku bareng karo Rini sing ditresnani. Atine sir siran kelingan wanodya ayu kuwi, lembut menengan merak ati.





Bab 10

Blakasuta Marang Wong Tuwa



Wis ana rong minggu luwih dhokter Woro Hadiati karo dhokter Rini ngayahi tugas kamanungsan nang Majene, Sulawesi Barat. Dina iku wong loro mulih menyang Yogya, rasane lega isa ngrampungke tugas kanthi lancar ora ana alangan apa apa. Tugas pelayanan pancen mligi nang klinik rawat jalan kamp pengungsi. Mung kadhangkala niliki pasien nang penampungan nek diperlokke. Jam siji awan, pesawat Wings Airline budhal seka Mamuju tumuju bandhara Makassar. Wektu penerbangan mung sedhela, kira kira ora nganti sak jam. Wong loro padha kesele, mung keturon sak suwene penerbangan. Ana bandhara Makassar, wektu transit kira kira siji setengah jam, nunggu penerbangan sambungan nganggo Lion Air. Wong loro padha mampir nang Coffee Surabaya. Pesen es kopi latte ben seger awake, ngilangi ngantuk. Durung rampung anggone padha ngombe kopi, dadakan ana priya gantheng nganggo ransel nyedhaki. Ati rada njegrek kaget, dene Rini katone wis kenal karo priya iku, dhokter Herman.

“Rien, kok ketemu nang kene, arep menyang endi iki?”

“Ya arep mulih Yogja ta mas, iki mau seka Mamuju. Wis rong minggu luwih ngayahi tugas melu Tim Penanggulangan Bencana DIY. Ooo iya kenalke iki kancaku Ati, dhokter Woro Hadiati. Njenengan seka ngendi iki?”

“Aku ana seminar lan konsultasi nang Makasar sedina wingi, prekara stunting. Kok

ora nyana awake dhewe malah ketemu nang kene. Nang Yogya angel banget nek arep ketemu. Dhokter Ati ya tugas nang RSA UGM?”

“Iya aku tansah barengan karo Rini, winit sekolah SMP nganti nang Fakultas Kedokteran bareng terus. Ndilalah lulus banjur bareng winit dadi sukarelawan. Panjenengan sing asmane dhokter Herman? Apa kanca sak angkatan karo dhokter Ranto, kang-mase Rini?”

“Bener aku nang Fakultas Kedokteran bareng karo Ranto, banjur dbines nang Puskesmas sedhela terus bali melu pendhidhikan Kesehatan Anak.”

Ati tanpa dinyana anggone takon marang dhokter Herman sajak nlesih. Dheweke tau krungu menawa Herman tau nyedhaki Rini, ning kok ora ana terusane. Ora ngerti apa sebabe. Pancen durung ana sesambungan istimewa antarane Herman karo Rini rikala semana. Herman sajak kepengin omong omongan karo Rini.

“Rien, piya kabarmu saiki kok suwe ora tau ana kabar?”

“Iya mas aku isih tetep ngayabi tugas nang RSA UGM. Durung ana pergantian status kasare. Isih tenaga honorer.”

“Lho nek ngono apa ya durung ana pergantian status pribadi, isih tetep legan merdika, durung ana sing ningset ya?”

“Wah nek siji kuwi wis ganti status mas, isih legan ning wis ana ikatan jangka panjang.”

“Wadhuh kok ketinggalan berita aku, Ranto bola bali ketemu ya ora tau crita. Muga muga nang tembe ngarep tansah lancar dhik Rien.”

“Matur nuwun banget mas, mas Ranto pancen ora tau gelem urusan, senjata prekarane adbine. Meneng banget.”

Karo sembranan Herman ganti nyapa Ati. Dheweke isih mbatin sapa sing beja isa ningset Rini ya. Arep takon langsung kok kurang kepenak. Mula menggok dhisik nakoni Ati wae karo guyon. Ben ora kaku swasanane.

“Nek Jeng Ati, ki wis ana sing ningset durung ya? Wanodya ayu biasane ora perlu nung-

gu kesuwen. Dawa antrene sing arep nyedhaki.”

“Aku isih legan mas, isih bebas, pacaran durung, apa maneh ana sing ningset.”

“Lho kok ngono ya, apa dha wedi nyedhaki wanita lantip merak ati?”

“Syarate abot sajake nek arep nyedhaki aku. Kudu ngluwibi kangmasku le gemati karo aku, paling ora ya padha lah.”

“Kangmasmu sapa jeng kok nganeh anehi. Tak nyoba takon karo dbeweke mengko.”

“Kangmasku ya sing ningset Rini kuwi. Mula aku ya rada kelangan bareng kangmasku wis gandhengan karo Rini.”

Swasanane wis ora kaku. Ana guyonan sithik. Rini sing maune rada kikuk, rumangsa bisa luwih luwes rembugane. Rada kikuk amarga ngadhepi Herman. Uga samar nek nganti seling surup karo Ati, amarga anggone wawan rembug karo Herman.

“Iya mas Herman, aku wis sesambungan serius karo kangmase Ati, mas Rangga, wis sakwetara wektu iki.”

“Lho Rangga Banono sing nyekel Unit Pelayanan Pengembangan Bisnis dan Inovasi kae apa? Aku ya nembe kerja sama karo dbeweke. Lagi wae mulih seka Manila.”

“Iya persis mas, aku lagi wae ngancik sesambungan serius karo dbeweke. Jane wis ngerti suwe, nimit aku ana esempe. Mung kerep ketemu nalika Ati dirawat nang rumah sakit pas kena Corona kae.”

“Oo ngono ta. Apik Jeng. Slamet ya muga muga langgeng saklawase. Aku kerep ketemu karo mas Rangga merga proyek. Akeh sing kudu sinau aku.”

“Persis mas, kudu sinau nek pengin cedhak karo Ati. Aja patah semangat.”

Wong telu isih sempat ngobrol nang kafe sakdurunge mlebu nang anjungan. Herman ora leren sok sok nglirik ngematke Ati. Ati karo Rini prasasat kaya bocah kembar. Padha dhuwure, padha kulite, putih resik. Padha gayane nek ngomong. Omongane diatur metune. Katon lantip mibawani. Rambute ya meh padha, ngandhan andhan nganti pundhak. Nek mesem dhekik pipine,

esem sing lembut mranani ati. Ora suwe ana pengumuman, para penumpang diundang munggah menyang pesawat. Wong telu sigeg anggone ngobrol, banjur munggah nang pesawat. Dhokter Herman, nyoba nggawakke tase Ati nalika munggah pesawat. Ati ndilalah nggawa tas loro, sijine isi oleh oleh minuman sirup markisa karemane kangmase Rangga. Penerbangan Makassar Yogja kira kira ana rong jam suwene. Kahanan sepi sak suwene penerbangan, mung krungu gumrengenge swara mesin. Penumpang umume pada turu angler sak suwene penerbangan.

Tekan bandhara YIA ing Kulon Progo wis wayah sore. Rangga wis ngenteni nang ruang pethukan amarga wis di WA karo Ati. Karepe sisan barengan karo methuk Rini, mengko ngeterke nang Kumendhaman. Rangga kaget nalika nyumurupi sing dipethuk kledhang kledhang metu seka papan teka. Apa maneh bareng mrangguli yen dhokter Herman, metu bareng nang papan pethukan. Atine krasa dheg dhegan nalika weruh Rini, enggal njaluk tas sing digawa Rini. Ora isa salaman, senjata atine pengin ngrangkul Rini. Sorot mripate wong loro kuwi ora isa dicolong nek padha dene le kangen.

“Wah pesawat tepat banget le ndharat, ora mundur blas wektune. Kok isa barengan karo mas Herman barang?”


“Iya mas Rangga, aku munggah saka Makassar, ana seminar sedina wingi. Ora nyana kok ketemu karo Rini lan Ati nang kafe mau.”

“Aku nggawa mobil cukup nggo wong papat. Nek ora keberatan dhokter Herman isa nggabung sisan mangga. Piye Rien karo Atiek, tugase lancar lancar wae ta nang Majene?”

“Pangestune lancar kangmas Rangga. Gek gek merga kalung jade seka njenengan iki ya. Aku karo Atiek, ora tau nyopot kalung kembar iki. Rasane adhem lan tentrem nang ati. Mung marahi kangen sing menehi.”

“Tiek, bapak ibu wis kangen banget. Selak pengin ketemu awakmu. Mau bola bali tilpun aku aja lali methuk adhimu.”

Ati ngajak cepet cepet marani mobil, langsung nang panggonan parkir timbang enten entenan. Metu seka tlatah bandhara angin sore semribit gawe ati



tentrem. Srengenge wis meh angslup nang waliking gunung ing iring kulon, mung ninggali sorot abang ngebaki langit. Angin sore segara kidul gawe tentrem nang ati sok sapa sing nyipati. Kahanan lalu lintas seka bandhara Kulon Progo nang Yogja, sore iku ndilalah lancar. Wong papat ora akeh ngobrol sak dawaning laku. Pikirane nerawang dhewe dhewe. Rini ora isa nutupi solah bawane menawa kangen karo Rangga. Ati uga selak pengin ketemu bapak ibune, senjata dheweke wis seneng banget meruhi kangmase dhewe sing methuk. Mlebu kutha Yogja wis nyedhaki surup. Terus ngampirke Herman dhisik merga omahe kliwatan sepisanan, ana Patangpuluhan. Terus menyang Kumendhaman ngeterke Rini. Bapak ibune Rini, pak Kuntoro lan ibu Laila, wis ngenteni nang pendhapa. Rangga enggal ngedhunke barang barange Rini, ngaturi salam marang pak Kuntoro lan bu Laila.

“Bapak ibu nuwun sewu, lajeng terasan kemawon. Rebat cekap menika ngeteraken Jeng Rini.”

“Iya matur nuwun ya nak, Rini wis dipethuk. Iki mau jane Ranto tak kon methuk, tibake wis dipethuk sliramu.”

“Dhik Rien, istirahat sing cukup ya. Nek isa aja langsung nyambut game, istirahat dhisik sedina rong dina nang ndalem, ben pulih ndhisik kondisine.”

“Matur nuwun mas Rangga, aja lali WA aku nek tekan ndalem ya. Kalunge aku seneng banget lo. Tak nggo terus. Bu iki aku diparingi kalung jade karo mas Rangga pas budhal kae, jare nggo penolak bala. Atiek, wis mulih kumpul maneh karo masmu, aja banget banget le manja ya.”

“Terima kasih Rien, aku cepet cepet pengin ketemu bapak ibu. Mas Rangga ben nonton wae mengko. Ning kok isih kudu jaga jarak ya.”

Rangga karo adhine Ati, alon alon ninggal pekarangan panggonane Rini. Atine Rangga isih durung isa pisah karo Rini. Angger ketemu rasane angel arep pisah. Tekan ngomah ing Langenastran, wis meh magrib. Bapak ibune gageyan metu seka pendhapa nalika nguningani nek putra putrine wis padha teka. Bu Reri pengin ngrangkul putrine, ananging dipenggak karo Rangga. Isih kudu jaga jarak. Rangga karo Ati, kudu cepet cepet adus dhisik ngresiki

awak. Yu Yem diweling nyiapke banyu panas nang kamar mandhi. Bubar adus, Ati karo Rangga bali nang ruang tengah, nemoni bapak ibune.

“Atiku mak plong rasane ndbuk bareng kono mulih iki mau. Rasane seneng isa kumpul lengkap maneh. Ati kudu istirahat sing cukup ya ndbuk, ben ilang keselmu.”

“Iya bu, jane ya ora kesel banget. Nang kana tugase nang klinik rawat jalan pengungsi. Kasus kasus sing perlu mondhoek dikirim nang rumah sakit dharurat.”

“Kangmasmu Rangga ya wis wiwit sibuk nang gaweyan. Isane kumpul nang ngomah nek wis wengi. Ora apa apa, pancen nek ngunduri tuwa ngene iki, bapak ibumu kudu wis siap kesepian nang ngomah.”

“Ya ora sah digalih banget banget ta bapak ibu. Pancen pageblug Corona iki gawe horeg sak ndonya. Perlu ana owah owahan cara urip, ora isa maneh bali kaya wingi wingi. Jaga jarak, jaga kondhisi kesehatan, nganggo masker, ngendhani kumpulan wong akeh. Awake dhewe kudu sinau pakulinan anyar, senajan ya rasane abot. Suwe suwe mengko rak bijasa.”

“Apike kok padha makan malam dhisik ya. Wis siyap wiwit mau. Yu Siyem masak istimewa dina iki, masakan karemanmu ndbuk.”

“Wah marahi angel le arep dhiet bu. Aku saben esuk pengin olah raga kaya biasane. Sesuk aja lali ngajak aku ya mas nek arep mlaku mlaku.”

+++++

Rini rumangsa ayem atine bareng mulih seka Majene. Isa cedhak karo bapak ibune, kaya adat sabene. Senajan dheweke akeh nang rumah sakit sak bubare lulus dhokter, ananging saben dina mesthi ketemu bapak ibune, pak Kuntoro lan bu Laila Kuntoro, dalah kangmase, dhokter Ranto. Paling ora menawa pas makan malam, isa bareng nang meja makan karo wawan rembug prekara manekawarna. Bapak ibune isih aktif ngasto dhosen. Bapake arsitek, dene ibune salah sakwijining psikolog kondhang ing tlatah Ngayogyakarta. Pas dheweke nang Majene kuwi lagi krasa nek adoh karo wong tuwa kok kaya ana sing ilang nang irama uripe. Ora isa sambat manja karo ibune kaya nek nang ngomah kae.

Dheweke ya isih ragu ragu le arep matur karo bapak ibune, tumrap sesambungane karo Rangga. Rumangsane kok proses e cepet temen, ora kra-sa ngerti ngerti dheweke ketok ketoken Rangga, kangen Rangga, sakubare melu ngrawat Ati nalika nandhang Corona kae. Wis diantepi dheweke arep matur karo ibu bapake nek wis sesambungan serius karo Rangga, priya sing tansah dikangeni, awan bengi nancang pikire. Untunge raket banget karo Ati, dadi mesthi krungu seka dheweke kabare Rangga. Bengi iku Rini karo kang-mase makan malam bareng bareng karo bapak ibune.

“Rien mulih seka Majene kok awakmu katon semringah terus. Atimu krasa tentrem lan seneng ya ndbuk?”

“Injib bapak ibu, aku tansah seneng nglakoni tugasku. Nang Majene tugas kamanung-san sing kudu dilakoni. Ora ketang sethithik aku wis melu nyumbangke tenagaku.”

“Rien, critane kalung giok kuwi piye ta maune, kok aku ora tau ngerti. Weruh weruh kono wis nganggo, tur cocok banget karo awakmu.”

“Oo iya bu, tak aturi ya. Pas ngeterke nang bandhara kae, dadakan mas Rangga kei ngetokke kalung kembar seka giok Birma. Siji nggo aku, sijine nggo Ati. Kaget aku ning njur tak enggo terus pas nang Majene.”

“Mosok dadakan ta ndbuk, priya menehi barang pribadi ngono iku ora sembarangan. Mesthi ana apa apa nang mburine. Matura bapak ibumu ya ndbuk, ben disekseni kang-masmu Ranto kuwi.”

Rini mbrabak raine didangu ibune kaya ngono. Ora siap arep matur blakasuta prekara sesambungane karo Rangga. Unjal ambegan dawa karo tumungkul. Bareng wis lerem dheweke matur apa anane marang bapak ibune.

“Bapak ibu nyuwun duka aku durung matur blaka. Sak jane aku wis sesambungan ba-tin karo mas Rangga sakwetara wektu. Pas ngrawat Ati nalika kena Corona kae, aku karo mas Rangga dadi cedhak banget. Nalika mas Rangga blaka suta nek nesnani aku, aku pasrah ora suwala, aku ya tresna banget marang dheweke. Pas sepisanan ketemu nang ngomah bubar isolasi, dheweke nangis ngrangkul aku dikira adhine Ati. Dheweke eman banget karo Ati. Bubar prastawa iku rasane aku dadi cedhak banget bu. Nyuwun donga pengestune bapak ibu.”

Rini le matur karo kaca kaca. Semono uga bu Laila, atine trenyuh dene putri tunggale wis duwe priya sing ditresnani. Bu Laila sok sok kepikiran, putri siji iki kok wektune mung kanggo sinau terus, kapan le mikir urip pribadine. Mula bareng Rini matur blak blakan, bu Laila rada kaget ning ya ana rasa seneng nang jroning atine.

“Rien sayang. Ibu karo bapak mung isa paring pandonga muga muga sesambunganmu bakal langgeng sak lawase. Aku ya rumangsa cocok karo nak Rangga, wonge katon tanggung jawab lan gemati. Tansah ngati ati ya ndbuk. Dalane isih dawa nang tembe ngarep.”

“Bapak semono uga Rien, isaku ya mung ndonga, muga muga kabeh diparingi langgeng dening Sang Pangripta sing Gawe Urip. Aja mung mikir enake nang awang awang, ning pikiran tembe ngarepmu wong loro. Urip bareng gandhengan tangan karo wong sing kok tresnani lan sing nresnani awakmu. Ben kaya bapak ibumu, rukun nganti tuwa ya.”

“Matur nuwun bapak ibu, dalem ngestokake dhawuh. Nyuwun donga pangestune. Uga marang mas Ranto, melu nyipati nek aku tresna karo mas Rangga lahir batin.” Bubar makan malam, manjur mlebu menyang kamar. Rini ora sabar selak pengen menahi kabar marang Rangga, gageyan anggone tilpun.

“Mas Rangga piye kabarmu sak keluwarga? Bapak ibu sehat sehat ya? Aku mung pengin menahi weruh, nek nembe wae didangu bapak ibu prekara sesambungane dhewe. Aku matur apa anane, nek aku tresna banget marang mas Rangga. Bapak ibu isane ya mung paring pangestu lan pandonga.”

“Iya dhik matur nuwun Jeng. Aku wis mikir pengin sowan bapak ibu, awake dhewe matur bareng. Ya awake dhewe sing ati ati. Jamane lagi ora kepenak. Akeh lelara. Aja nganti ketularan. Istirahat sing cukup.”

Wengi iku Rini isa turu kepenak, ngimpi endah wektu wektu sing bakal dilakoni ing tembe ngarep karo priya sing banget ditresnani, Rangga Bawono.





Bab 11

Pengin Dhisertasi Dhoktor



Dina dinane saya repot kanggone Rangga, sak wise didhapuk dadi Kepala Unit Pelayanan Pengembangan Bisnis lan Inovasi [PPBI] ana ing Alma Mater e. Ndilalah Unit iku langsung ana sak ngisore koordhinasi Wakil Rektor Bidhang Kerjasama. Wis mulai ana proyek sing kudu dirampungake karo sakwijining rumah sakit pendhidhikan sing gedhe nang Yogya, yaiku RSUP Dr. Sardjito. Mitrane saka rumah sakit mau dipandhegani dening dhokter Herman. Wose kanggo ngrancang maneh utawa basa sak iki, ngrancang model sistem layanan ben isa ngundhakke kapasitas layanan kanggo pasien sak suwene ana pageblug Corona. Dheweke saka Manila wis duwe cara utawa instrumen ringkes nggo nyandra kapasitas inovasi lembaga lembaga publik lan swasta.

Rangga rada gumun nalika nyipati kanyatan sing narik kawigaten. Wis ana cara panyandra sing baku, akeh data dikumpulake nang tingkat nasional, propinsi utawa kabupaten sing gegayutan karo pageblug Corona. Krentege banjur metu, piye nek nganakakke penelitian kanthi cara ringkes kanggo nyandra lembaga lembaga pamarentah lan swasta? Gegayutan karo carane kanggo ngundhakake kapasitas sistem sak suwene ngadhepi pageblug. Kegiyatan organisasi tetep mlaku kanthi efisien nyengkuyung visi lan misi sing wis digariske.

Rangga banjur nggawe tulisan cendhak sing isine kaya dene warangka konsep

proyek sing dadi gagasane mau. Warangka konsep iku wose nampung pikiran pikiran strategis dinggo nggathukke kawicakan makro karo kegiatan teknis nang lapangan. Ora isa diselaki menawa ing babagan kawruh ilmu lan keahlian teknis, wis akeh banget ahli sing mumpuni nang Indonesia, sumebar ana universitas lan lembaga lembaga penelitian. Uga ing babagan kawicakan, akeh kawicakan sing apik lan rinci saka pamarentah. Ananging asring kedadeyan, kaya kaya ana jurang sing jero antarane kawicakan makro lan paleksanan ana tingkat mikro. Kaya kaya kawicakan mau mung apik nang kertas wae. Indonesia pancen kekurangan ahli strategis bidhang pembangunan, pemikir pemikir strategis, kamangka ahli ahli bidang ilmu teknis wis ora kurang kuranga. Akibate kawicakan formal saka ndhuwur asring ora ngasilke dhampak utawa kasil kaya sing dikarepke. Kaya kaya mung mubeng nang underane kegiatan proyek wae, ora ana manfaat positip kanggone warga masyarakat.

Tulisan cekak warangka konsep Kapasitas Inovasi Institusi Ngadhepi Pageblug Corona, wis siap lan bola bali diwaca lan dikoreksi ben isa cetha isine. Pengin konsultasi karo ahli senior sing duwe pengalaman akeh nang babagan inovasi lan pembangunan sistem layanan kesehatan nang Indhonesia. Rangga wiwit mahasiswa ndhisik, duwe pepenginan disertasi dhoktor. Apa isa ya nek arep disertasi kanthi topik iku? Langkah sepisanan kudu konsultasi karo ahli utawa guru besar sing cocok karo babagan iku. Bayangane penelitiane isa dilaksanakke kanthi mlaku udakara rong taunan. Terus kanggo nulis paling butuh nem sasi nganti suwe suwene setaun. Mbokmenawa ana kegiatan akademik nang kampus sing dikudokke kaya seminar lan kuliah. Antarane telung tahun wis isa rampung. Mundur mundura ya mung sakwetara wulan. Kabeh kegiatan mau cocok karo babagan gaweyane, ora perlu gawe kegiatan anyar sak njabane bidhang kerjane.

Rangga mikir pengin ngirim rencanane mau marang Rini. Mengko piye dhukungane Rini. Nek wis bubar Rini, pengin nyuwun panemu seka bapak ibune Rini. Pak Kuntoro sing profesine arsitek lan bu Laila sing bidhange psikologi pendhidhikan. Menawa ana panyengkuyung utawa dhukungan seka panjenengane lagi nyuwun pangestu marang bapak ibune lan ngajokke idin resmi nang atasane. Dheweke banjur kirim pesen marang dhokter Rini.

“Jeng Rien, sing tak suwun muga muga sliramu tansab sehat ya dhik. Akhir akhir iki bareng ngayabi tugas dadi Ketua Unit Pelayanan Pengembangan Bisnis dan Inovasi, cita cita ku sing wis suwe tak impi impi kok teka maneb. Pengin melu program dhoktor. Muga muga kegiatan iki mengkone isih selaras karo bidhang kerjaku lan ora ngganggu wektuku karo sliramu. Rencana pribadhi mlaku terus, mung ana agendha tambahan. Iki ringkesan warangka konsep wis tak siyapake, dinggo baban konsultasi karo njaring masukan lan saran saran nggo usulan akhir. Aku ya pengin matur bapak ibu Kuntoro, sing masuk kelompok profesional akademik, mesthine ora asing karo prekara prekara sing tak pikirake iki. Nek ana wektu, tulung wacanen dhisik warangka konsep iki, isa cetha dimangerteni apa ora. Piye panemumu? Matur nuwun lan sayang seka Rangga.”

Rini rada kaget nampa kiriman seka Rangga. Nanging dheweke isa mangerteni, Rangga pancen menengan ora akeh wicarane. Ning pikirane, gagasane mlaku terus. Ana wae sing dipikir lan dadi perhatiyane. Apa sing ditulis nang warangka konsep mau cetha, gagasan prasaja ning cemerlang. Akeh tenaga akadhemis, kaya dhosen dhosene nalika isih kuliah jaman semana, ora isa ngudharake prekara kanthi prasaja. Barang gampang kok malah mubeng dadi angel kaya benang ruwet ora isa diudhari. Jawabane Rini ya cekak aos.

“Kangmasku Rangga sing tak tresnani. Seratan warangka konsepmu wis tak waca kanthi tuntas pas istirahat mau. Aku isa mangerteni kangmas lan nyengkuyung sing dadi pepenginamu. Gagasan lantip lan cemerlang ning dikemas kanthi prasaja. Usulku apike kok rencana kaya ngene kudu dilaporke nang lembaga panjenengan, ben entuk panyengkuyung saka manajemen. Aku pengin ketemu panjenengan. Wis kangen mandeng sliramu, nggegem astamu, sokur nek isa sumendhe nang dhadhamu. Sore mengko aku diampiri ya, awake dhewe nang warung kopi sedhela. Nikmati angin sore kang endah. Tresna saka Rini Kumaladewi.”

Rangga maca walesane Rini kanthi ati seneng lan lega. Wanita sing ditresnani lan paling raket isa ndhukung pepenginane. Kerep mrangguli ana pasangan bebojowan kok kaya mlaku dhewe dhewe, ngalor ngidul ora ana komunikasi babar pisan. Dheweke pengin ngendhani kedadeyan kaya kuwi. Senajan beda profesi lan bidhang ilmune, Rangga pengin karo Rini isa padha dene le nyengkuyung. Ora mlaku dhewe dhewe. Sakdurunge mulih sore iku, Rangga nganakake patemon karo anggota tim. Monitor kemajuan lan kegiatan.

Ora lali dheweke menahi briefing singkat prekara metodhe ringkes kanggo nyandra kapasitas sistem lan inovasi mau marang Kirana lan Arbani. Ben tambah seger ilmune. Kirana sing luwih responsip, akeh ngejokke panemu lan pitakonan. Dene Arbani pikirane piye carane gawe perangkat lunak nggo nampung metodhe mau. Jam papat Rangga kleser kleser ninggalke kantor lan methuk Rini karo Ati nang RSA UGM ing Gamping.

“Jeng Rien karo Ati piye tugas mu dina iki. Ana sing menarik?”

“Mung kegiatan rutin mas. Ana tambahan seka kerangka konsep kirimanmu mau. Seneng aku le maca.”

“Oh iya, aku ora ngirimke nang Ati. Mengko tak critani. Mampir kedhai kopi ya Tiek, Rini pengin nikmati sore kang endah iki”

“Iya mas ora apa apa, angger ora kesoren, mesakke bapak ibu le ngenteni.”

Tekan warung kopi wong telu enggal pesen. Rangga pengin pesen Saparilla. Dene Rini karo Ati pesen wedang uwuh, campuran bahan bahan gegodhongan taneman Jawa. Jare ana efek isa nyegah Corona. Akeh prodhuk sing di iklanke nang masyarakat senajan durung kabukten khasiate. Ning ya merga enak rasane ora apa apa ta nek dinikmati wae, embuh khasiate. Wong telu banjur ngobrol regeng.

“Aku wis maca warangka konsepmu mas Rangga. Ringkes lan cetba kanggoku. Kudune ya gampang dimangerteni sapa wae wong anggone nerangke gamblang nang dbokumen iku. Mbok kok kirim marang Atie sisan. Isa divaca sedhela wong mung ana telung lembar.”

“Iya aku mau kelalen ora kirim marang Atie. Ora sadhar wis kebiasaan nek kirim nang Ati ki barang barang dolanan sing kurang serius. Apuranen ya cah ayu. Mengko tak bayar, nek arep bubuk tak urut awakmu.”

“Kangmas Rangga, mbok nek ora kabotan tulung dikirim marang bapak ibu ben ana panemu saka mereka.”

“Iya karepku arep sowan bapak ibu nek panjenengane sela. Sesuk sesuk nek sowan aku

tak nggawa sing wis di print wae. Mengko bengi tak matur via WA dhisik.”

Ati bareng nampa kiriman liwat WA prekara rencana warangka konsep studhine Rangga, banjur diwaca cepet cepetan. Dheweke ya kaya Rini, langsung isa mangerteni isi lan tujuwane. Pitakone mung prasaja wae marang kangmase.

“Mas Rangga iki kan rencana kira kira rampung paling ora telung taunan. Isine kegiatan intensip sing butuh wektu lan perbatian. Njenengan karo Rini apike rembug bareng piye ben kabeh isa karengkub kanthi apik. Aja nganti ngorbanke urip pribadhi, apa maneh nganti ngganggu wektumu karo Rini. Gaweyan nek dituruti ora bakal ana enteke.”

“Iya nuwun saranmu, Rini ya lagi tak kirimi awan mau. Isih perlu rembugan dawa wong loro, nyelarasake karo rencana wong loro bebarengan.”

“Iya aja kesusu diputusi soale ora isa mbalik nek wis kadhung dimiviti. Dipaske karo rencana pribadhi, aku ora ngerti rencanamu nang ngarep, ning aja nganti ngganggu rencanamu wong loro karo Rini.”

“Terima kasih Tiek. Iki mau lagi mulai rembugan karo Rini ya Rien. Bener panemune Ati. Awake dbeve kudu rembugan rada njlimet. Mligi sesambungane dhewe nang ngarep mengko piye rencana wektune. Aja nganti malah tabrakan karo rencanane awake dhewe.

Wong telu neruske anggone ngobrol nganti ngancik surup. Bubar iku alon alon ninggalke Warung Kopi, mlaku ngidul. Hawane seger angine semilir lembut. Langit resik warna semburat abang. Ngeterke Rini nang Kumendhaman. Bapak ibune Rini isih lenggahan ana pendhapa. Mirsani nek putrine diterke karo priya idhamane, Rangga Bawono, wong loro rasane tentrem lan seneng. Rini bakal disandhing priya sing gemati lan tresna karo dheweke. Pangajabe wong tuwa ya mung enggal kelakon lan langgeng sak lawase. Rangga medhun saka mobil, ngeterke Rini karo ngaras tangane. Pengine jane ya ngrangkul kenceng. Ning lagi jaga jarak.





Bab 12

Wiwit Mlangkah



Pageblug lelara Covid-19, sangsaya ndadra ana ing tlatah Ngayogyakarta, uga tlatah tlatah liya nang Nuswantara. Kamangka wis ora kurang kuranga pamarentah anggone ngreka daya supaya lelara ora saya nyebar, kanthi disengkuyung dening para mitra saka sektor swasta lan organisasi masyarakat. Ngancik wektu iku ing propinsi DIY, sing nandhang positip lara kecathet ana 28838 pasien, dene sing tiwas ana 708. Angka ketiwasan kasus utawa case fatality rate kira kira 2.4 persen. Angka iki luwih dhuwur dibandingke negara negara Asia liyane, angka ketiwasan adoh sak ngisore 1%. Angka ketiwasan tingkat nasional udakara ana 2.7%. Mesthi ana sebabe ngapa kok isa tingkat ketiwasan luwih dhuwur tinimbang negara negara liya.

Rangga tansah nyimak munggah mudhune kasus Covid nang Ngayogyakarta. Durung ana pratandha arep mudhun. Isih munggah mudhun lan mrihatinake. Kamangka wis akeh dhokter lan tenaga kesehatan sing pralaya dadi korban ketularan pas ngrawat pasien. Nek gambaran glagate kedadeyan panyakit iki terus kaya ngene, pelayanan fasilitas kesehatan isa ambyar. Nggegiris mbayangke kahanan pageblug iki. Nanging kok ya isih ana kelompok masyarakat sing ora percaya lan ora gelem nuruti protokol kesehatan.

Rangga banjur kelingan adhine, dhokter Woro Hadiati, karo dhokter Rini, sing ditresnani. Loro lorone dadi tenaga medhis ngrawat pasien pasien Corona mau. Tugas kamanungsan sing kebak resiko. Malah Ati wis tau ketu-

laran nganti kudu dirawat nang ruang perawatan intensip. Rangga karo bapak ibune, pak Dhewanto karo ibu Reri Dhewanto, nganti entek atine saben dina tansah nededonga muga muga Ati isa mari. Gusti paring mukjizat, Ati isa mari. Bareng wis mari, banjur budhal menyang Majene Sulawesi Barat, ngayahi tugas kamanungsan Tim Bencana nangani korban lindhu bareng karo Rini. Jajibahan lan gaweyan para tenaga medhis ora isa dilirwakake. Tanpa tenaga medhis sing dibantu sukarelawan, layanan fasilitas kesehatan kaya rumah sakit isa kollaps. Saben saben dheweke ngelingke Rini karo Ati supaya ati ati. Esuk iki pas lagi istirahat ngombe kopi nang kantor, dheweke nilpon Rini.

“Jeng Rien sayang, piye kabanamu. Muga muga sliramu karo bapak ibu tansah diparingi sebat ya. Aku mikir awakmu terus. Pengin cedhak terus rasane.”

“Mas Rangga, bapak ibu sebat sebat, ora kurang apa apa. Lagi ngenteni vaksinasi. Durung jelas arep ndhaftar liwat endi. Jare ibu kok isa ndhaftar kolektif liwat lembaga dhewe dhewe. Aku sebat sebat mas, ya mung sok kekeselan nek wayah wengi. Kerep nglilir tengah wengi. Ketok ketoken pasien sing gawat lan tiwas. Mesakke tur ya medeni.”

“Aja lali ndonga Jeng, ben ora ketok ketoken bubar ngrawat pasien sing pralaya.”

“Piye Ati nang ngomah isa istirahat mas? Alon alon dheweke anggone ngayahi tugas nang rumah sakit. Bubar pulih seka nandhang Corona, nyatane ora langsung bali pulih kondhisi kesehatane. Isih kerep sambat abot ambegane. Gampang kesel. Aja lali nang ngomah diawasi ben tetep njaga gizi lan ngombe vitamin.”

“Iya Ati tak wanti wanti kudu njaga asupan gizi sing apik. Buah buahan lan sayur sarta vitamin ora kendhat. Nek wengi arep mapan turu, dheweke njaluk diurut wetise. Jare kaku banget nganti sok angel turune nek ora diurut.”

“Wah wah aku meri lo mas. Mbok kapan kapan aku diurut ya ben isa ngrasakke kaya Atiek.”

“Nek wis urip bareng, mbesuke ya mesthi tak teruske nang sliramu, pakulinan ngurut sikil iku. Janji aku.”

“Tulisan prekara kerangka konsep Kapasitas Inovasi Institusi Ngadhepi Pageblug Corona, wis tak aturke bapak karo ibu. Menarik jarene, kapan kapan ana wektu siap

dhiskusi karo panjenengan.”

“Ngene wae dbik, nek bapak ibu sela, mengko sore apa sesuk sore aku tak sowan apa ya? Aku tak ngeterke Ati dbisik, adus terus mara menyang Kumendhaman. Tulung diaturke bapak ibu ya Jeng.”

“Iya mas mengko aku tak matur mesthi remen bapak ibu, dhiskusi karo njenengan. Aku mengko tak melu ya mas. Karo Ati kok wenehi weruh dbisik lo. Dheweke nek mas Rangga ora ana nang ndalem, sing ditilpun aku terus, masku nang endi?”

“Kapan dheweke crita jare chats karo dhokter Herman takon takon prekara gejalane paska Corona. Dhokter Herman ya crita aku pas rapat daring.”

“Apik mas, ben Atiek ngerti priya liya. Ngertine mung kangmase wae. Dheweke crita nek pengin duwe pasangan kudu sing gemati kaya kangmase.”

“Iya isih sok katon manjane karo aku. Aku ya protektif banget karo dheweke, aja keliru tanpa ya Jeng.”

“Babarpisan ora mas, aku karo Atiek wis kaya sedulur kandhung. Wiwit esempe ndhisik. Seneng susah dirasakke bareng. Sing tak pikir nek wis bubar le tugas sukarelawan iki apa isih isa bareng terus ya?”

“Muga muga kabeh isa lestari sakteruse. Kanyatan urip sok ora isa direnda kaya sing dadi pepenginan.”

“Wis dbisik ya mas. Kudu bali nang bangsal iki.”

“Ati ati ya Rien, aja lirwa, jaga terus kondhisi kesehatan.”

+++++

Dhokter Atie, dina dina wis aktif maneh nglakoni kuwajibane dadi tenaga medhis nang rumah sakit nggo ngrawat pasien Corona. Nanging dirasakke menawa tugase pancen abot, fisik lan mental. Kebak resiko ketularan, lan resiko ngadhapi keluwarga pasien sing sering seling surup. Kabeh kudu dilakoni kanthi sabar. Tanpa tenaga medhis lan sukarelawan, rumah sakit bakal kangelan nampung lan ngrawat pasien Corona sing saya akeh saben dinane.

Durung ngerti nganti kapan tugas iki bakal rampung. Mungkin nek ganep nem wulan mengko dipikir maneh. Mulai mikir arep menyang endi bubar tugas sukarelawan iki. Mulai golek informasi prekara jalur karier sing ana kanggo dhokter dhokter anyaran. Dheweke wis ngurus surat tandha registrasi sak durunge dadi sukarelawan. Dheweke durung tau rasanan karo kangmase Rangga, enake golek karier nang bidhang apa. Menawa njupuk pendidikan spesialis, kudu wis ngrampungke tugas nang Puskesmas apa rumah sakit paling ora setahun suwene. Dadi kudu golek penugasan nang Puskesmas apa rumah sakit dhisik. Kerja nang rumah sakit rikala internship ora isa dilebokke nggo persyaratan. Dheweke mikir pengin takon marang dhokter senior sing dheweke kenal. Bareng digoleki ketemu nomer WA ne, Dr. Herman. Kalah cacak menang cacak, dheweke nyoba kirim pesen WA, muga muga diwangsul.

“Mas Herman aku nyuwun tulung tak konsultasi nek panjenengan sela. Aku isih bingung menawa mengko wis bubar tugas sukarelawan, penake nang endi ya. Tugas nang Puskesmas, dadi asisten dhosen, pendidikan spesialis isih durung gamblang lakune lan persyaratane. Nyuwun info ringkes wae nek ora kabotan. Aku tugas nang RSA UGM karo Rini. Matur nuwun.”

Dheweke durung tau rasanan serius karo Rini, mengko istirahat awan apike kok arep rasan rasan karo Rini, bubar tugas sukarelawan iki enake menyang endi. Ora perlu kesusu, ning mulai dipikir mundhak kepencial nek ana kesempatan. Ana wangsulan saka dhokter Herman.

“Dhik Atiek, matur nuwun pesenmu. Aku ngerti sing dikarepke. Ora isa diputusi kanthi cepet. Apike dikumpulke infone dhisik, banjur mengko sing paling pas dipilih. Nek arep spesialisasi, kudu ngrampungke tugas Puskesmas apa rumah sakit paling ora setahun suwene. Wektu internship rumah sakit ora kepetung. Menawa arep njupuk jalur non spesialisasi, akeh program paska sarjana sing ana. Apik apik kari milih sing disenengi. Mengkone isa dinggo syarat nglamar tenaga asisten dhosen apa peneliti. Apike ngumpulke informasi sak akeh akehe seka sapa wae, klebu saka para senior. Slamet ya dhik muga muga cepet entuk pilihan sing mantep.”

Awan iku Ati karo Rini bebarengan makan siang ana kantin. Arep metu ya

padha wae nang endi endi ana pembatasan, ora isa bebas. Mung pesen minuman degan ijo karo sega rames.

“Rien, awake dbewe nglakoni dadi tenaga medbis sukarela nganti kapan ya? Apa apike awake dbewe winit mikir mikir ya?”

“Iya je Tiek, aku jane ya mulai mikir iki. Seneng dadi sukarelawan medbis. Ning kan ya ora isa sak teruse. Aku kan wis ana ikatan karo kangmasmu, Rangga. Apike ya tak takon takon dbeweke mengko.”

“Iya Rien, aku paling paling ya takon Mas Rangga karo bapak ibu. Iki mau entuk WA saka mas Herman, dbeweke ya nyaranke kudu golek info sak akeh akebe, mengko dipilih sing paling pas.”

“Kerja sukarelawan medbis ngene apa ana statuse mengko nang riwayat hidhup ya. Syarat pendidikan spesialis iki kudu tugas nang Puskesmas apa rumah sakit paling ora setahun. Nek kaya awake dbewe nganti setaun, isa dietung ora nang syarat kuwi ya.”

“Apike kok takon takon wae dhisik. Ya kene ngayahi kumajiban kemanusiaan, ning wektu aja nganti muspra.”

+++++

Sore iku Rangga gageyan anggone mulih, ngampiri adhine nang rumah sakit terus bali nang ngomah Langenastran. Ketemu sedhela karo Rini pas nang rumah sakit, Rini weling menawa pak Kuntoro karo bu Laila, ana wektu sore iki apa sesuk sore.

“Mas bapak ibu sela sore iki nek panjenengan ora kesusu. Nek ora ya sesuk sore wae.”

“Mengko tak usabakke ya dbik. Mungkin antara jam setengah lima sajake.”

Ati krungu kangmase janji karo Rini, pengin ngerti ana acara apa.

“Ana janji apa mas karo Rini? Apa aku isa melu?”

“Ora karo Rini kok Tiek, janji karo pak Kuntoro lan bu Laila. Arep konsultasi rencana proyekku kae, jare konsepe wis divaos. Nek kono arep melu nemoni Rini ya ora apa apa. Ning apa ora ngancani bapak ibu wae nang ngomah, apa nek arep kok ajak

mubeng mubeng sedhela. Mesakne bapak ibu wirit esuk nganti sore mung ngunder nang ngomah wae.”

“Nek le muter muter karo bapak ibu sesuk sore karo panjenengan sisan piye ya mas. Aku mengko tak matur ibu.”

“Iya ora apa apa dhik. Tulung WA nen Rini, nek awakmu bakal melu. Janjian pengin dolan nang nggone Rini ngono wae. Aku ya nunut mengko.”

“Nunut piye ta mas, kok saya aneb sampeyan ki.”

“Aku kan janjian karo bapak ibune, pak Kuntoro karo bu Laila prekara kerangka konsep wingi kae. Rini pengin melu dbiskusi, ora apa apa. Mung dheweke pengin diurut sikile kaya nek aku ngurut awakmu. Lha nek karo kono kan ora sungkan aku. Nek wong loro dhewekan lebhku arep omong piye?”

Tekan omah gageyan anggone matur bapak ibune nek arep ana acara nang Kumendhaman, nemoni bapak ibune Rini. Pak Dhewanto karo bu Reri ya mung ngiyani, karo ngelingake supaya ati ati njaga protokol kesehatan. Ati matur nek sesuk sore pengin mubeng mubeng metu sedhela bubar jam kantor, karo bapak ibune karo Rangga. Saiki wis kasep ana janji nang Kumendhaman. Rangga karo Ati, enggal enggal resik resik awak terus ganti pakeyan. Rangga senenge nganggo klambi warna putih, dene Ati kanggo kaos *T-shirt* warna jambon. Kakang adhi katon gagah lan ayu. Alon alon mlipir dalam liwat plengkung Ghadhing terus ngidul nang kampung Kumendhaman. Pak Kuntoro karo bu Laila lagi lenggahan ana ngarepan sinambi ngunjuk teh karo ana nyamikan emping. Rangga karo Ati diajak mlebu nang ruang tamu karo ngenteni Rini sing isih ana mburi.

“Piye mas Rangga karo mbak Atiek, bapak ibu sebat sebat ya. Wis suwe durung tau ketemu aku. Kapan kapan pengin ketemu. Bathike tetep lancar?”

“Pangestunipun bapak ibu sebat sebat kemawon. Bathik radi mandhap amargi Covid. Namung taksih saged muter.”

“Iya sokurlah muga muga enggal lerem pageblug iki. Akibate ora baen baen nang ekonomi. Akeh sing kollaps. Iki enake piye, upama kono arep dbiskusi karo bapak ibu

prekara warangka konsepmu, apike awake dhewe nang ruang perpustakaan wae. Wong telu isa rembugan enak. Nek Rini karo Atiek melu rembugan, nang ruang tengah wae.”

“Kawula ndberek kemawon bapak ibu. Matur nuwun sanget sampun pun paring wekdal”

“Rini karo mbak Atiek, awakmu arep melu rembugan karo aku karo kangmasmu, apa ana acara dhewe?”

“Dalem pengin melu ngrungokke karo Atiek. Nang ruang tengah wae tak siapke unjukan. Aku ya pengin mandeng mas Rangga bu. Ben ora ketok ketoken nek arep turu.”

“Tki lho mbak Atiek, kancamu Rini ki sak suwene sesambungan karo kangmasmu, njur dadi manja.”

“Kasinggihan bu Laila, kangmas kula Rangga gematos sanget kaliyan kula, ugi kaliyan Rien.”

Rangga banjur wiwit ngudhar prekara warangka konsepe. Wose dheweke wis nyiapke instrumen dinggo nyandra kapasitas inovasi lembaga pemerintah lan swasta anggone ngadhapi pageblug Corona. Piye carane ben dhampak negatip isa dikendhaleni kanthi apik, lan kegiatan lembaga isih jalan terus. Dheweke mratelakakke nek penelitian iki ana nilai strategise kanggo ngatasi dhampak pageblug nang bidhang ekonomi lan sosial. Kudune penelitian2 kaya mangkene isa dilakoni dhewe dening lembaga lembaga penelitian dhomestik, ora perlu dipasrahke lembaga lembaga survey asing, kaya kaya kok lembaga dhomestik mung dadi pangumpul data. Publikasi kasil penelitian sing gawe lembaga lembaga asing, pihak pihak dalam negeri mung dadi pangumpul data apa pembantu peneliti. Pak Kuntoro karo bu Leila banjur paring komentar.

“Mas Rangga, warangka konsepmu jelas banget. Tujuan, manfaat lan kegiyatane sarta hasile wis cetha banget. Apike iki dadi program sinambung nang lembagamu, aja mung dadi kegiatan plung lap. Rembugen karo pimpinan. Nek perlu kerjasama karo lembaga lembaga liya ya ora apa apa angger koordinasine mantep.”

Sarane pak Kuntoro cekak aos. Dene bu Laila alon alon menahi saran saka bidhang psikologi.

“Aku ya ketarik banget mas Rangga, bidhangu psikologi. Sak liyane nyandra kapasitas inovasi apike uga intervensi sistemik dinggo rekayasa olah pikir utama mind set staf ben padha gelem berubab, nuruti modhel bisnis sing anyar sing wis diuji coba. Aja ngganti sistem nek durung ana bukti seka uji coba. Aku sepakat nek kono dhewe arep dhisertasi. Materine akeh banget, datane akeh banget saiki, mung prasasat ora ana pibak pibak sing ngopeni lan nganalisis kanthi komprehensif. Mengko ngerti ngerti ana lembaga asing sing mlebu, njur gawe analisis saka pandhangan njaba.”

“Matur nuwun sanget bapak ibu. Langkung mantep kula. Mangke kula lengkapi lan badhe niwit konsultasi dbateng lembaga lembaga nasional ingkang mbetabaken. Prasasat sedaya data sampun wonten, ning dereng pun analisis.”

Rini karo Atiek mung meneng wae, ning padha gumun dalam pikirane Rangga. Rini saya ngrembaka anggone nresnani Rangga, kaya kaya pengin ngrangkul nang ngarepe bapak ibune. Bu Laila banjur ngajak dhahar wengi ana ruang tengah. Wis disiapke dening asisten rumah tangga. Karo dhahar wengi ora enteke Rini anggone crita prekara werna werna. Pak Kuntoro karo bu Laila kala kala numpangi. Rangga pancen meneng gawane, ora akeh omonge. Semono uga Atiek mung ngrungokke karo sok sok nimbrung. Atiek pengin ngudhar prekara rencana sakbubare tugas sukarelawan kesehatan iki, ananging disidhem dhisik ndak malah ngganggu. Bubar dhahar isih ana wedang teh diladekke. Rini pamitan karo bapak ibune.

“Bapak ibu aku tak nang kamar dhisik karo Atiek ya. Ngajak mas Rangga pisan. Pengin diurut sikilku karo mas Rangga.”

“Lho kok ngono apa mas Rangga wis sarujuk?”

“Lha dheweke ya mesthi ngurut Atiek nek arep bubuk, aku ya meri pengin ngrasakke.”

“Ya ati ati ya ndhuk, jaga protokol kesehatan. AC ne kok urupke ben ora sumuk. Mbak Atiek melu nunggoni ya.”

Ati karo Rini ndhisiki mlebu kamar. Rini ganti pakeyan ora nganggo celana jin. Ganti pakeyan malam warna lembut. Dadi tambah katon anggun lan ayu. Rangga mung kamitenggengan mrangguli Rini ayune kaya dewi Suprobo ana

crita pewayangan. Nganti dielingke Ati nek Rini wis siap. Alon alon Rangga ngurut wetise Rini, dipaske karo sing dirasake Rini, aja nganti keseron, aja nganti kalonen. Dibantu *body lotion* sithik. Rini isane mung ngrintih karo mengkurep, bola bali mung kewetu.... *maaaas*. Ati nggeguyu meruhi menawa Rini ora tau ngrasakke pijetane kangmase. Sedhela maneh Rini wis keturon angler, mbok menawa kepenaken dipijeti Rangga. Rini wis nganglang nang alam impen, dituntun priya sing banget ditresnani. Kaya dene mabur nang langit. Ati banjur mapanke Rini le turu, dikemuli karo dirangkul. Dene Rangga mung nggegem tangane Rini banjur metu alon alon. Rangga karo Ati nyuwun pamit, matur nek Rini wis bubuk angler, ora perlu digugah. Alon alon mobile metu seka pekarangan lan balik menyang Langenastran.

“Aku ngungun banget mas meruhi Rini kok urut njur ora sumala, keturon angler banget. Muga muga ora gela mengko nek tangi. Mesthi nggoleki panjenengan. Impene mesthi kaya gegandhengan tangan karo mas Rangga.”

Rangga mung meneng wae, dheweke isih mikir Rini, nek tangi mesthi gela banget dheweke ora ana nang sisihe. Piye maneh isane lagi semono. Ora susah dipeksa.





Bab 13

Dhokter Rini Ketularan Corona



Rini tangi tangi bareng wis ngancik tengah wengi. Ngimpi endah mlaku gandhengan karo Rangga sing ditresnani. Rumangsa gela bareng sadhar menawa dheweke turu dhewekan nang kamare. Rangga sing mau ngurut wetise karo Ati, wis ninggal mulih. Rasane isih bingung ayub ayuben bubar nglilir turu. Omah sepi nyenyet. Bapak ibune wis sare nang kamar gedhe. Kangmase, Ranto ya wis tutupan kamar. Alon alon mlaku metu nang ruang tengah, wedang teh adhem sing ana cangkir diruput kanggo ngilangi rasa salit. Bubar ngombe pikirane sangsaya cetha. Ndeleng jam wis tengah wengi. Ndeleng HP, kok nomere Rangga isih aktif WA ne. Banjur kirim pesen, “durung sare mas?” Ana wangsulan saka Rangga “durung jeng, ngenteni mbokmenawa ana pesen saka sliramu, mesthi nggoleki aku nek tangi.” Rini banjur omong liwat tilpun marang Rangga.

“Mas Rangga, kok tega ninggal aku keturon ya. Aku nglilir wis sepi nyenyet nang kene. Wedi kaya kelangan njenengan rasane.”

“Aku karo Ati ora tegel arep nggugab, kono bubuk angler banget. Aku banjur nyuwun pamit mulih.”

“Tya kangmas, kepenak banget kok urut wetisku. Langsung lali kebacut turu. Marahi ketagihan mas.”

“Ketagihan ora apa apa. Aku tansah nang cedhakmu. Tak urut sak lawase Rien.”

“Matur nuwun kangmas, bapak ibuku tak aturi prekara sesambungane awake dhewe, seneng banget. Kapan kapan aku uga pengin rembugan karo panjenengan prekara gaweyan. Penake terus nang endi bubar ngayahi tugas nang rumah sakit iki ya.”

“Ya Rien mengko dirembug bareng. Aku ya sangsaya mantep lehku maju bareng wis dhiskusi karo bapak ibu prekara rencana penelitianku kae. Saiki istirahat dhisik ya. Muga muga ngimpi endah.”

“Sugeng ndalu mas, istirahat ya. Aku sesuk diampiri, kangen pengin ketemu panjenengan.”

Esuke Rangga karo Ati budhal ngampiri Rini nang Kumendhman. Katon seger praupane wong telu, nandhakake menawa isa istirahat cukup. Turu angler, ora kekerepan tangi merga impen elek. Alon alon Rangga nyopir mobile mlaku ngalor, kesiram sorot srengenge wayah esuk. Sunar srengenge wayah esuk merlambangake pengarep arep supaya kabeh diparingi lancar kegiatan dina iku. Rangga bola bali noleh mandeng praupane Rini, ora ana bosene anggone ndulu rupa ayu merak ati, sing bakal disandhing sak lawase. Tekan RSA UGM, dhokter Rini karo dhokter Ati, medhun bakal tugas nganti sore. Tugas profesi lan kamanungsan sing kebak resiko ketularan lelara.

Terus bablass menyang kantor liwat dalan lingkaran. Tekan kantor, anggota tim kerjane uga lagi wae teka. Kirana, Arbani karo mbak Nanik wis nyimak komputer e dhewe dhewe. Sedhela engkas kira kira jam sepuluh, Rangga kudu laporan rutin marang atasane, Wakil Rektor Bidang Kerja Sama, Dr. Ir. Mashudi. Ana wektu sedhela nggo rembugan karo tim prekara rencana kegiatan dina iki.

“Mbak Kirana, data sing wis kumpul apa isa diringkes lan dikirim marang Dhokter Herman, ben dirembug karo Tim e. Rumangsaku kabeh lancar ora ana masalah sing serius ta?”

“Ya mas kabeh lancar mas. Dina iki aku arep ngringkes info kanggo laporan kemajuwuan.”

“Muga muga tim kana isa ngerti kemajuwane proyek. Mas Arbani wis siap ya presentasi datane.”

*“Uwis mas, ora ana masalah. Awake dhewe wis ngluwahi target nganti minggu iki.”
“Mengko tak laporke sisan nang pimpinan.”*

Jam sepuluh kurang sithik Rangga wis nggawa laptop medhun menyang ruangane pimpinan, pak Mashudi. Priyayine ndungkap setengah umur, sabar ora tau kesusu nek rembugan. Rangga nglaporke kegiatan kegiatan sing dilakoni rong minggu iki nang Unit e. Uga kemajuwan kegiatan proyek kerja sama karo rumah sakit pendhidhikan.

“Sokur nek kabeh mlaku lancar. Muga muga proyek sing wis ana enggal isa rampung, lan teka proyek konsultasi maneh.”

“Iya bapak, wis ana sakwetara lembaga sing takon takon kemungkinan kerja sama. Mbokmenawa seminggu rong minggu iki ana sing dadi. Nek wis ora ana pitakonan, apa aku isa ngrembug bab liya?”

“Iya ora apa apa asal isih nang babagan tugasmu.”

Rangga banjur nerangake kanthi cetha warangka gagasan penelitian Kapasitas Inovasi Institusi Ngadhepi Pageblug Corona. Pak Mashudi manthuk manthuk nyipati gagasan penelitian kuwi.

“Banjur rencanamu arep kok nggo apa warangka konsep iku?”

“Mungkin ana kemungkinan loro Bapak. Sepisan ngembangke instrument sing isa dinggo analisis cepet kapasitas inovasi lan penyesuaian bisnis kanggo lembaga lembaga swasta lan pemerintahan sing gegayutan. Padha siyap ora ngadhepi persaingan global paska pandhemi. Iki dadi salah sijining domain Unit Pelayanan lan dadi ciri unggulan universitas. Isa dikembangke nang bidhang bidhang liya. Kaping pindhone, aku apa diijinke melu program dhoktor kanthi dhasar warangka konsep iku.”

“Apik gagasanmu Rangga. Aku durung isa aweh putusan. Apike kok kirim wae kanthi resmi krenteg gagasan loro kuwi nang pimpinan ben dirapatke dening pimpinan universitas. Sak untara iki masalah teknis, kono isa mulai konsultasi nang kelompok abline.”

“Angkabku Bapak, universitase dhewe isa tampil nang donya regional lan global melu ngrembug prekara prekara prioritas dhubia global. Ora mung dadi konsumen lan pelak-

sana wae, apa maneh aja nganti mung dadi penonton.”

“Apik, semangat, tak dbukung wacanamu. Muga muga kaleksanan.”

Bubar nemoni pak Mashudi, Rangga neruske anggone nggarap nang komputer. Ndeleng HP ne ana pesen saka Rini.

“Mas awakku kok krasa ora kepenak ya. Aku pengen cek nang lab awan iki”

“Iya enggal enggal diperiksa ya Jeng. Aja nganti telat. Atiek wis kok wenehi weruh?”

“Durung tak kandhani. Aku selak kepingin leren. Awakku panas ning krasa adhem banget.”

Rangga cepet cepet tilpun marang adhine. Atine dheg dhegan banget, samar nek Rini kena Corona.

“Tiek iki Rini sajake kok ora sehat. Panas awake jarene. Mbok kok kancani ben periksa nang laboratorium barang.”

“Iya mas, dheweke pancen ketok rada beda iki mau. Jare kok gampang kesel, pengen leren.”

Ati banjur gageyan nggoleki Rini nang poliklinik. Dheweke lagi leren nang ruang pantry, jarene krasa adhem kabeh awake. Ati banjur omong karo petugas poliklinik, nek Rini ora sehat arep diajak nang laboratorium dhisik. Supaya ana sing nggenteni nang ruang poli. Rini banjur digandheng nang laboratorium, ora adoh aka ruang poliklinik. Dheweke njaluk test cepet antigen. Ora suwe asile wis metu, positif. Ati banjur gageyan lapor marang dhokter senior. Rini enggal mlebu dirawat nang kamar isolasi. Kudu nglakoni test lengkap warna warna. Sakwise Rini mlebu nang kamar isolasi, Ati enggal ngabari kangmase Rangga, uga ibune Rini, bu Laila.

“Mas Rangga, Rini wis nglakoni rapid test antigen, positif. Iki wis nang kamar isolasi, kudu diperiksa macem macem. Kondhisine stabil mung dhemam. Ora ana keluhan sesek napas.”

“Tulung ya Tiek, diawat awati Rini le nglakoni perawatan. Awakmu ya kudu ati ati,



aja nganti ketularan.”

Dhokter Ati banjur menahi kabar bu Laila Kuntoro, ibune Rini. Bu Laila sajake nembe repot, mbokmenawa lagi kuliah daring. Ora isa ditilpun. Banjur dikirimi pesen liwat WA.

“Tbu Laila, menika saking Atiek. Rini mboten sebat ibu, dhemam menika wau. Sampun pun rapid test antigen, positif, lajeng mlebet wonten kamar isolasi. Nembe pun test sanesipun kaliyan pun winitu pengobatan. Kondhisi fisik stabil. Mboten wonten ingkas mutawatosi, namung kedah observasi teras.”

Dhokter Ati uga ora lali menahi kabar marang kangmase Rini, dhokter Ranto sing tugas nang Bagian Bedhah. Dheweke duwe nomer HP ne senajan babar blas ora tau kontak. Esuk iki kudu ngabari Ranto.

“Mas Ranto, iki Atiek. Mung menahi weruh nek Rini ora sehat. Dadakan dhemam iki mau. Banjur periksa rapid test antigen, kasile positif. Iki wis mlebu nang kamar isolasi karo nglakoni test liyane. Kondhisine stabil, ora sesek. Mulai diterapi kaya kasus positif. Donga dinonga ya mas, ati ati. Saka aku Atiek.”

Rangga rumangsa kaget lan bingung. Esuk mau Rini isih katon seger, kok dadakan panas njur ketemu rapid test positif. Bisane mung ndonga muga muga kondhisine ora dadi tambah abot. Jare Ati mau mung panas wae. Dheweke mikir, dina dina ngarep kudu diatur kegiyatane aja mung mligi mikir proyek lan pepenginane dheweke prekara penelitian. Kudu akeh kontak karo Rini ben ora cilik atine. Pepenginan penelitian mandheg dhisik. Mung kegiatan proyek karo rumah sakit pendhidhikan kudu mlaku terus. Dheweke tambah mangerteni menawa dhokter lan tenaga medhis sing ngrawat pasien Corona iku nandhang resiko gedhe ketularan. Mung masyarakat sok kurang mangerteni. Keluwarga sing nang ngomah mesthi senak senik khuwatir, saben dina dipamiti arep budhal tugas nang rumah sakit. Isane ya mung ndonga muga muga aja nganti ketularan lelara. Muga muga mulih tetep sehat ora nggawa lelara.

Awan iku Rangga banjur kirim pesen WA marang Rini, nggenahke piye kahanane. Rini wis istirahat nang kamar isolasi. Dheweke ban-

jur tilpun ngerem eremi Rini, ben ora cilik atine. Kudu tetep semangat lan optimis nglakoni pengobatan.

“Jeng Rien, istirahat dbisik wae ya. Ora susah mikir warna warna ben endang mari. Aku karo Atiek ndongakeke sliramu tanpa kendhat.”

“Iya kangmasku Rangga. Ora mikir macem macem, mung mikir kangen njenengan saben menit. Rasane mung adhem merga dbemam, ora ana liyane.”

“Pengin dikirim apa wae Jeng, jam istirahat iki mengko tak kirim mrono.”

“Tulung gawakno buah wae mas ora susah akeh. Napsu makanku kok kaya kaya ilang. Nek mrene pengin banget nggegem astamu. Nek ora ya ndeleng suryamu mas, aku kangen. Pengin kok manjakeke kaya nek karo Atiek kae mas.”

“Iya aku mrono jam istirahat mengko. Muga muga isa nginguk mlebu.”

+++++

Bu Laila Kuntoro kaget banget nalika maca pesen WA saka Ati, sing ngabarke nek Rini mlebu kamar isolasi amarga ketularan lelara Corona. Iki sing paling diwedeni, awan bengi ndonga muga muga putrane, dhokter Rini karo dhokter Ranto, aja nganti ketularan amarga tugase nang rumah sakit. Rini tugase mligi ngrawat pasien Corona. Bu Laila enggal enggal kontak garwane, pak Kuntoro sing lagi dhines ana kantor.

“Mas putrimu Rini kok jare mlebu kamar isolasi esuk iki amarga positif Corona. Aku dikabari Atiek”

“Rumangsaku esuk mau kok sehat sehat wae ya, kok dadakan temen. Kondbisine jare piye Jeng? Apa oleb ditiliki?”

“Jarene Atiek, mung dbemam, ora nganggo sesek. Iki wis nang kamar isolasi, nglakoni test lab warna warna. Nang kamar isolasi, mestbine ya ora isa diitiliki. Ngene wae mas, dbeweke kan isih nampa WA, dikirim pesen liwat WA wae ben bombong atine. Aja nganti cilik aten. Aku ya tak tilpun mengko.”

Bu Laila banjur nyoba tilpun putrine, dhokter Rini. Pengin nggedhekke atine

aja nganti sedhah. Kudu tetep semangat lan optimis.

“Ndhuk Rini, piye kahananmu? Istirabat dbisik ya ora susah mikir warna warna. Bapak ibu ndongakke ben endang waras maneh mulih nang ngomah.”

“Aku apik apik wae bu. Mung krasa adhem. Ora sesek lan ora ana gejala liya. Mas Rangga ya mentas tilpun.”

“Iya aja cilik atimu ya ndhuk, semangat kudu tetep optimis. Aku mengko ya tak tilpon Ranto. Dheweke wis ngerti durung ya?”

“Ora mikir apa apa kok bu. Mung krasa kangen terus karo mas Rangga. Seneng angger nampa tilpun seka dheweke. Mas Ranto wis diwenahi werub karo Atiek iki mau. Dheweke mesthi sibuk operasi angger wayah mene.”

“Sing penting istirahat karo atine digawe seneng ya ndhuk. Nek kangen Rangga ya tilpun apa WA dheweke. Dheweke gemati banget karo awakmu. Aku trenyuh mau bengi mrangguli anggone ngurut wetismu. Sing sabar ya wuk. Bapak ibu ndonga terus kanggo awakmu. Pengin apa awakmu mengko ben tak kirim sayang?”

“... he he nek ditakoni sing paling tak pengini ya mung ditunggu lan disandhing karo mas Rangga bu. Kangen terus rasane pengin cedhak awan bengi.”


“Iya sabar ya ndhuk. Mengko mesthi pulih kabeh nek wis mari. Endang mari ya.”

Bu Laila trenyuh krungu ature putrine, Rini. Bocah ki biyasane zakelijk ora tau ngudhar perasaan, kok iki wola wali sambat kangen karo kekasihe Rangga. Biyasane nek ditakoni prekara pacar wae malah kipa kipa kok iki ora wigah wigih le ngudhar rasa prekara Rangga. Muga muga Ati isa nggedhekke atine lan nyengkuyung Rini sakjroning nandhang lara iki. Karo Ati prasasat wis kaya mbakyu adhi. Pak Kuntoro uga ora ana kendhate anggone ndongakke putrine karo paring pesen marang Rini. Kala kala Rini isih ana manjane karo bapak ibune.

Ranto senajan meneng, nanging dheweke uga sayang banget karo adhine. Nalika nampa pesen nek adhine mlebu kamar isolasi, kaget banget dheweke. Muga muga enggal mari bali kumpul maneh karo adhine,

Rini. Pancen ora isa ditutupi, ora mung para dhokter lan petugas medhis dhewe sing tansah kuwatir ketularan Corona, nanging kabeh keluarga melu bingung, melu kuwatir samar nek ketularan lelara sing nggegirisi iku.





Bab 14

Corona Pancen Nggegirisi



Dhokter Rini wis sakwetara dina dirawat nang rumah sakit amarga ketularan lelara Corona. Kudu nglakoni rawat inap lan isolasi ora oleh ditiliki. Rasane nglangut dhewekan nang kamar rumah sakit. Dhokter Ati jane saben dina niliki, ananging ya terbatas ora isa omong omong suwe. Mung apa perlune wae amarga protokol kesehatan kudu dituruti kanthi permana. Ana rasa wedi lan rasa kuwatir sing jero nang atine. Wis atusan dhokter lan tenaga medhis tiwas merga ketularan Corona.

Senajan tansah ndedonga marang Sing Gawe Urip muga muga enggal diparingi mari, nanging nang njero ati rasa wedi sing nggegirisi iku tetep wae ora isa ilang. Ketambahan rasa sepi amarga dina dina mung dhewekan wiwit esuk nganti bengi. Mung kala kala ana perawat mlebu ngirim panganan lan omben, utawa obat sing kudu diombe kanthi ajeg teratur. Bisane ya mung kirim pesen lewat WA marang wong wong sing dirasa cedhak, arep tilpon ora isa bebas amarga rasa sesek nang dhadhane. Esuk iki mau dheweke wis kirim pesen marang Rangga, bapak ibune, Ati lan kangmase Ranto. Dheweke ngarep arep penging krungu kabar saka njaba. Wedi, was was, sepi campur adhuk dadi siji.

“Mas Rangga sing tak tresnani. Kahanan ku stabil mas, gejalane jane babarpisan ora abot. Mung krasa lara nek kanggo ngulu, panas sumeng awakeku karo gulu krasa serak. Ananging atiku rasane wedi banget lan was was terus, gek gek mengko sangsaya abot ya. Nang sosmed akeh pawarta jare wis atusan dhokter lan tenaga medhis sing dadi korban.

Didongakke ya mas, ben aku enggal mari lan metu saka rumah sakit. Ora krasan blas nang kene. Pengin ketemu njenengan, ketemu bapak ibu, Ati lan mas Ranto. Aku mbok diparingi welingan mas, wis kangen karo swara mesramu. Salam sayang saka Rini.”

Surasane pesen WA nang bapak ibune ya padha, ngudharke rasa wedi lan was was. Rini durung nate lara nemen nganti kudu mondhok. Iki pengalaman mondhok sing pisanan. Rasane tintrim ora jenak babar pisan.

“Bapak ibu sing tak sayang. Rini krasa sepi banget ora ana kanca nang rumah sakit. Tansah krasa was was nek kabanane tambah abot. Saiki gejalane ya mung entheng, panas karo rada sesek napase. Nyuwun donga muga muga enggal mari, bali kumpul kaya wingi wingi. Bapak ibu sing ati ati ya, ora susah tindak tindak dhisik. Njaga protokol kesehatan aja nganti ketularan. Pageblug iki durung ngerti kapan lereme. Salam ku kanggo mas Ranto. Muga muga cepet isa metu saka rumah sakit njib. Sayang saka Rini.”

Pesen sing kanggo Ati rada beda surasane. Akeh nakokake Rangga, apa tansah sehat lan ora metu nang endi endi, ana rasa kelangan kanca cedhak sing tansah bebarengan rikala seneng lan susah.

“Atiek sayang. Rasane aneb lan tintrim aku kudu nglakoni isolasi lan nglakoni pengobatan iki. Awake dhewe wis mataun taun bebarengan, bungah susah dilakoni wong loro. Nanging saiki aku kok kaya dheweke ya Tiek. Muga muga enggal rampung lan isa bali kaya wingi wingi. Dongakna ya Tiek, atiku miris tenan. Piye kabare kangmas Rangga? Aku pengin banget ditunggu mas Rangga. Aku ora isa pisah karo kangmasmu Tiek. Mbok tulung mas Rangga tansah kok elingke nek aku tresna banget marang dheweke. Aja nganti keganggu nang tengah dalan, aja keganggu wong liya”

Rangga lan adhine Ati, rumangsa trenyuh maca welingane Rini. Rasane pengin tansah cedhak karo Rini, menahi dhukungan lan pambiyantu supaya Rini aja nganti ilang semangate. Ananging protokol kesehatan ora ngidinake Rini ditiliki babar pisan. Bapak ibune Rini, pak Kuntoro karo bu Laila, semono uga rumangsa ora isa apa apa, isane ya mung ngerem eremi atine Rini liwat WA. Pageblug Corona iki pancen ngrusak apa wae, kalebu ngganggu sesambungan antarane pasien lan keluwargane. Rini ora lali ya menahi pesen marang Ranto kangmase, senajan adat sabene sesambungane karo kangmase

kepara adhem ayem wae. Ning sepisan iki amarga rasa wedi, Rini kewetu sambat karo kangmase.

“Kangmasku Ranto sing tak sayang. Mas sing ati ati ya le njaga kondhisi kuwarasanmu. Aja nganti ketularan Corona kaya aku, mundhak gawe sedhihe Bapak karo Ibu. Rumangsaku aku ya wis ati ati banget nuruti protokol kesehatan, ning kok ya tetep ketularan ya. Kahananku stabil, gejala sing tak rasakke mung panas, watuk karo rada sesek sithik. Obat obatan ya tansah tak ombe kaya sing diprentahke dhokter. Mbok tulung golekn info mas nek ana pengalaman pengobatan sing isa dipercaya, rembugen karo Ati ben ditekakke dhokter penanggung jawab nang kene. Aku terus terang wedi nek penya- kite tambah abot. Tulung ya mas. Adhimu tresna, Rini.”

+++++

Ranto kaget rikala nampa pesen WA saka adhine, dhokter Rini sing lagi nglakoni isolasi lan pengobatan nang rumah sakit. Rini biyasane ora tau sambat, tansah mandhiri ngadhepi apa wae. Iki sak liyane nandhang lelara Corona, Rini kok ketoke ya nandhang keweden utawa stress merga lelarane. Obat obat sing diwenehke durung isa dipesthekke kemanjurane kanggo ngatasi Corona. Kamangka obate akeh, werna werna sing di wenehke, tanpa dingerteni kemanjurane. Kaya kaya kok mung coba coba senjata wis dilebokke nang buku Pedhoman Pengobatan Covid-19. Ranto banjur nggolek info saka internet.

Ana pawarta sing menarik. Pawarta sing ngabarake nek menawa obat dexametason isa ngurangi angka kematian pasien Covid-19. Ndilalah Organisasi Kesehatan Dhunia, World Health Organization, uga wis ngakoni nek wis ana penelitian sing mbuktekake menawa dexametason isa nyuda kematian nang pasien pasien Covid-19. Wis ana penelitian lan publikasi resmi sing maton lan isa dipercaya. Nek ora salah sing nganggo dexametason kanggo pasien Covid-19 sepisanan, sakwijining dhokter putri ahli penyakit dhalam saka Portugal. Dheweke ngajokake teori dene obat deksametason nek diwenehke pasien pasien sing ana gejala awal peradangan jalan napas, isa nyegah lan isa nyuda proses peradangan lan sakbanjure nyuda angka kematian. Ranto gageyan kirim pesen WA menyang Ati, pengin ketemu nek pas istirahat

makan siang. Dheweke banjur mbalesi pesen WA ne adhine wose mbombong adhine aja cilik aten, mesthi isa diobati.

“Rini adbhiku sing ayu. Aja banget banget anggonmu mikir ya dbik. Sing penting kudu sabar nglakoni pengobatan. Awan iki aku arep ketemu Ati karo Rangga, ngrembug kabanamu. Aku usul supaya obat obat anti virus disuda wae, wong ya durung kebukten manfaate. Iki kok malah ana penelitian sing wis diakoni WHO nek dexamethasone isa nyegah lelara dadi abot. Ben diusulke nang dbokter penanggung jawab sore mengko. Istirabat dbisik ya sayang, ora susah mikir warna warna. Mesthi mari, awake dhewe bali kumpul maneh ya.”

Awan pas istirahat makan siang, Ati, Ranto karo Rangga sida ketemu ana rumah makan Jawa cedhak rumah sakit. Wose karo ngrembug warta saka internet sing ngabarke menawa obat deksametason isa nyegah lelara Covid tambah abot lan uga isa ngurangi angka kematian. Nek perlu mengko arep diusulke nang dhokter penanggung jawab pasien isolasi Corona ben isa ditrapke nang Rini. Sinambi makan siang, wong telu padha rembugan kanthi sareh. Ranto nerangake warta saka WHO kuwi.

“Tki warta prekara dexametasone, kbasiate mujarab kanggo nambani pasien Corona. Wis diteliti lan diakoni WHO. Jane sing miviti sakwijinning dbokter putri saka Portugal, nek dexametasone isa nyuda reaksi peradangan paru pasien Covid-19. Dbokter iku tansah nganggo obat dexametasone kanggo pasien pasien Covid sing mulai ana tandha radhang paru. Pasien pasien e sing entuk dexametasone ora ana sing tiwas. Bareng diteliti resmi hasile padha, malah wis dipublikasi lan diakoni WHO. Mula awake dhewe atas nama keluwarga njaluk nek Rini supaya diobati nganggo dexamethasone.”

Rangga banjur menahi saran pancen luwih apik menawa usul iku saka keluwarga wae, aja saka Ati sing dadi kolega yunior nang kono, ndak marahi seling surup.

“Liyane dexametasone apa sing perlu diusulke obate. Apa perlu usul nganggo plasma konvalesen barang kaya Ati ndbisik? Sisan wae diusulke ben endang isa njupuk plasma nang Solo”

Ranto sing biasane menengan, wektu iki katon anggone kebak perhatian ma-

rang adhine, dhokter Rini. Dheweke mbaleni usule sing cetha.

“Aku atas nama keluarga usul supaya Rini divenenebi pengobatan dexametason karo plasma konvalesen. Ditambah antibiotika azitromisin wae, ora susah nganggo obat obat antivirus lan khloroquin, amarga efek sampinge abot. Tulung mengko Ati usul marang dhokter penanggung jawab ya.”

Ora sempat ngobrol suwe. Bubar makan siang dhokter Ati kudu nemoni dhokter penanggung jawab, ngusulake pengobatan dexametason karo azitromisin lan plasma konvalesen kanggo Rini. Nek disetujoni mengko sore apa sesuk esuk wis isa diwiwiti. Mbokmenawa rong dina utawa telung dina wis ketok khasiate. Rangga uga enggal enggal mulih menyang kantore, semono uga Ranto. Kabeh isih kebak pikiran amarga Rini isih nglakoni perawatan. Rangga banjur kirim pesen WA marang Rini.

“Jeng Rien sing tak tresnani. Sing sabar lan tabah ya jeng. Aja kakeban mikir warna warna ben endang waras. Sore iki Ati arep konsultasi karo dhokter penanggung jawab, ben sliramu diobati nganggo deksametason karo azitromisin lan plasma konvalesen. Obat obat kombinasi antivirus ben diendhegke wae wong kasile ya durung mesthi. Atiku tansah nang sandhingmu jeng, aja cilik ati ya. Iki tak kirimi lagu lawas dirungokke ya Jeng”

*“Doa dan restumu
Kini kuantikan
Penuh rasa kasih nan murni*

*Doa dan cintamu
Cahaya hidupku
Pelita biduk ke tepian*

*Terkatung gelisah
Gelombang menderai
Belai kasihmu
Tak kunjung kurasakan*

*Doa dan restumu
Harapan abadi
Siang malam rinduku nanti*

Siang malam rindu kunanti”

Dhokter Ati bubar makan siang banjur nemoni dhokter penanggung jawab lan njlentrehake usulan saka dhokter Ranto, kangmase Rini dhewe. Dheweke karo menehke bukti bukti sing dikumpulke dhokter Ranto saka warta internet nek WHO ya wis ngakoni dexametason. Uga azitromisin diusulke kanggo ngatasi infeksi kuman sekunder. Dhokter penanggung jawab nyetujoni kabeh usule dhokter Ranto amarga ana bukti bukti sing maton. Sore iku pengobatan dexametason karo azitromisin wis isa diwiwiti. Plasma konvalesen sesuk esuk diwenehke amarga nunggu kiriman saka RS Dr. Muwardi, Solo.

+++++

Wis telung dina Rini nampa pengobatan dexametason karo antibiotika azitromisin ditambah plasma konvalesen. Gejala lelarane wis suda akeh, ora panas, ora lara tenggorokan nek pas ngulu, ora watuk, ambegane wis meh normal. Isih ana rasa sesek ning mung ringan. Mung kari ngenteni test PCR sepisan maneh. Terakhir wingi wis negatip. Sesuk perlu ditest sepisan maneh. Nek hasile negatip isa mulih isolasi mandhiri nang ngomah. Atine wis ora kewedhen kaya wingi wingi. Rumangsa seneng mangerteni nek kondhisine wis saya pulih. Selak pengin ketemu karo Rangga, priya sing ditresnani. Tresna sing kapisan sing dheweke ngarep arep kanggo sak lawase urip. Bapak ibune Rini, pak Kuntoro karo bu Laila, ya wis ngarep arep supaya Rini enggal mulih. Mung kari ngenteni antara rong dina telung dina maneh.

Rangga lan adhine Ati, rumangsa seneng banget dene kondhisine Rini wis sangsaya apik, kari ngenteni hasil test PCR sing pungkasan. Nek hasile negatip wis isa metu saka rumah sakit. Rangga wis ngimpi impi methuk Rini saka rumah sakit lan ngeterke mulih nang dalem Kumendhaman. Pak Kuntoro lan bu Laila mesthi seneng banget menawa Rini wis diidinke mulih.

Esuk iki mau Rangga nampa ana pesen WA mlebu. Rada kaget amarga ora ngarep arep menawa bakal nampa pesen WA iku. Iya saka Loretta Mariano kanca kuliah nalika ana ing Manila. Loretta tengah wengi mau wis ndharat nang Jakarta nganggo pesawat Philippines Airlines, esuk iki numpak pesawat esuk tumuju Semarang. Dheweke tugas ana sakwijining kantor berita inter-

nasional sing kantore nang Manila. Ana tugas wawancara karo tim peneliti nang UNDHIP lan RSUP Dr. Karyadi, Semarang, prekara penelitian vaksin Nusantara sing lagi rame nang medsos. Pengembangan vaksin Nusantara dipandhegani dening Dr. Terawan Agus Putranto, mantan Menteri Kesehatan, kanthi kerjasama antarane Tim peneliti saka Amerika lan Tim peneliti saka UNDHIP lan RSUP Dr. Karyadi. Loretta Mariano dijanjeni ketemu karo Tim peneliti antara jam sanga esuk, sore jam lima kudu balik nang Jakarta, amarga bengi iku kudu mabur nang Manila maneh. Dheweke kirim WA marang Rangga apa isa ketemu ana Semarang pas istirahat makan siang? Bubar makan siang Loretta isih ana janji karo pimpinan rumah sakit lan pimpinan UNDHIP.

Rangga rada ragu ragu nalika nampa pesen mau, amarga dina iki nek hasil PCR wis metu, Rini kan isa mulih saka rumah sakit. Dheweke pengin banget methuk Rini saka rumah sakit. Nanging nganti esuk iki durung ana kapes-then apa hasile isa metu dina iki. Mula dheweke pengin nang Semarang dina iki. Nemoni Loretta sedhela karo arep ngrembug rencanane anggone arep dhisertasi njupuk pogram dhoktor. Dheweke wanti wanti marang adhine Ati dikon ngawat awati lan siap siap upamane Rini wis isa metu saka rumah sakit dina iki.

“Tiek aku ana acara dadakan nang Semarang, tulung awakmu siap siap methuk Rini nek hasile PCR wis metu ya. Mas Ranto kan juga isa diajak methuk Rini mulih saka rumah sakit mengko.”

“Hasil PCR biasane metune awan mas. Upamane metu dina iki mbokmenawa sore sore nan lagi oleh metu saka rumah sakit.”

“Ya ora apa apa, sing penting ana sing methuk Rini, awakmu karo dbokter Ranto. Ndilalah aku esuk iki mau nampa WA saka Loretta nek dheweke tugas nang Semarang, wawancara tim peneliti vaksin Nusantara, ditugasi sakwijining kantor berita penting nang Manila. Aku nemoni Loretta pas makan siang, karo arep konsul rencanaku dhisertasi kae.”

“Iya mas sing ati ati nang Semarang. Arep nyetir dbewe apa arep numpak bis wae? Nek setir dbewe mbokmenawa liwat Kartasura terus mlebu dalam tol Semarang luwih cepet



Bam Sari -
2022

tinimbang liwat Magelang.”

“Mengko gampang aku ya kudu nang kantor dbisik mrenab mrenabke sing kudu di tindakeke dina iki. Mbokmenawa jam setengah sanga lagi isa budhal. Janjian karo Loretta jam setengah siji awan. Jam loro dbeveke wis ana pertemuan liya.”

“Ati ati ya mas. Ora susah kesusu. Gaweyan ora bakal ana enteke. Kudu isa le ngatur wektu. Apa perlu Rini tak wenehi weruh prekara urusan nang Semarang?”

“Ora susah mengko tak kirim pesen WA nang Rini nek aku ana keperluan dadakan nang Semarang dina iki.”

Rangga sak durunge budhal kantor, enggal enggal nulis pesen WA marang Rini, wose pamitan menawa ana acara dadakan nang Semarang.

“Jeng Rien sayang. Muga muga kondbisimu dina iki tambah apik. Nek hasil PCR wis metu lan negatip, sore sorenan mengko isa metu saka rumah sakit. Nuwun sewu aku esuk iki ana acara dadakan nang Semarang. Mulih Yogya mengko sore, mbokmenawa jam lima sore lagi tekan Yogja. Upama sliramu wis oleh metu dina iki, nek aku nganti kepancal anggonku teka nang Yogya, nuwun sewu sliramu ben dipetbuk Ati karo mas Ranto ya jeng. Aku tekan Yogja tak terus nemoni sliramu nek wis oleh metu saka rumah sakit. Kangmasmu Rangga.”

Rini rada kaget nampa pesene Rangga, ana acara dadakan nang Semarang jarene. Acara apa ya? Pengin takon kok ora kepenak, mundak diarani nlesih. Sesuk sesuk wae nek ketemu Rangga arep nyoba takon.





Bab 15

Vaksin Nusantara



Dina iki upama test PCR wis negatip, Rini kudune wis entuk mulih, diteruske isolasi mandhiri nang ngomah. Rangga wis ngantu antu anggone pengin methuk Rini saka rumah sakit, nanging ndilalah kok dadakan ana acara kudu lunga menyang Semarang. Ana pesen liwat whatsapp aka Loretta Mariano, kanca nang Manila, sing ngandhakke nek dheweke wis ndharat nang bandhara Sukarno Hatta, lan esuk iki kudu terus nang Semarang, ana kawigaten. Maune dheweke ragu ragu arep budhal, nanging bareng dipikir pikir maneh, luwih apik nek budhal nang Semarang. Amarga durung isa dipesthekke menawa Rini isa metu saka rumah sakit dina iki. Karo maneh dheweke pengin njajagi nek mbokmenawa ana lembaga ing Filipina sing ketarik kerjasama penelitian. Ngukur kapasitas inovasi lembaga lembaga publik nang Asia Tenggara, sakjrone ngadhepi pageblug corona, liwat Loretta Mariano.

Loretta Mariano kanca raket rikala kuliah ana Manila. Janjian ketemu pas istirahat makan siang, isa karo rembugan sedhela. Warangka konsep Kapasitas Inovasi Institusi Ngadhepi Pageblug Corona sing wis ditulis nang bahasa Inggris lan dikirimke nang Loretta, dadi nek ketemu mengko ora perlu mbaleni njlentrehake saka wiwitan. Rangga yakin nek Loretta duwe koneksi akeh ing antarane lembaga lembaga akademis nang Filipina. Apa maneh dheweke saiki

makili kantor berita gedhe sing kantore ana Manila. Patemon karo Loretta bakal dadi patemon bisnis, senajan maune karepe mung reuni karo kanca. Ora apa apa, akeh kerjasama bisnis sing diwiwiti saka sesambungan kekancaan. Dudu barang aneh.

Rangga esuk esuk wis budhal kantor, ketemu karo anggota tim e dhisik, Kirana karo Arbani. Briefing sedhela prekara rencana patemon karo Loretta nang Semarang. Kirana nek diperlokke siap ngancani nang Semarang. Nanging prayogane ora susah amarga wiwitane mung patemon reuni karo kanca, dudu patemon bisnis. Jam setengah sanga Rangga wis budhal diterke pak Sarmin, sopir sing wis suwe ngladeni keluarga. Bapak ibune, pak Dewanto lan ibu Reri arang arang metu amarga pageblug Corona, sopir akeh nganggure. Mangkat menyang Semarang liwat Kartasura, terus mlebu dalan tol, wektu tekane Semarang isa di etungke. Mung dalan Yogya Kartasura mbokmenawarada rame. Rangga wis kirim pesen WA marang Loretta nek dheweke arep njujug nang RSUP Dr. Karyadi wae ben ora golek golek, amarga wektune mung sedhela.

Jam setengah rolas wis mlebu kutha Semarang. Loretta lagi isa ditemoni sakwise jam rolas. Jam loro wis ana rapat maneh karo pimpinan Fakultas Kedokteran UNDHIP lan RSUP Dr. Karyadi. Golek alamat rumah makan sing enak lan cedhak kono. Ana pilihan loro, arep rumah makan Padang apa rumah makan ayam goreng. Ben mengko Loretta sing milih. Jane ana rumah makan Jepang sing Rangga seneng, nanging rumah makan Jepang nang Manila luwih otentik. Jam rolas persis Rangga wis nang ruang tunggu RSUP Dr. Karyadi, langsung menahi weruh karo petugas resepsionis nek dheweke ana janji karo tamu saka Manila. Ora suwe Loretta wis metu saka ruang rapat. Gageyan Rangga marani karo nyapa.

“Loretta, kamusta ka na? Long time no see.”

Loretta katon kaget sak nalika, meh wae wong loro arep rangkulan, ora sida amarga kelingan protokol kesehatan.

“Kaya wong ngimpi isa ketemu sliramu Rangga. Piye kabanammu apik apik ta?”

“Aku karo keluwargaku kabeh apik-apik. Pageblug Corona ngrusak sak kabehane Loretta.”

“Filipina karo Indonesia meh padha nasib. Penularan durung isa mandbeg, kematian isih dhuwur. Durung ana tandha tandha nek kedadeyan Covid-19 arep mudhun.”

“Ana wektu sepira sliramu awan iki?”

“Aku ana patemon maneh mengko jam loro. Bubar patemon awan mengko langsung nang bandhara, mabur pesawat jam lima.”

“Oo iya, cepet cepetan wae golek rumah makan nang cedhak cedhak kene. Milih rumah makan Padang apa rumah makan ayam goreng Jawa. Ayam gorenge beda karo Max nang Manila lo.”

“Manut wae endi sing isa cepet. Awake dhewe isa ngobrol kepenak.”

Rangga karo Loretta banjur numpak mobil nuju rumah makan ayam goreng nang dhaerah cedhak rumah sakit kono. Ora patiya rame amarga pembatasan protokol kesehatan, malah isa ngobrol kanthi kepenak. Rangga pesen minuman Saparila, Loretta pesen es degan. Karo ngrahapi dhahar awan, wong loro ngobrol kanthi santai.

“Loretta, winit kapan sliramu gabung nang kantor berita iku? Seneng gaweyane?”

“Udakara wis rong minggu luwih sithik. Kebak tantangan. Golek informasi sing isa dipercaya, terus disiarke, ana sing online ana sing liwat TV. Nalika kerungu prekara vaksin dendritik Nusantara, aku pengin ngerti lan nlesih perkembangane. Teknologine klebu sing paling mutakhir nang babagan pengembangan vaksin. Ning durung ana sing kasil ngembangke produk vaksine.”

“Ngendi wae sing ngembangke vaksin kanthi teknologi anyar iki. Rumangsaku kok kaya teknologine sel punca. Saben wong diproses khusus dinggo ngasilke vaksin sing cocok kanggo awake dhewe.”

“Mungkin China karo Rusia nyoba ngembangke vaksin jenis iki, ning durung ana berita hasile piye. Mula kantorku pengin banget ngerti kemajuan sing digayuh tim Indonesia karo tim Amerika Sarikat.”

“Apa ana hasil sing prospektif saka Indonesia, Loretta?”

“Durung bisa mesthekke, lagi ana tabap siji, uji klinik. Ana sakwetara kriteria proses administratif sing dadi pitakonan. Sapa sing ngetokke ijin kelaiikan etik, surat ijin kanggo antigen lan sak panunggalane. Muga muga cepet ana basile. Awan iki aku pengin nakoni pimpinan rumah sakit, pimpinan Fakultas lan Universitas prekara kebijakan kerjasama penelitian karo pihak saka njaba.”

“Apike kok aku ngenteni awakmu nganti bubar rapat, terus tak terke menyang bandhara pisan. Ora kemrungung. Draft sing tak kirim sempat dimaca Loretta?”

“Unis nanging cepet cepetan. Ada ada sing menarik. Mesthi akeh lembaga penelitian lan fasilitas pelayanan sing pengin berlomba nyoba inovasi produk lan inovasi pelayanan nang Asia. Ning kudu ana persyaratan persyaratan sing kudu dilakoni. Aja nganti malah mung dadi kepanjangan tangan industri sing durung tentu bener carane.”

“Aku ya pengin ngajokke dhisertasi nggo program dboktor, lagi golek universitas nang Thailand, Filipina apa Malaysia.”

“Lho kok ora golek Universitas nang Indonesia sisan? Apa ana hambatan?”

“Persyaratan administratif abot. Kudu penuh wektu paling ora 4 tahun. Aku ora mungkin ninggal gaweyan nganti patang tahun. Aku kudu ngasilke produk sing isa dinggo pengembangan unit kerjaku.”

“Oo ngono ya. Nek awakmu ora kabotan mengko tak takon sakwetara universitas nang Filipina. Mereka juga golek inisiatif sak njabaning kothak utama out of the box innovation.”

“Matur nuwun Loretta. Ora apa apa mangga wae nek arep di wenebke kenalan kenalanmu nang bidhang inovasi lan pengembangan. Isih draft ora perlu kuwatir. Muga muga ana dalan ya.”

“Ngapa kok sliramu pengin banget program dboktor? Apa pengin dadi dbosen lan peneliti? Nek tugasmu pengin nang profesi manager, apa perlu gelar dboktor?”

“Nang kene kabeh kudu ana program pendbidhikan formale. Ora isa diendhani. Aku wis sanggup mandhegani unit Pelayanan Pengembangan Bisnis lan Inovasi. Kudu wani

mlangkab nang donya kanyatan.”

Wong loro ora duwe wektu akeh kanggo ngobrol. Loretta, kudu cepet bali nang RS Karyadi nemoni pimpinan rumah sakit, fakultas lan universitas.

“Terima kasih Rangga, wektumu nemoni aku. Makan siang istimewa. Ayam gorenge beda karo nang Manila. Enak banget ning bedane embub nang endi.”

“Padha padha Loretta, iki tak terke lan tak enteni wae nganti rampung. Mengko tak terke langsung nang bandhara. Aku ana wektu sak jam tak mampir nang nggone budheku cedhak kene.”

Rangga banjur ngeterke Loretta bali nang rumah sakit. Ana pesen WA saka Rini lan Ati ngabarke nek hasile PCR wis ana, negatip. Sore iku Rini wis isa mulih saka rumah sakit. Terus isolasi mandhiri. Rangga mangsuli kanthi kesusu pesen WA.

“Maaf banget iki tamuku isih rapat nganti jam telu. Bubar rapat karo pimpinan rumah sakit lan universitas, langsung tak terke nang bandhara, karo ngrembug kemungkinan kerjasama karo lembagaku. Tulung Ati ngeterke Rini mulih ya. Salam sayang saka Rangga.”

Bubar ngedrop Loretta Rangga mampir nang nggone budhe ne, budhe Ning-sih, mantan Kepala Dhinas lan Mantan Sekretaris Dhewan. Piyayine disiplin lan teliti banget. Le njlimet cocok karo pakulinane Rangga. Mula kerep cocok nek paring pangandikan. Biyasane seneng banget nek disowani. Garwane al-marhum mantan Jaksa Tinggi.

“Wah seneng ana tamu penting iki. Kok ora kabar kabar ta Rangga. Jane rak tak masakke.”

“Sampun budhe, nembe kemavon kaliyan tamu saking Manila, maem siang wonten rumah makan ayam goreng.”

“Kok ana tamu seka Manila barang, ana rencana apa?”

“Piyambakipun saking sak tunggaling kantor berita ageng in Manila. Badhe wawancara kaliyan Tim peneliti vaksin Nusantara wonten griya sakit Karyadi.”

“Oo ngono ta. Lha kono kok nemoni ana gandheng ceneng apa?”

“Menika kanca saka grup rikala wonten Manila tabun kepengker. Sakmenika nyambut damel wonten kantor berita asing. Kula kaliyan pados info kerja sama penelitian kaliyan universitas wonten mrika. Sokur menawi saged kaliyan mendhet program dboktor pindhah mangke.”

“Ya muga muga kasembadan ngger sing kok angen angen. Mung kudu ati ati, aja nabrak nabrak. Nang kene ketentuan administrasi birokrasi ketat banget. Segi proses normatife kadhang abot banget.”

“Njib budhe, mila badhe pados wonten negari sanes rumiyin kemawon. Langkung ringkes.”

“Aku tabu diundang karo pakdbemu almarhum, ujian terbuka wab rebyek banget. Bubar kuwi acara ramah tamah, pesta besar kambing guling. Acara akademis kok kaya wong mantu wae.”

“Njib Budhe, ngestokaken dhawuh.”

Sing dingendikakake budhe Ningsih pancen nyata. Proses dhisertasi pancen ribet normatife. Ana ujian tertutup, ujian terbuka, pesta rame rame. Awang awangen nek mbayangke, muga muga wis ora kaya ngono saiki. Kelingan critane salah sijining dhosen senior, riwayat dhisertasi nang Inggris, wektune kebak nggo riset. Ujian akhir mung nang kamare pembimbinge, karo ana penguji luar siji, guru besar saka universitas liya. Mung sakwetara pitakonan, sak jam wis rampung, professor loro menahi selamat. Rampung kari ngurus publikasi bukune.

Sedhela maneh Rangga nyuwun pamit, methuk Loretta nang rumah sakit Karyadi terus diterke nang bandhara. Loretta crita hasile patemon karo pimpinan. Inisiatif sing menarik banget. Ora perlu miwiti saka pisanan. Mung karo ngembangke fase klinike, antigen ne wis ana sing ngembangke saka Kalifornia. Mung kudu dikuati masalah koordhinasi lan kerjasama antar lembaga wae. Muga muga enggal ana hasile.

“Pesawate jam setengah lima Rangga, apa sempat nang kafetaria sedhela. Pengin ngombe bareng karo sliramu.”

“Ora apa apa Loretta, sedhela wae. Ning aja mbayangke ana San Miguel nang kene. Ana bir Bintang, ning tanpa alcohol. Lumayan.”

Rangga ngeterke Loretta check in dhisik. Bubar iku terus mlebu salah sijine kafetaria. Rangga pesen Bir Bintang karo Saparilla. Wong loro grupyuk ke ngobrol.

“Aku isih kelingan nek ballroom karo njenengan nang Malate kae Rangga. Favoritmu Foxtrot kanthi lagu Raindrops Keep Falling On My Head. Pengin mbaleni jaman semana ya.”

“Wektune mlaku cepet banget. Iya aku kelingan sliramu senenge Waltz kanthi lagu Tennessee Waltz, nganti krenggosan aku. Isih sok ballroom?”

“Arang arang banget saiki ora duwe pasangan. Kudu goleke dance instructor. Beda rasane, Rangga. Kono wis ana pasangan tetap?”

“Pasangan ball room? Dudu. Mung pasangan serius. Nembe wae dadi sukarelawan dhokter nang rumah sakit. Sore iki lagi oleh metu saka rumah sakit amarga mentas dirawat Covid-19.”

“Sapa jenenge Rangga? Beja banget dheweke isa ndhampingi njenengan. Mesthi akeh wanita sing pengin cedhak karo kono. Priya serius, jantan ke impen impenne gadhis gadhis millennial.”

“Ab apa iya, mung jarene medsos kuwi. Rini serius nang bidhang ilmune. Jenenge Rini Kusumadewi, dhokter nembe wae lulus. Mbokmenawa dheweke pengin dadi peneliti apa dhosen.”

“Kapan kapan aku dikenalke ya Rangga, mesthi mibawani sing jenenge Rini iku. Aku oleh ndeleng potone?”

Rangga banjur nuduhke potone Rini saka HPne. Poto sing paling anyar nalika mulih saka Majene Sulawesi kae. Katon praupane lembut ayu. Loretta ora kaget meruhi poto iku.

“Aku apal seleramu Rangga, sing kok kagumi mesthi wanodya sing ayu, anteng mibawani lan pinter. Muga muga tansah lancar ya. Posisimu sak iki kepiye Rangga?”

“Lagi sakwetara minggu iki dipasrabi unit anyar, kanggo Pelayanan Pengembangan

Bisnis & Inovasi. Isih winitan durung isa gedben.”

“Ora apa apa, isa kerjasama karo lembaga sejenis sing wis ana. Aku njaluk flyer mu nek mbokmenawa ana kanca sing nduweni krenteg kerja sama.”

Dumadakan HP ne muni, ana tilpun video saka Rini. Rangga kaget banget ning ora suwala nolak. Tilpun video ditampa. Rini praupane isih katon pucet. Nanging eseme sumringah amarga seneng wis isa metu saka rumah sakit.

“Mas Rangga sayang. Kangen banget aku. Iki isih nang endi. Jane tak arep arep nang ngomah nek wis teka Yogja. Iki aku lagi wae diterke Atiek mulih.”

“Jeng Rini, aku isih ana bandhara Achmad Yani, Semarang, ngeterke tamu. Loretta Mariano saka Manila. Wis arep mabur nang Jakarta.”

“Ya ati ati ya kangmas. Tak enteni ya.”

Loretta enggal enggal pamitan arep mlebu nang anjungan. Mbokmenawa ngerti menawa Rangga ditelpon dening pacangane Rini. Kanthi canthas dheweke anggone pamit.

“Rangga aku enggal enggal pamit ya. Ning janji ketemu nang Manila. Rini kok jak. Aku ya tak golek pasangan sing isa ball room. Awake dhewe ballroom sak bosene .”

“Muga muga ketemu nang wanci sing luwih kepenak tanpa Corona, Loretta.”

“Merga Corona aku ora isa ngrangkul sliramu Rangga. Mbesuk maneh neh wis ora ana Covid ya. Salam nggo Rini.”

“Ati ati Loretta, awake dhewe dadi sedulur sak teruse.”

Alon alon pak Sarmin anggone nyopiri mobil. Angler mobil Mercy sing bisane diagem nderekke pak Dhewanto karo ibu Reri. Mobil alon alon metu dalan tol. Langite resik semburat abang saka kulon. Swasana katon tentrem lan seneng, ananging suwalike kebak kasusahan amarga pageblug Covid-19. Setengah ngantuk Rangga ngrungokke musik ringan saka *tape mobile*.

Adoh nang Kumendhaman, Yogja, Rini wis mulih terus ndhuwel nang kamar wae amarga isolasi mandhiri. Kangen karo priya sing jenenge Rangga, ya pacangane sing lagi lunga nang Semarang. Lamat lamat dheweke

krungu ana jeneng Loretta disebut. Pengin krungu critane sing luwih lengkap, sapa Loretta iku. Atine mikir, jenjem, sapa ya Loretta iku?





Bab 16
Histeris



Rangga mlebu tlatah Yogja wis ngancik wengi, meh jam wolu bengi. Rada cepet amarga metu dalan tol, saka Semarang tekan Kartasura. Saka Kartasura menyang Yogja, lalu lintas rada sepi ora rame kaya biyasane. Ndungkap mlebu Klathen ana tilpon mlebu saka adhine Ati, nggawa warta sing gawe kaget.

“Mas Rangga, iki wis tekan ngendi? Apike kok langsung nang Kumendhaman wae. Aku mentas ditilpon mas Ranto, jare Rini ora pati apik kahanane, ora stabil.”

“Ora stabil piye ta kok gawe kaget. Mau sore mentas wae tilpun aku ora ana apa apa ki.”

“Embuh ya mas, mas Ranto sing menehi weruh aku. Rini jare sambat sesek karo wetenge lara, mules nganti ngoling oling.”

“Aku wis tekan Klathen, karepku nek awakmu rana dhisik wae piye? Iki aku ya terus langsung rana. Matura bapak ibu, ben dipethuk karo Ranto. Aku nek rana dheve ora kepenak.”

Rangga cepet cepet tilpun Ranto nggenahke kahanane Rini. Ranto sajake ya rada bingung nang tilpon. Rini durung tau nandhang lelara sing serius, kok sepisan iki kaya ora kuwawa nglakoni.

“Mas Ranto, Rini kena apa? Aku dikabari Ati iki mau. Iki lagi tekan Klathen.”

“Oo iya aku nembe tilpun Ati. Rini kok sambat sesek karo wetenge lara. Wis meh sak jam durung ana sudane. Wis tak wenehi obat obatan sing biyasane kanggo kram weteng. Nanging durung ana sudane.”

“Ngene wae mas, tulung cepet cepetan njenengan methuk Atiek. Aja ngenteni aku. Aku mengko ya langsung nang Kumendhaman. Ning nek Atiek wis nang kono luwih gampang. Dbeweke kan wis kulina banget karo Rini.”

Tanpa ngulur wektu, Ranto enggal pamitan bapak ibune, menawa arep methuk Ati dhisik. Pak Kuntoro karo bu Laila, katon anggone bingung nunggoni putrine sing lagi wae mulih saka rumah sakit amarga Covid-19, kok iki sambat kelaran wetenge nang ngomah. Kabeh wis dicoba, obat obatan lan diseka panas nanging durung ana sudane. Ngarep arep muga muga Ranto isa methuk Ati. Bu Laila ngertine, Rangga lagi nang luar kota. Let sedhela Ati wis teka, langsung mlebu nang kamare Rini.

“Ana apa Rien awakmu, sore mau ora ana apa apa kok dadakan kaya ngene?”

“Embuh ya Tiek, dadakan surup iki mau kok aku krasa dbeg dbegan banget nganti sesek, karo wetengku lara banget. Mas Rangga apa durung mulih ta?” Rini mangsuli Ati karo mingsek mingsek kelaran.”

“Mau wis tekan Klathen pas tak tilpon, mesthine sedhela maneh wis tekan. Apa diombeni sing anget wae ya Rien?”

“Wis ngombe iku Tiek. Tak ngenteni masmu Rangga wae ya.” Dhokter Ranto banjur melu takon, apa obate mau wis diombe kabeh.

“Obate mau wis kok ombe kabeh ya Rien. Dienteni pengaruhi sedhela mengko rak suda.”

Let sedhela Rangga teka kanthi kesusu. Ngaturi salam kanggo pak Kuntoro lan ibu Laila.

“Kae adhimu kok dadakan sambat lara wetenge karo sesek. Arep tak terke nang rumah sakit samar nek ketularan Covid-19 maneh.”

“Njih bapak ibu, mangke pun srantos rumiyin kemawon.”

Rangga banjur pamitan pengin niliki Rini nang kamar. Wis ana Ati karo Ran-

to nang njero kamar nunggu Rini sing isih mingsek mingsek kelaran. Rangga nyekel tangane Rini karo ngundang alusJeng Rien. Sak nalika Rini gumrengah tangi terus nggegeng tangane Rangga kenceng banget, sambate karo nangis.

“Mas Rangga kok suwi temen tak enteni. Wedi rasane kaya dhenekan kae.”

Rini ngrangkul Rangga, lali protokol kesehatan. Rangga isane ya mung ngerih erih supaya Rini tenang, ora susah mikir warna warna. Kabeh apik ora ana apa apa. Embuh ngapa, kok Rangga banjur nakokke kalunge jade nang endi. Rini ngacungke tangane nek kalunge disimpen nang laci. Kalunge banjur dijupuk lan dipasangeke. Karo njaluk teh anget.

“Wis lerem dbisik Rien, aku tak nang kamar mandhi dbisik ya, arep adus. Ora enak awak pliket kabeh.”

“Mbok bengi iki nyare kene wae mas, sisan karo Atiek. Aku rumangsa wedi tenan.”

“Ya Rien, ben Atiek mulih dbisik pamit bapak ibu karo njupuk salin ya. Atiek, upama kono mulih sedhela njupuk salin karo nyuwun pamit bapak ibu ya. Nunggu Rini bengi iki.”

Ati ora suwala, dheweke ngerti banget kahanane Rini. Durung tau lara dadakan kaya ngono. Mula dheweke nyanggupi bengi iku nunggoni Rini. Mulih diterke Ranto. Njupuk saline dheweke uga saline Rangga. Bubar adus Rangga bali nang ruang tengah. Bu Laila ngendika jare panjaluke Rini dheweke kudu nunggoni wengi iki wae. Sing penting Rini isa tenang lan bali sehat maneh. Rini isih unkep unkep nang tempat tidhur. Banjur diurut alon alon wetise lan munggah nang gegere. Kayane Rini krasa kepenak diurut wetise. Wis ora gereng gereng maneh. Tangane nggegeng tangane Rangga kenceng. Banjur mbalik mlumah njaluk dirangkul.

“Mas aku wedi, kangen banget karo njenengan, aja kok tinggal ya. Njenengan nang Semarang kok suwe banget.”

“Awake dhewe bareng terus Jeng. Sareh wae istirahat...Ora usah mikir warna warna.”

Ati karo Ranto wis teka. Langsung mlebu kamare Rini. Rini isih kesilep nang rangkulane Rangga. Banjur alon alon ngeculke anggone ngrangkul Rangga.

“Matur nuwun ya mas Rangga karo Atiek, gelem ngancani aku wengi iki. Ora ana kono aku mbokmenawa ora bakal isa leren sewengi nutug.”

“Ora apa apa Rien, aku karo mas Rangga bengi iki ngancani kono. Ora susah kakeban mikir ndak malah dadi penyakit, wong lagi wae mari saka Covid-19.”

Rangga banjur metu nemoni pak Sarmin, menahi weruh supaya mulih dhisik nang Langenastran, ora susah ditunggu. Supaya matur bapak ibune, pak Dhewanto karo bu Reri, menawa dheweke apik apik wae. Wengi iki ora isa mulih amarga ngancani dhokter Rini, bareng karo adhine Ati. Rangga banjur nemoni pak Kuntoro karo bu Laila nang ruang tengah, mratelakake menawa Rini wis pulih kahanane. Durung satus persen pulih, ning wis ora sambat sesek karo mules. Wis isa turu sedhela. Bu Laila durung tau mrangguli Rini tau nandhang lelara sing serius. Dheweke nggraita mbokmenawa Rini lagi nandhang pikiran sing abot. Ing atase psikolog mesthi curiga ana masalah sing lagi diadhepi putrine.

“Matur nuwun mas Rangga, adhimu Rini gawe repotmu. Aku nggulawentah dheweke wiwit cilik, durung tau nyipati dheweke lara kaya ngono. Apa lagi ana masalah ta mas?”

“Mboten wonten prekawis punapa punapa Bapak Ibu, mangke badhe kula takeni mbaka sekedhik ibu.”

“Tya mas Rangga, pasrah karo sliramu wae. Rini ketoke gumantung banget karo sliramu wektu iki. Paling ora saka babagan psikologi. Pengin kok kancani terus.”

“Kasinggihan bapak ibu, kula ngestokaken dhawuh.”

“Rama ibumu sehat sehat ta mas Rangga. Suwe aku sakloron ora ketemu. Bijen sok kerep ketemu nek ana acara pertemuan trah HB II.”

Rangga balik maneh niliki Rini nang kamare. Ati adhine wis keturon nang bed sijine. Dene Rini isih durung turu pules. Rangga banjur lungguh nang sisihe tempat tidur, karo wiwit ngelus elus wetise Rini. Ora suwe Rini wis pules anggone turu. Wis ora sambat sesek apa mules. Ranto isih lungguhan nang ruang tengah. Rangga pamitan nek arep mapan turu dhisik. Mlebu nang kamar sebelah.

+++++

Ati esuk esuk wis tangi. Bubar shalat subuh dheweke lungguhan nang ruang tengah ngenteni nganti Rini lan kangmase Rangga padha tangi. Bapak ibu Kuntoro uga durung wungu. Lagi arep njupuk banyu anget kaya adat sabene, dheweke kaget mrangguli Ranto wis tangi. Takon sak kecekele.

“Mengko tugas nang rumah sakit endi mas? Lagi usum Covid-19 ngene apa pasien bedhabe ya tetep akeh?”

“Dina iki aku tugas jaga nganti bengi. Ora nang luar kota. Ning ya padha wae le stress. Pasiene ora akeh ning le kudu nganggo pakaian APD kuwi lo, rasane ora kepenak banget. Jam jaman ngampet turas lan sumuk banget.”

“Iya mas, Rini mau bengi turu pules banget. Nek ngilir mung bola bali undang undang...Mas mas. Embub mas sapa sing dikarepke, njenengan apa mas Rangga.”

“Sajake kok mas Rangga, dheweke ora tau sambat karo aku kok.”

“Ya ora sab nunggu disambati ta. Sing proaktif aja mung reaktif nunggu.”

Ati setengah nyemoni Ranto. Ning Ranto ora mudheng. Istilah proaktif, reaktif kuwi karepe apa. Wegah le arep mikir ndak malah bingung. Dadi dhokter bedhah pancen biyasane sikape ngono. Masalaha apa, isa dibedhah ora. Nek isa ditandangi, nek ora isa dirujuk nang spesialis liya. Sedhela maneh Rini karo Rangga wis tangi. Kumpul nang ruang tengah sedhela karo ngombe teh sing diladekke dening bibik asisten rumah tangga. Rangga wiwit nakoni Rini.

“Wis kepenak ta jeng Rien, ora sesek maneh lan ora mules wetenge?”

“Wis kepenak mas, mung isih lemes. Aku isih libur iki. Isolasi mandhiri rong minggu.”

“Esuk iki aku karo Atiek, tak mulih dhisik ya ndak di arep arep bapak ibu. Mengko lagi mangkat kantor.”

“Iya mas sore aja lali mampir rene dhisik ya. Aku pengin kok sambangi saben dina sak lawase isolasi iki. Ora tahan nek ora ketemu njenengan sedina wae mas.”

“Ora apa apa, aku mangkat mulih kantor tak mampir rene. Atiek ya bareng karo

aku, mangkat mulih, ben isa nemoni sliramu. Nek ngono aku tak terus nyuwun pamit dhisik ya.”

Rangga karo adhine, dhokter Ati banjur enggal enggal pamitan mulih. Isih jam setengah enem esuk. Bapak ibune mesthi wis wungu. Ndak dadi pitakonon bapak ibune nek ora mulih dhisik. Mesthi pengen ngerti critane ana apa Rini. Rangga karo Ati banjur nyuwun pamit karo pak Kuntoro lan ibu Laila. Bapak ibu Kuntoro ngendikakake rasa panuwune dene Rangga karo Ati gelem ngancani Rini wengi iku. Muga muga wis ora bali maneh penyakite, ndak ngrepoti Rangga karo Ati.

“Mugi mugi sampun mboten kimat malih bapak ibu. Sinaosa mekaten kula tansab siap pun timbale menawi Rini wonten rubeda punapa kemawon.”
“Ya salam taklimku kagem rama ibumu ya, pak Dhewanto lan ibu Reri”

Nalika dipamiti Rangga, Rini bisik bisik karo ngrangkul kenceng.

“Mas aku pengen krungu critane Loretta. Sapa Loretta kuwi? Tenan iki lo, aku pengen ngerti tenan.”





Bab 17

Status Tenaga Medhis



Esuk iku Rangga budhal kantor karo ngeterke adhine dhisik nang RSA UGM. Mengko sore diampiri maneh karo mulih. Ana wektu omong omong karo Ati. Nek nang ngomah biyasane wis repot nang kamare dhewe dhewe. Sore iki janji arep niliki Rini nang Kumendhaman. Mbok menawa mulih dhisik ben isa resik resik awak, lagi niliki Rini. Karepe Rangga, Ati arep dijak sisan ben ngancani dheweke. Embuh ngapa kok pengin dikancani adhine. Rasane kikuk menawa Rini lagi kangen banjur lengket banget karo dheweke. Mengko nek wis swasanane kepenak pengin ngomongi Rini. Aja banget banget anggone ngruket dheweke nek nang ngarepe liyan. Jane ya seneng dirangkul wanodya ayu tur pinter kaya Rini. Ning ya krasa ewuh nek disawang Ati adhine, dalah bapak ibu lan kangmase Rini.

Miwiti acara dina iku, Rangga nganakke rapat karo staf telu telune. Ora ana masalah sing serius. Mung Kirana ngandhakke nek pas Rangga nang Semarang, pak Mashudi, Wakil Rektor nggoleki dheweke. Ana apike tilpon pak Mashudi nek mbokmenawa ana prekara sing wigati. Bubar briefing, Rangga tilpun pak Mashudi, ngabarake prekara lungane nang Semarang. Pak Mashudi njaluk dheweke mara nang kamare. Rangga lapor nek wis mulai nyebar brosur karo warangka konsep penelitiane nang kanca saka Manila, Loretta. Duwe sesambungan akeh karo lembaga lembaga akademis nang kana. Muga muga wae ana warta potitip saka Manila. Dheweke uga lapor menawa wis

nyebar brosure nang Malaysia lan Thailand. Lembaga lembaga nang negara negara kuwi aktif banget kaya kaya makili negara berkembang nang donya global.

Pak Mashudi menehi weruh menawa rapat pimpinan, gedhe cilike ora ana keberatan usulane Rangga nek arep njupuk program dhoktor. Resmine kudu ngenteni palilahe senat. Ewasemana Rangga wis isa wiwit konsultasi karo golek universitas sing disenengi. Kudu golek info tata cara lan syarat saka universitas nang Indonesia apa luar negeri sing arep dituju, klebu kebutuhan beayane.

Kirana ngelingake menawa sak jam engkas ana patemon karo Tim saka RSUP Dr. Sardjito sing dipimpin dening Dr. Herman. Kirana njaluk wektu nggongrembug apa wae sing kudu dilaporke nang rapat mengko. Rapate mengko nang endi, takone Rangga. Ana apike nek rapat uga nang Rumah Sakit, ben ganti swasana. Rapat koordhinasi biasa dudu rapat evaluasi proyek. Kirana banjur tilpun dhokter Herman dhisik, rembugan sepisan maneh prekara arep ketemu nang endi. Jare dhokter Herman luwih seneng ketemu nang kantore Rangga wae, nang Unit Pelayanan Pengembangan Bisnis & Inovasi. Nang rumah sakit le mlebu wae susah amarga protokol kesehatan. Rangga kirim pesen WA marang Rini sakdurance rapat, ben dheweke ora tansah mikir.

“Jeng Rini sing tresna. Muga muga kabanamu tansah apik apik wae. Aku wis mulai sibuk nang kantor iki. Lagi arep rapat karo Tim saka Rumah Sakit Pendhidhikan, antarane Tim ku karo Tim e dhokter Herman. Mbak Kirana sing mandbegani persiapan rapat. Lagi arep rembugan karo dheweke. Salam sayang, Rangga.”

Ora suwe Dr. Herman wis teka karo tim e lengkap. Patemon nang ruang rapat ing lantai loro. Kirana sing makili saka Unit PPBI. Rapat acarane ngrembug dhata dinggo laporan sakjroning ne sasi iki, ana kemajuan lan hasil apa wae. Kirana gawane serius. Ora akeh omong nanging tansah canthas. Rangga seneng banget duwe kanca kaya dheweke, ora perlu saben dina kudu aweh prentah. Kirana banjur ngudharake siji siji dhata sing ana, lan tegese apa. Dheweke ngusulke lan njaluk pertimbangan rapat dhata endi sing kudu dilebokke nang laporan, lan endi sing ora perlu dilebokke. Pancen dhata sing

dikumpulke kepara akeh banget. Ora bisa kabeh dilebokke nang laporan. Ya mung tetep dhata kuwi disimpen mbokmenawa ing tembe mburi isih diperlokke. Data kemajuan proyek sing diajokke dening Kirana pancen gamblang. Cetha ora ana sing gawe bingung. Bubar rapat isih isa omong omong. Herman ngudharake pepenginane ben isa tansah kosultasi karo Kirana

“Mbak Kirana elok tenan. Nguwasani informasi kanthi rinci banget. Upama kapan kapan Tim RS Pendhidhikan pengin lumih mangerteni, mesthine isa ngundang dbeweke nggo diskusi ya?”

“Mangga sing penting ana koordhinasi, ben isa padha le ndbukung. Unit iki isih anyar, sak bisa bisa nerapke prinsip tata kelola sing apik lan keterbukaan mas Herman. Aku seneng nek isa terus padha padha anggone mbantu. Cita cita ku, kegiatan unit iki uga isa tampil nang skala regional utawa global mengkone. Kudu akeh mbangun kerjasama lan kemitraan.”

Kirana rumangsa seneng diajani dening dhokter Herman lan tim e. Dheweke ngerti banget tatacara SOP sing kudu dituruti. Organisasi isa ngrembaka dadi gedhe menawa isa matrapke tata kelola sing apik lan keterbukaan. Mesthi bakal entuk kepercayaan saka mitra. Salah sijiningkekurangan lembaga lembaga akademis nang Indhonesia umume, ana aturan resmi sing kenceng, nanging akeh staf sing mlaku dhewe dhewe. Apa maneh prekara kegiatan samben nang njaba. Rapat ora nglantur nganti jam jaman. Mung sak jam kabeh wis isa disarujuki. Laporan enggal disiyapke dening Rangga karo Tim e. Dhokter Herman sakdurunge mulih isih takon ngabarake Rini.

“Aku krungu jare dhokter Rini nembe wae dirawat amarga Corona iya? Sokur nek wis mari, kudu ketat anggone isolasi mandhiri. Nang kutha Yogya kota, kasus positif wis wiwit medhun. Ning nang tlatah Sleman, penularan isih saya ndadra iki.”

“Iya mas Herman, dbeweke lagi isolasi mandhiri minggu iki, durung isa mlebu kerja. Angkabe minggu ngarep wiwit aktif kerja.”

“Mbak Kirana, aku isa entuk no WA mu mbokmenawa mengko ana pitakonan prekara dhata kuwi mau?”

“Njib mas tak kirim mengko njib. Muga muga lancar sak kabehane.”



+++++

Dhokter Ranto awan iku istirahat makan siang nang ngomah. Dheweke pengen ngendangi adhine sing lagi nglakoni isolasi mandhiri. Rini wis krasa kepenak awake, mung isih rada lemes karo ora kepenak wetenge. Nang kamar karo maca maca lan mbukak internet nggoleki info prekara tugas dhokter sing durung tetep, apa wektu sing dilakoni isa dilebokke kanggo syarat sekolah maneh, pendhidhikan spesialis. Nek ora ya bakal kelangan wektu akeh sak jroning nglakoni dadi tenaga durung tetep mau. Dheweke seneng nalika nampa pesen saka Rangga ngabarke kahanane. Senajan wis ora patiya mikir prekara Loretta, kancane Rangga sing ditemoni nang Semarang. Dheweke isih pengen ngerti sapa ta Loretta iku lan sesambungane karo Rangga nganti sepira.

“Awakmu wis kepenak Rien? Aja telat le maem awan mundhak kumat maneh anggonmu sesek karo mules.” Ranto nyoba ngandhani adhine.

“Wis kepenak mung isih rada lemes. Kok kadingaren awan mulih, apa pasiene ora antre?”

“Dina iki ora rame kaya biasane. Mau ana operasi siji, mengko awan ana siji maneh. Bubar iku mung visite nang bangsal.”

“Aku karo Atiek pengen takon werna werna karo njenengan mas. Prekara jalur pendhidhikan sak uwise dadi petugas dhokter ora tetep iki. Apa wektu kerja ora tetep iki isa dinggo syarat pendhidhikan spesialisasi ya?”

“Apike kok ditakokke nang pusat pendhidhikane wae. Upama isa, mengko kudu ana katrangan resmi nek wis nglakoni tugas layanan medhis ana rumah sakit.”

“Mengko sore mbokmenawa Atiek ya rene karo mas Rangga, Nek isa mbok mas Ranto isa melu rembugan. Atiek karo aku pengen takon takon sak bubare ngayahi tugas tenaga medhis tidhak tetap ki enake ngapa. Aku karo Atiek kan ya kudu mikir tembe ngarep mas.”

“Iya lah aja lali uga matur bapak ibu, mbokmenawa kagungan pepenginan lan gagasan sing cocok kanggo awakmu.”

“Iya mas, wis pirang pirang minggu ibu lan bapak ya rada terganggu kegiyatane. Mbok-menawa ya ana bosene barang wong biasane aktif nang gaweyan wimit esuk nganti sore.”

“Kabeh wong terganggu kebiasaan rutin amarga pageblug iki. Sajake ora bisa bali kaya wingi wingi sak durunge pageblug. Ana tatacara urip anyar sing kudu dituruti. Embuh mengkone kaya ngapa.”

“Sesambunganmu karo Rangga, kan ya lancar lancar wae ta? Ora ana rubeda apa apa. Bapak ibu wis kok aturi weruh, aja nganti gawe beban penggalibe amarga ana masalah antarane kono karo Rangga.”

“Babarpisan ora ana masalah rumangsaku karo mas Rangga. Kabeh isa di jlentrehke kanthi blak blakan. Aku pengin mikir jalur karier ku nang tembe ngarep, saengga isa ngatur wektu agendha pribadi liyane.”

“Bab sesambunganmu karo Rangga, arep ngenteni apa maneh wong wis padha mantep. Ben endang dirembug wong tuwa.”

“Aku seneng nek isa paseduluran terus karo Atiek, wonge grapyak sumanak lan mitayani...”

Ranto rada njegreg krungu guneme adhine, dhokter Rini. Dheweke kaya dielingke nek nganti wektu iki ora tau mikir sesambungan karo wanita. Ora ana wanita nang ati lan pikirane. Karo Ati senajan wis ngerti suwe, ya ora tau kepikiran arep kenal luwih cedhak. Anane mung mikir gaweyan esuk tekan bengi. Pengin mulai mikir agenda pribadhine, urip pribadhine. Pancen ngakoni nek dheweke ora duwe kanca raket akeh. Luwih seneng mikir gaweyane, profesine. Sak njabane gaweyan profesi, prasasat ora ana wektu nggo mikir hobi barang.

+++++

Sore iku Rangga mulih rada gasik, terus ngampiri adhine, dhokter Ati nang RSA UGM. Rencana mengko bubar magrib arep niliki Rini nang Kumendhaman. Tekan ngomah langsung adus lan nemoni bapak ibune sing lagi padha lenggahan nang ngarepan. Ati uga wis ngumpul nang kono luwih dhisik. Rangga ngundang Yu Yem njaluk digawekke wedang anget jahe wangi. Pak

Dhewanto karo bu Reri wis dadi acara rutin menawa sore mesthi lenggahan nang pendhapa ngarep, sinambi ngunjuk teh anget karo gedhang goreng. Biasane sok pak Djo karo Yu Yem tansah cedhak nang kono ngrungokke critane pak Dhewanto. Dhasare pak Dhewanto pancen seneng crita, adat sabene mesthi ana pegawai sing ngrongokke critane. Pas pageblug iki kok sepi amarga pegawai padha prei, dadine ya pak Djo karo Yu Yem sing kajibah ngrungokke.

“Kok kadingaren mulih gasik, ora ana apa apa ta Rangga?”

“Ora ana apa apa, mengko bubar maghrib arep niliki Rini sedhela. Dheweke isih isolasi mandhiri. Atiek tak jak mrana sisan.” Bu Reri nggenahke larah laraha kok Rini jare wingine dadakan lara ki kena ngapa.

“Rini rak wis apik ta kondhisine? Wingi kok nganti kena serangan sesek, apa ana kahanan sing mutawatiri Tiek?” Atiek nyoba njlentrehke marang ibune kahanane Rini, apa anane.

“Aku ya wedi bu pas niliki dheweke sepisanan. Katon banget anggone kelaran. Nanging bareng mas Rangga teka, banjur ngruket dheweke kenceng banget, terus kok gejalane ilang mbaka sethithik.”

“Ya muga muga wis pulih saiki kabanane Rini, mesakke Tiek.”

“Pas aku kena Corona kae ya nang ati kerasa wedi banget bu. Mbokmenawa Rini ya campur campur psikise, amarga bubar kena Covid-19 karo goreng pikirane. Aku karo dheweke kerep rasanan, statuse dadi tenaga medhis durung tetep ki piye. Apa isa di etung dinggo syarat nek arep njupuk pendhidhikan spesialis.”

“Ya mbok goleke goleke info sing isa diandelke. Ya apik apik wae sib ngayahi tugas layanan medhis. Ning ya kudu jelas statuse mengko.”

“Injib bu iki wis meh setaun dadi tenaga ora tetep nang rumah sakit, mosok ora diakoni nggo riwayat profesi. Tak lebokeke nang riwayat hidhup mengko.”

Pak Dhewanto sing maune kendel wae banjur nrambul nakokke prekara vaksinasi.

“Nang internet ki wis rame prekara vaksinasi kanggo kelompok manula, piye carane nek arep melu vaksinasi ya. Tulung golekena info Tiek.”

“Injih pak, mengko tak dbaftarke liwat internet, soale Yogja wis diwiti vaksinasi kanggo kelompok usia lanjut.”

“Mengko jare arep dba miliki Rini, ning kan ora nginep kaya wingi kae ta? Bapakmu karo ibumu sewengi mung senak senik, gek gek ana apa kok nganti kudu ditunggu sewengi muput. Ning saiki Kabanane Rini wis apik Tiek?”

“Pas ditinggal mau esuk sib wis apik bapak. Mung isih rada lemes wae, ning seseke karo kramp weteng wis ilang.”

“Bener kandhamu mau Atiek, bubar nandhang Corona, mbokmenawa durung normal swasana psikise. Menawa ketambahan beban pikiran dadi abot. Mengko nek sempat ya di rembug piye mengko sakanjure nek wis rampung anggonmu kerja tidhak tetap iku.”

“Injih pak, ana mas Ranto barang mesthine ya isa menehi weruh.”

Bubar maghrib Rangga karo Atiek, alon alon budhal nang Kumendhaman, niliki Rini. Rencana ora arep suwe suwe nang kana. Ati karo Rini mbokmenawa pengin ngudhar prekara status tugas medhis ora tetep. Wis meh setaun Ati karo Rini ngayahi tugas kamanungsan dadi tenaga medhis prasasat sukarela. Mung jare Rini ya pengin ngerti prekara Loretta Mariano sing ditemoni nang Semarang. Ora perlu digagas, wong dheweke ora ana sesambungan istimewa karo Loretta, ning piye le arep nerangke ben Rini isa percaya ya? Gampang diadhepi wae kanthi tatag wong ora ana sing diumpetake. Nalika arep budhal, ndilalah kok ana pesen WA saka anggota Tim e nang kantor, Kirana. Isine cekak aos.

“Mas Rangga, aku nembe wae di WA karo dbokter Herman, nek sesuk awan pengin ketemu aku pas istirahat awan. Nyuwun palilabmu ya mas”

Rangga rada kaget nampa pesen mau, diwangsulni kanthi ringkes.

“Nak acara pribadi ya ora perlu idin ta dbik. Ya mung nek ngrembug proyek institusi aku diwenehi weruh basile. Ati ati ya dbik.”





Bab 18
Rasa Mantep



Bubar maghrib Rangga karo Ati pamitan karo bapak ibune menawa arep lunga menyang Kumendhaman niliki Rini. Rangga anggone nyopir alon alon, liwat Alun Alun Kidul, metu Plengkung Gadhing terus nyabrang prapatan, ngliwati pasar Gadhing. Jaman cilikane ndisik sok kerep ndherek ibune blanja nang pasar, ben dipundhutke jajan pasar. Sing diapali ana bakul daging asmane bu Tjip, lengganane ibune. Nek tuku daging ndadak nganggo ngobrol ngalor ngidul, nganti kesel le ngenteni. Nalika Rangga arep budhal tugas belajar nang Manila, bu Reri anggone crita nang bu Tjip nganti gapyuk. Rangga nek kelingan mung pengin ngguyu dhewe. Bapake, pak Dhewanto ya kerep gremengan nek diajak ngancani blanja nang pasar Gadhing, mesthi mandheg suwe nang kios dhaging bu Tjip. Sajake ibu ibu ki padha seneng nang pasar tradisional soale isa karo curhat, apa wae isa dadi bahan.

Tekan omahe Rini, dipethukke karo kangmase Rini, dhokter Ranto sing kebeneran lagi ora jaga. Biyasane akeh nang rumah sakit amarga operasi. Rini isih ana kamar. Rangga karo Ati, enggal enggal ngaturi salam pak Kuntoro karo bu Laila. Karo ngenteni Rini, Rangga karo Ati wawan rembug dhisik karo pak Kuntoro lan bu Laila.

“Bapak ibu menapa sampun vaksinasi njib? Wonten pundhi?”

“Wis melu rombongan dhosen nang Graha Sabha Pramana, seminggu kepungkur. Isih

kudu sepisan maneh mengko wulan ngarep.”

“Mboten wonten gejala menapa menapa ta bu? Kok taksih kathah usia lanjut ingkang tansah tida tida menika.”

“Mbokmenawa ya ngono mbak Atiek, ning kemungkinan liya ya ora mudheng anggone arep ndaftarke. Jarene kudu liwat internet.”

“Injib bapak ibu, nembe kula dbaftaraken wonten Sleman. Tigang dinten malih nembe pun vaksinasi.”

Rangga karo Ati banjur pamitan arep nemoni Rini. Ranto ngancani Rangga karo Ati nang ruang samping, ngenteni Rini. Ora let suwe Rini metu saka kamar. Nganggo pakeyan wengi werna abu abu lembut. Raine isih katon rada pucet, kasaput wedhak tipis, katon praupan sing ayu lembut. Esem ngujiwat saka lambe sing endah marahi atine Rangga krasa sir siran. Untu putih miji timun katon kaya rinonce ngancani esem sing kebak katresnan. Sorot mripate nrawang lembut ndeleng priya sing cedhak ana atine.

“Rasane suwe banget ngenteni tekamu mas Rangga karo Atiek, nganti tak slamur maca maca buku iki mau. Muga muga awake dheve kabeh wengi iki entuk paedah sing akeh kanggo tembe ngarep, senajan mung ketemu sedbela.”

“Iya Rien, aku karo mas Rangga jane sore mau arep mampir kene sisan saka kantor. Nanging tak pikir kok malah kepenak nek mulih dbisik, isa resik resik awak karo leren sedbela nang ngomah.”

Rini miwiti anggone caturan kanthi sareh. Rumangsa seneng lan ayem weruh priya sing ditresnani wis sida teka nang ngerepe. Tanpa wigah wigih dheweke ngrangkul Rangga karo ngarasi kanthi lembut kekasih sing dikangeni mau. Rangga katon anggone kikuk dirangkul kenceng karo diarasi Rini nang ngarepe adhine, Ati karo kangmase Rini, Ranto. Ananging ora bisa suwala amarga nang njero atine dheweke ya rumangsa seneng dirangkul dening Rini. Ranto isane ya mung nyawang kamitenggengen meruhi adhine kok wis raket banget karo Rangga. Rangga ngelingke Rini menawa kudu jaga jarak, manut protokol kesehatan.

“Jeng Rien, sabar ya kudu jaga jarak lho awake dhewe. Aja kelalen le nuruti protokol kesehatan, sliramu kan dhokter. Tur ya mesakke mas Ranto karo Atiek le nonton, isa marahi pengin mengko.” Atiek nyoba nylamur ben gawe swasana ora kikuk kanggone Rangga.

“Iya Rien jare awake dhewe arep konsultasi karo mas Ranto lan mas Rangga kanggo kariere awake dhewe sakbubare tugas dadi sukarelawan medhis mengko.”

“Iya Tiek, aku ya pengin ngrembug prekara kuwi karo mas Rangga lan mas Ranto. Ning aku pengin ngilangke rasa ngganjel nang atiku karo mas Rangga luwih dhisik.”

“Karepmu kepriye Rien, terus terang wae ben ora dadi pikiran. Mumpung ana mas Rangga karo mas Ranto iki.”

“Waleh waleh apa aku kebak pitakonan karo kangmasmu, sapa sejatine Loretta kuwi. Kok nganti mas Rangga gageyan nemoni tekan Semarang tanpa kandha kandha.”

“Oo ngono ta Rien, ya mangga dirembug dhewe karo mas Rangga. Apa kudu ana aku karo mas Ranto? Iki kan prekara antarane awakemu karo mas Rangga. Aku tak lungguh misah dhisik karo mas Ranto.”

“Ora perlu misah Tiek, ben wae dirembug nang kene. Sisan dadi seksi karo mas Ranto. Aku mung butuh keterangan sing jujur saka mas Rangga, sapa iku Loretta lan nganti sepira sesambungane karo wanita kuwi.”

Rangga sing maune rumangsa mongkog dirangkul lan diarasi Rini, rumangsa kaget ditakoni langsung kaya mangkono. Unjal ambegan sedhela karo nata pikir apa sing arep di ujarke. Nyruput teh anget dhisik sak durunge awesh wangsulan. Ati lan Ranto ya melu kaget kok dadakan langsung takon thok leh kaya ngono. Kanthi sareh Rangga nyoba nerangke marang Rini, senajan rada grothal grathul anggone caturan.

“Rien, Loretta kuwi kancaku kuliah rikala aku ana Manila. Kanca biasa, mbokmena-wa mung rada raket. Ora ana sesambungan sing istimewa babar pisan. Sesambunganku karo dheweke ya mligi prekara kuliah. Sak njabane kuliah paling banter ya mung bebarengan ballroom nang Malate nek pas akhir pekan. Ora ana sing istimewa.”

“Matur nuwun mas Rangga aku percaya, ning pas arep nang Semarang kok ora ana crita babar pisan prekara kuwi?”

“Pesene menawa dbeweke arep teka nang Semarang lagi dikirim nalika dbeweke wis ndharat nang Jakarta tengah wengi. Nunggu penerbangan pertama nang Semarang. Aku kan ya menehi weruh sliramu nek arep nang Semarang nemoni Loretta.”

“Kuwi sing marahi aku ngganjel kangmas, kok sajak gita gita anggonmu budhal nang Semarang.”

“Ora perlu sujana Rien. Nalika aku dikabari menawa Atiek mlebu rumah sakit amarga ketularan Corona kae, bingung lan panik setengah mati nganti ora ngerti arep kepriye. Untung ditulungi Loretta Mariano. Dbeweke duwe hubungan luas nang Manila amarga bapake dadi Senator. Kapung pindhone, dbeweke teka nang Semarang makili kantor berita internasional nang Manila, ngluru warta magepokan karo vaksin Nusantara nang UNDHIP. Mula aku gita gita pengin nemoni dbeweke pas makan siang, arep ngrembug prekara rencana program dhoktorku karo golek sisik melik kerjasama antara Unit ku karo lembaga lembaga nang Manila. Dbeweke duwe hubungan jembar karo lembaga lembaga nang Manila.”

“Matur nuwun mas Rangga. Ning babarpisan ora ana sesambungan istimewa karo dbeweke wong dadi partner ball room barang ngono kok.”

“Babarpisan ora ana sing istimewa. Dbeweke mung ngajak reuni bareng nang Manila karo kono, main ballroom. Dbeweke arep golek partner sing serius. Nek wis limat Covid iki, awake dbeve isa lunga nang Manila. Nyelengi dbisik.”

Krungu ujare Rangga sing blakasuta mau, Rini rumangsa seneng banget, lega atine. Mesem semringah banjur tanpa ragu, ngrangkul kenceng Rangga nang ngarepe Ranto karo Ati.

“Terima kasih ya mas, aku isih ngandel karo ngendikamu. Aku ora isa mbayangke nek nganti awake dbewe pisahan. Aku mung tresna karo sliramu kangmas.”

“Iya ora ana apa apa sing perlu kok pikir abot. Aku wis tau janji karo sliramu, ora bakal tak liwakke.”

Swasana wis bali pulih maneh, luber mili tanpa beban antarane Rangga karo Rini. Wong papat banjur ngobrol entheng prekara manekawarna. Utamane prekara pilihan jalur karier sing arep diayati dening Rini karo Ati. Durung isa diputuske kanthi mantep. Mung kudu golek info apa penugasan minangka sukarelawan medhis nangani Corona iki isa dinggo salah sijining syarat dinggo pendhidhikan spesialis mengkone. Tugas minangka sukarelawan medhis penanganan Corona bakal mlaku nganti setaun. Wektu semono dawane eman eman menawa ora isa kanggo salah sijining persyaratan pendhidhikan spesialis. Kudu golek sisik melik lan takon takon persyaratan pendhidhikan spesialis nang rumah sakit pendhidhikan. Jarene kanca kancane kans nggo ketampa nang pendhidhikan spesialis kudu duwe deking saka njero. Embuh nyatane.

+++++

Awan iku Kirana ana janji arep makan siang karo dhokter Herman. Senajan acara pribadi sing ora ana gegayutan langsung karo gaweyan, Kirana tansah ngati ati. Dheweke menahi weruh marang atasane, Rangga Bawono, menawa arep janji makan siang karo mitra pelanggan. Jane ya ora perlu amarga ora ngrembug urusan gaweyan. Mung kanggo jaga jaga wae mbokmenawa ana tindak lanjut mengkone sing gegayutan karo gaweyan. Kirana durung nate janji makan siang apa makan malam karo mitra pelanggan. Nalika dheweke isih nyambut gawe nang perusahaan kontraktor ndhisik, ora tau melu nek ana acara karo mitra. Jaman semana acara karo mitra, bose dhewe sing ngayahi karo sekretaris. Tau melu sepiisan ngladeni pejabat sing menahi gaweyan, banjur marahi kapok. Ana sakwijining pejabat sing arep kurang ajar marang dheweke. Ora duwe nalar, dheweke staff professional dipadhakke karo wanita murahan wae.

Rumangsa ora nyaman nek diajak nemoni mitra bisnis, apa maneh nek wis urusan tender. Penjaluke isa ngambra ambra tekan ngendi endi, klebu kudu nggolekke wanita penghibur barang kanggo aparat sing dadi panitya tender. Mula suwe suwe dheweke rumangsa ora nyaman nyambut gawe nang kontraktor senajan bayare lumayan gedhe. Kirana rumangsa luwih nyaman kerja karo Rangga nang Unit Pelayanan Pengembangan Bisnis & Inovasi, senajan

isih anyar nanging ana idhealisme, ora mligi mung ngoyak proyek saka tender. Ora perlu aweh pisungsung aparat pejabat sing korup.

Beda karo Herman. Dheweke karo dhokter Herman ya mung kenal amarga gaweyan. Tindak tanduke sopan lan trapsila, ngajeni wanita mitra bisnis. Beda rikala nang perusahaan kontraktor, sok gepok senggol karo sing menehi proyek, aparat pejabat publik sing kajibah mengelola dana publik ning rumangsane kuwi bandhane mbahne. Dhokter Herman arep ngampiri nang kantore dheweke awan iki. Ngenteni sak untara ana ruang tunggu ana lantai ngisor. Ora suwe anggone ngenteni, dhokter Herman wis teka nyetiri mobil warna metalik. Kirana metu nang ngarep terus mbukak lawang mobil sisih ngarep.

“Sugeng siang Jeng Kirana, nyuwun ngapura nek kesuwen le ngenteni. Aku pas arep metu ketemu bosku diajak rembugan warna warna. Dadakan ora ana rencana wong mung ketemu nang koridor. Banjur nyuwun pamit wae merga ana janji, nek ora isa kedawa dawa. Tak janjeni mengko bubar maem awan aku ngadhep.”

“Ora apa apa mas. Mau mas Rangga ya metu arep niliki pacangane nang Kumendhiman jarene, nemoni dhokter Rini.”

“Oo iya aku tau kenal karo Rini, Rini Kusumadewi kanca rakete Ati adhine mas Rangga. Iki enake makan siang nang endi Jeng sing njenengan seneng?”

“Aku ndherek wae mas, mung aku ora biasa karo masakan pedhes. Aja nang nasi penyet wae pokoke.”

Herman alon alon nyetir mobile nang dhaerah Prawirotaman. Akeh kafe sing sedhia makanan sing ora pedhes. Banjur mlebu salah sijining kafe nang salah sijining hotel. Swasanane sepi, mung ana sak wetara tamu sing lagi makan siang nang kono. Amarga pageblug Covid-19, sektor perhotelan lan restoran nandhang rugi gedhe. Akeh sing kepeksa tutup amarga ora kuwat nutup biaya operasional. Herman karo Kirana banjur milih lungguhan sing rada cedhak jendela. Kahanan sepi mung ana wong siji loro makan siang.

“Biasane mbak Kirana nek maem awan nang endi?”

“Aku luwih kerep nggawa sangu saka ngomah. Kejaba menawa ana acara makan siang bareng bareng. Aku kepara rada kikrik nek prekara maem mas.”

“Omong omong mbak Kirana daleme nang ngendi? Nek aku nang njeron beteng cedhak Mangkubumen.”

“Aku nang Patangpuluhan mas, jalan Taman Sari 66, ndhisik daleme almarhum Eyang. Bapakku wis pension, maune ngurusi turisme antar pulau. Ibuku uga wis pension maune guru.”

“Lha njenengan kok isa ketarik nang bidang arsitektur maune piye Jeng?”

“Aku ketarik bidhang arsitektur amarga Eyangku. Eyang Slamet jaman Landa dadi anemer nggo pembangunan fasilitas publik. Bola bali ngendikakake anggone melu mbanangun dalam gedhe Wonosobo Dieng. Mesthi kesupen nek wis tau crita, bola bali dicritakake nganti ping pirang pirang. Apa maneh nek meragakake anggone njeblukake dinamit. Mesthi nganggobleeeeeeng. Durung nganti rampung le crita kene sing ngrungokake wis ora isa ngampet guyu.”

“Sliramu seneng ta nyambut gawe nang panggonan anyar saiki Jeng? Srawung luwih akeh wong.”

“Lagi sedbela sih mas, ning rumangsa nyaman aku, ora kewedan dilecehke kaya nang perusahaan kontraktor dening bapak bapak pejabat sing menehi tender.”

“Muga muga lancar Jeng. Instansi ku ya rumangsa cocok kerjasama karo Unit mu. Isine bocah enom luwih luwes ora kaku kerjasamane.”

“Matur nuwun, mengko aku tak lapor karo mas Rangga. Nek panjenengan asline ngendi mas Herman?”

“Bapak ibuku asli saka Solo nanging suwe nang Jakarta. Aku isih akeh sedulur nang Solo. Wong Solo ning basa Jawaku jempalikan.”

Kirana karo Herman anggone maem awan ora suwe. Kirana mung pesen es kopi late karo salad. Herman pesen bir Bintang sing tanpa alcohol karo fish and chips. Ora ana target apa sing bakal diangkah anggone padha pate-mon mau. Mung pengin padha luwih mangerteni mitra wae amarga dalan

kanggo kerjasama isih dawa. Luwih mantep nek pengin konsultasi liwat WA apa tilpon amarga wis luwih padha dene anggone mangerteni. Nang endi wae biyasane hubungan kerjasama resmi antar lembaga isa luwih ngrembaka menawa priyayi sing mandhegani kerjasama isa padha kenal pribadhi. Kirana karo Herman semono uga, ora ana pikiran sing neka neka. Dilakoni wae kaya ilining banyu.





Bab 19

Lunga Menyang Semarang



Dina Setu esuk Rangga ngampiri dhokter Rini. Arep lunga menyang Semarang. Sak perlu nemoni salah sijining guru besar ana Universitas Diponegoro. Rangga pengin wawan rembug lan konsultasi prekara rencana penelitian sing arep kanggo dhisertasi dhokter. Senajan durung ana pepesten arep diajokke menyang endi, apa nang universitas ing Indonesia apa nang njaban rangkah. Pamrayogane para pimpinan ing pawiyatan luhur panggonane dheweke nyambut gawe, apike nek isa nang njaban rangkah wae. Sisan karo isa ngenalke unit anyar sing dipimpin dheweke, ya Unit Pengembangan Bisnis & Inovasi. Jane wis suwe Rangga pengin nemoni guru besar siji iki, soale dheweke wis kenal suwe lan akeh pengalaman nang donya nyata bisnis lan birokrasi publik. Wingine wis janjian liwat tilpon nek arep nemoni nang Semarang.

Kaping pindhone alasan lunga nang Semarang amarga Rini pengin weruh rumah makan sing kanggo temon karo Loretta. Mbokmenawa ya mung alasan emosional, amarga rasa cemburu wae. Ananging alasan sing penting, jane Rangga pengin ngenalke Rini marang budhe Ning, sing maune ngasto dadi Sekretaris Dhewan Kota. Rini uga kepara pengin enggal enggal ditepungke karo budhene Rangga iku.

Wong loro budhal saka Yogja jam enem esuk. Rangga anggone nyopir ora kesusu, omong omong kanthi sareh karo dhokter Rini sing lungguh manja

nang sisihe.

“Mas Rangga, njenengan ora kepeksa ya lunga nang Semarang wong loro iki? Seneng rasane isa lunga bareng kaya ngene.”

“Ya jeng Rin, aku wis suwe pengin lunga Semarang ketemu karo senior sing wis kondhang. Asmane professor Palgunadi. Dheweke jane guru besar manajemen bisnis, ananging wawasane lumih jembar saka bidhang ilmune. Wawasane lumih strategis ora mung nang bidhang ilmune dhewe, ning uga nyandra nganggo wawasan sing jembar ing donya kanyatan.”

“Blak blakan ya mas, aku semangat melu lunga nang Semarang jane ya mung pengin lunga bareng karo njenengan kaya ngene iki. Isa rembugan kanthi sareh. Nomer lorone aku pengin weruh panggonan rumah makan sing mas Rangga ketemu asyik karo Loretta. Ben aku ya isa ngrasakke le gendhulikan.”

“Ketemu Loretta mung sedhela, ana ing antarane sela-selaning wektu dheweke nemoni pimpinan Fakultas lan Universitas Diponegoro. Aku isa ketemu wis rumangsa begja, senajan wektune mepet tur kesusu. Aku titip dheweke ringkesan rencana penelitian sing arep tak enggo disertasi, nek mbokmenawa isa mbantu nggolekke guru besar nang Filipina sing gelem dadi promotor.”

“Lha mengko nemoni profesor sing asmane Palgunadi iku ben ngapa mas?”

“Ora mung ngrembug rencana dhisertasi ning uga magepokan karo ngrembug piye carane ben kalangan bisnis nang Indonesia isa nemokke langkah langkah inovasi kanggo ngurangi dhampak ekonomis pageblug sing wong kabeh durung ngerti kapan enteke.”

Dhokter Rini meneng wae ngrungokke omongane Rangga. Kabeh kandhane Rangga dheweke rumangsa mantep, mesthi bakal ana dalan padhang kanggo ngupayani supaya kabeh bali normal maneh sakwise pageblug corona. Mung kudu sabar lan ora perlu panik. Tekan Bedhono Ambarawa, Rangga ngajak mandheg sarapan dhisik ana rumah makan Kopi Eva. Rangga pesen tahu ghodhog karo minuman Saparila. Dene Rini pesen tahu ghodhog karo kopi. Karo ngenteni pesenan siap, Rangga wiwit crita.

“Ngendikane Bapak, rikala tahun 45, pas pasukan Sekutu karo Gurkha saka

Magelang mundur nang dbaerah Ambarawa, ana crita tragis nang desa Bedhono iki. Uga gegayutan karo ibu sing kagungan rumah makan Kopi Eva iki.”

“Ana crita apa mas? Aku pengin krungu.”

“Jaman tabun 45, pak lurah Bedhono, putra kakunge, pak Carik karo putrane mas Kresna, tiwas di perjaya Gurkha. Mas Kresna ya mantune pak lurah, putrane pak Carik, gugur karo kanca kancane ana wong selikur rikala nyegat konvoi Inggris. Pak Lurah, putrane pak Lurah karo pak Carik banjur diperjaya dening Gurkha. Kresna isih nganten anyar jaman semana, lagi umur 21 tabun. Terus sisibane mas Kresna omah omah maneh karo kancane Kresna nganti saiki. Ya sing kagungan rumah makan Kopi Eva iki.”

“Mesakke banget kamangka Kresna iku putra tunggal ya?”“Bener dbik aku isih ana sesambungan sedulur karo mas Kresna, embuh piye larabe. Ibune Kresna banjur seda ngenes sesasi sak wise kedadeyan kuwi. O iya, mengko nang Ngampin nek isa mampir sedhela nang bekas daleme mbah Guru, isih pernah sedulur uga. Ndbisik ngasto guru Taman Siswa nang Ngayogyakarta.”

Bubar sarapan ana rumah makan Kopi Eva, Rangga neruske laku alon alon, dalane mudhun tumuju kutha Ambarawa. Sakdurunge mlebu kutha Rangga ngajak Rini ndeleng Joglo Mbah Guru ing desa Ngampin. Pekarangane amba asri, ana omah kuna saka kayu, pancen maune dadi daleme mBah Guru, guru Taman Siswa Ambarawa. Omah sepi mung ana jagabaya. Lagi kosong ora ana tamu sing nginep, mbokmenawa ya amarga lagi pageblug dadi sepi. Rangga karo Rini mung ndeleng ndeleng kahanan joglo sedhela. Omah iki mesthine regeng banget rikala semana, amarga putra putrane mbah Guru kabeh ana sanga.

Banjur nerusake laku menyang Semarang lewat dalan tol saka Bawen. Kiwa tengene dalan tol sesawangan katon endah nengsemake, sarwo ijo royo royo mratelakake laladan sing subur antarane Ambarawa lan Semarang. Tekan Semarang wis ngancik awan, udakara jam sewelas. Metu saka kori tol Jat-ingaleh mlebu laladan Candhi sing asri lan edhum amarga akeh wit witan sak dawaning dalan. Bubar ngliwati kampus Akadhemi Kepolisian, Rangga minggir sedhela sak perlu kontak karo profesor Palgunadi, nang endi ang-

gone isa ketemu.

“Prof sugeng siang, sampun mlebet tlatah Candhi punika. Saged sowan wonten pundi?”

“Terus wae nang kampus mas Rangga. Lagi wae bubarana webinar ana kampus. Tak enteni ya. Ora lali dalane ta?”

“Sampun caket prof. Kula lajeng dhateng kampus kemawon.”

Rangga banjur nyetir mobile tumuju kampus Universitas Diponegoro, kampus bawera ana tengahing kutha Semarang. Universitas Diponegoro wiwit moncer ana sak indhening Nuswantara saka tahun sewidak. Sak iki klebu pawiyatan luhur unggulan ing Indhonesia. Dheweke banjur nuju menyang Sekolah Paska Sarjana ana ing dalam Imam Barjo. Profesor Palgunadi nunggu ana kana. Dhokter Rini krasa kikuk nek melu patemon. Dheweke luwih seneng mubeng mubeng wae sak ubening kampus nganggo mobil.

“Mas Rangga, kikuk nek aku ndherek panjenengan wawan rembug karo prof Palgunadi. Aku tak mubeng mubeng ana kampus wae ya. Mengko tak pethuk mrene kira kira rampung jam pira?”

“Iya ora apa apa Jeng, ora suwe aku le rembugan. Paling suwe telung prapat jam. Upama durung rampung ya dienteni sedhela. Terus mengko bareng mara nang rumah makan, maem awan.”

Rangga banjur nuju menyang Gedhung Sekolah Paska Sarjana. Profesor Palgunadi wis siap ana ruang tamu. Dheweke karo nggawa fotokopi makalah rencana peneltiane. Anaging profesor Palgunadi wis kagungan kopine amarga pancen usulane wis dikirim liwat WA. Profesor Palgunadi gita gita anggone mbagekake Rangga.

“Wah wis suwe ora ketemu ya mas Rangga. Selamat ya tugase sing anyar nang bagian Pelayanan Pengembangan Bisnis & Inovasi. Muga muga tansah lancar lan ngrembaka unit kerjamu.”

“Matur nuwun profesor, nembe kemawon mangadeg, taksih kedah kathah promosi. Nanging sampun wonten sak wetawis konsultasi ingkang mlebet.”

“Ya melu seneng aku. Sukses terus ya mas. Rencana penelitianmu wis dak waca kanthi tlesih. Menarik banget prasasat iki sing dibutuhake wong wektu iki, amarga ana bebendhu dadakan Covid-19”

“Injib mila menika ingkang kula sedya, pageblug punika dhateng dumadakan kanthi mboten wonten pratandha saka derengipun. Sinaosa sampun kathah dipun wartakaken wonten jagading medhia dening WHO, wiwit sepindhahan kathah lembaga pamarentah lan swasta ingkang mboten nglegena lan siyap. Mila pepenginan kula panci badhe madosi pangangkab inovatif menapa ingkang saged kangge nyuda dhampak awon saking pageblug punika wonten ing kegiatan lembaga, kalebet kangge ngirangi kerugian ekonomik lan njagi lestarining usaha.”

“Sing aku seneng nang usulanmu, anggone nyandra masalah pageblug ora nganggo wawasan ciut nanging saka wawasan strategis kapasitas sistem. Dadi ora mung ndeleng prekara saka disiplin bidhang ilmu sing sempit. Nek upama arep kanggo usulan dbisertasi dboktor ya aja nganti kasilep ana konsep bidhang ilmu sing ciut. Nanging kudu isa ndeleng kanggo konsep ngudhari prekara [problem solving] kanthi panyandra sistem sing luwih komprehensif.”

“Ngaten profesor. Menawi wonten Sekolah Paska Sarjana wonten mriki, program dboktoripun kados pundi?”

“Ana program loro sing dikelola langsung dening sekolah iki, yaiku prekara Lingkungan lan prekara Teknologi Informasi. Isa wae mlebu nang kene nanging kudu kapernabake ana prekara loro iku. Apa iku manut panyandramu isa nyukupi? Panemukmu nek isa ya golek program sing isa luwih jembar kanggo ngudhari rubeda, ora mung nganggo panyandra bidhang ilmu sing ciut. Nek diperlokke aku gelem menehi surat rekomendhiasi.”

“Matur nuwun sanget. Ringkesan usulan punika njih sampun kula kintun dhateng pusat pusat pawiyatan luhur ing Asia Tenggara, kados wonten Thailand lan Filipina. Taksih ngentosi wangsulane saking mriki.”

“Aku melu ndongakke ya mas. Ing tembe ngarep muga muga isa kerja sama terus karo Unit mu sing anyar iku.”

“Njih kasinggihan profesor. Kita tansah sesambetan wonten ngajeng. Kados sampun cekap, kula lajeng badhe nyumun pamit. Matur nuwun sanget sedaya wawasan lan pan-

gandikan. Badbe kula estokaken.”

Rangga banjur enggal enggal metu menyang ruang parkir. Rini lagi wae teka saka anggone mubeng mubeng nang kampus. Gapyuk anggone crita.

“Kampuse wis modern mas. Asri lan dirawat apik mratandhani menawa tata kelolane apik. Mesthi ya produktif universitas iki mas.”

“Iya senajan lagi madeg tahun 1957, UNDIP klebu pawiyatan lubur urutan dhuwur nang Indonesia, urutane nang tingkat donya uga ora nguciwani.”

“Saiki awake dheve nang rumah makan sing aku karo Loretta makan awan ya. Ndak sliramu curiga terus.”

“Iya mas, aku mung pengin ngrasakke es Saparilla nang rumah makan iku. Jare minuman iku cocok kanggo pasangan sing lagi nandhang tresna.”

“Ah kuwi kan mung jarene sing duwe nggo promosi setengah gugon tubon.”

Wong loro banjur alon alon metu saka kampus tumuju rumah makan sing Rangga nate makan siang karo Loretta, ana cedhak kampus Fakultas Kedokteran. Rumah makan ora gedhe banget ning katon resik lan ora sesak umpek umpekan. Rini katon anggone manja marang Rangga.

“Mas aku ora pengin maem nang kene. Sedhela wae ngombe Saparilla. Bubar iku terus golek rumah makan Jepang nang Candhi ya?”

“Iya ora apa apa, sedhela wae nang kene, terus sowan budhe Ning, mengko diaturi nang rumah makan De’Sushi ana cedhak kono.”

Semarang hawane pancen kepara rada panas. Ngombe Saparilla karo es marahi krasa mak cles adhem. Ora mung nang gulu nanging krasa adhem lan tentrem nang ati. Rini mung sumendhe nang baune Rangga karo nggegeng tangane. Sepasang nom noman sing lagi ketaman katresnan, katon mesra lan rukun. Sing mesthi ya ora amarga saka omben omben Saparilla, ning lagi nedheng nedhening nandhang tresna. Bubar ngombe minuman Saparilla wong loro terus tumuju menyang jalan Kawi, nang daleme budhe Ning. Budhe Ning wis pensiun maune ngasto ana Dhinis Pertanian, sing pungkasan

dadi Sekretaris Dhewan Kota nang Semarang. Gita gita anggone mbagekake Rangga.

“Wab ana tamu penting iki. Kok ora tilpun dbisik mau. Jane rak tak masakke dbisik nek ngerti awakmu arep mrene. Lha iki sapa kok aku durung tau ketemu?”

“Injib budhe sak sampunipun mantuk saking Manila, wonten alangan amargi Ati kenging Corona, kula injib kedah isolasi ngantos kalih minggu. Pangestinipun sakmenika sampun sae sedaya. Menika Rini, kancanipun Ati, kekancan raket kaliyan kula.”

“Oo nek ngono ya dbokter ya. Wab ati ati nek ngrawat pasien, akeh dbokter sing ketularan.”

“Injib budhe ngestokaken dhawuh.”

“Bapak ibumu sebat sebat wae ta ya?”

“Injib namung wonten griya kemawon mboten nate medal. Tokonipun njih asring tutup. Menawi kersa kula aturi dhabar wonten De’Sbusi mriku budhe. Mas Hang ugi jam istirahat siang menika, nembe jam setengah setunggal.”

“Wab lha kok malah kono sing repot ki piye? Tak kontak mbak Ita, mas Hang ben dikontak mbak Ita, biasane ya sok mulih nek pas jam makan siang.”

“Kasinggihan budhe kaliyan sukuran pindhah. Nembe kemawon pikantuk jejibahan enggal wonten Unit Pelayanan Bisnis & Inovasi wonten kampus.”

“Wab ya sokur, muga muga lancar tugasmu. Wong tuwa isane ya mung melu ndongakke.”

“Matur nuwun sanget budhe.”

Rangga karo Rini banjur ndherekake Budhe Ning menyang rumah makan Jepang De’Sushi sing mung adohe sakwetara omah saka daleme. Ananging amarga dalane munggah ya luwih kepenak numpak mobil. Putra lan wayah liyane padha mlaku. Jam setengah siji wis kumpul kabeh ana rumah makan. Akeh menu sing disedhiakke kari milih. Masakan Jepang, ora akeh bumbune, ning kok ya mesthi krasa enak, rasane lembut.

Bu dhe Ning, mbak Ita, mas Hang, mas Uki dalah mbak Menik, regeng ang-gone crita. Pengalaman nang Filipina sing kerep ditakokke. Apa nang Manila ki kabudayane wis kaya nang Barat apa kaya nang Indonesia? Apa wonge dha seneng kumpul kebo kaya nang Amerika ya? Le njawab alon alon. Kahanan urip saben dina ana Filipina ya meh padha wae kaya nang Indonesia. Mung bedane nang Filipina, wonge ora gampang emosi, ngamukan apa gelut nang ndalan. Wonge umume grapyak lan sumadulur, mbokmenawa nang Asia sing paling akeh eseme ya wong Filipina.

“Dhik Rangga apa ya duwe kanca raket nang kana? Kanca sing istimewa kaya TTM ngono, teman tapi mesra?”

“Kanca ya akeh nek TTM blas ora duwe. Padha wae nang kene kabanane.”

“Kuthane ya asri kebak taman?”

“Kutha Makati ya prasasat kaya Eropa. Aku manggon nang Malate, nek dibanding Semarang mbokmenawa Semarang perangan dbuwur luwih asri. Mung ora tau weruh wong padu nang ndalan ana Manila.”

Bu dhe Ning ora kendhat anggone paring dhawuh sing ati ati anggone nyambut gawe. Nang endi endi sok akeh godha sing ora krasa isa ngganjel lakuning karier. Akeh anggota DPRD sing wonge apik apik, sopan sopan, ngerti ngerti kok konangan nylewengke proyek. Sepisan konangan kan ya dicathet wong akeh nang sistem public, kaya cacad sak lawase.

“Matur nuwun Budbe, dbawuhipun. Kula estokaken. Punika nembe pados panggenan kangge program dboktor.”

“Lha rencanane arep nang endi? Nang kene wae apa arep metu maneh?”

“Kala wau nembe konsultasi kemawon kaliyan guru besar wonten mriki, ugi pikajengipun para pimpinan panyiyatan, langkung sae supados mendhet wonten njawi kemawon, menawi mboten wonten Thailand njih wonten Manila malih.”

“Iya sing penting diantepi lan ditekuni wae, aja diengah enjah, bola bali ganti prekara sing diteliti.”

“Nyuwun pangestunipun budhe, mugi mugi saged lancar.”

“Lha iki dhokter Rini mengko piye? Apa njur isa bareng terus? Nek rumangsaku nek wis padha mantepe ya resmi sisan wae. Arep ngenteni apa wong le sinau wis rampung, wis tandang gawe, nek wis padha mantepe ya enggal diresmekke wae. Matur bapak ibumu.”

“Kasinggihan budhe, mangke kula matur Rama kaliyan Ibu.”

Dhokter Rini rada mbrabak abang raine krungu ngendikane Budhe Ning. Atine sir siran, sing dingendikakke kuwi kok kaya sing diantu antu. Lha wis padha mantepe, wis cekel gawe, arep nunggu apa maneh? Mandang wis jam loro awan, Rangga karo Rini nyuwun pamit terus mulih nang Yogya. Budhe Ning didherekke mbak Ita kondur nang ndalem. Rangga rumangsa seneng lan mantep krungu dhawuhe budhe Ning.

Srengenge wis ngglewang ana sisih kulon nalika wong loro numpak mobil alon alon liwat dalan tol. Isih krasa rada panas nanging suwe suwe krasa kepenak. Apa maneh bareng ngliwati dalan tol perangan Ungaran Bawen, sesawangan alam astri banget. Ngliwati jembatan sing dawane atusan meter. Dalan tol iki karya putra putri Indonesia, ora kalah malah kepara luwih endah tinimbang dalan tol ana Filipina. Ana pilihan loro, arep metu Bawen terus liwat Magelang tumuju Yogja, apa liwat Boyolali, Kartasura terus menyang Yogja. Sore iku milih menggok ngiwa liwat Boyolali lan Kartasura. Ora kesusu ora ana sing dioyak oyak. Rini tangane tansah temumpang nang pangkone Rangga. Pikirane mbayangke nek enggal resmi anggone urip bebrayan karo Rangga. Katresnan sing tambah ngrembaka. Pikirane nglangut adoh nang tembe ngarep, semburate sunar srengenge sore saka kulon sing lembut gawe atine krasa ayem lan tentrem. Jam lima sore wong sakloron wis mlebu Yogja, langsung ngeterke Rini nang Kumendhaman.





Bab 20

Lintang Kemukus



Akeh kapitayan sing urip ing tengahing masyarakat gegayutan karo sambung rapet antarane kekadeyan pageblug Corona lan Lintang Kemukus. Lintang sing mawa buntut, utawa lintang Komet. Rame diwartakake ana medhia sosial sing jarene ana lintang Kemukus katon nang langit pesisir Tuban karo nang langit Tulungagung, mbrengangah abang mbranang sunare cemplot ana langit. Ananging warta mau banjur dibantah dening Badan Meteorologi lan Geofisika menawa ora ana komet. LAPAN utawa Lembaga Antariksa dan Penerbangan Nasional mratelakake, menawa sunar sing cemplot mau dudu lintang Kemukus, ananging kedadeyan alam biasa sing diarani udan meteorit Dracunid.

Masyarakat wis kadhung percaya mitos utawa gugon tuhon menawa lintang kemukus ana sesambungan karo kedadeyan sing nggegirisi ana ing bumi. Miturut tulisane sedulur Muhamad Ibnu Pratista sing kapacak ana kalawarti Gama Cendekia, 6 Juni 2020 kanthi judhul “*Pageblug Corona dari sudut pandang mitos*”, nyritakake menawa gegayutan antare lintang Kemukus lan kedadeyan pageblug pancen ana ing tengahing masyarakat Jawa. Tulisan mau rujukan sumbere saka buku karya R.M. Ng. Tiknopranoto dan R. Mardisuwignya kanthi judhul “*Sejarah Kutba Sala: Kraton Sala, Bengawan Sala, Gunung Lawu*”, terbitan Toko Buku Pelajar Solo, tahun 80an.

Menawa lintang Kemukus katon ana ing sisih Wetan ngalamat ana ratu sung-

kawa. Para nayakaning praja padha ewuh pikirane. Wong desa akeh kang karusakan lan susah atine. Udan deres. Beras pari murah, emas larang.”

Menawa ana sisih Wetan Kidul, *“ngalamat ana ratu surud (seda). Wong desa akeh kang ngelib, udan arang. Woh2an akeh kang rusak. Ana pageblug, akeh wong lara lan wong mati. Beras pari larang. Kebo sapi akeh kang didoli”*

Menawa ana sisih Kidul, *“ngalamate ana ratu surud (seda). Para panggedhe pada susah atine. Akeh udan. Karang kitri wohe ndadi. Beras pari, kebo sapi murah regane. Wong desa pada nalangsa atine, ngluburake pangwasane Pangeran kang Maha Suci..”*

Ing tlatah Ngayogyakarta, Kanjeng Sultan Hamengku Buwana X, ngajak masyarakat supaya masak jangan lodheh sing isine ana pitung jenis sayuran kanggo nolak bebendhu yaiku: 1. *Kluwih supaya keluarga luwih anggone migatekake*; 2. *Kacang gleyor, cancangan awakmu ora susah lunga lunga*; 3. *Terong, terusna anggone manembah Gusti, aja mung dhatnyeng*; 4. *Kulit mlinjo, aja mung ngerti njabane ning ya kudu ngerti njerone babagan pageblug*; 5. *Waluh, uwalana lan ilangana anggonmu seneng ngeluh lan ngresula*; 6. *Godong so, golong gilig ndonga kumpul wong sing sugih kaweruh, lan* 7. *Tempe: temenana olehe dedhepe nyuwun pitulungane Gusti Allah.*

Paling ora ana tlatah Ngayogyakarta banjur akeh wong dodol lodheh tolak bala mau. Ning ya banjur marahi wong padha kumpul rame rame dha pengin jajan lodheh tolak bala ben ora ketularan Corona. Sakwijining Minggu sore, Rini rasan rasan karo Rangga pengin jajan lodheh tolak bala. Banjur ngajak kangmase dhokter Ranto karo Ati, lunga nang Parang Tritis, pesisir ing tlatah Bantul. Dheweke uga kangen masakan laut sing diladekke nang warung warung nang pesisir Parang Tritis. Jam papat sore wong papat wis budhalan alon alon numpak mobile Rangga. Rangga sing nyopir didhampingi Ranto. Nang lungguhan mburi, Rini karo Ati. Jane Rini pengin banget lungguh jejer Rangga. Angine semribit sak dawaning dalan. Ora krasa sumuk. Tekan Parang Tritis wis meh jam lima, langsung mara nang warung sing dodol masakan iwak laut karo lodheh tolak bala iku.

Rangga karo Rini pesen Saparila, dene Ati pesen teh anget lan Ranto pesen kopi. Rini katon anggone manja marang Rangga, nganti Ranto karo Ati sok kacipuhan meruhi tontonan mesra nang ngarepe. Lha wis piye maneh wong

pancen padha lagi nandhang tresna.

“Nek weruh tontonan ngene iki apa ora pengin ta Tiek. Mbok endang golek pacangan ben lumih jembar kalangane.”

“Jembar kalangane piye ta Rien? Kok aneh aneh wae istilahé.”

“Ya karo pacangan sak temene ta Tiek, mosok mung arep manja karo kangmase dbewe wae. Aku seneng wae sib, mung apa ora pengin terusane awakmu?”

“Ora sab nggladrah Rien, njur karo sapa wong durung ana sing gathuk je.”

“Aku nyalonke kangmasku wae, mas Ranto sisan ijolan.” Tembunge Rini karo guyon.

“Wah tomboke kakehan nek jeneng ijolan dol tinuku. Apa mas Ranto ya gelem mijeti aku mbesuke kaya mas Rangga mijeti awakmu?”

Rini karo Ati ngguyu bebarengan, pancen mung guyon ora ana krenteg apa apa. Anaging kanggone Ranto karo Rangga, guyon mau wis rada serius, marahi njondhil priya loro krungu gojegane adhi adhine. Rangga mung dhehem alon menahi tandha menawa aja keterusen lhe guyonan. Ranto mung meneng wae, ning raine katon mrabak karo mandeng Ati, wanita lencir ayu nang ngarepe. Pikirane banjur ngleyang adoh, batine kebak pitakonan

“Aku nyandhing Ati, kancane adhiku? Apa ora digeguyu wong akeh ya?”

Pesenane masakan wis teka. Masakan iwak laut, kanthi bumbu kepara rada pedhes. Nanging krasa tenan masakane. Ana kakap merah, ana urang lan cumi. Ora lali ana lodheh tolak bala sing digoleki. Segane anget pulen. Marahi saya nikmat rasane. Ora akeh rembugan sakjrone acara maem, amarga kabeh padha gebes gebes kepedhesen. Rampung anggone maem, Rini ngajak Rangga mlaku mlaku turut pasir sak dawaning pesisir. Lumayan asri senajan pasire ireng nanging laladan pesisir katon resik amarga tansah diresiki.

“Ati ati ya Rien karo mas Rangga, aja nengah nang banyu. Nek laute pas pasang tekane ombak kepara cepet.”

“Iya Tiek, aku karo mas Rangga. Aman wong mung mlaku mlaku cedhak kene wae”

Dhokter Ranto karo dhokter Ati, isih lungguhan nang warung, neruske anggone nikmati teh karo kopi, disambung wedang uwuh. Ora akeh omonge. Alon alon padha rasanan prekara pendhidhikan dhokter spesialis.

“Sidane sliramu arep njupuk pendbidhikan spesialis apa dbik?”

“Aku isih bingung mas, ning penginku mbokmenawa ya Kesehatan Anak wae. Mung isih bingung apa pengalaman dadi tenaga sukarela, isa dinggo ngganti pengalaman kerja nang Puskesmas apa rumah sakit. Syarate kudu wis pengalaman nyambut gawe nang Puskesmas apa rumah sakit?”

“Nalare ya isa wong kerja tenaga sukarela ya ana rumah sakit, tur ya ngupakara pasien barang. Mbok ngene wae kalah cacak menang cacak, ngadhep tokoh senior nang Bagian Kesehatan Anak, nyuwun informasi. Sokur nek kersa maringi rekomendhasi.”

“Iya mas tak ajak ajak Rini barang mengko, maju bareng. Kira kira sapa ya mas? Aku durung ngerti Rini pengin neruske nang bidhang apa.”

“Kesehatan anak mbok jajal ngadhep profesor Yati Sunarto apa profesor Sunartini. Mbokmenawa wis ora ngastani langsung pendhidhikan, ning mesthi kersa maringi pamrayoga apike piye.”

“Matur nuwun mas, tak nggoleki sekretarise dbisik, nyuwun janjijan wektu.”

Wong loro banjur mlaku mlaku nang pesisir, numpak andhong sing araha kosok walike karo araha Rangga karo Rini mlaku. Hawane semribit, angin laut krasa seger kepara rada adhem. Marahi nang ati krasa ayem lan tentrem. Ora akeh omongan wong loro, nglangut nang alam pikire dhewe dhewe. Ranto ngulungke jakete marang Ati, nanging Ati uga wis nggawa kaos ben ora kanginan. Ranto banjur nganggo jakete warna krem karo sambat.

“Aku kok krasa rada adhem ya dbik kena angin laut. Ora biasa nang laut.”

“Ya leren dbisik nang kene mas sing rada njero ora keterak angin.”

“Teki krasa dadakan, mau babar pisan ora krasa, ndredbeg rasane.”



Damir -
2022

Wong loro banjur mudhun saka andhong, minggir leren ana panggonan sing rada singup lan mlebu nang growonge watu karang. Ana lungguhan saka watu nang kono. Andhong karo kusire ngenteni ana jalur dalam cedhake growongan utawa guwa cilik mau. Ranto rada ndredheg amarga krasa adhem. Kaya wong bingung dadakan. Woro Hadiati cekat ceket mriksa kahanane Ranto. Awake pancen rada sumeng, nanging ora watuk babar pisan.

“Wis suwe iki mau mas? Rumangsaku mau katon seger lan sehat.”

“Embuh rumangsaku dadakan iki mau. Pas maem mau durung krasa apa apa.”

“Ya leren dbisik mas. Ben angine surut dbisik, mengko bali nang parkirane sedhela maneh nek wis ora angin.”

Swasana wis repet repet nyedhaki peteng. Sunar sing katon mung saka lampu lampu nang warung warung makan. Adoh udakara meh sak kilometer. Nang ndhuwur langit wis akeh lintang wiwit katon repet repet, durung patiya cetha. Lamat lamat nang sisih kidul wetan, kelip kelip katon ana sunar nang langit. Ora cetha mung lamat lamat. Nanging saya suwe saya cetha, sok katon sok ilang. Ranto nduduhi Ati anane sunar nang langit mau.

“Dhik Ati, apa njenengan pirsane sinar kelip kelip nang langit kae?”

“Endi mas, rumangsaku kok sunare lintang wae ta mas. Nang kidul wetan kae ta? Durung peteng banget dadi durung katon cetha, njur katone kelap kelip.”

Ati luwih mugen anggane mriksa kahanane Ranto, pancen awake sumeng. Ora panas dhuwur. Banjur ngetokke balsem Vicks sing tansah ana tase, digosokke nang gulune karo lengene Ranto. Ranto ora isa suwala mung manut wae diupakara wanodya ayu iku. Atine saya dheg dhegan lan ambegane saya cepet. Ati enggal enggal ngajak munggah nang andhong lan bali nang rumah makan. Tanpa disengaja dheweke nggegem tangane Ranto sing isih rada bingung meruhi lintang kelap kelip nang langit. Ranto ketok banget anggane gugup, bingung lan ndhrodhog awake.

“Tanganmu adhem mas, awakmu rada sumeng, awake dbewe nuju nang warung maneh wae. Kok njenengan kaya wong bingung ta mas.”

“Ora bingung, mung nggumun merubi sunar lintang sing kelap kelip kae Tiek.”

“Ora sab bingung, lintang nang endi wae ya kaya mangkono, kelap kelip amarga isih durung peteng banget.”

“Kuwu dudu sing jenenge lintang Kemukus ta Tiek?”

“Kok rumangsaku dudu, lintang Kemukus uwih cetha ing wayah parak esuk, ora wayah wiwitane wengi.”

Tekan warung makan, Rini karo Rangga wis nunggu, lagi nikmati wedang uwuh. Gageyan Ati nuntun Ranto sing lagi kaya wong bingung marani lungguhane mau. Rini karo Rangga kaget kok Atiek nganti nuntun Ranto kaya pasien wae.

“Mas Ranto rada ora kepenak awake Rien, rada panas. Tulung ditukokke parasetamol.”

“Pesen minuman susu wae aja sing ngrangsang lambung ndak marabi muntah.”

Ranto disandhing Ati banjur alon alon ngombe susu jahe pesenane. Ngombe penurun panas parasetamol. Ora akeh omonge, mung dheham dhehem mbok menawa gulune krasa ora kepenak. Sakwise ngombe parasetamol wong papat gageyan mulih. Ranto ora akeh omonge, nang mobil mung turu wae. Lungguh nang bak mburi karo Ati, dene Rini ngancani Rangga lungguh ana ngarep jejer sopir.

“Ora perlu kesusu lan panik, mas Ranto mung anget sajake ora kumat angin laut. Untung disandhing Ati, ana sing ngopeni.”

“Iya Rien, rumangsaku mung panas sithik, kok kaya wong mbingungi. Jarene weruh lintang Kemukus nang langit. Rumangsaku ya mung lintang biasa, saking akebe katon kelap kelip amarga durung peteng banget.”

Tekan Yogja terus nang Kumendhaman dhisik, ngeterke Rini karo kangmase dhokter Ranto. Ranto wis katon kepenak, keturon mau sak dawaning laku saka Parangtritis. Pancen kurang turu. Dina Minggu biasane mung kanggo leren turu, ngijoli le kurang turu saben dinane. Rangga karo Ati terus mulih

nang Langenastran.

“Aja lali resik resik awak dbisik lo Tiek, terus ganti pakeyan resik.”

“Iya mas, aku langsung adus wae. Bapak ibu wis sare apa isih mirsani TV ya?”

“Mau Ranto ora ana apa apa ta? Kok rumangsaku kaya wong bingung ngono.”

“Ora apa apa mas, mbokmenawa kurang turu njur kena angin laut ora kuwat.”

Tekan ngomah banjur padha adus resik resik awak. Bubar adus ngaturi salam bapak ibune sing lagi mirsani TV. Banjur mlebu nang kamare dhewe dhewe. Ora maem bengi amarga isih wareg anggone jajan masakan laut mau. Nang kamar Ati mung dheleg dheleg kelingan kahanane Ranto mau. Muga muga enggal apik ora ana apa apa.





Bab 21

Dr. Ranto Nandhang Corona



Wayah parak esuk Rangga wis nampa pesen WA saka dhokter Rini. Ngabarake menawa kangmase, dhokter Ranto sewengi ora isa turu. Sambate awake panas lan sesek napase. Pancen Ranto duwe penyakit asma senjata arang arang kumat. Rangga mrenahake supaya enggal digawa nang rumah sakit esuk iku uga. Apa isa kontak rumah sakit rujukan supaya kirim mobil ambulans? Miturut Rini, kahanane Ranto babar pisan ora stabil. Tansah gugup ora jenjem lan sambat sesek napase. Butuh pitulungan medhis dharurat ana rumah sakit. Rini gageyan tilpun ambulans sing isa nggawa Ranto nang layanan gawat darurat rumah sakit. Jam papat esuk Ranto dipethuk mobil ambulans saka Rumah Sakit Akademik UGM.

Rangga karo adhine, dhokter Ati, enggal mara nang Kumendhaman sak perlu mbiyantu Rini anggone ngurus kangmase. Amarga kuwatar nek mbokmenawa Ranto kena Corona, Rini ora melu mobil ambulans, nanging banjur melu sak mobil karo Rangga lan Ati. Pak Kuntoro karo bu Laila, mung dheleg dheleg dene putrane lanang dadakan lara lan kudu digawa nang rumah sakit. Ndonga muga muga putrane ora abot lelarane lan enggal mari. Pasrah, wis dadi konsekuensi dadi tenaga medhis, ketularan lelara amarga ngrawat pasien.

Tekan RSA UGM, terus dipriksa laboratorium lengkap. Test antigen hasile langsung isa dideleng, positip. Priksa PCR durung ana hasile, kudu ngenteni

sakwetara jam. Sakwise dipriksa ana unit Gawat Dharurat, dhokter Ranto langsung isolasi lan rawat inap. Terus diwenehi oksigen amarga seseke sangsaya ndadra, uga dipasang infus. Senajan durung kabukten nek PCR positif, Rini usul karo dhokter senior sing ngrawat supaya kangmase di wenehi azitromisin, vitamin D karo deksametason kaya sing kerep diwaca saka web kedokteran lan kesehatan. Dheweke uga usul supaya Ranto aja diwenehi oseltamivir, obat anti virus flu.

Ati rumangsa bingung meruhi Ranto lara dadakan. Wingi sore isih seger lan seneng bareng bareng nang Parangtritis, kok dadakan nandhang lelara sing katon abot. Pas nang pesisir Ranto pancen katon anggone ora jenjem. Bingung lan sambat awake panas lan sesek napase. Atine melu was was lan ndonga muga muga Ranto enggal bisa ditangani ana rumah sakit. Sakwise Ranto dipindhah nang ruang isolasi lan perawatan, jam setengah enem wong telu terus mulih dhisik. Rini senajan nyoba kalem ngadhepi kedadeyan sing dialami Ranto, nangin tetep katon anggone keweden nek mbokmenawa kahanane Ranto saya abot, seseke mau rada abot. Manut papriksan nang unit Gawat Dharurat, larane Ranto klebu drajad sedhang, ananging seseke sak wayah wayah isa tambah abot.

“Muga muga mas Ranto ora saya abot ya mas. Aku wedi banget nek nganti tambah abot.”

“Aja ngono Rien, mas Ranto wis entuk obat lan perawatan sing diperlokeke, muga muga kasile apik.” Ati sing wiwit mau mung meneng, banjur nyela rembug.

“Rien, awake dheve mengko budhal rada esuk wae karo isa ngawat awati mas Ranto ya. Nek mengko pemeriksaan PCR kasile positif, apike dheve kabeh karo bapak ibu ya priksa sisan sesuk esuk.”

“Jare kasile PCR isa metu sore mengko nek ora ya sesuk esuk. Nek positif mengko awake dheve kabeh njaluk ditest pisan, klebu wong kontak.”

Tekan Kumendhaman pak Kuntoro lan bu Laila wis lenggahan ana pendhapa. Katon suntrut lan susah nguningani putrane mbarep kudu digawa nang rumah sakit. Gageyan anggone mundhut priksa marang dhokter Rini.

“Priye kangmasmu Rien kabanane? Langsung ketanganan ta.”

“Iya bapak ibu, mas Ranto langsung isolasi lan rawat inap. Entuk oksigen. Aku mau ya usul karo dhokter senior, supaya tambane sing wis mesthi migunani kanggo Covid-19, ora kabeh obat diwenehke mundhak malah nambahi beban. Obat asma kanggo seseke ya wis entuk.”

“Sokur nek ngono. Kana resik resik dhisik ya. Mas Rangga karo Atiek, matur nuwun ya, melu repot ngurus Ranto.”

*“Mboten repot kok bapak ibu. Kala wingi sonten mas Ranto taksib seger, ananging rika-
la mlampah mlampah wonten pesisir kok dadakan sambat mboten sekeca.”* Ati nyoba matur karo pak Kuntoro.

+++++

Jam setengah wolu esuk Rangga karo adhine, Ati siap siap arep budhalan. Kaya biasane Rangga ngampirke Ati nang rumah sakit dhisik sak durunge nang kantor. Esuk iku rencana arep ngampiri Rini ben isa bareng anggone nang rumah sakit. Nanging Rini wis kirim pesen WA nang Rangga ora susah diampiri amarga dheweke arep nyopir dhewe wae, nek mbokmenawa mengko sak wanci wanci butuh kendharaan ora susah enten entenan. Pak Dhewanto lan bu Reri, wanti wanti nalika dipamiti.

“Tansah ati ati anakku. Kabanane lagi tintrim usum lelara. Aja ninggal protokol kesehatan. Awakmu dijaga kondhisine.”

“Injih bapak ibu. Ngenteni hasile pemeriksaan PCR dhokter Ranto. Nek positip aku karo mas Rangga uga kudu test ben jelas sumber penularane. Soale wingi kan bareng bareng nang Parangtritis.”

Tekan rumah sakit, dhokter Ati endang anggone nggoleki Rini. Rini lagi dheleg dheleg nang ruang dhokter, karo nikmati kopi lan cemilan esuk. Ora kaya adat sabene, praupane Rini katon suntrut, pucet kurang turu. Ati alon alon anggone nyapa.

“Rien awakmu katon kurang istirahat, aja diforsir ya. Wis ngerti kabanane mas Ran-

to?”

“Aku durung niliki dbeweke, nanging mau takon karo sing jaga. Jarene isih panas awake. Isih seseg ambegane, ning wis diwenehi oksigen terus.”

“Tki kok lagi rame warta prekara ivermektin nang medsos, mbok jajal goleki informasi sing isa dipercaya ya. Kalah cacak menang cacak, kudu dicoba senajan durung mlebu dhaftar paket pengobatan.”

Dhokter Ati karo dhokter Rini banjur wiwit ngayahi gaweyan ana poliklinik. Awan mengko pas jam istirahat pengin nemoni dhokter sing kajibah ngrawat dhokter Ranto, pengin nakokke perkembangane karo takon takon prekara ivermektin. Isih sempat mbukak Google nang internet, nggoleki informasi prekara ivermektin. Akeh informasi sing mratelakake menawa ivermektin iku obat cacing kanggo khewan. Ananging nang web e Organisasi Kesehatan Dhunia, WHO, ivermektin uga dinggo nambani lelara menungsa nang Afrika sing katelah River blindness utawa onchocerciasis, wuta amarga saka cacing *Onchocerca volvulus*. Malah ana informasi saka sumber WHO, menawa status ivermektin kanggo Covid-19, isih penelitian klinik. Dadi tergantung karo dhokter sing mriksa lan ngrawat pasien, apa perlu menahi obat ivermektin mau.

Sakdurunge istirahat mangan awan, Rini karo Ati bareng bareng nemoni dhokter senior sing kajibah ngrawat Ranto. Wose nakokke kahanane pasien dhokter Ranto. Dhokter senior mau katon anggone ngati ati ngrawat kanca sejawat dhokter. Mbokmenawa ngerti amarga akeh dhokter lan tenaga kesehatan sing wis pralaya dadi korban ketularan Corona.

“Pasien isih panas, isih sesek, nanging ora tambah abot gejalane. Obat obat kanggo sesek wis diwenehke. Muga muga enggal ana perkembangan.”

“Nuwun sewu dhokter, wonten njawi kathah warta prekawis ivermektin. Wonten WHO obat punika statusipun tabap penelitian klinik. Menapa saged pun resepakem?”

“Mungkin durung dina iki dhik. Mengko nek wis ana kapesthen saka kasil laboratorium PCR positif, lagi bisa menahi ivermektin. Aku setuju wae menahi senajan durung resmi mlebu nang dhaftar obat kanggo Covid-19. Nanging wis akeh pengalaman saka

ngendi endi prekara ivermektin kanggo Covid-19. Obat sing mujarab durung ana, kahanan gawat amarga pandemi, obat sing dikira ana manfaate, ya isa wae dijajal, angger siap anggone ngawasi kabanane pasien.”

“Matur nuwun dbok menawi makaten. Mangke sonten kita kekalib saged nuweni mas Ranto njih dbok?”

“Mangga ning kudu ati ati banget manut protokol kesehatan.”

“Njih namung badbe ngaturi dhukungan moral kangge mas Ranto, sampun ngantos nglokro amargi sakit ipun.”

Awan iku karo mangan awan, Rini karo Ati, gantiyan anggone kirim pesen WA nang Ranto, nggedekake atine supaya aja cilik aten nandhang Covid-19. Mesthi isa diatasi, sedhela maneh mesthi suda anggone sesek. Pancen sing paling marahi pasien wedi lan rumangsa nandhang abot ya anggone krasa sesek ambegane. Jare petugas jaga ana ruang perawatan, saturasi oksigen isih normal, lan tansah terus diawasi. Rini kirim weling marang kangmase liwat whatsapp. Pangarep arepe, muga muga dhokter Ranto sempat maca.

“Kangmasku Ranto sing tak tresnani. Aja cilik atimu mas. Sedhela maneh mesthi isa diatasi. Obat obate kabeh wis dipilih sing wis kabukten ana manfaate nang lelara Corona. Bapak ibu karo aku tansah ngarep arep mas Ranto mulih nang ngomah kaya wingi wingi. Saiki istirahat dbisik ya. Salam saya saka adhimu Rini.”

Ati uga ngririm weling ning ora ditulis, diomongke liwat whatsapp. Irama swarane kaya kaya wis cedhak banget lan wis raket banget sesambungane karo Ranto.

“Mas Ranto, iki saka Ati, aja lali karo swaraku. Sing kuwat ya mas, sedhela engkas mengko rak wis suda rasa seseke. Ora susah wedi, kabeh kene melu ndongakke kagem mas Ranto. Suke nek wis mari tak kancani dolan nang pesisir maneh. Salam kangen saka Ati.”

Senajan rasane awak ora karuwan, adhem panas, sesek lan jimpe kabeh, dhokter Ranto isih isa maca lan ngrungokke pesen liwat WA mau. Dheweke krasa seneng lan mantep maca welinge adhine, Rini. Pancen biyasane an-

tarane dheweke karo Rini, ora akeh anggone guneman. Maca welinge adhine dheweke rumangsa mongkog. Saya maneh mandang ngrungokke pesene Ati, rasane sir siran nang ati. Dheweke durung tau ngobrol suwe karo sing jenenge Ati, kejaba wingi pas nang pesisir. Rasane kok kaya kaya Ati eman banget marang dheweke. Dikuat kuatke muga muga enggal entheng lan isa ketemu adhine, Rini karo Ati. Pengin rasane mlaku mlaku wong loro karo Ati nang panggonan sing sepi. Aah muga muga kelakon ya.

Sore sakdurunge mulih, Rini karo Ati niliki dhokter Ranto ana kamare, lengkap nganggo pakeyan pelindung. Kahanane Ranto stabil, mung isih perlu oksigen kanggo ngurangi seseke. Rini nggegem tangane kangmase karo omong, *“Mas Ranto sing tatag ya mas, kabanamu stabil, sedhela maneh mesthi wis suda anggonmu seseke. Ora susah wedi, dikuatke ya mas, mesthi mari.”* Ranto mung manthuk, minangka wangsulan, isih angel anggone omong. Ati uga ora keru, nyedhak nang sisihe Ranto, karo nggegem tangane.

“Mas Ranto sabar ya mas. Lagi entuk alangan kena lelara. Mesthi mari sedhela engkas. Ora susah cilik ati. Suk nek mari tak kancani mlaku mlaku nang panggonan sing asri. Tabah ya mas.”

Bubar niliki Ranto, wong loro bali nang ruang dhokter. Wis wayahe mulih, nanging arep ganti pakeyan ben tekan omah wis resik. Aja nganti nggawa lelara mulih menyang ngomah. Bapak ibune wis yuswa, klebu kelompok beresiko. Ati melu mobile Rini, amarga Rangga durung bisa ngampiri. Alon alon Rini nyetir mobile sak dawaning dalan lingkaran kulon. Langit warna semburat abang ana ing sisih kulon. Wong loro ora akeh guneman, kagawa dening batin kang lagi prihatin amarga larane Ranto. Saka dalan lingkaran kulon, menggok ngiwa ana dalan Wates, ngliwati Pojok Beteng Kidul mlebu njeron beteng saka Alun Alun Kidul, terus nang Langenastran.

“Tiek aku ora susah mendhun, sungkem kagem Rama Ibu ya, karo kangmas Rangga. Dongakna masku Ranto ben ora tambah abot ya.”

Ati mbrabak raine, mripate kaca kaca krungu sambate Rini. Dheweke uga pengin banget menawa Ranto enggal mari, dheweke pengin ngancani Ranto mlaku mlaku ngenggar enggar ati menawa pas ora sibuk ana rumah sakit.

“Matur nuwun ya Rien. Muga muga mas Ranto enggal mari, selak pengen ngobrol aku karo dheweke.”





Bab 22

Mari saka Nandhang Corona



Esuk iki mau kasile test PCR Ranto wis metu, pancen positif. Untung wae dhokter Ranto wis diisolasi lan dirawat inap ana RSA UGM. Lelarane klebu isih deradad sedhang. Ananging amarga ana gejala seseg, mula dhokter mutusi kudu dirawat inap wae karo ngatasi anggane seseg mau. Dina iku uga banjur diwiwiti pengobatan nganggo ivermektin. Akeh pengalaman positif saka negara negara sing wis nggunakake ivermektin, senajan WHO isih menahi status obat nembe uji klinik. Dhokter sing ngrawat Ranto, uga mutusi menahi terapi plasma konvalesen sing jare uga ana manfaate kanggo pengobatan Corona. Apa wae sing mbokmenawa ana khasiate kudu dicoba wong pancen durung ana obate sing kabukten mujarab. Dhokter Rini karo Ati, banjur padha rembugan anggane bakal test PCR dina iku. Banjur ndhaftarake Rangga, bapak lan ibu Kuntoro.

“Tiek kasile lab mas Ranto, PCR e wis kapesthen positif. Mula awake dhewe, mas Rangga karo bapak ibu wis tak dhaftar ke kabeh test PCR dina iki.”

“Ya terima kasih Rien, apa mas Rangga karo bapak ibu wis diaturi? Nek isa mas Rangga wae diwenahi weruh ben isa ndherekake pak Kuntoro karo ibu.”

“Ya iki mau wis tak kirimi WA, mbokmenawa mengko awan awanan tekan kene, bapak, ibu karo mas Rangga. Maune bapak arep nyetir piyambak. Ning tak aturi ngenteni mas Rangga dhisik.”

“Nek awake dhewe nang laboratorium esuk iki, pamitan dhisik karo sing jaga nang poliklinik Rien, ndak dienteni. Jane ya ora suwe nek arep swab esuk iki.”

Dhokter Rini karo Ati banjur mara menyang poliklinik, menahi weruh menawa arep pemeriksaan usap ndhisik. Banjur nang lantai loro, nang ruangan khusus kanggo periksa usap. Ora nganti suwe ora ngganggu jadwale nang poliklinik. Poliklinik biyasane wiwit jam setengah sanga. Bubar periksa usap tenggorokan wong loro banjur wiwit kerja ana poliklinik kaya adat sabene. Ora ana sing istimewa esuk iki mau. Jarene dhokter jaga, kahanane dhokter Ranto wis mulai stabil. Panase wis medhun, saturasi oksigen normal, seseg karo watuke isih nanging ora tambah abot tinimbang wingi. Malah kepara wis rada suda. Dhokter Ranto senajan lagi diisolasi lan dirawat inap, tansah ora jenjem, bola bali takon karo perawat sing jaga, kapan isan mulih. Akeh dhaftar operasi sing nunggu lan kudu diayahi. Perawate ya mung mangsuli kanthi entheng.

“Paling ora kudu dirawat inap rong minggu dbok. Sing sabar wae ora susah mikir gaweyan dhisik. Gaweyan ora bakal ana enteke, sing penting saiki pulih sebat dhisik.”

“Iya bener Zus, wis kebiasaan dina dina uripku wingi wingi mung mikir pasien operasi. Jaduwale sedina nganti antre. Nek mundur mengko antrene tambah dawa.”

“Wis ben diayahi liyane sing isih sebat dbok. Saiki panjenengan kudu sebat dhisik.”

Awan sakdurunge jam istirahat, Rangga karo pak Kuntoro lan ibu Laila Kuntoro wis teka ana RSA UGM. Langsung nang poliklinik Covid-19, lapor menawa ana anggota keluwargane sing test PCR positif, dhokter Ranto. Banjur langsung diarahake menyang laboratorium kanggo periksa usap tenggorok. Rini karo Ati isih repot ana poliklinik, ora isa nemoni lan ngancani nang laboratorium. Ora apa apa amarga layanane lancar. Ora suwe pemeriksaan wis rampung. Rangga banjur kirim WA marang Rini, apa perlu ketemu?

“Aku karo bapak ibu, wis rampung anggone swab. Apa perlu ketemu Jeng? Kono isih repot nang poli, aku ya kudu enggal mulih nang kantor, upama terus mulih wae piye? Iki aku tak ndherekke Bapak karo ibu kondur dhisik.”

“Iya mas ora apa apa, ditinggal wae. Ngenteni ya ora ana gunane wong ora isa niliki mas

Ranto. Matur nuwun ya mas, wis ndberekke bapak ibu. Mengko aku uga tak omong karo Ati. Mengko sore wae, nek pas methuk Ati, aku pengin ketemu. Kangen upama ora weruh njenengan mas.”

Sore sakdurunge mulih, Rini karo Ati, niliki dhokter Ranto nang ruang perawatan isolasi. Kahanane wis stabil senajan isih seseg lan isih diwenehi oksigen. Marahi lega amarga ora nganti butuh ventilator. Sak perangan ghedhe pasien sing wis nganti butuh ventilator malah wis ora isa ketulungan, Kaya wingine, Rini uga mung menehi support ben kangmase ora cilik atine. Semono uga Ati, dheweke mbisiki Ranto supaya tetep kuat lan tabah, aja nganti ngalah. Istirahat dhisik paling ora nganto rong minggu. Mungkin ya pancen mboseni, ning kepiye maneh. Kudu ditampa ben isa sehat maneh.

“Mengko tak kirim pesen swara limat WA wae ya mas. Muga muga swaraku isa ngancani njenengan. Nek seneng dimirengke, nek ora ya dibapus wae. Digawe entheng.”

Ranto mung isa manthuk karo nggegem tangane Ati karo Rini. Rini rada kaget kok ujure Ati nang kangmase wis rada mesra. Ana apa wong loro iku, wong mung mlaku mlaku sedhela pas nang pesisir Parangtritis dina Minggu wingi. Rangga sedhela maneh wis teka ngampiri adhine. Ketemu sedhela karo Rini ana pelataran parkir. Rini mung ngomong kanthi ringkes lan manja

“Mas nek aku pengin diurut aku isa WA njenengan ya mas. Akhir pekan wae ben ora kesusu.”

“Iya aku nek mara nang nggonmu kudu ngajak Ati, ben ora kikuk karo bapak ibu anggonku mijeti awakmu.”

“Aku wis matur bapak ibu, diparengke kok mas.”

“Iya ning aku sing kikuk ndak dipikir tangga mengko. Karo ben ngajari Ati kumi lo.”

Banjur sowang sowang mulih dhewe dhewe alon alon. Sak jurusan dalane saka dalan lingkaran kulon menyang Alun Alun Kidul ana njeron beteng.

Bubar rong minggu anggone nglakoni isolasi lan rawat inap ana RSA UGM, dhokter Ranto kasile pemeriksaan PCR wis negatip. Wis oleh mulih diteruske

isolasi mandhiri nang ngomah. Dina Sabtu esuk diterke mulih dening Rini karo Ati. Tekan ndalem Kumendhaman langsung mlebu nang kamar mburi. Tetep kudu isolasi maneh paling ora nganti sepuluh dina utawa rong minggu. Ana kamar kamar jejer nang pekarangan mburi, keledan plataran gilar gilar ketutup suket ijo karo wit witan taman.

Pak Kuntoro karo bu Laila, rumangsa lega lan seneng banget rikala putrane mbarep iku wis rampung anggone rawat inap lan diteruske isolasi nang ngomah. Senajan durung isa ngendikan adu arep cedhak cedhakan karo putrane, ning batine wis ora dikebaki rasa kuwatir lan wedi. Wis isa sareh lan sumeleh. Anggone atur panuwun karo Sing Gawe Urip ora kendhat dene putrane wis slamet saka lelara Corona sing ndrawasi iku. Nang medhia sosial akeh dhokter lan tenaga medhis isih enom enom nganti pralaya amarga Corona. Andekna masyarakat isih akeh sing ora sadhar protokol kesehatan, njaga jarak, nganggo masker lan wisuh tangan, uga ngendhani kumpul kumpul.

Dhokter Ranto rumangsa wis lepas saka sengsara, saka rasa wedi, rasa kuwatir anggone nandhang lelara sing nggegirisi. Senajan isih ana gejala mung ora abot, sirahe mumet, awak jimpe, watuk lan seseg. Nanging wis ora ana rasa wedi sing tansah ngebaki atine. Lega isa lepas saka bebendhu sing ndrawasi lan nggegirisi iku. Saya mantep anggone bakal ngayahi tugas profesine, tugas kamanungsan nglayani pasien tanpa wigah wigih. Kabeh tugas profesi ana resiko. Kudu tansah ngurangi lan ngendhani resiko sak isane. Wis ana tata cara sing kudu ditutke.

++++

Awan iku dhokter Rini karo dhokter Ati pengen nemoni kangmase dhokter Ranto ana ing rumah sakit pendhidhikan, RSUP Dr. Sardjito. Dhokter Ranto wis bali ngayahi tugas gaweyan kaya biasane senajan isih ana gejala sing durung ilang blas, kaya watuk lan sok sok rasa seseg nang ndhadha. Wis isa wiwit melu operasi mung cacah operasi isih separone nek dibandingke karo rikala sehat sakdurunge kena Corona ndhisik. Rini karo Ati pengen dikancani ngadhep guru besar Kesehatan Anak, konsultasi prekara karier dhokter spesialis Kesehatan Anak.

Dhokter Ranto wis ndhaftar nyuwun wektu karo sakwijining gurubesar senior, tokoh ahli Kesehatan Anak sing wis kondhang asmane nang tingkat nasional lan internasional. Profesor Yati uga tokoh perempuan, mbokmenawa kersa paring wawasan kanggo karier dhokter kaya Ati karo Rini, nang babagan Kesehatan Anak, sakwise ngrampungake jebibahan dadi dhokter tenaga medhis sukarela nang RSA UGM. Pas jam istirahat makan siang wong telu banjur mara menyang kantore profesor Yati, ana ing kampus Universitas Gadjah Mada. Priyayine grapyak sumanak, nampa kanthi sareh konsultasine Ati karo Rini. Ati karo Rini gentenan anggone matur konsultasi, dene Ranto mung meneng ngrungokke wae.

“Kita Ati kaliyan Rini, lan kangmas dhokter Ranto aisten bedhab, matur sanget panuwun dene profesor sampun kersa maringi wekdal kangge konsultasi. Menawi kepareng badhe nyuwun wawasan kangge karier profesi wonten babagan Kesehatan Anak, kita kakalih taksih gamang.”

“Iya nuwun ranyubmu, dhokter Ati, dhokter Rini karo dhokter Ranto, muga muga aku isa menehi gambaran sing kok butuhake. Kapan anggonmu lulus dhoktere? Saiki tugase ana ngendi?”

“Nembe kemawon lulus dhokter, dereng wonten kalih tabun. Setahun punika namung ngayahi dados relawan tenaga medhis wonten griya sakit RSA UGM, ugi nate sekedhap wonten Majene.”

“Karier nang babagan Kesehatan Anak perlu duwe rasa asih lan keprihatinan marang kabahan kesehatan lan kesejahteraan anak anak supaya bisa tumbuh kembang kanthi apik, nyuda panandhang lelara lan kasangsaran.”

“Injib profesor, kita ngugemi pangertosan kalau wau kanthi sae. Menapa taksih wonten kasempatan pengabdian profesi wonten babagan kesehatan anak punika prof sak punika?”

“Isih jembar kalangane, isih akeh laladan sing kudu dikembangke ing tembe ngarep kanggo perkembangan anak anak Indonesia, sing butuh peran aktif generasi nom.”

“Matur nuwun sanget prof. Menapa kedah mlebet pendhidhikan spesialis anak supados saged tumut ing babagan promosi kesehatan Anak.”

“Pembangunan Kesehatan Anak ora mung dadi tugase dhokter Ahli Kesehatan Anak, sapa wae sing duwe rasa asih lan keprihatinan marang kesehatan lan kesejahteraan anak nang Indonesia isa urun panyengkuyung miturut kahanan lan kebutuhan nyata sing diadhepi nang masyarakat. Dhokter spesialis Kesehatan Anak kuwi nek ngrembug kompetensi lan perawatan larane anak anak.”

“Kita kekalih pengin mangertosi laladan Ilmu Kesehatan Anak kaliyan syarat kangge mendhet spesialisasi punika prof.”

“Mangga dipirsani nang internet, syarate ana nang kana sing kudu diiapake kanggo pendhidhikan formal spesialis anak, Nek ana sing kurang trawaca isa ditakokke marang pengelolane. Isih akeh bidhang sing kudu diesuh kanggo ngundhakake status kesehatan lan kesejahteraan anak nang Indonesia. Upama dibutuhake layang rekomendasi saka aku, mengko tak gawekeke.”

“Matur nuwun sanget prof. Sampun gamblang sedaya kangge kita kekalih. Namung nyuwun pangestu supados lampah kita kekalih tansah pun paring margi ingkang lancar.”

“Muga muga cita citamu tansah kaparingan dalam ya. Aja cilik ati ngadhepi tantangan, kudu tansah semangat berjuang kanggo kamanungsan lan profesi. Ning aja pisan pisan nglirwakake urip pribadhi. Nek urip pribadhimu tentrem, dalane karier profesi uga lancar. Nanging yen urip ora tentrem, biasane karier profesine ya bakal ngadhepi akeh alangan.”

Rini, Ati karo Ranto wis trawaca kabeh sing dingendikakake guru besar senior mau. Rini isih durung mantep menawa arep ndhaftar pendhidhikan dhokter spesialis Kesehatan Anak. Senajan dheweke seneng bidhang iku, nanging luwih seneng bidhang Kesehatan Masyarakat sing luwih jembar. Ranto sing wis meh ngrampungke pendhidhikan spesialis Bedhah, luwih nyarujuki Ati nglamar pendhidhikan spesialis Kesehatan Anak. Nang kedhokteran klinik, kasile luwih cepet katon nang pasien, isa dideleng langsung. Ati isih mikir mikir, nanging dheweke kok luwih mantep ngetutke panemune dhokter Ranto. Atine krasa cedhak karo Ranto.





Bab 23

Weling saka Manila



Sore iku Rangga lagi siap siap arep mulih. Lagi wae bubar anggone rapat liwat jagad maya karo salah sijining pelanggan anyar. Dadakan ana pesen WA mlebu saka Loretta Mariano ing Manila. Isine cekak aos, ngabarake menawa kahanane apik apik wae ana Manila. Sakbanjure ngandhakake menawa ana program dhoktor by research nang De La Salle University, mbokmenawa cocok kanggo penelitian sing dirancang dening Rangga.

“Rangga, rencana penelitianmu mbokmenawa cocok yen diajokke nang De La Salle University [DLSU] Manila. Coba wae kok simak informasine nang website. Akeh ahli ekonomi pembangunan saka negara negara Asia pada sinau mrana. Aku ya mentas ketemu kanca guru besar ekonomi pembangunan, dheweke menehi sinyal positif.”

Rangga mbales kanthi aos. *“Matur nuwun Loretta, sinau nang Manila rumangsaku pas banget wektu iki. Sakwise kena pageblug Corona, pertumbuhan ekonomi Filipina paling dhuwur nang Asia, nglumibi China lan Vietnam. Seneng banget aku, ning wektu iki lagi prihatin amarga varian Ddelta virus Corona. Tak sinaoni kanthi njlimet. Salam asih saka Yogja.”*

Rangga banjur mangkat mulih alon alon, ngampiri adhine ana RSA UGM nang dhaerah Gamping. Mengko isa ketemu Rini ora ketang mung sedhela. Tekan RSA UGM, Ati wis ngenteni, lagi karo Rini lungguh ana papan tunggu.

“Rien, ana sing perlu tak omongke prekara rencana program dhoktorku. Enake apa mengko aku tak sanja nang ndalem wae apa ya?”

“Ora apa apa mas, mengko wae bubar maghrip isa rawuh nang ngomah. Wis diantu antu bapak ibu uga, pirang pirang dina ora katon.”

“Nek ngono aku tak ngajak Ati sisan, dbeweke mbokmenawa pengin omong omong karo mas Ranto.”

“Cocok mas, nek ngono aja lali ngurut aku ya mas. Awakku wis pegel kabeh iki.”

Rangga karo Ati, ngetutke lakune mobil sing disetiri Rini metu saka rumah sakit, nlusur Dalan Lingkar Kulon, menggok ngiwa metu dalan Wates. Angine semribit kepenak, angin wayah sore, marahi nang ati tentrem lan seneng. Tekan prapatan Gadhing banjur pisah sowang sowang. Rangga mlebu Plengkung Gadhing, ngliwati Alun Alun Kidul mlebu kampung Langenastan. Dene Rini, menggok ngidul nuju kampung Kumendhaman. Kaya adat saben tekan ngomah langsung resik resik awak terus ganti pakeyan resik, lagi wani nyalami rama ibune, sing lagi lenggahan ana pendhapa.

Sakwise iku Rangga mlebu kamare. Karepe arep leren, nanging isih mikir prekara welinge Loretta. Dheweke mbuka internet lan nggoleki web site De La Salle University. Salah sijine pawiyatan luhur Katolik sing kondhang nang Asia, madeg ing tahun 1911 dening De La Salle Brothers. Kampus e ana pirang pirang enggon, ana Pusat Penelitian Bisnis lan Pembangunan ing kampus Manila, ana Taft Avenue. Nang Manadho Sulawesi Utara uga ana pawiyatan luhur DLSU, ning embuh piye hubungan organisasine. Sedhela Rangga banjur nlusuri internet ndeleng informasi prekara DLSU Manila.

Bubar maghrib Rangga, Ati karo rama ibune, pak Dhewanto lan bu Reri padha dhahar bengi. Biasane jam dhahar bengi pancen antarane jam setengah pitu. Pak Dhewanto lan bu Reri, ngendika akeh akeh prekara pageblug Corona, kok durung mendha malah kepara saya akeh sing ketularan. Kapan pageblug iki isa mendheg ya? PPKM [Pemberlakuan Pembatasan Kegiatan Masyarakat] diundur saben minggune, pusat pusat dagang kaya pasar lan toko toko padha tutup. Ati matur bapak ibune, nerangake ngapa alasane oba-

he masyarakat kudu diwatesi.

“Nek ora diwatesii, sing ketularan nandhang lara Corona saya akeh bapak ibu. Iki wis mulai ngetokke kasile anggone PPKM. Kasus anyar saben dinane wis wiwit medhun, muga muga medhun terus.”

“Iya nDhuk pancen kudu disetop penularane, nanging uga kudu ana perlindungan bisnis, kayata nyuda pajek, beaya layanan nang kantor pamarentah. Jarene pajek arep disuda kok malah wis dioyak oyak pajek penghasilan lan PBB. Nganti kapan isa bertahan.” Rangga banjur matur.

“Prodhuksi apike dikurangi dhisik pak. Pemasaran digalakeke liwat internet. Barang dikirim liwat jasa pengiriman wae. Mungkin ya ora isa kaya nek adol langsung, nanging lumayan isa kanggo mbantu puteran modhal.”

“Iya njajal kapan kapan tenaga admine kok warahi ben isa jalan dhewe.”

“Iya akhir pekan tak rembugan karo dbeweke ben ngundhakeke dodolan liwat internet.”

Jam pitu bengi Rangga karo adhine, Ati nyuwun pamit arep niliki Rini lan Ranto ana dalem Kumendhaman. Ora bakal suwe, mbokmenawa jam sanga wis mulih. Tekan Kumendhaman Rini wis ngenteni ana pendhapa. Ati karo Rangga banjur ngaturi salam pak Kuntoro dalah bu Laila, sing lagi lenggahan ana ruang tengah. Ranto isih ana kamar. Wong telu banjur lugguh lan wiwit rembugan ana pendhapa.

“Jeng Rien, sore mau pas arep mulih aku nampa pesen saka Loretta, jare nang De La Salle University ing Manila ana program dboktor by research. Mau wis tak goleki informasine nang internet, wis ketemu kabeh. Salah sijining universitas sing kondhang nang Asia, akeh tokoh ekonomi pembangunan padha sinau mrana.”

“Ya apik mas, mung aku pengin ngudhar rasa wae. Paling ora kan kudu ninggal lunga nganti rong taun. Senajan by research apa ora ana mata pelajaran sing kudu dijupuk formal.”

“Mesthi ana, mung mungkin isa ora nganti rong tabun penuh. Mengko tak pelajari apa isa transfer kredit karo pelajaran sing wis tau tak jupuk ndhisik. Mengko aku karo tim

ku uga atasanku tak rembugan piye carane ben unit anyar iki isa jalan terus. Kan paling wiwite lagi setaun engkas, dadi isih ana wektu kango siap siap.”

“Ana apike kok ya konsultasi karo guru besar nang kene mas, ben saya akeh entuk masukan. Aku upama nang Manila jane ya pengin njupuk Master of Public Health nang kana, akeh dbosen Kesehatan Masyarakat sing njupuk program Master nang Manila. Ning aja diputuske dbisik, ditimbang timbang untung rugine njupuk nang Manila apa nang Indonesia.”

Ora let suwe dhokter Ranto metu melu nemoni. Isih katon anggone durung pulih babarpisan saka anggone kena Covid-19. Isih asring aras arasen karo sok sok watuk. Ora akeh tembunge, mung ngrungokke wae rembugane Rini karo Rangga. Rini ngelingake Rangga nek dheweke pengin diurut sikile.

“Mas aku sida diurut ya, njenengan wis janji lo. Arep nang kamarku apa nang kene wae, tak mengkeurep nang sofa.”

“Kono mesthi banjur bubuk nek tak urut, nek nang kene mengko le mindhab piye. Sisan nang tempat tidhur wae, ben dikancani Ati.”

Rini banjur matur bapak ibune, menawa arep diurut dening Rangga nang tempat tidhur. Bu Laila Kuntoro mung manthuk ngiyani, mung mbatin bocah iki kok manja temen karo Rangga, pacare. Nek ana alangan nang ndalan apa ora kantep banget mengkone? Ya mung dipupus wae, muga muga sesambungane tansah lancar nir ing sambe kala. Ranto karo Ati, neruske anggone rembugan ana pendhapa. Rini banjur diurut sikile dening Rangga ana kamar tidhur. Jam setengah sanga bengi, Rini wis keturon ana kamare. Rangga enggal metu saka kamar, nang ruang tengah mrangguli pak Kuntoro karo bu Laila nembe mirsani tv.

“Ibu punika dik Rien sampun tilem. Kula badhe lajengan nyuwun pamit rumiyin.”

“Iya mas Rangga, kae Ati isih nang pendhapa karo Ranto. Aja kesuwen nang njaba mundhak kena angin.”

“O injih bapak kaliyan ibu, mbok menawi kula krenteg badhe mendhet program dboktor wonten De La Salle University ing Manila. Sonten wan pikantuk weling saking kanca

ing Manila. Menika nembe ningali menapa kemawon syaratipun.”

“Aku karo ibumu, melu seneng mas Rangga, coba disiyapke alon alon, karo konsultasi kiwa tengen karo senior2 sing wis pengalaman.”

“Injib Bapak, minggu ngajeng punika badhe sowan tepangan senior wonten babagan punika. Menawi estu, mbokmenawi mangke dhik Rini ugi pengin mendhet program Master wonten Manila.”

“Tya mas Rangga dipikir kanthi sareh wae. Mengko Rini uga tak takonane senenge arep menyang endi karier tembe ngarep. Kok timbang timbang sing paling efisien penake nang endi.”

Rangga banjur nggoleki adhine nang pendhapa. Ati isih anteng anggone rembugan karo Ranto. Wong loro wis sarujuk nek Ati luwih mantep arep mlebu nang pendhidhikan spesialisasi bidhang klinik, Kesehatan Anak kaya dhawuhe profesor Yati wingi. Rangga banjur ngajak Ati nyuwun pamit, alon alon mulih. Atine isih kebak pitakonan prekara rencanane arep njupuk program dhoktor ana Manila. Akeh sing kudu dipikirake.

+++++

Awan iku Rangga ngeterke dhokter Rini karo dhokter Woro Hadiati, ngadhep sakwijining tokoh Ilmu Kesehatan Masyarakat ana ing kampus UGM. Asmane profesor Laksono, sing wis kondhang ora mung nang tlatah Indonesia, nanging uga ana ing tlatah Asia. Panjenengane uga ngayahi jejibahan ana ing tingkat nasional minangka Tim Ahli ana ing Kementrian Kesehatan. Dhokter Rini wis gawe janjian ketemu liwat sekretarise. Jam rolas awan Rangga methuk Rini karo Atik saka RSA UGM ing Kronggahan Gamping, banjur terus nang kampus Sekip. Dhokter Ranto ora melu amarga akeh operasi dina iku.

“Matur nuwun prof sampun kersa maringi wekdal dhateng kita. Kula Rini Kusumadewi kaliyan kanca saka kringkelan, dhokter Woro Hadiati, sakmenika nembe tugas wonten RSA UGM, sampun meh setaun. Punika pun teraken kangmas Rangga, pacangan kula.”

“Tya matur nuwun adhik adhik, apa sing isa tak biyantu?”

“Waleh waleh menapa, kangmas Rangga mbokmenawi badhe mendhet program dboktor wonten Manila, wonten ing De La Salle University, mbokmenawi winit tahun ngajeng. Kula ndilalah kok kasengsem wonten bidhang Kesehatan Masyarakat. Kadospundi menawi kula ugi mendhet program Master wonten Manila?”

“Wah selamat mas Rangga lan dbokter Rini. Nang Manila sing kerep dbokter dbokter saka Indonesia njupuk program Master in Public Health, ana University of Philippine utawa UP. Kayane UP wis akeh nyetak Master in Public Health kanggo ahli ahli Kesehatan Masyarakat saka Asia lan Afrika. Krungu krungu program master e rada ketat. Wulan wulan awal ana kuliah kuliah matrikulasi. Dipirsani wae nang website e karo ditimbang timbang endi sing paling efisien mengko.”

“Menawi estu mendhet program master, karier sak lajengipun ingkang kathah wonten pundi prof?”

“Akeh kemungkinane, dadi panaliti utawa dhosen ana lembaga akadhemik, utawa dadi perencana lan pengelola program kesehatan ana Kementerian Kesehatan. Bidhang iki tansah berkembang amarga prekara kesehatan lan sistem layanan kesehatan sing sangsaya kompleks. Ora bisa mung ngopi sistem layanan kesehatan saka negara liya, apa maneh negara maju. Contone nalika ana pageblug Corona iki, akeh sistem layanan kesehatan ing negara maju sing maune tansah dadi kiblat uga kethetheran ngadhapi ombak lelara Corona.”

Krungu prekara pageblug Corona disebut, Rangga banjur nyela prekara rencana penelitiane.

“Nuwun sewu prof, rencana penelitian dalem njih gegayutan kaliyan prekawis pageblug Corona punika. Badhe ningali kapasitas inovasi institusi rikala ngadhapi pageblug punika, kangge ngirangi dhampak ekonomi.”

“Apik mas Rangga, sokur nek isa ditambahi ora mung ngurangi dhampak ekonomi ning uga dhampak kesehatan. Coba aku dikirimi ringkesan rencana penelitiane.”

“Injih mangke kula kintun wonten WA, nembe pra usulan kemawon.”

“Terima kasih mas Rangga. Upama sida njupuk nang Manila, ngapa ora sisan bareng wae nempub program paska. Institusine beda nanging panggonane cedhak, UP nang Malate, DLSU nang Taft Avenue. Isa golek sewan apartemen nang cedhak cedhak kono. Transportasi nang Manila lumih gampang, ana Jeepney ana kereta listrik LRT lan liya liyane. Ning ya mangga ditimbang timbang.”

“Matur nuwun prof, kados sampun cekap. Matur nuwun sanget wawasanipun. Kita manah manah rumiyin lan kita siyapaken syarat syaratipun.”

Rangga, Rini karo Ati banjur pamitan, mulih menyang RSA. Rangga terus bali nang kantore ing kampus Dalan Lingkar Kulon. Rangga lan Rini rumangsa saya cetha anggone padha njupuk program paska, ning apa nang Manila apa nang Indonesia. Ning kabeh isih butuh persiyapan akeh. Suwalike Ati, luwih mantep arep nupuk spesialis Kesehatan Anak wae ana Indonesia, sokur nek isa nang Yogja. Kabeh ana dalane dhewe, mung kudu disiyapke kanthi teliti. Ora isa grusa grusu kesusu.





Bab 24

Ngrancang Rencana Lembaga



Esuk iku Rangga Bawono lagi nganakake rapat internal karo anggota Tim, Unit Pelayanan Pengembangan Bisnis lan Inovasi [PPBI]. Kirana, Arbani karo mbak Nanik. Wose Rangga nggambarake rancana pengembangan PPBI nang tembe ngarep, jangka cedhak lan jangka adoh. Uga ngrembug kegiatan kegiatan sing wis diwiwiti karo para pelanggan. Kabeh mlaku lancar ora ana alangan sing abot, Rangga sak kanca wis mangerteni rencana mau. Nanging bareng Rangga ngandharake menawa dheweke arep njujuk program dhoktor nang Manila, kabeh padha kaget. Apa kegiatan PPBI isa terus mlaku, piye carane? Kirana banjur takon, setengah durung percaya.

“Mas lha mengko sing mandbegani PPBI iki sapa? Kari aku karo dhik Arbani apa isa mrantasi sak kabehane?”

“Iya dhik aku ngerti pitakonanmu. Awake dhewe kudu duwe rekadaya kanggo nutupi kekurangane mengko. Pancen kudu gentenan anggone njujuk program dhoktor. Menawa aku wis rampung, mengko gentenan awakmu. Saiki piye angkahe ben kegiatan tetep mlaku?”

“Iya mas apike mengko awake dhewe ngadhèp pimpinan lan ngusulake upaya saka awake dhewe.”

“Persis dhik, nek awakmu setuju, pimpinan unit formal dipasrahke pimpinan ben ditunjuk penggantine, kanggo urusan metu. Dene sing mlaku saben dinane ya dhik Kirana

karo dbik Arbani wae. Kegiatan aja sing abot abot dbisik, sing penting mlaku terus. Nek perlu nambah tenaga siji engkas, sarjana ekonomi sing wis pendhidhikan S2. Muga muga disetujui pimpinan.”

Awan iku Rangga banjur ngadhup pimpinan, Dr. Ir. Mashudi nglaporake menawa dheweke pengin njupuk program dhoktor ana DLSU Manila. Mbokmenawa ora isa ngayahi jejibahan tanggung jawab kepala Unit PPBI, paling ora rong taun nganti telung taun, kawiwitan taun ngarep. Dheweke njlentrehake upaya persiyapan sing direncanakake kanggo PPBI supaya ora mandheg. Kabeh isa tetep mlaku, mung pancen kudu ana owah owahan sithik saka rencana wiwitan. Rangga yakin menawa saka babagan teknis, Kirana wis mumpuni isa mrantasi gaweyan lan kegiatan sing ana. Mung mbokmenawa nek urusan metu kudu ana sing mandhegani lan tanggung jawab.

“Terima kasih sedulur Rangga. Aku ngerti sing kok jlentrehake. Wis dadi konsekuensi pawiyatan lubur nek kudu tansah luwes nyiapake langkah owah owahan ngadhupi kahanan nyata. Pimpinan pawiyatan lewat Senat wis nyatujoni program dhoktormu. Kari nggawe langkah persiyapan lan owah owahan sing diperlokke. Cekake ngene wae, mengkone penanggung jawab PPBI, aku isa ngawekani, muga muga disetujui Rektor. Dene tim pelaksana, apike Kirana ana sing ndhampingi, sarjana ekonomi kanthi sing pengalaman ana bidhang studbi pembangunan.”

“Injib Bapak, sedulur Kirana perlu didhampingi ahli ekonomi sing wis nglakoni pendhidhikan S2 lan duwe wawasan lan pengalaman. Isih akeh wektu, tahun ngarep lagi winit lagi winit.”

Kegiatan PPBI tetep mlaku kaya adat saben. Ning senjata isih suwe anggone arep njupuk program dhoktor nang Manila, Rangga wis nyiapke langkah owah owahan sing diperlokke. Aja nganti macet amarga kabeh gumantung nang wong siji utawa one man show. Proyek karo pelanggan RS pendhidhikan Dr. Sardjito wis mlaku kanthi lancar, malah ketoke isa rampung luwih cepet. Rangga karo Kirana pancen trampil anggone ngrengkuh proyek, kabeh isa mlaku manut rencana. Wong loro cocok banget cara kerjane, isa padha dene nutup kekurangane dhewe dhewe. Rencana kegiatan nganti taun katelu wis disiapake dening Rangga karo Tim, kabeh wis cetha. Prekara Rangga mengko

kepeksa absen amarga program dhoktore, Kirana sing tinanggenah nyulih.

+++++

Dhokter Rini karo dhokter Ati biyasane mung tugas ana poliklinik. Ananging amarga kekurangan tenaga medhis, dheweke sok sok kudu melu ngrawat pasien nang bangsal, senajan ora dadi penanggung jawab. Tugase mung mrenahake apa sing wis diputuske dhokter penanggung jawab, wis dilaksanakake, tumrap pengobatan lan tindakan perawatan liyane. Prasasat dheweke karo perawat bangsal sing ngadhepi pasien saben dinane. Nek ana sambat gremengan saka pasien utawa keluarga pasien, dheweke sing kudu ngadhepi sepianan. Nalika cadhangan obat utawa oksigen sangsaya nipis, atine mesthi dheg dhegan amarga keluarga pasien mesthi ora isa nampa lan wiwit ngresula. Kaya awan mau nalika nang bangsal sakwise ngrampungake tugas poliklinik, ana keluarga pasien sing mampang mampang amarga oksigene telat.

“Piye ta dhok kok oksigen nganti isa telat. Kan isa ndrawasi. Sampeyan kudu tanggung jawab nek nganti kahanan pasien dadi saya abot.”

“Nuwun sewu pancen nunggu drop dropan oksigen saka penyalure. Rumah sakit wis pesen wivit minggu wingi. Lagi mulai teka jatahe. Kita tansab ngawat awati pasien, saturasi oksigen isih klebu normal. Sedhela maneh muga muga jatah oksigen wis teka.”

“Kok bisa nganti telat ki piye ta? Apa ora ana upaya koordhinasi antarane rumah sakit karo penyalur?”

“Ya senajan ana koordhinasi wong pancen prodhukisine ora cukup. Akeh anggota masyarakat sing padha mborong oksigen nggo sedhiyan nang omah.”

Kedadeyan kaya ngene iki prasasat wis biyasa. Kudu diadhepi kanthi sabar. Ora susah kepancing karo gremengane keluarga pasien. Pancen swasana lagi pageblug, sarana pelayanan kethetheran, sistem pelayanan kesehatan uga padha ora siyap. Akeh sing bingung lan keweden. Malah merga akeh tenaga medhis sing ketularan, krasa banget akeh rumah sakit sing kekurangan tenaga. Awan iki mengko dhokter Rini karo dhokter Woro Hadiati arep ngadhep pimpinan rumah sakit, amarga wis setaun tugas ana rumah sakit iku, apa ana kasempatan dadi staf tetap nang rumah sakit?

+++++

Bubar maem awan, dhokter Rini karo dhokter Woro Hadiati ngadhép pimpinan rumah sakit akadhemik Universitas Gadjah Mada. Direktur utama, asmane Dr. Darwito. Priyayine grapyak semanak, lan tansah ngrengkuh supaya layanan marang pasien tambah apik lan cepet. Senajan mesthi ana wae sing kurang mantep lan isih gela nampa layanan sing ana. Sing luwih penting kabeh supaya diupayakke supaya layanan pasien tambah apik.

“Matur nuwun pak dhokter kersa nampi kita kekalib. Namung badhe matur sekedhik prekawis karier kita wonten ngajeng.”

“Iya adhik adhik dhokter, matur nuwun wis melu nggabung ana rumah sakit iki. Kita kabeh lagi ngupayani supaya mutu layanan pasien sangsaya apik lan gawe marem pasien sing dilayani. Ya sok sok isih ana kekurangan kana kene isa dimaklumi.”

“Injib bapak, kula kekalib ugi matur nuwun sampun saged ndherek gabung wonten ing rumah sakit punika. Tumut ngraosaken sedaya upaya pembangunan ing nembe dipun rengkuh lan dipun pandhegani bapak. Saklajengpun menawi badhe ngluru pendhidhikan spesialisasi menapa kepareng?”

“Rumah sakit iki isih butuh tenaga akeh dhik, apa maneh dhokter spesialis. Nek njenengan arep njupuk pendhidhikan spesialis, ya mangga wae dilengkapi syarat syarate. Nek perlu rekomendasi saka aku mengko tak wenehi. Prosedhure wae di anut ben isa lancar mlakune.” Dhokter Rini banjur nyela atur.

“Ingkang langkung pun betahaken dening griya sakit menapa namung dhokter spesialis klinik, menapa ugi dhokter ingkang kawogon manajemen layanan kesehatan.”

“Jane ya loro lorone dhik, ngundhakake mutu layanan pasien mbutuhke keahlian spesialis klinik, uga keahlian manajemen pelayanan nggo ngurus program ben isa maksimal njangkepi kebutuhan masyarakat.”

“Injib matur nuwun sanget Bapak. Kita kekalib badhe pados info langkung rumiyin. Mangke menawi betah menapa menapa saking Bapak, kita sowan malih.”

“Iya dhokter Rini lan dhokter Ati, tansah ngati ati ya anggone ngayabi tugas. Njaga

protokol kesehatan aja nganti ketularan.”

“Kita kekalih sampun nandhang sakit Corona punika Bapak, untung saged mantun. Sampun kapok raosipun, mboten badhe pengin malih wonten isolasi lan rawat inap Corona.”

+++++

Sore iku Rangga ngampiri adhine, dhokter Ati ana RSA UGM, arep mulih menyang Langenastran. Sajake dhokter Rini ora nggawa mobil, lagi ngenteni dipapag kangmase, dhokter Ranto. Rangga enggal nyapa kanthi kebak kawigaten marang wanodya sing ditresnani iku.

“Jeng Rien ngenteni mas Ranto, apa arep gabung aku karo Ati, mengko tak terke?”

“Wis kasep janji karo mas Ranto aku mas, mesakke ndak kecelik, tak entenane wae. Ning sakjane aku ya pengin omong omong karo mas Rangga.”

“Mumpung iki akhir pekan, piye nek mengko tak ampiri wae karo Ati, mas Ranto diajak pisan ya.”

“Ngene wae mas, tak enteni bubar maghrip mengko tak siapke dhahar bengi sisan karo bapak ibu ya. Bapak ibu mesthi seneng banget krungu teruse crita wingi kae prekara program dhokter kuwi. Mas Ranto ya mesthi seneng nek Ati melu rana, wis gawene glenak glenik wong loro.”

Raine Ati rada mbrabak disemoni dening Rini, semaur sak kecekele.

“Tya Rien, kangmasmu anteng banget, nek omong zakelijik. Mbok sok diglembuk ben kaya mas Rangga karo kono, gemati.”

“Lho nek awakmu mantep tak dhukung Tiek, ning kono ya sing proaktif, aja ngenteni welas asibe priya. Nek ora dicethakake apa ya isa ngerti mas Ranto. Mengko tak omongane.”

Rangga karo Ati banjur ndhisiki metu saka kompleks rumah sakit. Mulih menyang Langenastran, karo mampir tuku buah lan oleh oleh kanggo dhahar bengi mengko. Tekan ndalem Langenastran, rama ibune, bapak Dhewanto

karo bu Reri lagi lenggahan ana pendhapa. Mung atur salam saka kadohan, Rangga karo Ati langsung nang mburi resik resik dhisik. Banjur nemoni rama ibune.

“Thu bapak, wengi mengko aku karo Ati arep sowan nang Kumendhaman ya. Ditimbali kembul maem wengi ana kana.”

“Lha kok ora awakmu dbewe wae, ndadak ngajak adhimu Ati ta ngger?”

“Ati ya pengin melu merga pengin ketemu dhokter Ranto, kangmase Rini, bu.”

“Wah aku wong loro ditinggal nang ngomah. Sesuk genti metu karo aku lan ramamu ya mas.”

“Iya bu, sesuk tak dberekeke tindak tindak, ning isih PPKM lho bu. Kudu protokol kesehatan.”

Jam nem liwat sithik, Rangga karo adhine Ati, alon alon numpak mobil nuju menyang Kumendhaman. Rini wis ngenteni, lagi nata dhahar dibantu dening mbak Sarmi. Ati enggal enggal ngewangi Rini anggone tata dhahar. Dene Rangga sakwise ngaturi salam Pak Kuntoro lan ibu Laila, banjur lunggahan ana ngarep karo dhokter Ranto. Ora wani kesuwen ana njaba, amarga dhokter Ranto isih sok watuk. Pak Kuntoro karo bu Laila, isih ana ruang mburi, lenggahan sak loron. Lagi rerasan prekara sesambungane Rangga karo Rini.

“Kangmas, rumangsaku putramu Rini kok wis raket banget karo Rangga ya. Kaya kaya wis ora isa pisah wae. Mung wediku upama ana apa apa nang tengah dalam, samar nek kantep tiba.”

“Ya didongakake ben lancar wae ta bu. Karo didhamuhi alon alon wong lagi pacaran kok wis lengket banget.”

“Nek wis padha mantepe, wong wis padha rampung lan cekel gawe, arep ngenteni apa ta pak. Mengko tak sembranani.”

“Karo kok adhine Rangga, Woro Hadiati njur saya cedhak karo putramu Ranto kei ana apa bu? Apa uga ana sesambungan sing wigati?”

“Aku durung ngerti, mengko alon alon tak takon Rini dbisik. Kok sajak lucu nek tenan ya. Ijolan kakang adbi.”

Ora suwe anggone tata dhahar wis siap. Pak Kuntoro karo bu Laila diaturi dening Rini supaya lenggah nang meja dhahar. Rini karo Rangga lungguhe jejer. Ranto karo Ati, lungguhe dhewe dhewe ana pucuking meja. Banjur dhahar kembul karo crita gayeng.

“Iki mau sing repot masak sapa ya, sore sore kok iwut banget.”

“Sing iwut masak mbak Sarmi bu, aku mung ewang ewang karo nata nata. Ati ya njur ngenangi tata dhahar.”

“Piye kabare mbak Ati karo mas Rangga, tugase lancar kabeh ta?”

“Pengestunipun bapak ibu, senajan taksih wonten Corona lan PPKM, nanging sedaya kagiyatan mlampah teras. Rapat rapat pun lampahi virtual kemawon.”

“Bathike bapak ibu piye, kena dhampak Corona uga?”

“Injib bapak ibu, prodhuksi pun kirangi kathah, sami pun damel saking nggriya kemawon. Mbabaripun menawi sampun kempal kathah. Pun iklanaken langkung internet lan pun kintun mawi ojek online menawi wonten ingkang pesen. Panci kathah sudanipun.”

“Ayo dirahapi le dhahar. Mengko diteruske le rembugan.”

Ora suwe anggone dhahar bengi wis rampung. Pak Kuntoro karo bu Laila, lenggah ana mburi. Dene Rangga karo Rini, ana ruang ngiringan. Ranto karo Ati panggah lungguh ana pendhapa. Padha anteng anggone rembugan, ora nywara rame.

“Mas Rangga aku tak matur aja kleru tanpa ya.”

“Iya ana apa dbik, diudharke sing gamblang wae ben isa dipikir wong loro.”

“Ngene lo mas, rencanamu wis gamblang, njupuk program dboktor. Ngendikamu ya wis mantep arep bebarengan urip karo aku. Njur arep ngenteni apa maneh?”

“Karepmu kepriye dhik? Awake dhewe enggal resmi ngono apa?”

“Ya apike wong wis padha mantepe, padha wis cekel gave, wis ana rencana karier nang tembe ngarep, awake dhewe enggal matur bapak ibu wae ndak dadi penggalihan.”

“Ya bener, aku tak matur Bapak Ibu, njenengan uga matura Rama Ibumu, ben isa klop rencanane.”

“Alon alon kanthi sareh ya mas. Ora ana sing ngoyak oyak. Mung kudu mlaku mantep bebarengan.”

Jam sanga kliwat Rangga ngajak Ati pamitan. Nanging Ati isih serius anggone rembugan karo Ranto, embuh apa sing dirembug. Bareng Rini ngelinkake menawa dheweke pengin diurut dening Rangga sakdurunge mulih, lagi Ati semaur.

“Aja diurut nang kamar, mundhak kebacut turu. Nang pendhapa kene wae, karo ngobrol.”

“Kareben nulari mas Ranto ngono apa Tiek?”

“Ya ben mas Ranto meruhi lan isa ajar mengko.”

“Kuwi lo mas Ranto, Ati ya pengin dimanja kaya aku.”

Jam setengah sepuluh, Rangga karo Ati pamitan, alon alon mulih kanthi ati seneng kebak rasa asih. Asih marang pasangane dhewe dhewe. Muga-muga ora ana alangan nang tembe ngarep.





Bab 25

Arep Ngenteni Apa?



Dina Minggu sore, kaya janjine wingi, Rangga karo Ati, ndher-ekake bapak ibune, pak Dhewanto lan ibu Reni, metu mubeng mubeng ana njaban kutha. Alon alon arahe ngidul nlusuri dalan Bantul. Tumuju Bantul. Angine kepenak silir, sorote srengenge wis ora panas. Pak Dhewanto karo bu Reri kemutan rikala cilikane bocah loro iku nek dijak mlaku mlaku numpak mobil senenge ora jamak. Tahun sangang puluhan dalane ora patiya rame kaya saiki, nanging rikala semana dalane isih ciut. Saiki dalane wis amba gilar gilar. Sore iku kok kaya walikan, pak Dhewanto karo garwane bu Reri sing rumangsa tentrem lan seneng didherekake mubeng mubeng dening putrane sing banget dikasihi. Rumangsa tentrem dene Ati uga wis pulih saka anggone nandhang Corona.

Ngliwati kutha asri Bantul, ngidul tekan Palbapang, arep milih terus tekan pesisir Samas, apa menggok nengen menyang Srandakan. Pak Dhewanto ngersakake menggok nengen pengin mirsani bekas stasiun sepur Palbapang, sing saiki nganggur. Jaman tahun sewidakan isih ana jalur sepur, Ngayogyakarta, Bantul tekan Palbapang. Nglangut nek ngelingi jaman semana, asring dolan numpak sepur iku menyang Bantul lan Palbapang. Dalan saka Palbapang ngulon tekan Srandhakan, amba gilar gilar. Ngliwati kali Progo wis ana kreteg anyar nyambung antarane Srandhakan karo desa Brosot, kapanewon Galur ing perangan sabrang kulon Kali Progo. Wis mlebu tlatah kabupaten

Kulon Progo. Saka Brosot terus nlusur dalam ngulon nang Kapanewon Lendah. Pak Dhewanto karo bu Reri ngersakake mandheg ana rumah makan, nang pinggir dalam sing resik, ora rame lan asri. Pengin ngeling eling nalika luwih rong puluh taun kepungkur sok ngubeng ubengke putrane loro nang tlatah sing isih sepi iki.

Rumah makan masakan Jawa. Ana ayam goreng lan masakan masakan tradisional Jawa. Pak Dhewanto karo bu Reri pesen unjukan degan, Ati milih jeruk anget, dene Rangga omben Saparila. Karo pesen ayam kampung goreng. Karo ngenteni, pak Dhewanto karo bu Reri tansah ngelingake jaman cilikane Rangga karo Ati, nek dijak mubeng mubeng ngene mesthi senenge ora jamak, akeh swarane. Ning bareng wis gedhe saiki kok ora akeh critane kaya ndhisik ya.

“Kowe cah loro jaman cilikanmu nek diubeng ubengke nang tlatah kene seneng banget, crigis terus kok saiki meneng wae ya?”

“Jamane ya beda ta ibu ki, mosok kudu crivis aku karo mas Rangga. Wis duwe sanggan sing kudu dipikir.”

“Iya nDhuk, gaweyan nek dipikir ora ana enteke. Kudu ana wektu seneng seneng karo keluarga. Apa maneh menawa wis keluarga, aja kabeh wektu nggo gaweyan, saka perangan nek pas libur kudu ana wektu nggo anak bojo.”

“Injih bapak, ning aku karo Ati kan isih legan, durung duwe tanggungan keluarga ta. Isih isa ngugemi anggone seneng nyambut gawe.”

“Ngene lo Rangga karo Atiek. Mumpung isa rembugan adu arep, biasane arang isa ketemu lan rembugan serius. Aku karo ibumu tak takon mumpung ana kalodhangan iki.”

“Injih bapak ibu, arep ngendika apa, mangga tak gatekke.”

“Ngene lho Rangga, kaya kaya kok sesambunganmu karo dhokter Rini wis ndungkap serius, ora mung kekancan. Aku karo ibumu pengin ngerti rencanamu.”

“Injih bapak ibu, kapan kae aku ya didangu pak Kuntoro karo bu Laila, prekara sesambunganmu karo Rini. Aku matur blakasuta, nek aku karo Rini wis padha mantepe

arep urip bareng.”

“Iya ngene lo ngger. Bapakmu karo aku isane ya mung njurung kekeparepanmu nek pancen wis padha mantepke. Lha kono wis cekel gawe, Rini wis rampung le sekolah, wis wiwit nyambut gawe, terus arep ngenteni apa maneh? Apike ya sisan dikencengi wae ta ngger.”

Pak Dhewanto uga banjur ngendika maneh.

“Dadi wong lanang kuwi kudu wani ngukup, senjata lakune isih durung cetha dalane. Ananging awakmu kan wis duwe rencana tembe ngarep to ngger. Rini dhewe piye rencanane, mengko di gathukke aja mlaku dhewe dhewe.”

“Njib bapak ibu, aku tak mantepke rencanaku karo Rini. Dina dina iki mengko tak matur bapak ibu.”

“Karo rencanamu arep ninggal tugas nganti telung taun nang Manila apa wis kok timbang timbang abot enthenge? Gegayutan anggonmu duwe jejibahan nggedbekke unit pelayanan sing isih nembe wae madeg iku?”

“Njib pak wis tak rembug karo Tim lan karo atasanku. Wis nyiapake langkah langkah owahan kanggo ngupayani nek nganti tak tinggal.”

“Aku ora ngerti njerone. Tinimbang ninggal tugas nganti telung taun, apa ora luwih gampang ngajokke dhisertasi nang Indonesia wae. Kabeh informasi nang donya global kan ya isa digoleki liwat internet, ora perlu lunga adoh adoh. Telung taun nang Indonesia kan wektune isa karo tetep ngrengkuh lan ngembangake unitmu mau. Tetep beda lo nek awakmu cedhak nang kene karo nek kok urusi saka kadoban. Nang kene isa njaluk separo wektumu nggo tugas dhisertasi, separo nggo nandangi gaweyan rutin.”

“Injib bapak, tak timbang timbange maneh. Perlu rembugan karo Rini, Tim lan atasanku. Matur nuwun.” Pak Dhewanto banjur ngenggoke rembugan nang prekarane Woro Hadiati.

“Tbumu ya wola wali takon karo aku prekara Atiek. Mengko nek dhewekan, matur ibumu ya sing blaka, aja ana sing ditutupi. Ora arep tak rembug nang kene, rembugen karo ibumu dhisik ya ndbuk. Awakmu wis dimasa, wong wis dadi dhokter. Aja nganti kleru le mlaku.”

“Njib pak maturnuwun, tak matur ibu mengko.”

Wis meh ngancik wayah maghrib. Bubar dhahar nang rumah makan banjur neruske laku ngalor tumuju Sentolo. Dalan pegunungan sing endah lan asri. Wiwitane munggah munggah mengkok, swasana edhum amarga wit witan sak pingiring dalan, banjur medhun mlebu dalan gedhe Yogja Wates. Sore sing endah marahi nang ati tentrem lan seneng. Suwe ora metu amarga PPKM. Tekan ndalem Langenastran wis wayah bubar maghrip. Banjur resik resik lan istirahat. Sakliwate jam wolu bengi, bu Reri Dhewanto ngendhang putrine, dhokter Woro Hadiati, nang kamare.

“Atiek, wis arep bubuk ndbuk? Repot ora? Nek ora aku pengin rembugan sithik karo awakmu.”

“Mung bukak bukak internet kok bu. Blas ora repot, tur ya durung ngantuk. Ana wigati apa bu?”

“Neruske ngendikane bapakmu sore mau Tiek, aku pengin takon kabanane sesambunganmu karo priya.”

“Lha piye ta bu kok sajak kesusu. Kan ya ora isa oyak oyakan.”

“Ora ngono karepku. Mung takon apa wis ana sesambungan karo priya sing serius. Iki kanggo sak lawase, aja nganti kleru anggonmu mlaku.”

“Njib ibu. Aku mung winit cedhak karo kangmase Rini, mas Rhanto. Ning dbeveke rumangsaku kok rada menengan ora akeh omonge. Ning aku rumangsa cocok, dbeveke dbeve ya katon anggone perhatiyan karo aku. Tak kira ora mung perasaanku. Ya mung durung tau blak blakan bu. Aku rumangsa winit cedhak nalika dbeveke lara Corona minggu minggu wingi kae.”

“Ngene wae ta Tiek, wong wadon aja katon ngoyak mundhak ora kajen. Nanging uga duwe hak takon blakasuta. Nek awakmu wis ana rasa, mantep, lan pihak kana uga ana pratandha sing padha, aja wedi nakoni blak blakan, genabe piye. Timbang mung tida tida nunggu bendhe ditabuh. Awakmu ya kudu wani nabuh bendhene.”

“Ngono ya bu. Rasane kok durung wani nek kudu takon langsung marang mas Ranto,

wonge jan antik tenan. Tak blakasuta karo Rini wae, ben dheweke sing nglantarke omongan ya bu.”

“Ya apik wae, angger kono dhewe ya mantep. Aja nganti salah mlangkab”

+++++.

Rangga awan iku ngeterke dhokter Rini karo Ati ngadhep dosen saka Bagian Klinik. Kapan wis ngadhep dhose senior Ilmu Kesehatan Masyarakat. Ben imbang wawasane nggo milih jalur karier profesi tembe ngarep. Pancen ora gampang milih amarga akeh pilihan ora kaya wingi wingi. Menawa Ati wis mantep arep nglamar pendhidhikan spesialis Kesehatan Anak. Dhokter Rini isih ragu ragu arep njupuk apa. Rangga ngajak Rini nemoni salah sijining senior sing dheweke kenal sing madeg dadi Kepala Pusat Penelitian ana rumah sakit pendhidhikan. Asmane dhokter Joko, udakara sakweta taun sak ndhuwure Rangga. Dhokter Joko ngrampungke pendhidhikan spesialis Penyakit Dhalam terus ngrampungke pendhidhikan dhokter ana London School of Hygiene and Tropical Medicine. Rangga miwiti rembug kanthi ngenalake Rini karo Ati.

“Matur nuwun pak Joko, aku ngeterke dhokter Rini karo adhiku dhokter Woro Hadiati, pengin nyuwun wawasan kanggo karier profesine. Isih rada bingung arep milih sing endi.”

“Padha padha mas Rangga, suwe ora ketemu. Piye kabarmu lan adhik adhik dhokter iki arep ana rencana apa?”

“Aku jane wis mantep arep njupuk program dhokter nang Manila, De La Salle University. Wis tak rembug karo atasan lan Timku, wis gawe rencana owah owahan kanggo institusi. Bareng tak pikir pikir, aku lagi wae dipasrahi ngembangke Unit Pelayanan Pengembangan Bisnis & Inovasi, nek tak tinggal telung taun, mesthi ana pengaruh. Mula Rini uga pengin matur pak Joko, pilibane nang klinik apa wae. Rien matura dhewe karo dhokter Joko.”

“Matur nuwun sanget pak Joko, angka kula suwau inggih badhe mendhet Master of Public Health wonten Manila, nanging nembe manah manah menapa wonten pilihan ing bidhang klinik.”

“Nek pengin njupuk spesialisasi keahlian bidhang klinik, ya milih wae bidhang sing paling diminati. Akeh program pendhidhikan sing dibukak. Nek arep milih bidhang klinik sing akeh aspek kesehatan masyarakat, prasasat kabeh ana gegayutane karo kesehatan masyarakat. Ilmu Penyakit Dhalam, Ilmu Kesehatan Anak, Ilmu Kesehatan Jima, Ilmu Penyakit Kulit dan Kelamin lan sak panunggalane. Syarat syarat isa di deleng nang internet.”

“Kula remen bidhang klinik ingkang gegayutan kaliyan kesehatan masyarakat.”

“Kaya sing tak kandbakke mau bidhang bidhang kumi akeh gegayutane karo Public Health. Paling ora suwene pendhidhikan penuh waktu kira kira patang taun. Ning nang sela selaning wektu pendhidhikan isa karo nganakake penelitian angger disetujoni pembimbinge. Pilihan topic penelitian ora bakal kurang. Nang sakwetara universitas kaya sing tak tekani nang London ana program dhoktor liwat pengalaman & penelitian, sepa-ro wektu. Mung kanggo pertimbangan wae. Informasi rinci isa dideleng nang internet.”

Patemon ora suwe mung kurang saka sak jam. Ananging Rini lan Ati isa entuk wawasan luwih wutuh prekara karier bidhang klinik lan kesehatan masyarakat. Semana uga Rangga, saya cetha samubarange prekara rencanane anggone arep njupuk program dhoktor. Tekade wis mantep, methodologine wis siyap, kari nggolek universitas sing paling pas. Rini semono uga, dheweke mantep nglamar pendhidhikan spesialis sing ana gegayutan karo kesehatan masyarakat. Ora mung ngrawat pasien siji siji, ning uga mikirake sisih promosi lan upaya nyegah lelara.

+++++

Sore iku dhokter Ati nggenteni diampiri mulih kangmase. Lungguhan karo Rini ana panggonan nunggu ana ngarep cedhak pelataran parkir. Sepi wis ora ana pasien sing antre. Mung kari pegawai sing arep mulih. Ati mau wis rasanan karo Rini menawa arep omong sethithik mengko. Mula Rini nakoni sak durunge mulih.

“Tiek jare mau arep omong sethithik ki ana wigati apa? Ora susah pekewub omongna blak blakan karo aku.”

“Iya Rien, pirang-pirang dina aku kepikiran. Malah ibu pas dina Minggu wingi bubar

mlaku mlaku karo mas Rangga barang ya ndangu aku.”

“Lha prekara apa Tiek? Apa aku isa mbantu.”

“Blak blakan aja kesinggung ya Rien. Prekara sesambunganku karo kangmasmu, mas Ranto. Dheweke katon perhatiyen banget karo aku, semono uga aku, ning kok ora tau kewetu tembung. Pas nang pesisir Parangtritis kae dheweke nganti ambruk nang rangkulanku, ning kok nganti mari anggone nandhang Corona blas ora ana tembung. Nek pas tak tiliki nang rumah sakit kae mung ngremet ngremet tanganku Rien.”

“Aku ngerti Tiek, menawa ana sesambungan istimewa antarane awakmu karo kangmasku. Mung ya dheweke pancen meneng. Mbokmenawa ya ora wani blaka suta, samar nek ketolak apa piye. Mengko tak takonane sepisan maneh.”

“Matur nuwun ya Rien, aku arep takon langsung samar nek ngganggu pikirane. Dheweke sajake lagi kebak pikiran anggone arep ujian akhir kumi.”

“Mengko tak tlesihe genabe kepriye. Priya kudu wani tembung nek wis mantep, ora mung maju mundur.”

Ora let sedhela Rangga wis teka, karepe arep ngampiri Ati. Nanging bareng ngerti menawa Rini ora dipethuk kangmase Ranto, Ati karo Rini melu mobile Rangga mulih. Alon alon metu nlusuri Dalan Lingkar Kulon. Langite resik, sunar semburat abang saka kulon, gawe sesawangan endah lan asri. Anggone mulih banjur sengaja mubeng metu Dalan Lingkar Kidul nganti tekan prapatan Dhongkelan lagi menggok ngiwa mlebu kutha Yogya. Alon alon lakune lancar ora ana alangan apa apa tekan ngomah. Muga muga laku sakteruse uga ora ana alangan sing mutawatiri, antarane Rangga karo Rini, lan Ati karo Ranto.





Bab 26

Wong Wadon Wenang Takon



Jam setengah pitu sore, dhokter Rini, dhokter Ranto karo rama ibune, pak Kuntoro lan bu Laila, nembe kembul dhahar. Ora akeh sing dirembug. Mung kala kala pak Kuntoro ndangu putrine, apa rencanane Rangga anggone arep ngajokke dhisertasi nang Manila wis kapes-then. Banjur rencanane sesambungane karo Rini apa ana owah owahan? Semo- no uga bu Laila, sok sok nrambul ndangu prekara rencanane Rangga karo Rini.

“Wiwitane kayane mas Rangga wis mantep banget anggone arep ngajokake lamaran program dhokter nang DLSU Manila, ning seminggu iki kok ana sing game tida tida. Malah mbokmenawa pengin matur Bapak Ibu, apike kepriye?”

“Lha ana prekara apa kok dadi tida. Kan wis entuk idin saka pimpinane?”

“Duka njih pak. Aku dhewe nek mas Rangga nang Manila, rencanaku ya kudu melu sinau mrana pisan. Ora apik mlaku dhewe dhewe.”

“Iya muga muga isa dirembug maneh kanthi premana, ben isa mlaku kanthi lancar. Aja nganti mleset, amarga wektu studi ne cukup suwe. Status sesambunganmu kudu cetha, aja digantung.”

Rini ora atur wangsulun, malah tanpa sengaja kok banjur ngenggokke rem- bugan menyang kangmase, Ranto.

“Mas Ranto genabe karo Ati piye? Ati nunggu nunggu tembungmu. Aja tansah

maju mundur mas, mundhak gela tembe mburine.”

“Embublab, manut proses sing biyasane wae lah.”

“Sing biyasane piye ta mas. Nek sawanci wanci ditakoni Ati, kudu siap njawab. Jaman sak iki, wong wadon uga wenang takon. Ora mung ngenteni ditembung dhisik.”

Ranto sada njegrek di thok gemol dening adhine nang ngarepe rama ibune. Dheweke ora siyap menehi wangsulan sing maton. Isane ya meng nggleges, nanging nang batine mikir jero. Dheweke pancen rumangsa wis raket lan cocok karo Woro Hadiati. Rumangsa cedhak lan ana pepenginan isa cedhak terus. Ning piye anggone ngomong? Durung tau sesambungan karo wong wadon. Pak Kuntoro karo bu Laila, mung kendel wae. Senajan wis pirsra glagate nek Ranto pancen katon raket karo Ati. Nanging durung wektune arep mundhut pirsra. Ranto durung siyap nek ditakoni piye genahe. Ben wae mlaku dhisik, ora susah disusu susu. Malah marahi bingung.

Lakuning wong ing babagan asmara pancen manekawarna. Ora isa digawe padha. Ana wong sing gampang omong tresna, srawung sedhela banjur wis wani omong aku tresna sliramu. Nanging uga ana wong sing ora bisa blak blakan, senajan tindak tanduke wis cetha nek ketaman asmara. Manungsa pancen tinitah beda. Sing wigati, anggere saben saben ora terus gampang omong tresna. Isa diarani nggombal. Ranto adoh saka sipat iku. Dheweke menengan lan serius. Nyedhaki Ati uga amarga pancen atine wis cocok. Pengin cedhak sak teruse. Mung durung bisa le ngomong, le arep ngetokke rasane nang njeroning ati marang dhokter Ati. Apa maneh pikirane lagi kebak anggone nyiyapake anggone arep ujian pungkasan dhokter spesialis bedhah. Mung kala kala ana rasa meri lan pengin, kok sesambungane adhine karo Rangga isa raket lan kepenak. Tanpa tedheng aling aling babar pisan.

Esuke Ranto ngeterke Rini budhal nyambut gawe menyang RSA. Rini katon anggone semangat. Katon seneng lan semringah. Kahanan ati sing tansah seneng, tentrem lan kebak semangat, mula bisa kanggo njaga kesehatan lan nyuda tekane lelara. Rini senajan kepetung ora akeh omonge nanging katon menawa atine lagi seneng lan semangat. Kaya ora ana sanggan babar pisan. Ranto suwalike, pikirane tansah kebak prekara gaweyan, aja nganti ana sing

kliwatan. Kabeh tugas kudu mlaku lancar kareben kasile apik. Jan jane gaweyan ora bakal ana enteke. Senajan kudu dilakoni kanthi teteg lan mantep, nanging uga butuh wektu senggang ora mikir gaweyan.

“Mas, aja mung tansah meneng wae. Nek seneng lan rumangsa cocok karo Ati, aja mung dibatin. Kudu diomongke kanthi teges. Ben ora marahi bingung lan tida.”

“Karepmu piye dbik, rumangsaku kabeh apik apik wae. Ora ana masalah babar blas.”

“Iya nanging kan mesakake Ati, dbeweke mesthi ngantu antu genabe priye. Wong wis sangsaya raket kok ora ana tembung.”

“Aku ora isa piye le arep miviti omong dbik. Mung nek Ati blak blakan takon, ya arep tak wangsuli jujur. Aku wis mantep karo dbeweke.”

“Siap ya mas nek nganti ditakoni Ati. Jaman saiki wong wadon ya wenang takon. Ora mung ngenteni ditakoni. Kudu thas thas.”

+++++

Pas jam leren wayah awan, Rini karo Ati barengan maem ana kantin. Ora akeh sing diomongke. Esuk iki mau poliklinik rada rame akeh pasien. Mula nganti awan durung bisa ketemu kaya biasane. Nganti maem awan wis kepara telat. Kantin wis wiwit sepi. Wong loro isa lungguh rada mojok, omong omong kanthi sarih.

“Pasiene mau akeh banget Tiek, samar nek mbokmenawa ana sing nggawa lelara Corona.”

“Muga muga aja lah Rien. Kapok aku nek kudu nandhang lelara kuwi maneh. Ora kuwat rasane.”

“Iya awake dbewe tansah ngati ati ben aja ketularan, nanging isih ana wae wong sing ora percaya nek lelara Corona ki ana tenan.”

“Ora mung nang kene, nang negara maju ya akeh anggota masyarakat sing ora percaya lan protes aturan sing mbatesi anggane lelungan.”

“Wis akeh tenaga dbokter lan paramedbis dadi korban. Ning malah akeh sing dadi

sasaran nek ana masyarakat sing protes.”

“Ana dhokter putri nang Aceh, lagi nglakoni tugas menehi vaksinasi. Malah diprotes, diserbu massa lan kena pilara. Apa manusiawi ngono iku.”

“Akeh wong sing nganggo topeng agama, ning kelakuane tanpa duwe rasa kamanungsan blas.”

“Mas Ratno sebat sebat wae to Rien? Wis sak wetara dina iki kok ora nampa pesen saka dbeweke.”

“Sajake sibuk nyiapake arep ujian akhir spesialis. Ning mau bengi sempat tak takoni prekara sesambungan karo awakmu.”

“Oo ngono ya. Terus piye wangsulane?”

“Dbeweke mung ora bisa anggone arep ngomong. Ning rumangsa mantep. Nek ngono aja ragu nakoni langsung. Nek ora ditabuh ora bakal ngomong.”

“Ya ora apa apa. Ora susah kesusu, Kapan kapan nek ana kesempatan tak takonane. Aku pengen kerungu dhewe saka dbeweke.”

Kaya adat saben, senajan sore iku pasien nang poliklinik wis arang arang, dhokter Rini karo dhokter Ati, isih tansah ngayahi tugas ana bangsal. Mriksa kahanan pasien lan nyetitekake apa sing diputuske dening dhokter penanggung jawab wis kaleksanan kabeh. Senajan kayadene mung mbiyantu babagan perawatan pasien, nanging nyatane menawa ana pitakonan saka pasien utawa keluargane, mesthi dhokter asisten sing kudu ngadhepi. Wektu konsultasi karo dhokter spesialis biyasane ora suwe, ora isa ngajokake sak kabehing pitakonan. Apa maneh menawa ana sesambat saka keluarga pasien, gedhe cilike ora marem karo perawatan sing wis ditampa, jujugane mesthi ya dhokter asisten dhisik utawa perawat. Kabeh kudu dilakoni kanthi sabar, kanggo pengalaman pelayanan profesi. Pasien duwe hak mangerteni prekara perawatan lan pengobatan sing kudu dilakoni. Ora mung manut wae.

Dhokter Woro Hadiati wis mantep anggone arep neruske pendhidhikan spesialis ana bidhang Kesehatan Anak. Dene dhokter Rini, luwih pengen njupuk

pendhidhikan paska sarjana ana bidhang sing ana sambung rapete karo kesehatan masyarakat. Dheweke pengen ora mung ngladeni pasien siji siji ana rumah sakit nanging uga nggiyatake upaya promosi kesehatan masyarakat. Rini pengen ndhaftar ana pendhidhikan spesialis Penyakit Dhalam, nek rampung isa njupuk pendhidhikan paska sarjana bidhang Kesehatan Masyarakat. Syarat syarate wis cetha, kari ngumpulke lan ngajokake. Biyasane ana pendhaftaran pendhidhikan calon spesialis kaping pindho setaune. Wong loro padha padha nyiapake kanggo gelombang sing kapindho taun iki. Sakdurunge akhir taun. Muga muga isa ketampa.

+++++

Ora kaya adat sabene, bubar tugas sore iku dhokter Woro Hadiati ora mulih dipapag kangmase. Dheweke ana janji arep ketemu dhokter Ranto. Jam papat sore dhokter Ranto wis teka ana RSA UGM ngampiri Ati. Ati karo Rini wis ngenteni ana panggonan tunggu ana ngarep. Rini ngerti menawa Ati wis ana janji arep ketemu karo Ranto. Dheweke ora omong akeh marang Ati, mung weling aja wengi wengi, amarga kahanan kesehatane kangmase durung pulih.

“Aja wengi wengi ya Tiek. Mas Ranto isih durung pulih. Turune kurang nyiapake ujian akhir.”

“Ora Rien, mung mubeng mubeng sedbela wae, ora bakal suwe.”

“Mas Ranto aja kewengen le mulih ya. Digoleki ibu mengko.”

Ranto mung manthuk karo nggleges. Ora nyuwara. Mbokmenawa atine ora jenjem, pikire mesthi arep ditakoni karo Ati. Pikire bingung, nglambrang, penake omong dhisik apa ngenteni ben ditakoni Ati dhisik. Jane ngerti nek dheweke kudu sing ndhisiki omong karo Ati, ning piye le arep miwiti ya. Mau bengi wis bukak bukak internet, golek info carane ngomong tresna. Ning malah tambah bingung ora karuwan. Mula ketemu Ati dheweke ya luwih akeh menenge. Mung nyuwara nek ditakoni, ndak malah salah ngrusak swasana.

Pikire nglambrang mbayangke para dhokter sing urip bebrayan karo dhokter. Apa isa cocok lancar sak teruse ya? Akeh sing cocok, ning ya ana sing mand-

heg ndalan. Kabeh mau gumantung kahanane dhewe dhewe. Ora isa digeb-yah uyah. Dheweke yakin nek isa terus. Ora ana rasa tida karo cilik ati. Mung mbokmenawa ana sing bakal mikir. Ijolan kakang adhi karo Rini lan Rangga. Luweh ora ana larangan. Ora nglanggar adat lan paugeran. Mung nek didan-gu bapak ibune, le matur piye ya? Kaya ora ana wanita liya. Pancen ya ora ana wong durung tau sesambungan karo wanita. Ora ana kanca sing cedhak.

“Mas kok malah kendel wae, ana apa? Isih ora kepenak awake?”

“Ora apa apa kok dbik. Iki penake menyang endi?”

“Ngidul nang dalan Bantul wae mas, mengko golek nggon sing kepenak.”

“Golek rumah makan sing kepenak ya. Ben isa ngobrol taneg.”

Ngliwati prapatan Dhongkelan terus mangidul. Ana dalan menggok ngiwa sak pinggire sawah. Salah siji rumah makan ana pinggir sawah. Swasana asri gawe tentrem. Mobil banjur menggok mrono, wong loro padha mudhun golek panggonan cedhak pinggir sawah. Ati kepara sing luwih tatag ang-gone arep rembugan. Ranto mung iya iyo dipernahke golek lungguhan sing kepenak. Angin sore semilir semribit. Wis ora panas babar pisan. Sunar sren-gege wis suda akeh ning isih padhang njingglang. Swasana tentrem.

“Mas Ranto arep ngunjuk apa? Aku pengen Saparilla, arep milih iku.”

“Apa iku Saparilla? Durung tau ngrasakke, tak nyoba ya ora apa apa.”

Ring pesen Saparilla loro karo nyamikan, tempe mendoan karo gedhang goreng. Durung wayahe maem bengi, isih durung luwe.

“Mas awakmu wis krasa kepenak? Kok kaya katon lungkrab ngono?”

“Jane ya ora apa apa. Mung kurang turu wae nek bengi. Nyiapake arep ujian akhir iki.”

“Kapan anggone ujian mas?”

“Isih seminggu maneh. Ning wis mulai dbeg dbegan rasane.”

“Ora perlu digawe abot mas. Dilakoni wae kanthi sabar. Kabeh ki kan mung sak bagey-

an saka proses dawa sing kudu dilakoni nek arep dadi dhokter spesialis.”

“Iya karepeku ya ngono, ning pikiran ki kok ora isa ucul saka kono.”

“Nek dituruti gaweyan ora bakal ana enteke mas. Kudu isa ngrungkebi lan srawung karo gaweyan sak apik apike. Aja malah dijajah dening gaweyan. Kanggo sak lawase urip lo mas. Ora mung sedbela.”

“Bener kandhamu. Aku wiwit cilik wis diajari kudu dhisiplin, kabeh kudu mlaku kaya rencana.”

“Iya mas iku apik, ning kudu isa ngatur gaweyan ben ora didhikte dening gaweyan thok.”

Wong loro padha meneng menengan nata pikir lan rasa. Sinambi ndelengke sawah sing gilar gilar nang ngarepe. Warna kuning pari sing wiwit mratak, nambahi endahing alam. Kaya babut emas sing digelar dening Sing Gawe Urip.

“Apa panjenengan seneng maos sejarah Jawa klasik mas?”

“Mung ana pelajaran sekolah wae, kelingan sithik sithik ning ora akeh.”

“Tak critani ya mas. Rikala jaman Mataram utawa Medhang, bak lan kumajiban wanita ki jare padha karo priya. Nanging karo lakune wektu kok banjur ana owah owahan. Apa maneh rikala jaman Mataram Baru, wanita banjur kesingkur ana pinggir.”

“Iya apa ngono tenan? Apa kuwi fakta sejarah ta dhik?”

“Ya fakta lah mas. Jaman sakdurunge Medhang wis ana Ratu Shima. Jaman Medhang ana Ratu Pramodhawardhani sing ngrampungake candhi Bhumisambarabuddhara utawa candhi Borobudur. Ana Ratu Isana Tunggalwijaya jaman Medhang, lan Tribhuwana Tungadewi jaman Mojopahit.”

“Owah owahan kabudayan sing ninggalake budaya asli Nusantara, gawe congkèkrab lan ringkibing negara mas. Banjur isa dijajah atusan taun dening bangsa manca.”

“Kabeh mau ya proses sejarah sing ora isa diselaki dhik.”

“Tak kira ora mas. Upama para pangwasa Mataram Baru ora nggawe monarkhi absolut, bangsa Jawa ora bakal dadi ringkih lan isa kejajah atusan taun.”

“Wektu tansah mubeng, sejarah ora isa dibaleni dhik.”

“Bener mas, nanging saka sejarah kita entuk piwulang kanggo tembe ngarep. Apa sing perlu didandani. Menawa ora ngono kabudayan isa kesilep ilang ana ing lakuning jaman.”

“Percaya aku dhik. Muga muga bisa njupuk piwulang saka lakuning sejarah sing wis linat.”

Wong loro sigeg sedhela anggone omong omong. Pikirane nglambrang, mikir lakuning urip nganti saiki. Wis rampung anggone nimba ngelmu. Wis ngancik dadi profesional. Kudu luwih mantep anggone mlaku menyang tembe ngarep. Kahanan sore wis mulai rapet rapet. Angin semilir lembut. Swara jenggeret nong rame wiwit mau, gawe ati trenyuh keranta ranta. Kaya swara tangis bayi nggoleki biyunge.

“Dhik kok sliramu seneng Saparila kena apa?”

“Ora papa mas, mung tau krungu crita tabun suwidakan. Dipacak ana majalah Panyebar Semangat jarene ibu. Nyritakake ana sepasang pria lan wanita kekancan amarga tunggal kelas. Pirang pirang taun ora ketemu. Bareng ketemu maneh ana sakwijining rumah makan nang Manahan Solo, pesen ngombe Saparilla, njur padha dene anggone ketaman katresnan. Urip bareng sak lawase.”

“Tak kira ora amarga Saparila. Kuwi plasebo, jane ya pancen wis padha anggone siriran. Pitung taun ora ketemu kok janjian ketemu nang Solo.”

“Embuh ya mas. Aku njur pengin Saparila ki. Aku pengin takon sithik pareng mas?”

“Ana apa? Blak blak an wae, nek isa dak wangsuli.” Ranto wiwit goreh. Omon-gane rada grothal grathul. Nanging dipeksa digawe lerem atine.

“Jane antarane awake dbewe ana apa mas? Apa njenengan ora rumangsa ana rasa sing aneh tumrap sesambungane awake dbewe?”

“Aku ya ngrumangsani, ora isa selak, ana rasa asih nang atiku. Ning ora ngerti kudu ngapa lan ngomong apa.”

“Aku wanita mas. Ewasemana, aku wenang takon genabe piye. Apa panjenengan arep ngancani urip aku sak lawase?”

“Iya aku pengin urip bareng karo sliramu. Mung samanut wae amreh apike. Aku wis mantep.”

Glenikane wong loro kesilep angin wengi. Sepi nyenyet mung ana swara cenggeret nong sing jerit jerit. Embuh sapa sing miwiti, Ati wis semendhe nang baune Ranto. Tangane Ranto ngrangkul bangkekane Ati. Meneng ora ana tembung. Atine kebah wewayangan endah urip bareng. Sok sok ambegan jero. Ora nganti wengi nang papan kono. Ati wis seneng lan tentrem. Wong loro menyat alon alon mulih nuju Yogja. Ora akeh sing dirembug sakjroning mobil. Mung cekel cekelan tangan karo sok sok unjal ambegan. Pratandha wis lega tanpa sanggan pikiran abot. Ranto luwih lerem atine ora kemrungsung. Semono uga Woro Hadiati.





Bab 27

Terusing Laku



Urip paribasan kaya dene mlaku adoh. Tumuju panggonan ing pungkasaning dalan. Ana tengahing laku mau ketemu akeh kanca sing gathuk. Leren sak untara. Padha asung salam. Utawa wawan rembug, nyiritakake pengalaman urip sing nembe dilakoni. Banjur sowang sowang nerusake laku maneh. Priya lan wanita, sing ketemu ana tengahing laku, menawa gathuk rasa lan tata lair batine, banjur padha mlaku bebarengan. Mbokmenawa ana sing mung isa mlaku bareng sedhela, banjur pisahan maneh ana tengahing laku. Ana wiwitaning laku, kabeh pandongane muluk muluk pengin urip bareng sak lawase nganti tekan pungkasaning dalan. Nanging akeh, mbokmenawa sak perangan gedhe, nalika ngerteni tenan tata lair lan batine pasangane, sing ora cocok karo atine banjur kempa, ana rasa bosan. Mandheg anggone mlaku bareng. Ketemu kanca anyar maneh. Nyoba mlaku bareng maneh. Embuh isa terus apa ora. Ora isa di pesthekke. Kabeh ana garise dhewe dhewe saka Sing Gawe Urip. Manungsa kajibah ngupakara dalan mau kanthi asah asih lan asuh kareben langgeng anggone bebarengan.

Luwih setaun saka tengah tengahing pageblug Corona, Ranga Bawono wis katampa ana program dhoktor ing Universitas Gadjah Mada. Babagan ilmu Studi Pembangunan. Ora sida ndhaftar ana DLSU Manila, senjata wis disetujoni pimpinane. Amarga pangandikan saka bapak ibune, pak Dhewan-to lan ibu Reri Dhewan-to, uga saka calon maratuwane yaiku pak Kuntoro

lan ibu Laila Kuntoro. Ora ateges dheweke didhikte wong tuwa. Nanging bareng dipikir kanthi tlesih, menawa tetap ana Yogja, dheweke isih isa melu cawe cawe ngurusi unit PPBI, ora ketang mung separo wektu. Ewa semana dheweke tetep dibimbing dening tim promotor saka Indonesia lan njaban negara, kaya saka Manila. Penelitiyané isih isa mlebu ana jagad internasional mengkone.

Rini, ya dhokter Rini Kusumadewi sidané melu pendhidhikan spesialis Peyakit Dhalam ana Fakultas Kedhokteran, Kesehatan Masyarakat lan Keperawatan UGM lan RSUP Dr. Sardjito. Mbokmenawa lagi rampung patang taun maneh. Angkahe mengko karo arep njupuk pendhidhikan paska sarjana Kesehatan Masyarakat. Dadi pernahe isa nambani siji sijining pasien, uga isa nyegah lan ngusadani ing kalangane masyarakat. Promosi urip sehat lan pencegahan penyakit.

Dhokter Woro Hadiati, adhine Rangga, wis mlebu ana pendhidhikan dhokter spesialis Kesehatan Anak, uga ana RSUP Dr. Sardjito. Dheweke seneng melu kegiatan ana tengahing masyarakat. Wis ayem lan seneng lakune amarga wis ana tembung tresna lan mantep urip bareng saka dhokter Ranto, kangmase dhokter Rini. Ya ben dicatur wong nek ijol ijolan pasangan kakang adhi, Rangga karo Rini, Ati karo Ranto. Ben wae urusane wong ya arep ngapa. Ora ana adat istiadat lan tata cara sing dilanggar.

Dhokter Ranto wis bubar ujian dhokter spesialis, lan entuk brevet dhokter Spesialis Bedhah. Tugase sakuntara iki ana RSUD Wonosari. Manggon ana kutha Wonosari nanging seminggu pisan mulih nang Yogja. Bapak ibune kerep nyare ana Wonosari, amarga ana omah tinggalane eyange Ranto ana Wonosari. Kadhang kala Rangga karo Rini, karo Ati padha nginep ana Wonosari. Luwih sepi lan tentrem ing mangsa dina prei.

Dhokter Herman uga wis entuk brevet dhokter spesialis Kesehatan Anak. Banjur neruske anggone dadi tenaga pengajar ana Bagian Ilmu Kesehatan Anak, Fakultas Kedhokteran, Kesehatan Masyarakat lan Keperawatan UGM. Panggonane tugase ana ing RSUP Dr. Sardjito. Dheweke banjur tukar cincin karo Kirana, asistene Rangga ana Unit PPBI. Wis padha cocoke.

Kirana sarjana arsitektur wis rampung pendhidhikan paska sarjana. Kirana wayahe almarhum Rama Slamet ing Patangpuluhan sing tau dadi punggawa pamarentah Hindia Belanda, lan mbangun dalam Wonosobo Dhieng rikala jaman Landa ndhisik.

Kabeh mlaku kanthi lancar ana dalane dhewe dhewe. Bebarengan karo wong sing ditresnani. Bebarengan mlaku. Mong tinemong, asah asih lan asuh. Kabeh kudu dilakoni kanthi lila legawa, aja nganti ana rasa kepeksa. Nglakoni urip, embuh babagan gaweyan apa prekara pribadhi, nek nganggo rasa kuciwa lan kepeksa, mesthi akeh wurunge. Kudu dilakoni kanthi lega lila.

+++++

Sore kang endah lan adhem. Pak Dhewanto lan garwane, bu Reri, didherekake putrane loro, Rangga Bawono lan Woro Hadiati, sanja menyang daleme pak Kuntoro ana ing Kumendhaman. Ora ana acara mirunggan, mung tilik ngabarake kaslametan sakwise ana larangan metu saka ngomah amarga pageblug Covid-19. Swasana kegiatan masyarakat bribik bribik wiwit mlaku maneh. Wis seminggu iki toko bathike wiwit bukak. Uga pabrik bathike wis wiwit mlaku maneh. Isih setengah mlaku durung operasi kebak wektu. Wis akeh pengunjung saka njaban kutha nang toko bathik sak wetara dina iki. Mula banjur ngelegakake pas prei dina Minggu, sanja menyang Kumendhaman sisa ngenggar enggar penggalih. Pak Kuntoro karo bu Laila, banget rena penggalihé disambang pak Dhewanto karo bu Reri. Wis setaun punjul ora tau ketemu kanca lan sedulur.

“Ngaturaken gunging panuwun kangmas Dhewanto kaliyan mbakyu Reri, sampun kersa nyambangi dhateng gubug kula. Sampun dangu mboten kepanggih sedherek lan kanca.”

“Dhimas Kuntoro sekalijan, kula injih mekaten, sampun setunggal taun langkung se-daya kegiatan kedah kendel. Toko kaliyan pabrik kedah tutup. Nembe pinten dinten menika bikak malih. Kathab tamu saking njawi Keitha.”

“Kasinggihan kangmas kaliyan mbakyu. Kala semanten saben dinten tansah mas mas. Ajrih menawi ngantos wonten ingkang ketularan sesakit Corona punik a. Saben dinten nguntabaken lare kekalih, Ranto kaliyan Rini, bidhal nyambut damel. Wayah sonten

ngantu antu dhatengipun lare kekalib.”

“Saestu dhimas sekalijan. Kula nate ngraosaken piyambak rikala pun Ati nandhang Corona ngantos mlebet gawat dharurat. Sampun telas raosipun. Mug mug mboten wonten malih ombak pageblug ingkang badhe dhateng malih.”

Rada leren sedhela. Rini karo Ati ngladekake unjukan teh anget karo nyamikan wayah sore. Emping karo gedhang kukus.

“Wis nang kene wae ta Rien. Ora susah repot nang mburi. Ben isa ndbereke anggone ngendikan bapak ibu. Iki nak Ranto karo Rangga ya padha anteng nang kene.”

“Injib Rama, kula kaliyan Atiek namung ngaturi unjukan kemawon.”

Bapak ibu Dhewanto dalah pak Kuntoro sekalijan neruske anggone ngendikan. Keluwarga loro iku katon anggone lega lan seneng dene wis isa uwal saka kalabendu pageblug Covid-19. Akeh keluarga sing kelangan warga sing banget ditresnani. Apa maneh keluarga sing salah siji wargane kajibah ngrawat pasien ana rumah sakit. Akeh sing kelangan, ora isa bali wutuh kaya wingi wingi sak durunge pageblug. Pisah sak lawase. Kelangan sak lawase sedulur sing ditresnani.

“Kula sak keluarga mboten kirang anggen kita dedonga ngaturaken panuwun dhateng ingkang Maha Kuwaos, dene taksih pun parengaken kempal wetah kaliyan anak kula kekalib, pun Rini kaliyan Ranto. Senajan kekalihipun sampun nate ketaman sakit Corona. Sampun ngantos wonten ombak Corona ingkang kaping tiga.” Pak Dhewanto nerusake anggone pangandikan marang putra putrane.

“Anak anakku kabeh, Rangga dalah Rini, Ati karo Ranto sing dak tresnani. Run-gokna kanthi premana kandhaku karo ibumu, uga pangandikane dhimas Kuntoro karo jeng Laila. Kita madeg minangka wong tuwamu kabeh rumangsa lega lan seneng dene awake dhewe kabeh diparingi kanugrahan dening Pangeran isih isa kumpul maneh kanthi kabanahan sehat. Anak anakku Rangga karo Rini, Ranto karo Ati. Aku sak loron isane mung nyengkuyung lakumu mengarep. Kabeh gumantung awakmu sakloron. Piye kekeapanmu nek wis mantep, matura aku karo ibumu, uga dhimas Kuntoro sekalijan”

“Kangmas Dhewanto kaliyan mbakyu Reri, kula kaliyan ibunipun lare semanten ugi,



sagedipun namung nyengkuyung menapa kajengipun lare. Mangke kita tanting kemawon kajengipun kados pundi. Anak anak ku Rangga karo Rini, uga Ranto karo Ati. Awakmu wis mantep duwe rencana wong loro kanggo tembe ngarep. Aku mung bisa nyengkuyung. Piye rencanamu, matura rama ibu Dhewanto, uga aku karo ibumu. Mes-thine kan awakmu kabeh wis padha duwe rencana dheve. Saiki wis madeg nyambut gawe, wis rampung anggonmu ngudi kawruh. Kok pikir sing premana rencanamu ing tembe ngarep.”

Rangga karo Rini, minangka wakile putra keluarga Dhewanto lan keluarga Kuntoro, banjur atur wangsulan.

*“Bapak ibu ingkang kawula tresnani. Kula minangka wakil putra keluarga ngaturak-
en gunging panuwun sampun dipun timbali kaliyan dipun ngendikani prekanwis rencana
gesang ing tembe ngajeng. Badhe kita estokaken lan kita aturaken menawi sampun wont-
en rencana ingkang gumathok. Mboten sanes namung nyuwun tambahing donga lan
pangestu Bapak saba ibu sedaya.”*

Bubar wawan rembug banjur padha kembul dhahar barengan kanthi sareh. Ora ana sing kudu duputuske sore iku. Patemon pancen mligi kanggo sanja, tilik keslametan keluarga karo karone.

+++++

Endahing Lintang Kemukus, sedyane wiwit mula mung arep nyritakake pra-stawa sing di lakoni dening Rangga Bawono, adhine Woro Hadiati, Rini Kusumadewi lan kangmase dhokter Ranto. Mung prastawa sak keplasan ana tengah tengahe lakuning urip. Nalika kesapu pageblug Corona. Ora ana rencana arep ngetutke lakune para nom noman mau nganti tekan pungkasaning dalan. Mung nggambarake ruwet rentenging lakon amarga pageblug Corona.

Begja kemayangan dene ora ana sing nganti pralaya dadi korban. Utawa kelangan sedulur amarga pageblug. Tenaga medhis lan paramedhis sing pralaya amarga keterak lelara Corona, cacahé wis ewon ana tlatah Nuswantara. Dadi kurban nalika ngayahi jejibahan profesi, ngrumat pasien sing nandhang Corona.

Ewadene akeh wong sing durung ngerteni sepira ghedhene resiko lan pen-

gorbanane para petugas medhis mau. Upama ana sing ora ndadekake karepe, gedhe cilike gawe cuwa, banjur sak wiyah wiyah anggone ngundamana para petugas medhis lan paramedhis. Ana pawarta ing jagad maya, tenaga paramedhik sing diusir dening sing duwe pondhokan, bareng mangerteni yen petugas mau gaweyane ngrawat wong lara Corona ana rumah sakit. Boro boro nampa asung panuwun, malah asring nampa pitenah.

Warta prekara petugas medhis dikroyok keluwarga pasien, asring metu nang jagad maya. Malah ana dhokter wanita, lagi tugas menahi vaksinasi kok nganti dipilara dening massa ana ing sakwijining kabupaten ana Aceh. Alasane amarga wis gelem melu vaksinasi kok ora entuk bebana saka pamarentah. Akeh wong isih emoh nindakake paugeran kanggo nyegah nyebare lelara, kayata njaga supaya ora kumpul kumpul cedhak cedhakan karo liyan ben ora ketularan. Isih seneng kumpul kumpul tanpa nganggo masker. Malah akeh tokoh masyarakat lan tokoh agama sing ora nyarujuki anane vaksinasi. Kabeh mau gawe pageblug Corona ora cepet ilang. Akeh tenaga medhis lan paramedhis sing nemahi pralaya dadi korban.

Rikala nedheng nedhenge panyebarane Corona ing tanah Jawa, akeh wong sing percaya menawa bebendhu iku ana gegayutan karo tekane Lintang Kemukus. Ya mung gugon tuhon jan jane. Endi nalare menawa buntute Lintang Kemukus sing dawa iku jare kanggo nyebar lelara ana bumi. Tekane lan nyebare lelara Corona, ora ana wong sing ngerti larah laraha kanthi yakin. Kabeh mung pengentha entha.

Ning mbokmenawa ya ana gegayutane karo kahanan sing ora imbang antarane uripe manungsa karo donyane jasad renik. Wong padha lali menawa jagad raya iki ora mung kanggo menungsa bae, ning uga kanggo uripe janma liya, klebu jagad renik mau. Nalika imbangan mau geseh, prastawa sing ora kanyana, kaya pageblug iku banjur kedadeyan tanpa bisa dikendhaleni. Wong banjur nyalahke alam, jagad raya klebu Lintang Kemukus mau. Kedadeyan pageblug Corona ora ana sambung rapete karo Lintang Kemukus. Lintang Kemukus iku fenomena alam ing jagad raya. Ora susah disalahke. Perangane urip ing jagad raya sing endah. Kudu ditampa kanthi seneng lan tentrem. Ora susah digandheng cenengke karo pageblug.

Endahe Lintang Kemukus mung ngandharake lelakon sing dialami dening Rangga Bawono, Rini Kusuma Dewi, Woro Hadiati lan Ranto anggone padha mlaku sak jroning urip. Akeh kanca lan sedulur sing padha nandhang sengsara nganti pralaya amarga pageblug. Nanging kanggone Rangga lan Rini, uga Ranto lan Ati, prastawa iku nggawa rahmat, ditemokke karo Sing Gawe Urip, bebarengan mlaku sak lawase nganti pungkasaning dalan. Nganti semene dhisik anggone ngetutkke lakune para nom noman sing lagi nandhang katresnan mau. Muga muga sakteruse kabeh kaparingan berkah urip sakloron kanthi seneng lan tentrem ing tembe ngarep.

Ngayogyakarta, wulan Oktober 2021.



Penerbit – YASATRI

Yayasan Saworo Tino Triatmo [YASATRI] jejere minangka organisasi nir laba sing di-anakke kanggo pangeling eling tumrap almarhum Saworo Tino Triatmo, sing tiwas amarga kacilakan lalu lintas rikala tanggal 13 Desember 1997. YASATRI mangadeg ana ing tanggal 26 Januari 1998, kanthi tujuan ngupayani kaslametan lalu lintas, nyegah ananing dredah lan tawuran, sarta ngrembakake upaya kesehatan kawula mudha, kalebu nyegah penyalahgunaan narkotika. YASATRI diadegake dening keluarga lan para mitrane Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK.



Kegiatan YASATRI kalebu penyuluhan lan mbiwarakake katrangan/informasi ing tengahing masyarakat kanggo ngurangi kacilakan lalu lintas, ngrembakake rasa toleransi lan nyegah anane kaonaran lan tawuran, lan upaya ningkatake drajat kesehatan kawula mudha. Asring nganakake saraschan ing antarane masyarakat utamane para kawula mudha kanggo nyengkuyung tujuan organisasi. YASATRI uga anyengkuyung ananing studi lintas disiplin. Ngunggahake Pesan Untuk Remaja lan nerbitake bulletin SAWORO ing jagad maya.

YASATRI melu ngupayakake kegiatan pelestarian budaya kalebu panyinaon basa Jawa ing kalangane kawula mudha, nerbitake crita novel basa Jawa kaya:

Lakuning Katresnan [2020],

Lubering Katresnan [2021],

Endahe Lintang Kemukus [2022].

Alamat : Jalan Mawar 92, dhukuh Ngenthak, Kadipura RT 003 RW 024, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman 55581. Email : sekretariatyasatri@gmail.com; saworotri@gmail.com; Telepon: +62 274 887512.



Pangisi Gambar

Illustrator

dr.R. Bambang Sardjono, MPH utawa Bamsar lahir ing Yogyakarta tahun 1955, putrane bapak DR.R. Santoso Poedjisoroto, S.H. lan Ibune R. Ngt. Soeyatini Santoso. Ngampungake pendidikan nang SD BOPKRI Yogyakarta, SMP Xaverius, Bukittinggi; SMAN 4 Jakarta lan lulus seka FK UGM Yogyakarta tahun 1981. Tahun 1992 nerusake pendidikan nang Koninklijk Instituut voor De Tropen, Amsterdam, Negara Landa, rampung tahun 1993. Bamsar uga PNS ing Departemen Kesehatan RI lan pensiun minangka Staf Ahli Menteri Kesehatan tahun 2015.



Sisihane, dr. Meita Dewayani, Sp KK, diparingi putra telu (siji putri dan loro kakung) sing wis menikah kabeh.

Bamsar uga mengabdikan minangka Abdi Dalem Keprajan Karaton Ngayogyakarta Hadiningrat diparingi Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono X kalenggahan Bupati kanthi paringan asma KRT Brotohusodo tahun 2013.

Pecinta Seni lan Budaya bangsa, lan nggambar kuwi hobby otodidag seka SD sinau seka Mas Mamam kangmase. Nate dadi ilustrator majalah “Ilmu Budaya Siswa” SMAN 4 Jakarta (1971-1973). Nalika study S-2 nang Amsterdam, ngangsu kawruh melukis cat air marang Prof. DR. Harry Folmer.

Hobi liyane musik yoiku main gitar, flute, lan saxophone uga ngripta lagu. Salah siji anggitané oleh Penghargaan penciptaan lan penghibahan “Mars Pramuka Peduli” kanggo Pramuka Indonesia Agustus, 2021.

Bamsar ngaturake panuwun ngraoske kinurmatan minangka ilustrator kanggo buku novel kangmas dr. Budiono Santoso, Ph.D, yaiku kanggo novel **Lakuning Katresnan** (2020), **Lubering Katresnan** (2021), lan **Endahe Lintang Kemukus** (2022).



Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SPFK, ahli farmakologi klinik, lulus dhokter seka Fakultas Kedokteran Universitas Gadjah Mada tahun 1975 lan lulus dhoktor [PhD] seka University NewCastle Upon Tyne, Inggris tahun 1983. Lahir ing Ambarawa, 27 Mei 1950, putrane Ki Triworo Djososastro, guru Taman Siswa, lan ibune Nyi Purliyah. Pendhidhikan dhasar dilakoni ana Sekolah Rakyat Masehi Ngampin, Ambarawa. Sekolah Menengah Pertama ana Taman



Siswa Ambarawa. Sekolah Menengah Atas ana ing SMA Santo Josef, Surakarta. Sakwise lulus dhokter, terus dadi dosen ana Universitas Gadjah Mada saka tahun 1975 nganti tahun 2000. Tahun 2000 – 2012, ngayahi tugas ana World Health Organization, kantor Pasifik Barat in Manila, minangka Team Leader in Pharmaceuticals and Health Technology. Aktif ning babagan kebudayaan, Ketua Masyarakat Pecinta Warisan Medang [Medang Heritage Society] ing Ngayogyakarta, wiwit 2013. Tulisan-tulisane semebar ana ing media sosial. Novel basa Jawa sing wis terbit yaiku Lakuning Katresnan [2021], Lubering Katresnan [2021], lan Endahe Lintang Kemukus [2022]. Melu ngedegake organisasi spiritual Jawa, Persatuan Kepercayaan dan Budaya Nusantara [PKBN], lan organisasi ilmuwan ing tahun 1995, Akademi Ilmu Pengetahuan Yogyakarta [AIPYo]. Sisihane ibu Murlina Santoso, putrane telu [Ario Birowo, Wisnu Utomo lan Saworo Tino Triatmo]. Saworo Tino Triatmo tinggal donya tahun 1997, isih umur 17 tahun merga kacilakan lalu lintas. Keluwarga banjur ngedegake Yayasan Saworo Tino Triatmo [YASATRI] kanggo pangeling eling marang almarhum, kanthi kegiatan kampanye keselamatan lalulintas, kesehatan remaja lan nyegah dredhah [kekerasan] ing antarane para siswa. Ki BS Setradjaja wis pensiun lan saiki manggon ana pinggir Kali Boyong, dhukuh Ngenthak, Kadipura, Ngaglik, Sleman. Alamat kontak : santosob1950@gmail.com

Novel bahasa Jawa “Endahe Lintang Kemukus”, menggambarkan lika-liku perjalanan cinta anak-anak muda yang sedang memulai karier profesi, yakni antara Rangga Bawono (ekonom & dosen) dan Rini Kusumadewi (dokter baru lulus), dan antara Woro Hadiati (adik Rangga Bawono, dokter baru teman Rini Kusumadewi) dan Ranto (dokter calon ahli bedah, kakaknya Rini Kusumadewi). Perkenalan Rangga Bawono dan dokter Rini Kusumadewi terjadi ketika Rangga pulang dari tugas belajar di Manila, mendapati adiknya dirawat di rumah sakit karena Virus Corona. Rangga beberapa kali harus bertemu dengan Rini yang bertugas merawat Woro Hadiati. Rangga dan Rini kemudian saling jatuh hati. Rini Kusumadewi dan Woro Hadiati adalah teman akrab sejak SMP sampai menamatkan pendidikan dokter dan bertugas sebagai tenaga medis sukarela di RSA UGM. Mereka sudah seperti saudara kandung. Silakan ikuti jalan ceritanya yang diliputi dengan ketakutan dan penderitaan karena ketularan Covid-19. Penulisan novel dalam bahasa Jawa dimaksudkan untuk menggalakkan penggunaan bahasa Jawa kembali, terutama di kalangan kaum muda.

"Novel ini adalah karya seorang dokter yang dengan suka cita nguri-uri budaya Jawa, dan bahasa Jawa, yang harus di pertahankan. Apabila tidak maka bahasa Jawa ini makin terpinggirkan dan bahkan bisa punah."

— **Dr. dr. Darwito, SH., SpB(K) Onk**
Direktur Utama Rumah Sakit Akademik Universitas Gadjah Mada

"Crita Endahe Lintang Kemukus anggambarake bebendhu pageblug Covid-19, lan perjuwangane para dhokter lan tenaga kesehatan anggone nglakoni tugas kamanungsan, ngupakara pasien."

— **Prof. Dr. Sri Suparyati Soenarto, PhD, SpA [K]**
Guru Besar Ilmu Kesehatan Anak, Fakultas Kedokteran, Kesehatan Masyarakat dan Keperawatan, Universitas Gadjah Mada

"Endahe Lintang Kemukus medarake lelakon ing nalika kita sadaya lagi nandhang sungkawa awit pageblug COVID-19. Sanadyan panganggit ngendika yen iki cerita fiksi, ananging panjenengane akeh nyisipake pasinaon, piwulang, lan tuladha kang karonce kanthi sae."

— **Prof. Dr. Sri Suryawati**
Gurubesar Fakultas Kedokteran, Kesehatan Masyarakat dan Keperawatan Universitas Gadjah Mada

"Novel punika ugi nyariosakken prastawa katresnan ing antawisipun tenaga kesehatan, kedadosan ingkang limrah ing alam kasunyatan. Menapa malih kados antawisipun dhokter Rini lan Rangga."

— **Dr. R. Bambang Sardjono, MPH / KRT Brotohusodo**
Alumnus FKUGM, pensiunan Staf Ahli Menkes, Abdi dalem Karaton Yogyakarta, Andalan Nasional Gerakan Pramuka



Yayasan Saworo Tino Triatmo
Jl. Mawar 92, Ngenthak, Kadipura, RT 003/RW 024,
Sinduharjo, Ngaglik
Sleman 55585
Email: sekretariatyasatri@gmail.com

ISBN 978-602-17715-2-5

